# KONFLIK PSIKIS WANITA JAWA ING NOVEL *KENJA ING PALAGAN* ANGGITANIPUN SOEDHARMO KD

**SKRIPSI**

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakatra
Minangka Salah Satunggaling
Sarat Pikantuk Gelar
Sarjana Pendidikan

**Dening:**
**Wahyu Arum Wijayanti**
**NIM. 09205244022**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA**
**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH**
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**
**UNIVERSTAS NEGERI YOGYAKARTA**
**2014**

**PASARUJUKAN**

Skripsi kanthi irah-irahan *Konflik Pikis Wanita Jawa Ing Novel Kenja Ing Palagan Anggitanipun Soedharmo KD* menika saged dipunuji awit sampun pikantuk palilah dening *pembimbing*.

| | |
|---|---|
| Yogyakarta, 25 Februari 2014 | Yogyakarta, 26 Februari 2014 |
| Dosen Pembimbing I, | Dosen Pembimbing II, |
| Sri Harti Widyastuti, M. Hum | Afendy Widayat, M. Phil |
| NIP. 19621008 198803 2 001 | NIP. 19620416 199203 1 002 |

## PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Konflik Pikis Wanita Jawa Ing Novel Kenja Ing Palagan Anggitanipun Soedharmo KD* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajengipun *Dewan Penguji* ing tanggal 07 Maret 2014 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

| Asma | Jabatan | Tapak Asma | Tanggal |
|---|---|---|---|
| Drs. Hardiyanto, M. Hum | Ketua Penguji | .................. | 20 Maret 2014 |
| Drs. Afendy Widayat, M. Phil | Sekretaris Penguji | .................. | 20 Maret 2014 |
| Dr. Suwardi, M. Hum | Penguji I | .................. | 20 Maret 2014 |
| Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum | Penguji II | .................. | 20 Maret 2014 |

Yogyakarta, 20 Maret 2014
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Prof. Dr. Zamzani, M. Pd
NIP. 19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Ingkang tandha tangan wonten ing ngandhap menika kula:

Nama : Wahyu Arum Wijayanti

NIM : 09205244022

Prog. Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Samangertos kula, skripsi menika wosipun boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha etika nyerat skripsi ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 26 Februari 2014

Panyerat,

Wahyu Arum Wijayanti

## SESANTI

Sing temen bakal tinemu

## PISUNGSUNG

Kanthi rasa syukur dhumateng Allah SWT, *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhumateng Bapak saha Ibu kula ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestu.

# PRAWACANA

Puji syukur tansah konjuk dhumateng ngarsanipun Allah SWT ingkang sampun paring rahmat, barokah, saha hidayah dhateng panyerat saengga saged ngrampungaken jejibahan nyerat skripsi kanthi irah-irahan "***Konflik Pikis Wanita Jawa Ing Novel Kenja Ing Palagan Anggitanipun Soedharmo KD*** " menika kanthi lancar. Skripsi menika dipunserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar* Sarjana Pendidikan.

Skripsi menika saged pungkasan anggenipun nyerat amargi wontenipun panyengkuyung saking mapinten-pinten *pihak.* Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun kanthi tulus dhateng.

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi menika.
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum, minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun maringi bimbingan saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
3. Ibu Sri Harti Widyastuti, M. Hum kaliyan Bapak Afendy Widayat, M. Phil minangka *pembimbing* ingkang tansah sabar saha tlatos maringi bimbingan tumrap panyerat.
4. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni inggih ingkang murakabi tumrap panyerat.
5. *Dewan Penguji* sadangunipun Ujian Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah saengga anggenipun panyerat nyerat skripsi saha ujian saged katampi.
6. Bapak saha Ibu kula ingkang sampun paring panyengkuyung kaliyan donga tumrap panyerat.

7. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa mliginipun kelas G 2009, Riyani, Rika, Fenta, Sarah, sarta sadaya pihak ingkang boten saged kula sebataken sadaya ingkang sampun paring pambiyantu tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.

Temtu kemawon skripsi menika dereng kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, sadaya pangandikan ugi panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha agunging panuwun. Wasana, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 26 Februari 2014

Panyerat,

Wahyu Arum Wijayanti

WOSING ISI


| | Kaca |
|---|---|
| IRAH-IRAHAN ........................................................................................ | I |
| PASARUJUKAN ........................................................................................ | ii |
| PANGESAHAN ........................................................................................ | iii |
| WEDHARAN ........................................................................................ | iv |
| SESANTI ……………………………………………………………. | v |
| PISUNGSUNG ……………………………………………………..... | vi |
| PRAWACANA …………………………………………………….... | vii |
| WOSING ISI …..…..………………………………………………….. | ix |
| DHAFTAR *TABEL* ....………………………………………………… | xi |
| DHAFTAR *LAMPIRAN* …........……………………………………… | xii |
| SARINING PANALITEN …...…......………………………………….. | xiii |
| BAB I PURWAKA ………………......……………………………….... | 1 |
| A. Dhasaring Panaliten ………..……………………………… | 1 |
| B. Underaning Perkawis ……….....…………………………… | 3 |
| C. Watesaning Perkawis …………....………………………… | 4 |
| D. Wosing Perkawis ……………….........…………………… | 5 |
| E. Ancasing Panaliten ……………………..........………………… | 5 |
| F. Paedahing Panaliten ………………………….....………… | 6 |
| BAB II GEGARAN TEORI …………………………………........…… | 7 |
| A. Novel …………………………………………………........ | 7 |
| B. Perwatakan wonten ing Salebeting Novel ……………..... | 8 |
| C. Psikologi Sastra ……………………………………........ | 13 |
| D. Psikoanalisis …………………………………………......... | 14 |
| E. Konflik ……………………………………………….......... | 19 |
| F. Nalaring Pikir …………………………………………....... | 21 |
| G. Panaliten ingkang Jumbuh ……………………………… | 21 |
| BAB III CARA PANALITEN ……………………………………….. | 24 |
| A. Jinising Panaliten ……………………………………...... | 24 |

B. Data kaliyan Sumber Data …………………………………. 25
C. Caranipun Ngempalaken Data ……………………………. 25
D. Pirantining Panaliten ……………………………………….. 27
E. Caranipun Nganalisis Data ………………………………... 31
F. Caranipun Ngesahaken Data …………………………….... 32
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN …………..... 33
A. Asiling Panaliten …………………………………………..... 33
B. Pirembaganipun ……………………………………………. 53
BAB V PANUTUP ……………………………………………………. 265
A. Dudutan ……………………………………………………. 265
B. Implikasi …………………………………………………..... 270
C. Pamrayogi ………………………………………………….. 271
KAPUSTAKAN ……………………………………………………….. 272
*LAMPIRAN* …………………………………………………………. 273

**DHAFTAR *TABEL***


| | |
|---|---|
| | **Kaca** |
| *Tabel 1* : Data Wujud Watakipun Paraga Wanita Astarini Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. ………………………… | 36 |
| *Tabel 2* : Data Wujud Watakipun Paraga Wanita Wati Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. ………………………….. | 36 |
| *Tabel 3* : Data Wujud Konflik *Psikis* Paraga Wanita Astarini Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. …………………… | 38 |
| *Tabel 4* : Data Wujud Konflik *Psikis* Paraga Wanita Wati Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. …………………… | 39 |
| *Tabel 5* : Data *Faktor Penyebab Konflik Psikis* Paraga Wanita Astarini Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. ……….. | 40 |
| *Tabel 6* : Data *Faktor Penyebab Konflik Psikis* Paraga Wanita Wati Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. ……………. | 43 |
| *Tabel 7* : Data Caranipun Paraga Wanita Astarini Ngadhepi *Konflik Psikis* Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. . | 48 |
| *Tabel 8* : Data Caranipun Paraga Wanita Wati Ngadhepi *Konflik Psikis* Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. ……….. | 50 |

# DHAFTAR *LAMPIRAN*

**Kaca**


*Lampiran 1* : Tabel Analisis Wujud Watakipun Paraga Wanita Astarini Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. …… 273

*Lampiran 2* : Tabel Analisis Wujud Watakipun Paraga Wanita Wati Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. ………… 289

*Lampiran 3* : Tabel Analisis Wujud Konflik *Psikis* Paraga Wanita Astarini Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. ……………………………………………………………… 293

*Lampiran 4* : Tabel Analisis Wujud Konflik *Psikis* Paraga Wanita Wati Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. …… 313

*Lampiran 5* : Tabel Analisis *Faktor Penyebab Konflik Psikis* Paraga Wanita Astarini Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. ………………………………………………… 318

*Lampiran 6* : Tabel Analisis *Faktor Penyebab Konflik Psikis* Paraga Wanita Wati Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. ……………………………………………………………… 338

*Lampiran 7* : Tabel Analisis Caranipun Paraga Wanita Astarini Ngadhepi *Konflik Psikis* Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. ………………………………………………… 342

*Lampiran 8* : Tabel Analisis Caranipun Paraga Wanita Wati Ngadhepi *Konflik Psikis* Wonten Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. ………………………………………………….. 362

*Lampiran 9* : Novel *Kenja Ing Palagan* ………………………………………… 366

**KONFLIK PSIKIS WANITA JAWA ING NOVEL *KENJA ING PALAGAN***

**ANGGITANIPUN SOEDHARMO KD**

**Dening: Wahyu Arum Wijayanti**

**NIM. 09205244022**

**SARINING PANALITEN**

Panaliten menika gadhah ancas kangge kangge ngandharaken *konflik psikologis* wanita Jawa wonten ing salebeting novel *Kenja Ing Palagan* angggitanipun Soedharmo KD. Panaliten menika ngandharaken wujud watak, *konflik psikologis*, *penyebab konflik psikologis*, saha kupiya kangge ngadhepi *konflik psikologis* dening paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan.*

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Data ingkang wonten ing panaliten menika awujud wujud watak, *konflik psikologis, penyebab konflik psikologis*, saha kupiya kangge ngadhepi *konflik psikologis*. Sumber datanipun inggih menika novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD. Panaliten menika dipuntliti kanthi *pendekatan psikologi sastra.* Cara ngempalaken data wonten ing panaliten menika mawi cara maos lan nyerat. Data panaliten dipunanalisis mawi cara analisis *deskriptif* kanthi tindak *kategorisasi.* Cara ngesahaken data wonten ing panaliten menika mawi ngginakaken *validitas semantik, reliabilitas interrater saha intraratter.*

Asiling panaliten menika ngandharaken (1) wujud watak inggih menika sabar, welas asih, kendel, prasaja, ngatos-atos, gampil sedhih, percaya diri, niyat ingkang kenceng, penurut, tegas, peduli, grapyak, jujur, tegel, gampil nyerah, gampil duka, pinter ethok-ethok, aleman, boten sabaran, saha saged dipunpitados; (2) wujud *konflik psikologis* inggih menika lungkrah, bingung, ajrih, kuwatos, kaget, sedhih, emosi/ duka, kepeksa, kuciwa, nekad, keduwung, dora/ goroh, dhendhem, gugup, eram/ gumun, saha meri; (3) *penyebab konflik psikologis* antawisipun dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun, wosing layang ingkang nedahaken sedanipun kulawarganipun Astarini, ngraos piyambakan, ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja, kanyatan ingkang boten jumbuh kaliyan pangajeng-ajeng, dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja, kedah pados Warta saking kapten Junan, dipundangu dening Wati, dipunajak ningali tontonan rikala jaman perang, dipundangu dening Kapten Junan, tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem, dipuncubriya dening Sersan Parta, dhatengipun Rujita ingkang boten dipunyana, boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja, mireng cariyosipun Kapten Junan, dipunsusul dening Letnan Suraja, dhatengipun Sersan Parta, mireng pamanggihipun Karel, dipunanggep lemah dening Ripin, lsp.; (4) kupiya kangge ngadhepi *konflik psikologis* inggih menika *sublimasi, represi, apatis, rasionalisasi, regresi, pengalihan, proyeksi, reaksi formasi, lan agresi.*

# BAB I

# PURWAKA

## A. Dhasaring Panaliten

Wanita minangka paraga wonten ing salebeting novel asring dipungambaraken dados *makhluk* ingkang lemah, nanging sejatosipun wonten kekiyatan ingkang linangkung, boten kalah saking priya. Sejatosipun wanita ugi saged dipunsejajaraken kaliyan priya. Bab menika saged dipunpanggihaken wonten ing salebeting novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD.

Novel *Kenja Ing Palagan* inggih menika salah satunggaling novel mawi basa Jawa. Novel anggitanipun Soedharmo KD menika dipunanggit udakara taun 1960-an. Novel menika kalebet novel roman ingkang nyariyosaken bab katresnan antawisipun paraga setunggal kaliyan sanesipun wonten ing salebeting novel. Sanesipun nyariyosaken bab katresnan, novel ingkang *setting* wekdalipun nalika jaman perang menika ugi nyariyosaken kados pundi sosok wanita ingkang tumut berjuwang wonten ing palagan perang.

Asmanipun Astarini, wanita utawi Kenya ingkang boten kados Kenya lumrahipun. Astarini boten remen dicap kados Kenya utawi wanita ingkang lemah, boten kiyatan, utawi namung manut dhawuhipun priya. Astarini nugel rikmanipun kados priya kaliyan gadhah semangat, kekiyatan, wantun kados priya. Sinaosa namung wanita, Astarini gadhah pangajab saged ndherek

berjuwang kangge kamardikan. Ananging kathah perkawis ingkang kedah dipunlampahi Astarini, wiwit dipuntilar donya dening kulawarganipun, dipuncap minangka wanita utawi Kenya ingkang lemah, dumugi bab katresnan.

Kenya sanesipun inggih menika asmanipun Wati. Wati ugi sami kaliyan Astarini. Wati, minangka salah satunggaling petugas PMI menika ugi boten wedos ndherek berjuwang. Sinaosa wanita, Wati boten ajrih mbiyantu para pejuwang ingkang sami sakit amargi kenging pelor utawi kenging tembakan mungsuh rikala perang. Wonten ing satengahing palagan perang, kenya kalih menika nuduhaken bilih wanita ugi saged migunani kaliyan wantun ndherek perang.

Panaliten menika mendhet novel *Kenja Ing Palagan* ingkang dipunwedalaken kinten-kinten taun 1960an amargi saking irah-irahanipun sampun narik kawigatosan. Saking irah-irahanipun gadhah teges salah satunggaling kenya ingkang wonten ing palagan perang. Irah-irahan novel menika ngetingalaken bab wanita ingkang gadhah *posisi* ingkang boten kados wanita biyasa. Wosing novel menika ugi ngetingalaken bab-bab ingkang nedahaken *konflik psikis* paraga wanita kanthi cetha. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening Astarini kaliyan Wati menika saged trep menawi dipuntliti kanthi elmu *psikologi*.

Novel *Kenja Ing Palagan* menika dados salah satunggaling novel ingkang wosipun njunjung martabatipun wanita. Bab menika damel panaliti ketarik neliti kados pundi *eksistensi* wanita wonten ing salebeting novel menika.

Miturut sapangertosan panaliti, novel *Kenja Ing Palagan* menika dereng nate dipuntliti bab *konflik psikis*ipun. Dados, panaliti milih novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD minangka sumber panaliten.

## B. Underaning Perkawis

Perkawis wonten ing dhasaring panaliten kajian *Konflik Psikis* Wanita Jawa Ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. menika saged dipuntintingi kados makaten.

1. Kados pundi watakipun paraga wanita Astarini & Wati ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD?
2. Menapa kemawon wujud *konflik psikis* wanita Astarini & Wati ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD?
3. Kados pundi watakipun paraga wanita Astarini & Wati wonten ing salebeting wujud *konflik psikis* ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD?
4. Menapa kemawon *faktor* ingkang dados sebabipun *konflik psikis* wanita Astarini & Wati ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD?
5. Kados pundi cara ngadhepi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga Astarini & Wati wonten ing salebeting novel *Kenja Ing Palagan*?
6. Kados pundi *relevansi konflik psikis*, sebabipun *konflik psikis*, kaliyan cara ngadhepi *konflik psikis* dening paraga Astarini & Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD kaliyan wanita wonten ing pagesangan sakmenika?

## C. Watesaning Perkawis

Saking undheraning perkawis, peneliti damel watesan supados langkung operasional wonten ing undheraning perkawis kados makaten.

1. Wujud watakipun paraga wanita Astarini & Wati ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.
2. Wujud *konflik psikis* paraga wanita Astarini & Wati ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.
3. *Faktor* sebabipun *konflik psikis* paraga wanita Astarini & Wati ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.
4. Cara paraga wanita Astarini & Wati ngadhepi *konflik psikis* ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

Wonten ing panaliten menika namung 2 paraga wanita ingkang dipunteliti, amargi wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* menika namung dipunpanggihaken kalih paraga wanita ingkang asmanipun, watak, kaliyan koflikipun cetha dipunandharaken dening panganggit. Paraga wanita sanesipun mboten dipunandharaken kanthi cetha ugi namung sakedhik kemawon.

## D. Wosing Perkawis

Saking watesaning perkawis, wosing perkawisipun kados makaten.

1. Kados pundi wujud watakipun paraga wanita Astarini & Wati ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD?

2. Kados pundi wujud *konflik psikis* paraga wanita Astarini & Wati ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD?
3. Menapa kemawon *faktor* sebabipun *konflik psikis* paraga wanita Astarini & Wati ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD?
4. Kados pundi cara paraga wanita Astarini & Wati ngadhepi *konflik psikis* ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD?

## E. Ancasing Panaliten

Ancasipun saking panaliten menika inggih kados makaten.

1. Ngandharaken wujud watakipun paraga wanita Astarini & Wati ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD?
2. Ngandharaken wujud *konflik psikis* paraga wanita Astarini & Wati ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.
3. Ngandharaken *faktor* penyebab *konflik psikis* paraga wanita Astarini & Wati ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.
4. Ngandharaken cara paraga wanita Astarini & Wati ngadhepi *konflik psikis* ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

## F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika nggadhahi kalih paedah.

1. Paedah Teoritis

   Panaliten menika dipunayengaken saged nambah asiling panaliten wonten ing bidang basa kaliyan sastra minangka perangan saking kawruh sastra sarta donyanipun panaliten umumipun. Minangka salah satunggaling sarana kangge ngetrepaken teori basa kaliyan teori sastra,

ugi saged kangge *refrensi* panaliten salajengipun mliginipun ingkang sami bab pirembaganipun.

2. Paedah Praktis

Panaliten menika dipunajab saged caos informasi ingkang wonten gayutanipun kaliyan *konflik psikis* paraga wonten ing salebeting karya sastra. Informasi menika mugi-mugi saged nambah kawigatosan bab *konflik psikis* ingkang saged mangaribawani tumrap jiwanipun manungsa ingkang kaandharaken wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD, saengga para pamaos saged langkung remen maos karya sastra Jawa.

# BAB II

# GEGARAN TEORI

## A. Novel

Tembung novel menika asli saking basa Latin, inggih menika *novellus*. Tembung *novellus* kasusun saking tembung *novus* tegesipun anyar, utawi *new* wonten ing basa Inggris. Dipunsebat anyar amargi wujudipun novel inggih menika wujud karya sastra ingkang dhateng saking wujud karya sastra sanesipun kados ta puisi kaliyan drama. Novel minangka asiling cipta sastra, saking setunggal sisi saged nggadahi *fungsi* minangka kaca saking masarakatipun. Novel saged dipunwastani minangka piranti *perekam* pagesangan masarakat wonten ing satunggaling wekdal, wonten ing satunggaling papan.

Miturut Nurgiyantoro (2000:10), novel inggih menika salah satunggaling jinising karya sastra prosa fiksi ingkang cariyosipun dipundhapuk saking kalih unsur, inggih menika unsur *intrinsic* kaliyan unsur *ekstrinsik*.

Adhedhasar KBBI Kontemporer (1991:1042), tembung novel tegesipun inggih menika wujud saking prosa panjang ingkang nedahaken rantamaning cariyos pagesangan setunggal paraga kaliyan paraga-paraga sanesipun ingkang langkung ngetingalaken watakipun kaliyan sipatipun saben paraga. Novel dhasaripun minangka wujud cariyos bab pagesangan manungsa utawi tiyang ingkang asipat *fragmentis*. Cara andharanipun asipat padhet kaliyan wonten *struktur* ingkang trep antawisipun perangan-peranganipun.

Saking pangertosan bab novel ing nginggil menika, saged dipunpendhet dudutan bilih novel menika salah satunggaling karya sastra prosa fiksi ingkang nedahaken cariyos pagesangan paraga setunggal lan sanesipun ingkang ngetingalaken kados pundi watakipun saben paraga. Watakipun saben paraga inggih menika minangka gambaran sipatipun manungsa. Watak utawi perwatakan wonten ing salebeting novel menika wigati sanget kangge mangertos kados pundi sipatipun paraga setunggal ugi kados pundi sipatipun paraga sanesipun wonten ing salebeting novel.

## B. Perwatakan wonten ing Salebeting Novel

Tokoh utawi paraga inggih menika paraga wonten ing satunggaling cariyos rekan. Satunggaling cariyos boten badhe gesang tanpa wontenipun paraga, amargi dhasaripun cariyos inggih menika polah kaliyan lampahan saking paraganipun. Tokoh utawi paraga wonten ing cariyos novel kathahipun dipunparagaaken dening manungsa. Manungsa wonten ing novel sami kados wonten ing pagesangan ingkang nyata, ingkang gadhah watak utawi *temperamen* piyambak-piyambak.

Miturut pamanggihipun Jones (wonten ing Nurgiyantoro, 2000:165), penokohan inggih menika gambaran ingkang cetha bab salah satunggaling tiyang ingkang dipunwujudaken utawi dipunwahyakaken wonten ing salah satunggaling cariyos. Aminuddin (2008:79) ngandharaken bilih paraga ingkang nggadhahi peran wigati wonten ing cariyos dipunsebat paraga inti utawi paraga utama.

Perwatakan utawi penokohan inggih menika nggambaraken watak tokoh utawi paraga kaliyan mujudaken citra tokoh utawi paraga wonten ing cariyos, ewadene watak inggih menika kualitas tokoh, kualitas nalar, kaliyan jiwanipun ingkang mbedakaken kaliyan tokoh utawi paraga sanesipun. (Sudjiman, 1988:23).

Minangka upaya mangertosi watakipun paraga utawi tokoh, pamaos saged ngrunut saking: 1) katrangan saking penganggit dhateng karakteristik paraga; 2) gambaran saking penganggit saking lingkuhan gesangipun makaten ugi saking caranipun ageman; 3) nedahaken kados pundi solah bawanipun; 4) mriksani kados pundi paraga menika ngendika bab awakipun paraga piyambak; 5) mangertosi kados pundi lampahipun pamanggihipun paraga; 6) mriksani kados pundi paraga sanesipun matur bab piyambakipun; 7) mriksani kados pundi paraga sanesipun ngendika kaliyan piyambakipun; 8) mriksani kados pundi paraga-paraga sanesipun menika paring pamanggih dhumateng piyambakipun; kaliyan 9) mriksani kados pundi paraga menika minangka sesambetan kaliyan sanesipun.

Saking pamanggihipun para ahli, saged dipunpendhet dudutan bilih perwatakan inggih menika gambaraning sipatipun manungsa ingkang kawujud wonten ing sipatipun paraga-paraga wonten ing novel.

Perwatakan wonten ing salebeting novel dipungambaraken kanthi 3 cara inggih menika *fisik*, *sosial*, kaliyan *psikologis*. Gambaran perwatakan dipuntingali saking *fisik*ipun inggih menika gambaran paraga saking *fisik*ipun paraga kados dene ayu, pakulitan kang kuning, gagah, ireng manis, saha

sanesipun. Tuladhanipun *"... Astarini darbe* ***pakulitan kang kuning, esem sing nggeterake djantung lan rambut kang ndjanges ireng****, klembreh tekan wentise." (KIP:4).* Kanthi cara *fisik* menika dipunandharaken bilih Astarini menika kenya ingkang pakulitanipun kuning, esemipun manis, saha rikma ingkang cemeng. Gambaran perwatakan kanthi cara *sosial* inggih menika gambaran paraga ingkang dipungayutaken kaliyan kawontenan lingkunganipun, upaminipun penggambaran saking status *sosial*ipun, padamelanipun, lan sapanunggalanipun. Tuladhanipun "Padesan kuwi dadi markase prajurit Gerilya sing **dipimpin dening LetnanSuradja**, sawidjining pemimpin muda sing keras kaja wadja" (KIP:3). Saking tuladha menika dipunandharaken bilih Suradja menika gadhah *jabatan* Letnanminangka pemimpin gerilya.

Salajengipun inggih menika gambaran perwatakan *psikologis* menika dipuntingali saking kejiwaanipun, kados ta remen ngalamun, remen piyambakan, remen mesem-mesem piyambakan, asring nangis piyambak, welas asih lan sanesipun. Tuladha gambaran *psikologis* inggih menika "satleraman bisa dimangerteni menawa kenja iku **darbe kasabaran sing ndjembar apa maneh pangapura kang djero**" (KIP:4). Gambaran perwatakan menika ngandharaken satunggaling kenya ingkang sabar lan boten remen dhendham. gambaran perwatakan dipuntingali saking *psikis*ipun inggih meika watak ingkang dipuntingali saking pangraosipun dhiri paraga piyambak.

Gambaran perwatakan saking *segi fisik* kaliyan *sosial* menika boten saged uwal saking sedaya kadadosan ingkang mangaribawa *segi psikologis*ipun. Sinaosa kaperang dados tigang perangan menika nanging estunipun gambaran perwatakan saking *segi fisik* saha saking *segi sosial* ugi dipunsarengi saking *segi psikologi*. Wonten ing panaliten menika namung badhe kaandharaken perwatakan ingkang cetha nerangaken *psikologi*nipun.

Perwatakan utawi penokohan wonten ing novel menika saged dipunteliti ngginakaken salah satunggaling ilmu jiwa ingkang dipunsebat *psikologi*, mliginipun ilmu *psikologi sastra.* Perwatakan ugi wigati kangge mbedakaken paraga. Paraga wonten ing salebeting novel utawi cariyos inggih menika salah satunggaling perangan ingkang wigati. Paraga saged dipunbedakaken dados mapinten-piten jinis kados ta minangka paraga utama-*protagonis-berkembang-tipikal*.

Panaliten menika ngandharaken salah satunggaling jinis perangan paraga inggih menika minangka paraga utama kaliyan paraga tambahan. Jinising paraga menika dipuntingali saking kalenggahanipun paraga wonten ing cariyos. Paraga-paraga wonten ing salebeting cariyos utawi wonten ing salebeting novel menika gadhah *fungsi* ingkang wigati. Paraga inggih menika *individu* ingkang wonten ing salebeting cariyos. *Individu* menika saged awujud tiyang, kewan, lan sapanunggalanipun.

Menawi dipuntingali saking kalenggahanipun utawi tingkang wigatinipun paraga wonten ing  satunggaling cariyos, wonten ingkang dipunanggep wigati sanget lan boten wigati sanget. Miturut Nurgiyantoro

(2007:176) Paraga ingkang dipunwastani wigati sanget inggih menika paraga ingkang asring dipuncariyosaken utawi langkung kathah dipuncariyosaken ing salebeting cariyos. Paraga menika ugi dipunsebat paraga utama utawi paragatama. Dene paraga ingkang boten wigati sanget menika tegesipun paraga ingkang boten asring utawi namung kala-kala dipuncariyosaken ing salebeting cariyos utawi novel. Paraga menika ugi dipunsebat paraga tambahan.

Paraga utama dipuncariyosaken langkung kathah tinimbang paraga sanesipun sae minangka *pelaku kejadian* menapa dene ingkang dipunkengingi *kejadian*. Amargi paraga utama langkung kathah dipuncariyosaken kaliyan sampun mesthi gadhah sesambetan kaliyan paraga sanesipun, paraga utama menika ingkang nemtokaken kados pundi lampahipun *plot* cariyos.

Paraga-paraga wonten ing salebeting cariyos menika gadhah sipatipun piyambak-piyambak. Bedanipun sipat paraga menika ugi monjokaken pamanggihipun paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun ingkang asring boten sami. Menapa malih bab pepenginan, sampun temtu saben paraga boten saged dipunsamikaken sedaya. Bedanipun sipat, pamanggih ugi pepenginan menika saged ndhasari kadadosan konflik antawisipun paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun.

Konflik menika boten namung antawisipun paraga satunggal lan sanesipun, wonten ing dhiri saben paraga ugi asring kadadosan konflik. Konflik ingkang wonten dhirinipun setunggal paraga menika dipunsebat

konflik *psikis*. Kangge nliti bab watak ugi konflik *psikis* paraga wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD menika dipunginakaken kajian *psikologi* sastra.

## C. *Psikologi* Sastra

Miturut pamanggihipun Wiyatmi (2001:1), *Psikologi sastra* inggih menika salah satunggaling *kajian sastra* ingkang dipunginakaken kangge maos kaliyan ngandharaken karya sastra, pangripta karya sastranipun, kaliyan pamaosipun kanthi ngginakaken *konsep* utawi *teori* ingkang wonten ing *psikologi.*

*Psikologi adalah salah satu cabang ilmu pengetahuan yang objek studinya adalah manusia karena psyche atau psycho mengandung pengertian "jiwa". Dengan demikian, psikologi mengandung makna "ilmu pengetahuan tentang jiwa"*menika ingkang dipunandharaken dening Walgito *(Endraswara, 2008:93).* Dados, wonten ing *kajian* karya sastra, ingkang ngginakaken *pendekatan psikologi* menika ingkang nggayutaken antawisipun sastra kaliyan *psikologi*.

Miturut Endraswara (2003:96), *psikologi* sastra inggih menika kajian sastra ingkang ningali karya minangka *aktivitas kejiwaan*. Panaliten *psikologi* sastra dasaripun inggih menika wonten kalih. Dasar ingkang kaping setunggal inggih menika wonten pamanggih bilih karya sastra minangka asiling *proses kejiwaan* kaliyan pamanggih penganggit wonten ing kahanan setengah sadar lajeng dipunwahyakaken kanthi wujud sadar. Ingkang kaping kalih, *kajian psikologi* sastra neliti bab watakipun paraga kanthi cara

*psikologis* ugi neliti pamanggih kaliyan raosipun panganggit rikala nganggit karya kasebut.

Kados dene pamanggihipun Endraswara, miturut pamanggihipun ahli sanensipun inggih menika Wiyatmi (2011: 13) kangge nyinau bab *karakter* paraga-paraga wonten ing salebeting novel utawi drama menika, panaliti utawi *kritikus* sastra kedah nguwaosi mapinten-pinten *konsep psikologi,* mliginipun ingkang wonten gegayutanipun kaliyan watak ugi jiwanipun paraga.

Elmu *psikologi* ingkang saged dipunangge kangge nliti bab perwatakan inggih menika elmu *psikologi* ingkang dipuntedahaken dening Sigmund Freud. Teori *psikologi* Freud menika dipunsebat *psikoanalisis* ingkang ngandharaken bab *Id, Ego,* kaliyan *Super Ego.*

## D. *Psikoanalisis*

Miturut Endraswara (2003:101) *Psikoanalisis* inggih menika kalebet wonten ing *kajian psikologi* sastra. *Model kajian* menika dipuntepangaken dening Sigmund Freud (Milner, lumantar Endraswara, 1992:43). Dene miturut Eagleton (lumantar Endraswara, 2008:194) *psikoanalisis* boten namung *teori* bab penggalihipun manungsa nanging ugi praktek kangge ngobati manungsa ingkang dipunanggep sakit utawi keganggu.

Wonten ing *kajian psikologi* sastra, badhe dipunrembag bab *psikoanalisa kepribadian* ingkang kaperang dados tiga, inggih menika: *Id, Ego,* kaliyan *Superego.*

1. *Id*

*Id*, wonten ing basa Jerman dipunsebat *Das Es*. *Id* utawi *Das Es* inggih menika peranganipun jiwa manungsa ingkang isinipun raos pepengen ingkang kedah dipunturuti utawi kedah *dipenuhi* tanpa nggatosaken sakiwa tengenipun utawi boten nggatosaken lingkungan kasunyatanipun. Miturut Endraswara (2003:101) *Id* inggih menika perangan jiwa ingkang peteng utawi *gelap* wonten salebeting *alam bawah sadar* manungsa ingkang wosipun inggih menika isting kaliyan nepsu ingkang boten tepang nile-nile. *Id* menika namung adhedhasar *prinsip kenikmatan.*

*Prinsip kenikmatan* menika ateges namung ngayengaken raos enak. *Prinsip kenikmatan* menika dipun*proses* kanthi cara *tindak reflex* kaliyan *proses primer*. *Tindak refleks* inggih menika *reaksi otomatis* ingkang sampun wonten ing saben jiwanipun manungsa wiwit lairipun, kados ta kedhep, *bersin,* luwe, ngelak, lan sapanunggalanipun. Menawi *proses primer* inggih menika *reaksi* mbayangakenutawi ngangen-angen menapa kemawon ingkang saged ngirangi utawi ngicalaken raos *ketegangan,* kados ta rikala luwe lajeng mbayangaken tetedhan.

Sedaya cara mbayangaken utawi ngangen-angen menika boten saged nyekapi kabetahan ingkang dipunkayengaken. Awit saking menika, kedah wonten cara sanesipun ingkang saged nyambungaken antawisipun pribadi kaliyan *dunia obyektif*. Cara ingkang saged dados

sesambunganipun pribadi kaliyan donya menika dipunsebat *Das Ich* utawi *Ego*.

2. *Ego*

*Ego* utawi *Das Ich* inggih menika perangan jiwa manungsa awujud solah bawa adhedhasar prinsip kasunyatan. Miturut pamanggihipun Freud (Wiyatmi, 2011:6) *Ego sadar akan realitas. Ego* menika nggatosaken kasunyatan. *Ego merupakan kepribadian implementatif yaitu berupa kontak dengan dunia luar (*Endraswara, 2004: 101). Dados, *Ego* menika nindakaken menapa kemawon ingkang saged njangkepi kabetahan utawi pepengenan saking *Id* ingkang sarwi sekeca, dipungayutaken kaliyan kawontenan ing donya.

*Ego* inggih menika *eksekutif (pelaksana)* saking kapribaden, ingkang gadhah 2 tugas; ingkang kaping setunggal inggih menika milih kabetahan ingkang badhe dipunjangkepi jumbuh kaliyan *prioritas* kabetahan. Ingkang kaping kalih inggih nemtokaken kapan kaliyan kados pundi kabetahan menika dipunjangkepi utawi *dipuaskan* jumbuh kaliyan kawontenan ugi *resiko* ingkang langkung alit. *Ego*, anggenipun nindakaken kaginaanipun kadang kala kedah nyawijikaken *pertentangan-pertentangan* antawisipun Das Es (*Id*) kaliyan Das Ueber Ich (*Superego*) kaliyan kawontenan donya.

Sedaya gangguan ingkang wonten ing *Ego* menika asalipun saking *pertentangan-pertentangan Id* kaliyan *Superego*. *Ego* inggih menika solah bawa utawi polah ingkang dipuntindakaken dening paraga

wonten ing salebeting novel, solah bawa paraga kadadosan saking pangaribawanipun *Id*, inggih menika watak saking paraga kasebat.

3. *Superego (Das Ueber Ich)*

*Superego* utawi *Das Ueber Ich* inggih menika perangan jiwa ingkang ngontrol dorongan saking *Id*. Saged dipunsebat *penyeimbang Id*. Sedaya ingkang dipunkayengaken dening *Id* menika dipunpenggalih dening *Superego* rumiyin saderengipun kadadosan wonten ing kasunyatan. *Superego* nglajengaken *pertimbangan* menapa pepengenan *Id* menika trep menapa boten kaliyan nile-nile utawi patron *moral* ingkang wonten ing masarakat. *Superego* ngamot nile-nile *moral* ingkang dipunajaraken dhumateng dhiri manungsa.

*Superego* ngontrol utawi ngatur pundi solah bawa ingkang angsal dipuntumindakaken, pundi ingkang boten angsal. Awit saking menika, miturut Wiyatmi (2011:6).Freud gadhah pamanggih bilih *Superego* menika minangka *prinsip moral*.

*Superego* saged ugi dipunsebat kesadaran. *Superego* minangka wakil saking pangaji-ajining tradisional sarwa pangajabipun masarakat kados dene ingkang dipunandharaken para tiyang sepuh dhumateng putranipun, ingkang dipuntambahi prentah ugi *larangan*. Miturut pamanggihipun Walgito (lumantar Wiyatmi, 2001) solah bawa utawi polahing lare wiwitipun dipunatur utawi dipunkontrol dening tiyang sepuhipun, ananging sasampunipun *Superego* kadadosan, lajeng polahipun dipunkontrol dening *Superego* saking awakipun piyambak.

*Superego* ngginakaken *prinsip idealis* inggih menika *consciensce* kaliyan *ego-ideal. Conscience* inggih menika raos dosa minangka ukuman, dene *ego-ideal* inggih menika raos bombong dhumateng awakipun piyambak minangka *hadiah.*

*Superego* wonten ing sastra inggih menika minangka watesan polahipun paraga ingkang angsal pangaribawa saking *Id.* Ginanipun inggih menika minangka tuntunan kangge paraga supados saged *mengendalikan ego* anggenipun nglajengaken sedaya tumindak, leres menapa boten, sae menapa awon solah bawa utawi polahipun tokoh ingkang sampun menapa badhe dipuntumindakaken. *Superego* menika dipunmanpangataken dening pangripta minangka piranti kangge nedahaken piweling utawi pesen *melalui* solah bawa utawi polahing paraga.

Ratna (2004:350) gadhah pamanggih bilih wontenipun gegayutan antawisipun *psikologis* kaliyan *unsur* paraga kaliyan penokohan ingkang caket sanget menika, pramila karya sastra ingkang trep dipuntliti kanthi cara *psikologis* inggih menika karya sastra ingkang ngayengaken bab *kejiwaan.*

Saking pamanggih ing inggil menika saged dipundamel dudutan bilih *psikoanalisis* inggih menika ngrembag bab perangan jiwa manungsa kanthi jangkep. Awit saking menika, *psikoanalisis* saged trep menawi dipunangge kangge damel *kajian* panaliten bab watak paraga wonten ing panaliten menika. Sanesipun watak paraga, *psikoanalisis* ugi saged kangge

ngandharaken bab *konflik psikis* ingkang kadadosan amargi wonten *pertentangan* antawisipun id, *ego,*saha *super ego*.

## E. Konflik

Konflik inggih menika samubarang ingkang nyarujuk wonten ing boten selarasipun antawisipun kalih kekiyatan ingkang seimbang kaliyan wontenipun aksi menapa dene aksi piwales (Wellek & Warren, 1995:285). Paraga kaliyan penokohan wonten ing novel menika mesthi ngraosaken perkawis ingkang saged dipunsebat konflik kanthi cara *psikologis*.

Mapinten-pinten perkawis badhe monjo wonten ing gesangipun paraga wonten ing novel. Konflik utawi perkawis *psikologis* ingkang dipunraosaken kaliyan dipunlampahi dening paraga menika badhe paring pangaribawa wonten ing watak kaliyan tindak tandukipun paraga. Mliginipun paraga utama.

Kathahipun kadadosan utawi prastawa ingkang wonten gegayutanipun antawisipun setunggal perkawis kaliyan sanesipun menika badhe monjokaken perkawis ingkang *kompleks.* Bab ingkang menika biyasanipun panci dipundamel dening pangripta amargi dipunremeni dening pamaos.

Konflik saged dipungolongaken minangka tindak-tanduk ingkang boten sae ingkang dipunlampahi dening paraga wonten ing salebeting cariyos (Meredith & Fitgerald lumantar Nurgiyantoro, 2000:122). Prastawa kaliyan perkawis gadhah gegayutan ingkang rapet sanget. Sejatosipun, *konflik* menika kalebet prastawa. Wonten prastawa ingkang saged nyebabaken *konflik.* Sawalikipun, saking *konflik* ingkang kedadosan menika saged nyebabaken pinten-pinten prastawa, sae prastawa *fisik* utawi prastawa batin (Nurgiyantoro,

2000:123). Prastawa *fisik* menika gegayutanipun kaliyan *aktivitas fisik*, wonten *interaksi* antawisipun paraga kaliyan samubarang wonten ing sanjawinipun awakipun paraga, tuladhanipun *lingkungan*. Dene prastawa batin inggih menika samubarang ingkang kadadosanipun wonten ing salebetipun batin utawi manahipun paraga.

*Konflik* ingkang wonten ing batinipun tiyang utawi paraga menika saged nyebabaken gangguan wonten *fisik*ipun paraga. Gangguan menika asalipun saking kalih *faktor*, inggih menika *faktor eksternal* kaliyan *faktor internal*. Kathah-kathahipun, *konflik psikis* menika dipunsebabaken dening *factor internal* ananging saged ugi amargi *factor eksternal*. *Factor internal* inggih menika *factor* saking jiwanipun paraga, *konflik* ingkang dipunraosaken dening awakipun paraga piyambak. Dene *konflik eksternal* inggih menika antawisipun awakipun paraga kaliyan ing sanjawinipun kados ta *lingkungan*.

Saking pamanggihipun para ahli menika ngetingalaken bilih *konflik psikis* kaliyan *perwatakan* menika gadhah gegayutan ingkang raket sanget. Awit saking menika anggenipun nganalisis bab *konflik psikis* kalian *perwatakan*, panaliti kedah gadhah dhasaripun *teori* ingkang dipunginakaken. Dhasar *teori* ingkang dipunginakaken menika ugi kedah nggatosaken *hukum-hukum psikologi* ingkang ngandharaken bab solah bawa kaliyan *karakter*ipun manungsa.

Dados, saged dipunpedhet dudutan bilih konflik menika kaperang dados tiga, inggih meika konflik fisik, konflik sosial, saha konflik psikologis. Sinaosa kaperang dados tigang perangan menika nanging estunipun konflik

fisik saha konflik sosial ugi dipunsarengi konflik psikologi. Wonten ing panaliten menika namung badhe kaandharaken konflik ingkang cetha nerangaken psikologinipun.

## A. Nalaring Pikir

Novel mawi irah-irahan *Kenja Ing Palagan* menika nyariyosaken bab wanita ingkang gesang wonten ing satengahing jaman perang utawi kenya ingkang tumut wonten ing tengah-tengahing palagan perang. Novel menika ugi nyariyosaken paraga wanita ingkang kiyat tumut perang lan tumut wonten ing palagan saperlu ngrawat prajurit utawi pejuang ingkang nandang tatu amargi kenging pelor. Saking lampahing cariyos kawahyakaken kados pundi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paraga wanita, inggih menika Astarini kaliyan Wati.

Fokus panaliten menika wonten ing watak kaliyan *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga wanita Astarini saha Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD. Bab *konflik psikis*ipun kalebet wujud *konflik psikis*, penyebab ingkang ndadosaken *konflik psikis* ugi cara ngadhepi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paraga wanita Astarini saha Wati ing novel *Kenja Ing Palagan* menika. *Pendekatan* ingkang dipuntindakaken wonten ing panaliten menika inggih kanthi *pendekatan psikologi* sastra.

## B. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang *relevan* inggih menika asiling panaliten saking Ekayanti Retnaningsih taun 2012. Panaliten saking Eka menika irah-irahanipun *Permasalahan Hidup Tokoh Utama Perempuan Dalam Novel Astirin Mbalela*

*Karya Peni (Sebuah Kajian Feminisme).* Asiling panaliten menika ngadharaken bab *wujud permasalahan tokoh utama perempuan, factor penyebab permasalahan tokoh utama perempuan, serta penyelesaian permasalahan yang dilakukan tokoh utama perempuan dalam novel Astirin Mbalela Karya Peni.*

*Relevansi*nipun kaliyan panaliten menika inggih menika sami-sami ngrembag perkawis utawi konflik ingkang dipunlampahi paraga utama wanita wonten ing salebeting novel kanthi cara *deskriptif*. Bedanipun inggih menika, wonten ing panaliten Eka ngginakakaken pendekatan feminisme, menawi panaliten menika ngginakakaken *psikologi* sastra.

Panaliten ingkang relevan sanesipun inggih menika panaliten saking Andri Kurniawan taun 2013. Panaliten saking Andri menika irah-irahanipun *Konflik Psikologis Paragatama Wonten Ing Novel Kadurakan Ing Kidul Dringu Anggitanipun Suparto Brata (Kajian Psikologi Sastra).* Asiling panaliten menika ngandharaken bab watakipun paragatama, konflik *psikis* ingkang dipunraosaken paragatama, ugi kados pundi watakipun paragatama wonten ing salebeting wujud konflik *psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing novel Kadurakan Ing Kidul Dringu.

*Relevansi*nipun kaliyan panaliten menika inggih sami-sami ngginakakaken kajian *psikologi* ingkang ngrembag bab konflik *psikis* paraga wonten ing salebeting novel kanthi cara *deskriptif*. Bedanipun inggih menika sumber data panalitenipun inggih menika novel ingkang dipun tliti. Sanesipun, wonten ing panalitenipun Andri ingkang dipuntliti inggih menika konflik *psikis* ingkang

dipunlampahi dening paragatama. Dene wonten ing panaliten menika ingkang dipuntliti inggih menika konflik *psikis* paraga wanita, tegesipun boten namung paragatama wanita ananging ugi paraga tambahan wanita.

# BAB III

# CARA PANALITEN

## A. Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet jinising panaliten *deskriptif* ngginakaken *pendekatan Psikologi sastra,* amargi ingkang dipuntliti inggih menika bab *psikologi* ingkang wonten ing salebeting karya sastra. Panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang wujudipun andharan saking asiling *analisis* perkawis ingkang dados dhasaring nindakaken panaliten. Cara panaliten *deskriptif* kanthi *pendekatan psikologi* sastra menika dipunginakaken kangge ngandharaken watakipun paraga, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paraga, kaliyan kados pundi watakipun paraga wonten ing salebeting *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paraga Astarini kaliyan Wati ing novel *Kenja Ing Palagan* menika.

Panaliten menika ngginakaken *pendekatan psikologi sastra*, inggih menika cara neliti sastra ngginakaken *cara pandang psikologi. Pendekatan psikologi sastra* menika dipunginakaken amargi datanipun bab ingkang wonten gegayutanipun kaliyan psikologi ing salebeting karya sastra. Datanipun inggih menika bab jiwanipun paraga wonten salebeting cariyos. Bab jiwa menika kalebet watak ingkang dipuntingali saking *psikis*ipun kaliyan konflik *psikis* paraga.

## B. Data kaliyan Sumber Data

Panaliten menika awujud panaliten pustaka ingkang datanipun inggih menika awujud teks ing novel ingkang nedahaken bab watakipun paraga wanita, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paraga wanita, *faktor* ingkang dados penyebab *konflik* ugi kados pundi caranipun ngadhepi *konflik* ingkang dipunlampahi dening paraga wanita wonten ing salebeting novel *Kenja Ing Palagan* menika.

Sumber datanipun inggih menika Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD. Novel menika dipunanggit kinten-kinten rikala taun 1960-an. Bab menika adhedhasar cariyos novel *Kenja Ing Palagan* menika meh sami kaliyan cariyos novel-novel anggitanipun Soedharmo KD wonten ing taun 1960an. Novel-novel menika sami-sami nyariosaken lampahipun paraga wanita wonten ing palagan rikala penjajahan utawi jaman perang. Novel-novel menika antawisipun *Sukwati Telu, Asmara Tanpa Soca, pelor Tandha Mata, kaliyan Utamaning Kautaman*.

## C. Caranipun Ngempalaken Data

Caranipun ngempalaken data ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika ngangge cara maos kaliyan nyerat data. Data dipunkempalaken kanthi cara maos novelipun kanthi wongsal-wangsul ngantos mangertos saestu menapa isi lan kados pundi cariyosipun. Cara pamaosan ingkang dipuntindakaken inggih menika:

1. Maos sedaya isi novel ingkang dipunpilih minangka fokus panaliten kanthi *cermat.* Fokus panaliten menika watak, *konflik psikis* ingkang

dipunlampahi paraga wanita, *faktor* penyebab *konflik psikis*, kaliyan cara ngadhepi *konflik* wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

2. Maringi tandha-tandha utawi titikan wonten ing perangan-perangan teks ingkang dipunraos ngandhut bab ingkang dados fokus panaliten. Bab menika antawisipun watak, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga wanita, *faktor* penyebab *konflik psikis*, kaliyan cara ngadhepi *konflik* wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.
3. *Menginterpretasikan* utawi damel *tafsiran* kangge bab watak, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga wanita, *faktor* penyebab *konflik psikis*, kaliyan cara ngadhepi *konflik* wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.
4. Dipundamel andharan saking sedaya data ingkang dipunpanggihaken lan dipunpilih saking cara-cara pamaosan menika.

Sasampunipun nindakaken pamaosan novel kanthi *cermat,* layeng dipuntindakaken panyeratan data wonten ing kertu data ingkang dipunsiapaken. Lampahipun inggih menika:

1. Nyerat sedaya kasilipun ngandharaken data bab watak, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga wanita, *faktor* penyebab *konflik psikis,* kaliyan cara ngadhepi *konflik* wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.
2. Nyerat pethikan-pethikan data saking novel *Kenje Ing Palagan* ingkang awujud ukara utawi *paragraf.*

## D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten ingkang dipunangge inggih menika awujud kertu data. Kertu data menika awujud tabel ingkang dipunginakaken kangge nyathet data-data ingkang dipunpanggihaken saking pamaosan Novel *Kenja Ing Palagan*. Model kertu datanipun kados makaten:

Tabel 1. **Data wujud watakipun paraga wanita Astarini wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | Pethikan Data | Kaca | Watakipun Paraga Wanita | *Struktur* Kapribaden | | | Katrangan |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Id | Ego | Super ego | |

**Tabel 2. Data wujud watakipun paraga wanita Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | Pethikan Data | Kaca | Watakipun Paraga Wanita | *Struktur* Kapribaden | | | Katrangan |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Id | Ego | Super ego | |

**Katrangan Tabel:**

Nomer Data, inggih menika nomer urutipun data ingkang dipunpendhet.

Pethikan Data, inggih menika kutipan data ingkang dipunpendhet saking novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten.

Kaca, inggih menika nedahaken nomeripun kaca saking kutipan ingkang dipunpendhet saking *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

Wujud Watakipun Paraga, wosipun inggih menika *spesifikasi* utawi mligi wonten ing watak ingkang dipunlampahi Paraga Astaraini wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

*Struktur* Kapribaden, inggih menika nedahaken golongan yenis-yenis watak adhedhasar teori *psikologi* Sigmund Freud inggih menika *Id*, *Ego*, kaliyan *Super Ego*.

Katrangan, inggih menika andharan saking koflik adhedhasar *psikoanalisis* Sigmund Freud inggih menika *Id*, *Ego*, kaliyan *Super Ego*.

**Tabel 3. Data wujud *konflik psikis* paraga wanita Astarini wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | Pethikan Data | Kaca | Wujud *Konflik Psikis* Paraga Wanita | *Struktur* Kapribaden | | | Kat. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Id | Ego | Super ego | |

**Tabel 4. Data wujud *konflik psikis* paraga wanita Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | Pethikan Data | Kaca | Wujud *Konflik Psikis* Paraga Wanita | *Struktur* Kapribaden | | | Kat. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Id | Ego | Super ego | |

**Katrangan Tabel:**

Nomer Data, inggih menika nomer urutipun data ingkang dipunpendhet.

Pethikan Data, inggih menika kutipan data ingkang dipunpendhet saking novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten.

Kaca, inggih menika nedahaken nomeripun kaca saking kutipan ingkang dipunpendhet saking *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

Wujud *Konflik Psikis* Paraga, wosipun inggih menika *spesifikasi* utawi mligi wonten ing *konflik psikis/ psikologis* batin Paraga Astaraini wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

*Struktur* Kapribaden, inggih menika nedahaken penggolongan jinisipun *konflik* adhedhasar teori *psikologi* Sigmund Freud inggih menika *Id, Ego*, kaliyan *Super Ego.*

Katrangan, inggih menika andharan saking koflik adhedhasar *psikoanalisis* Sigmund Freud inggih menika *Id, Ego,* kaliyan *Super Ego*.

**Tabel 5. Data *faktor* panyebab *konflik psikis* paraga wanita Astarini wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | Pethikan Data | Kaca | *Konflik Psikis* | Paraga ingkang ndadosaken *konflik* | *Faktor* Panyebab *Konflik* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**Tabel 6. Data *faktor* panyebab *konflik psikis* paraga wanita Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | Pethikan Data | Kaca | *Konflik Psikis* | Paraga ingkang ndadosaken *konflik* | *Faktor* Panyebab *Konflik* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**Katrangan Tabel:**

Nomer Data, inggih menika nomer urutipun data ingkang dipunpendhet.

Pethikan Data, inggih menika kutipan data ingkang dipunpendhet saking novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten.

Kaca, inggih menika nedahaken nomeripun kaca saking kutipan ingkang dipunpendhet saking *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

Wujud *Konflik Psikis* Paraga, wosipun inggih menika *spesifikasi* utawi mligi wonten ing *konflik psikis/ psikologis* batin Paraga Astaraini wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

Paraga ingkang ndadosaken *konflik*, inggih paraga ingkang ndadosaken *konflik psikis* ingkang dipunraosaken.

*Faktor* Penyebab *Konflik* inggih menika *faktor-faktor* ingkang ndadosaken *konflik psikis*.

**Tabel 7. Data cara ngadhepi *konflik psikis* paraga wanita Astarini wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | Pethikan Data | Kaca | *Konflik Psikis* | Cara Ngadhepi *Konflik Psikis* | *Konteks* Cariyosipun |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**Tabel 8. Data cara ngadhepi *konflik psikis* paraga wanita Astarini wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | Pethikan Data | Kaca | *Konflik Psikis* | Cara Ngadhepi *Konflik Psikis* | *Konteks* Cariyosipun |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**Katrangan Tabel:**

Nomer Data, inggih menika nomer urutipun data ingkang dipunpendhet.

Pethikan Data, inggih menika kutipan data ingkang dipunpendhet saking novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD ingkang dipunginakakaken wonten ing panaliten.

Kaca, inggih menika nedahaken nomeripun kaca saking kutipan ingkang dipunpendhet saking *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

Wujud *Konflik Psikis* Paraga, wosipun inggih menika *spesifikasi* utawi mligi wonten ing *konflik psikis/ psikologis* batin Paraga Astaraini wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

Cara Ngadhepi *Konflik* inggih menika kados pundi cara ingkang dipuntindakaken paraga wanita kangge ngadhepi *konflik* ingkang dipunlampahi.

*Konteks* Cariyos, inggih menika adhedhasar saking pethikan data.

## E. Caranipun Nganalisis Data

Caranipun nganalisis data wonten ing panaliten menika ngginakaken cara nganalisis *deskriptif*. Cara nganalisis *deskriptif* inggih menika mahyakaken data kados kawontenanipun ingkang saestu kanthi *pengolahan* kaliyan *penafsiran* ingkang *obyektif*. Caranipun nganalisis data kanthi cara *deskriptif* inggih menika dipun wiwiti saking:

1. *kategorisasi*, inggih menika data dipunklempakaken miturut watesaning perkawis inggih menika *konflik psikis*, penyebab *konflik psikis*, kaliyan

cara paraga Astarini ngadhepi *konflik* menika saking novel Novel *Kenja Ing Palagan* menika.

2. *tabulasi*, inggih menika data ingkang sampun dipunkempalaken layeng dipunlebetaken utawi dipunserat wonten ing tabel.
3. *interpretasi*, inggih menika mahyakaken asiling kategprisasi saderengipun gayutanipun kaliyan teori ingkang dipunginakaken inggih menika teori *psikologi* sastra.
4. *inferensi*, inggih menika simpulan utawi dudutan adhedhasar data-data ingkang sampun dipunkasilaken.

## F. Caranipun Ngesahaken Data

Data panaliten ingkang sampun kapundhut kedah dipunsahaken kanthi cara *validitas* kaliyan *reliabilitas* data.

V*aliditas* data dipunuji kanthi *validitas semantic*, inggih menika kanthi negesi data jumbuh kaliyan konteksipun. *Reliabilitas* dipuntindakaken kanthi cara *reliabilitas intraratter* inggih menika pamaosan kanthi dipunambali saengga angsal data ingkang sami. Kejawi menika ugi ngginakaken *reliabilitas interrater* ingkang dipuntindakaken kanthi cara *konsultasi* utawi nyuwun pirsa dhumateng kanca ingkang mangertos bab obyek panaliten menika. *Reliabilitas interrater* menika saged kanthi cara rembagan kaliyan kanca ingkang mangertos bab sastra utawi sami-sami neliti novel. Sanesipun inggih menika kanthi konsultasi kaliyan dosen pembimbing.

# BAB IV

# ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

## A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten saking panaliten menika awujud data bab watakipun paraga wanita Astarini saha Wati, *konflik psikis* ingkang dipunraosaken, *faktor* penyebab *konflik psikis*, saha cara ngadhepi *konflik psikis* ingkang dipunraosaken dening paraga wanita Astarini saha Wati. Asiling panaliten menika dipunandharaken kanthi ngginakakaken tabel saha dipunandharaken langkung jangkep wonten ing salebeting pirembagan.

Panaliten menika ngginakakaken *pendekatan psikologi* sastra, kanthi *teori psikoanalisis* saking Sigmund Freud. *Psikoanalisis* menika kalebet elmu *psikologi* ingkang ngrembag bab *fungsi* saha *perkembangan mental* manungsa. *Psikoanalisis* menika ngandharaken sturktur kapribaden manungsa ingkang dipunperang dados tigang perangan inggih menika *Id, Ego,* saha *Super Ego.*

Gegayutan antawisipun *pendekatan psikologi* sastra kaliyan panaliten menika amargi ingkang dados *fokus* panaliten kalebet perkawis jiwa paraga wonten ing salebeting karya sastra. Perkawis jiwa paraga menika dipuntliti ngginakakaken elmu *psikologi*. Salajengipun, pendekatan *psikologi* sastra dipunginakakaken kangge neliti sastra saking *cara pandang psikologi* supados dipunpanggihaken data *psikologi* ingkang trep kaliyan *fokus* panaliten menika.

**1. Sinopsis Novel Kenja Ing Palagan.**

Novel *Kenja Ing Palagan* inggih menika salah satunggaling novel anggitanipun Soedharmo KD. Novel menika nyariyosaken salah satunggaling wanita ingkang dados petugas PMI nalika jaman perang kamardikan. Namanipun Endang Astarini, kenja asal Sala ingkang kepeksa pisah kaliyan kulawarganipun nalika ngungsi amargi pecah perang kamardikan. Astarini kaliyan kancanipun inggih menika Wati dados petugas PMI wonten ing salah satunggaling rombongan prajurit gerilya pipinanipun Letnan Suraja. Kasulistyanipun Astarini ndadosaken piyambakipun nglampahi pinten-pinten perkawis gegayutan kaliyan para priya ingkang tresna dhateng piyambakipun.

Astarini ingkang rumaos dados rebutan amargi kasulistyanipun lajeng motong rikmanipun saengga ketingal kados lare jaler. Wonten ing satunggaling dinten, pasukan gerilya kalah perang lan pimpinanipun kapikut dening Londa. Minangka bageyan pasukan gerilya, Astarini pikantuk tugas nglari papan anggenipun pimpinan gerilya dipuntahan. Nalika nglari, Astarini nyamar dados Julia lan nyaketi Kapten Junan. Nanging Astarini kedah nampi kanyatan bilih kupiyanipun nglari boten dipunajeni dening Sersan Parta ingkang mimpin prajurit gerilya nggantosi Letnan Suraja. Sersan Parta cubriya dhateng Astarini amargi pikatuk lapuran bilih Astarini caket kaliyan Kapten Junan. Astarini ingkang dipuncubriya lajeng dipunukum pejah. Nanging, Astarini dipunslametaken dening Letnan Suraja saha Rujita, kekasihipun nalika SMA. Ing pungkasan, wonten gencatan senjata antawisipun Londa kaliyan Republik. Astarini saha sedaya prajurit

nglampahi gesangipun piyambak-piyambak. Astarini nampi Letnan Suraja, Wati lajeng gesang bebrayan kaliyan Sersan Parta, saha Rujita nerasaken sekolahipun.

Paraga Saking wosing *sinopsis* novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD menika dipunpanggihaken wonten kalih paraga wanita ingkang cetha panyariyosipun. Sinaosa kekalihipun boten sami anggenipun nyariyosaken. Paraga wanita sanesipun boten dipuntliti amargi boten dipunpanggihaken nama paraga wanita kejawi Astarini kaliyan Wati.

Saking wosing novel menika dipunpanggihaken kados pundi watakipun paraga wanita Astarini kaliyan Wati, *konflik psikis* paraga wanita Astarini kaliyan Wati, *penyebab* saha caranipun ngadhepi *konflik psikis* paraga wanita Astarini kaliyan Wati. Watakipun paraga wanita Astarini kaliyan Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD ingkang dipuntliti adhedhasar teori *psikoanalisis* Sigmund Freud dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

**2. Perwatakan Paraga Wanita ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

Asiling panaliten menika manggihaken kados pundi watakipun paraga wanita wonten ing salebeting novel *Kenja Ing Palagan* menika. Wonten ing panaliten menika, watakipun paraga wanita Astarini kaliyan Wati dipuntemtokaken ngginakaken *teori psikoanalisis* mawi *struktur kapribaden* ingkang dipunperang dados *Id, Ego,* saha *Super ego.*

Paraga Astarini kaliyan Wati dipungambaraken gadhah pinten-pinten watak. Watak saben paraga saged dipungambaraken saking *fisik, sosial,* saha *psikologis.* Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken watak paraga wanita wonten ing

novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD adhedhasar *teori psikoanalisis* Sigmund Freud.

**Tabel 1. Watakipun Paraga Wanita Astarini ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | Watak | Struktur Kapribaden | | | No. Data |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Id | Ego | Super Ego | |
| 1. | Sabar | √ | √ | | 1, 8, 19, 20, 54 |
| 2. | Welas asih | √ | √ | √ | 21, 30, 32, 35, 40, 41, 47, |
| 3. | Tegel | √ | √ | | 2, 43 |
| 4. | Prasaja | √ | √ | √ | 3 |
| 5. | Ngatos-atos | √ | √ | | 4, 26, 42, 55, 57 |
| 6. | Gampil sedhih | √ | √ | | 5, 33, 34, 44, 46 |
| 7. | Gampil nyerah | √ | √ | | 6 |
| 8. | Niyat ingkang kenceng | √ | √ | | 7, 11, 12 |
| 9. | *Penurut* | √ | √ | √ | 9 |
| 10. | Percaya dhiri | √ | √ | | 10, 39 |
| 11. | Tegas | √ | √ | | 13, 16, 18, 23, 24, 59 |
| 12. | Pinter ethok-ethok | √ | √ | √ | 14, 15, 22, 36, 37, 38, 45 |
| 13. | *Peduli* | | √ | √ | 17, 27, 28, 53 |
| 14. | Kendel | √ | √ | | 25, 29, 48, 49, 51, 60 |
| 15. | Gampil duka | √ | √ | | 31, 58 |
| 16. | Jujur | √ | √ | √ | 50, 56 |
| 17. | Grapyak | √ | √ | √ | 54 |

**Tabel 2. Watakipun Paraga Wanita Wati ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | Watak | Struktur Kapribaden | | | No. Data |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Id | Ego | Super Ego | |
| 1. | *Peduli* | | √ | √ | 1, 3 |
| 2. | Boten Sabaran | √ | √ | | 2, 10 |
| 3. | Aleman | √ | √ | | 4 |
| 4. | Gampil sedhih | √ | √ | | 6 |
| 5. | Jujur | √ | √ | √ | 5, 7, 8, 13 |
| 6. | Gampil duka | √ | √ | | 9 |
| 7. | Ngatos-atos | √ | √ | √ | 11 |
| 8. | Welas asih | √ | √ | √ | 12 |
| 9. | Saged dipunpitados | | √ | √ | 14 |

Saking tabel menika saged dipunmangertosi bilih paraga wanita Astarini kaliyan Wati gadhah pinten-pinten watak ingkang kagambaraken wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD. Watak paraga wanita Astarini kaliyan Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* menika dipunandharaken adhedhasar *struktur kapribaden* Sigmund Freud ingkang kaperang dados *Id, Ego*, saha *Super ego*.

Watakipun paraga wanita Astarini wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD inggih menika sabar, welas asih, kendel, prasaja, ngatos-atos, gampil sedhih, percaya dhiri, niyat ingkang kenceng, *penurut*, tegas, *peduli*, grapyak, jujur, tegel, gampil nyerah, gampil duka, kaliyan pinter ethok-ethok. Saking watakipun Astarini minangka paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* dipunpanggihaken wonten watak ingkang kosok wangsul.

Watak ingkang kosok wangsul inggih menika antawisipun watak tegel ingkang kosok wangsul kaliyan watak welas asih, watak gampil nyerah ingkang kosok wangsul kaliyan watakipun Astarini ingkang gadhah niyat ingkang kenceng. Watak gampil duka menika kosok wangsul kaliyan watakipun Astarini ingkang sabar, lan watak pinter ethok-ethok menika kosok wangsul kaliyan watakipun Astarini ingkang jujur.

Sanesipun paraga Astarini, wonten paraga wanita sanesipun ingkang dipunteliti watakipun inggih menika Wati. Watakipun paraga wanita Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD inggih menika, *peduli*, welas asih, aleman, gampil sedhih, jujur, boten sabaran, gampil duka, ngatos-atos, saha saged dipunpitados. Boten kados watakipun paraga Astarini ingkang

dipunpanggihaken wonten watakipun ingkang kosok wangsul, watakipun paraga Wati boten dipunpanggihaken watak ingkang kosok wangsul utawi *berlawanan*. Babagan kosok wangsul watakipun Astarini & Wati menika badhe dipunandharaken ing sub bab pirembagan panaliten.

**3. *Konflik psikis* Paraga Wanita ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

Sasampunipun maos novel *Kenja Ing Palagan* menika, saged ketingal bilih wonten mapinten-pinten *konflik* utawi perkawis ingkang kadadosan. *Konflik* kadadosan saking perkawis-perkawis ingkang dipunwontenaken dening pangripta wonten ing salah satunggaling karya sastra. Wujudipun *konflik* inggih menika wonten ingkang awujud *konflik* batin, *konflik sosial*, saha *konflik* sanesipun. *Konflik* batin utawi *konflik psikis* ingkang dipunraosaken dening paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* menika saged dipuntingali wonten ing tabel ing ngandhap menika.

**Tabel 3. *Konflik psikis* Paraga Wanita Astarini ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | *Konflik psikis* | Struktur Kapribaden | | | No. Data |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Id | Ego | Super Ego | |
| 1. | Lungkrah | √ | √ | | 1 |
| 2. | Sedhih | √ | √ | √ | 2, 9, 16, 22, 49, 71, 72, 36, 51 |
| 3. | Bingung | √ | √ | √ | 3, 4, 19, 38, 43, 59, 61, 62, 74, 52 |
| 4. | Ajrih | √ | √ | | 5, 63 |
| 5. | Kuwatos | √ | √ | √ | 6, 7, 10, 20, 28, 30, 31, 32, 34, 45, 46, 58, 60 |
| 6. | Kaget | √ | √ | | 8, 25, 41, 68, 73 |
| 7. | Kepeksa | √ | √ | √ | 11, 12, 23, 39, 42, 47, 53, 75 |
| 8. | Kuciwa | √ | √ | | 13, 17, 18, 37, 44, 66, 67, 69, 70 |

**Tabel salajengipun**

| No. | *Konflik psikis* | Struktur Kapribaden | | | No. Data |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *Id* | *Ego* | *Super ego* | |
| 9. | Nekad | √ | √ | | 14, 48, 54 |
| 10. | Emosi/ duka | √ | √ | | 15, 21, 27, 29, 33, 35, 55, 64, 65 |
| 11. | Keduwung | √ | √ | | 24 |
| 12. | Goroh | √ | √ | √ | 26, 50 |
| 13. | Gugup | √ | √ | | 40 |
| 14. | Dhendham | √ | √ | | 56, 57 |

**Tabel 4. *Konflik psikis* Paraga Wanita Wati ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | *Konflik psikis* | Struktur Kapribaden | | | No. Data |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *Id* | *Ego* | *Super Ego* | |
| 1. | Kuwatos | √ | √ | √ | 1, 3, 16, 18 |
| 2. | Meri | √ | √ | √ | 2, 5 |
| 3. | Ajrih | √ | √ | | 4, 12 |
| 4. | Eram | √ | √ | √ | 6, 10 |
| 5. | Bingung | √ | √ | √ | 7, 9 |
| 6. | Sedhih | √ | √ | √ | 8, 14 |
| 7. | Kaget | √ | √ | | 11, 13, 17 |
| 8. | Emosi / duka | √ | √ | | 15 |

Saking tabel menika saged dipunmangertosi bilih paraga wanita Astarini kaliyan Wati nglampahi pinten-pinten *konflik psikis* ingkang kagambaraken wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD. *Konflik psikis* paraga wanita Astarini inggih menika lungkrah, bingung, ajrih, kuwatos, kaget, sedhih, emosi/ duka, kepeksa, kuciwa, nekad, keduwung, dora/ goroh, dhendhem saha gugup. Paraga wanita Wati ugi nglampahi pinten-pinten *konflik psikis* kados dene paraga Astarini. *Konflik* ingkang dipunlampahi dening paraga Wati inggih menika kuwatos, ajrih, eram/ gumun, bingung, sedhih, kaget, meri saha emosi/ duka.

**4. *Faktor penyebab konflik psikis* paraga wanita Astarini & Wati ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

Saben prastawa ing donya menika kadadosan amargi wonten ingkang damel utawi wonten ingkang andadosaken wontenipun prastawa. Kados dene *konflik.* kadadosanipun ugi boten uwal saking bab-bab ingkang dados *penyebab* wontenipun *konflik.* Saking panaliten dipunpanggihaken pinten-pinten *penyebab* ingkang ndadosaken *konflik psikis,* antawisipun:

**Tabel 5. *Faktor penyebab konflik psikis* paraga wanita Astarini ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | *Konflik psikis* | Paraga ingkang ndadosaken *konflik psikis* | *Faktor penyebab* | No. Data |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Lungkrah | Letnan Suraja | Dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun | 1 |
| 2. | Sedhih | Letnan Suraja | Dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun | 2 |
| | | Astarini | Wosing layang ingkang nedahaken sedanipun kulawarganipun Astarini | 9, 16 |
| | | Astarini | Ngraos piyambakan | 22 |
| | | Letnan Suraja | Ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja | 49, 72 |
| | | Astarini | Kanyatan ingkang boten jumbuh kaliyan pangajeng-ajeng | 71 |
| | | Letnan Suraja | Dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja | 36 |
| | | Kapten Junan | Kedah pados Warta saking kapten Junan | 51 |
| 3. | Bingung | Wati | Dipundangu dening Wati | 3 |
| | | Wati | Dipunajak ningali tontonan rikala jaman perang | 19 |
| | | Letnan Suraja | Dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja | 38 |
| | | Kapten Junan | Dipundangu dening Kapten Junan | 43 |
| | | Sersan Parta | Tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem | 59, 61 |

**Tabel salajengipun**

| No | *Konflik Psikis* | Paraga ingkang ndadosaken *konflik psikis* | *Faktor penyebab* | No. Data |
|---|---|---|---|---|
| 4. | | Sersan Parta | Dipuncubriya dening Sersan Parta | 62 |
| | | Rujita | Dhatengipun Rujita ingkang boten dipunyana | 74 |
| | | Letnan Suraja | Dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun | 4 |
| | | Astarini | Kedah nindakaken kuwajibanipun | 52 |
| 5. | Ajrih | Letnan Suraja | Dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun | 5 |
| | | Sersan Parta | Tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem | 63 |
| 6. | Kuwatos | Letnan Suraja | Dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun | 6 |
| | | Astarini | Kawontenan rikala perang ingkang boten aman | 7, 10 |
| | | Wati | Boten sekeca kaliyan Wati bab ningali ramen-ramen | 20 |
| | | Sersan Parta | Dipundangu dening Sersan Parta bab kawontenanipun | 28 |
| | | Letnan Suraja | Boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja | 30, 31, 32, 34 |
| | | Kapten Junan | Mireng cariyosipun Kapten Junan | 45, 46 |
| | | Letnan Suraja | Ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja | 58 |
| | | Sersan Parta | Tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem | 60 |
| 7. | Kaget | Letnan Suraja | Dipunsusul dening Letnan Suraja | 8 |
| | | Sersan Parta | Dhatengipun Sersan Parta | 25 |
| | | Karel | Mireng pamanggihipun Karel | 41 |
| | | Sersan Parta | Dipuncubriya dening Sersan Parta | 68 |
| | | Rujita | Dhatengipun Rujita ingkang boten dipunyana | 73 |
| 8. | Kepaksa | Sersan Parta, Letnan Suraja, | Rumaos dados rebutan | 11, 12 |
| | | Astarini | Kawontenan rikala perang ingkang boten aman | 23 |
| | | Letnan Suraja | Boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja | 39 |

**Tabel salajengipun**

| No | *Konflik psikis* | Paraga ingkang ndadosaken *konflik psikis* | *Faktor penyebab* | No. Data |
|---|---|---|---|---|
| 9. | | Karel | Mireng pamanggihipun Karel | 42 |
| | | Kapten Junan | Kedah pados warta saking Kapten Junan | 47 |
| | | Kapten Junan | Kawontenanipun Kapten Junan | 53 |
| | | Letnan Suraja | Dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun | 75 |
| 10. | Kuciwa | Wati | Dipuntampik panyuwunanipun dening Wati | 13 |
| | | Sersan Parta | Dipunajak ningali tontonan rikala jaman perang | 17 |
| | | Sersan Parta | Mireng pangandikanipun Sersan Parta | 18 |
| | | Letnan Suraja | Dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja | 37 |
| | | Sersan Parta, Letnan Suraja, Kapten Junan | Rumaos dados rebutan | 44 |
| | | Sersan Parta | Dipuncubriya dening Sersan Parta | 66, 69, 70 |
| | | Sersan Parta | Dipunanggep lemah dening Sersan Parta | 67 |
| 11. | Nekad | Sersan Parta, Letnan Suraja, | Rumaos dados rebutan | 14 |
| | | Kapten Junan | Kedah pados warta saking Kapten Junan | 48 |
| | | Astarini | Kedah nindakaken kuwajibanipun | 54 |
| 12. | Duka | Astarini | Kawontenan rikala perang ingkang boten aman | 15 |
| | | Wati | Boten sekeca kaliyan Wati bab ningali ramen-ramen | 21 |
| | | Sersan Parta | Dipundangu dening Sersan Parta bab kawontenanipun | 27 |
| | | Sersan Parta | Dipunanggep lemah dening Sersan Parta | 29 |
| | | Letnan Suraja | Dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja | 33,35 |

**Tabel salajengipun**

| No | *Konflik Psikis* | Paraga ingkang ndadosaken *konflik psikis* | *Faktor Penyebab* | No. Data |
|---|---|---|---|---|
| 13. | | Ripin | Dipunanggep lemah dening Ripin | 55 |
| | | Sersan Parta | Dipuncubriya dening Sersan Parta | 64, 65 |
| 14. | Keduwung | Letnan Suraja | Dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun | 24 |
| 15. | Goroh | Sersan Parta | Dipundangu dening Sersan Parta bab kawontenanipun | 26 |
| | | Letnan Suraja | Ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja | 50 |
| 16. | Gugup | Kapten Junan | Dipuncaketi dening Kapten Junan | 40 |
| 17. | Dhendham | Ripin | Ngraos nate dipunpilara dening Ripin | 56, 57 |

**Tabel 6. *Faktor penyebab konflik psikis* paraga wanita Wati ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | *Konflik psikis* | Paraga ingkang ndadosaken *konflik psikis* | *Faktor penyebab konflik psikis* | No. Data |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Kuwatos | Astarini | Mangertos kawontenanipun Astarini ingkang nandang susah | 1, 3 |
| | | Astarini | | 16, 18 |
| 2. | Meri | Astarini, Letnan Suraja | Mangertos Astarini dipunblakani dening Letnan Suradja | 2 |
| | | Wati | Kepengin nampi layang | 5 |
| 3. | Ajrih | Astarini | Kawontenanipun Astarini ingkang ketingal suntrut | 4 |
| | | Astarini | Dipunsuwun motong rikmanipun Astarini | 12 |
| 4. | Gumun | Astarini | Mangertos Tari boten nampi Letnan Suraja. | 6 |
| | | Astarini | Mangertos rikmanipun astarini. | 10 |
| 5. | Bingung | Astarini | Mangertos kawontenanipun Astarini ingkang nandang susah | 7, 9 |
| 6. | Sedhih | Astarini | | 8, 14 |

**Tabel salajengipun**

| No. | *Konflik psikis* | Paraga ingkang ndadosaken *konflik psikis* | *Faktor penyebab konflik psikis* | No. Data |
|---|---|---|---|---|
| 7. | Kaget | Astarini | Mangertos Tari nyepeng glathi | 11 |
| | | Astarini | Dipunsuwun motong rikmanipun Astarini | 13 |
| | | Sersan Parta | Dhatengipun sersan Parta | 17 |
| 8. | Duka | Wati | Kawontenan rikala perang ingkang boten aman. | 15 |

Saking tabel menika saged dipunmangertosi bilih wonten pinten-pinten bab ingkang ndadosaken *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paraga wanita Astarini & Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD. *Faktor penyebab konflik psikis* paraga Astarini ingkang awujud lungkrah inggih menika amargi dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun; *Faktor penyebab konflik psikis* ingkang awujud sedhih inggih menika amargi dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun, Wosing layang ingkang nedahaken sedanipun kulawarganipun Astarini, ngraos piyambakan, ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja, kanyatan ingkang boten jumbuh kaliyan pangajeng-ajeng, dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja, kaliyan kedah pados warta saking kapten Junan.

*Faktor penyebab konflik psikis* ingkang awujud bingung inggih menika dipundangu dening Wati, dipunajak ningali tontonan rikala jaman perang, dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja, dipundangu dening Kapten Junan, Tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem, dipuncubriya dening Sersan Parta, dhatengipun Rujita ingkang boten dipunnyana, dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun, kaliyan kedah nindakaken kuwajibanipun; *Faktor penyebab konflik psikis* ingkang awujud ajrih inggih menika dipunblakani dening

Letnan Suraja ngengingi pangraosipun kaliyan Tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem;

*Faktor penyebab konflik psikis* ingkang awujud kuwatos inggih menika dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun, kawontenan rikala perang ingkang boten aman, boten sekeca kaliyan Wati bab ningali ramen-ramen, dipundangu dening Sersan Parta bab kawontenanipun, boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja, mireng cariyosipun Kapten Junan, ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja, kaliyan tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem.

*Faktor penyebab konflik psikis* ingkang awujud kaget inggih menika dipunsusul dening Letnan Suraja, dhatengipun Sersan Parta, mireng pamanggihipun Karel, dipuncubriya dening Sersan Parta, kaliyan dhatengipun Rujita ingkang boten dipunnyana; *Faktor penyebab konflik psikis* ingkang awujud kepaksa inggih menika rumaos dados rebutan, kawontenan rikala perang ingkang boten aman, boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja, mireng pamanggihipun Karel, kedah pados warta saking Kapten Junan, kawontenanipun Kapten Junan, kaliyan dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun.

*Faktor penyebab konflik psikis* ingkang awujud kuciwa inggih menika dipuntampik panyuwunanipun dening Wati, dipunajak ningali tontonan rikala jaman perang, mireng pangandikanipun Sersan Parta, dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja, rumaos dados rebutan, dipuncubriya dening Sersan Parta, kaliyan dipunanggep lemah dening Sersan Parta; *Faktor penyebab*

*konflik psikis* ingkang awujud nekad inggih menika Rumaos dados rebutan, kedah pados warta saking Kapten Junan, kaliyan kedah nindakaken kuwajibanipun.

*Faktor penyebab konflik psikis* ingkang awujud duka inggih menika Kawontenan rikala perang ingkang boten aman, boten sekeca kaliyan Wati bab ningali ramen-ramen, dipundangu dening Sersan Parta bab kawontenanipun, dipunanggep lemah dening Sersan Parta, dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja, dipunanggep lemah dening Ripin, kaliyan dipuncubriya dening Sersan Parta; *Faktor penyebab konflik psikis* ingkang awujud keduwung inggih menika dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun;

*Faktor penyebab konflik psikis ingkang* awujud goroh inggih menika dipundangu dening Sersan Parta bab kawontenanipun kaliyan ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja; *Faktor penyebab konflik psikis* ingkang awujud gugup inggih menika dipuncaketi dening Kapten Junan; *Faktor penyebab konflik psikis* ingkang awujud dhendhem inggih menika ngraos nate dipunpilara dening Ripin.

Wati, minangka paraga wanita sanesipun Astarini ugi nglampahi pinten-pinten *konflik psikis* ingkang antawisipun *konflik psikis* awujud kuwatos dipunsebabaken amargi mangertos kawontenanipun Astarini ingkang nandang susah; *konflik psikis* awujud meri dipunsebabaken amargi mangertos Astarini dipunblakani dening Letnan Suradja kaliyan kepengin nampi layang; *konflik psikis* awujud ajrih dipunsebabaken amargi mangertos kawontenanipun Astarini ingkang nandang susah kaliyan dipunsuwun motong rikmanipun Astarini; K*onflik psikis* awujud gumun/ eram dipunsebabaken amargi mangertos Tari boten nampi Letnan Suraja kaliyan mangertos rikmanipun astarini; *konflik psikis* awujud bingung

dipunsebabaken amargi mangertos kawontenanipun Astarini ingkang nandang susah; *konflik psikis* awujud sedhih dipunsebabaken amargi mangertos kawontenanipun Astarini ingkang nandang susah; *konflik psikis* awujud kaget dipunsebababken amargi mangertos Tari nyepeng glathi, dipunsuwun motong rikmanipun Astarini, kaliyan dhatengipun sersan Parta; *konflik psikis* awujud duka dipunsebabaken amargi kawontenan rikala perang ingkang boten aman.

5. **Caranipun paraga wanita Astarini & Wati ngadhepi *konflik psikis* ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

Saben-saben paraga gadhah caranipun piyambak-piyambak kangge ngadhepi *konflik* utawi perkawis ingkang dipunlampahi utawi dipunraosaken. Cara-cara ingkang dipuntindakakaken wonten ingkang ngrampungaken *konflik* ugi wonten ingkang namung kangge ngadhepi kmawon. Wonten ing panaliten menika dipunpilih kupiya kangge ngadhepi konflik amargi wonten mapinten-pinten konflik ingkang dereng dipunpungkasi saderengipun pungkasanipun cariyos. Kupiya kangge ngedhepi saged awujud nutupi utawi dipunalihaken wonten bab sanesipun. Saking panaliten ingkang sampun dipuntindakaken, dipunpanggihaken pinten-pinten cara ingkang dipuntindakakaken dening paraga kangge ngadhepi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi utawi dipunraosaken.

Cara utawi kupiya menika antawisipun awujud *represi (repression), sublimasi, proyeksi, pengalihan (displacement), rasionalisasi (rationalization), reaksi formasi (reaction formation), regresi, agresi saha apatis, kaliyan fantasi saha stereotype.* Sedaya wujud cara ingkang dipuntindakakaken kangge ngadhepi *konflik* menika kalebet *mekanisme pertahanan ego*. Wonten ing ngandhap menika tabel asiling panaliten ngengingi kupiya kangge ngadhepi *konflik psikis* ingkang

dipuntumindakaken dening paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD.

**Tabel 7. Caranipun paraga wanita Astarini ngadhepi *konflik psikis* ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | Caranipun ngadhepi *konflik* | *Konflik Psikis* | No. Data | *Konteks* Cariyosipun |
|---|---|---|---|---|
| 1. | *Sublimasi* | Lungkrah | 1 | Nutupi raos lungkrah mawi siram. |
| | | Sedhih | 22, | Ndoga dhateng Gusti kangge kulawarganipun ingkang sampun tilar donya. |
| | | | 51 | Nggantos raos boten jenjem mawi umindak ingkang *realistis* |
| | | Kuwatos | 45, 46 | |
| | | Bingung | 52 | |
| | | Kepeksa | 53 | Menggalih kanthi *positif* |
| | | Bingung | 74 | Nggantos raos boten jenjem mawi umindak ingkang *realistis* |
| 2. | *Represi* | Sedhih | 2, 16, 49 | *Menekan* salah satunggaling pangraos |
| | | Bingung | 3, 4, 36, 38, 59, 61 | |
| | | Kaget | 8, 25, 41, 68 | |
| | | Kuciwa | 17, 18, 44, 69 | |
| | | Kepeksa | 42, 47 | |
| | | Kuwatos | 58, 60 | |
| 3. | *Apatis* | Ajrih | 5 | Asikep pasrah |
| | | Kepeksa | 39, 75 | |
| | | Sedhih | 71 | |
| 4. | *Rasionalisasi* | Kuwatos | 6, 7, 10 | Nyalahaken kawontenan ingkang boten pesthi |
| | | | 28 | Nyalahaken wontenipun raos tresna |
| | | Kepeksa | 23 | Nyalahaken kawontenan ingkang boten pesthi |
| | | Dora/ goroh | 26 | Nyalahaken kawontenan awakipun ingkang ngantuk |
| | | Nekad | 48 | Ngendelaken tugasipun |

**Tabel salajengipun**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 5. | *Regresi* | Sedhih | 9 | Nangis kangge ngetingalaken raos sedhihipun |
| | | | 72 | Nindakaken tumindak supados ngraos aman |
| | | Gugup | 40 | |
| | | Bingung | 43 | |
| | | Goroh | 50 | |
| | | Ajrih | 62 | |
| | | Kaget | 73 | |
| | *Pengalihan* | Kepeksa | 11, 12 | Motong rikma ingkang dipunraos minangka sebab Astarini dados rebutan. |
| | | Keduwung | 24 | Nyalahaken wontenipun raos tresna |
| | | Kuciwa | 66 | |
| 6. | *Proyeksi* | Kuciwa | 13 | Asikep kasar dhateng wati amargi boten kersa mbiyantu motong rikmanipun |
| | | | 37 | Nyalahaken tumindakipun Letnan Suradja |
| | | Nekad | 14 | Asikep kasar dhateng wati amargi boten kersa mbiyantu motong rikmanipun |
| | | Duka | 15 | |
| | | | 27 | Asikep kasar dhateng sersan Parta |
| | | Bingung | 19 | Asikep kasar dhateng wati. |
| 7. | *Reaksi formasi* | Kuwatos | 20 | Nutupi raos boten sekeca mawi ngaken Wati nonton |
| | | | 30 | Asikep manis kangge ngumpetaken raos ajrih |
| | | Duka | 21 | Nutupi raos boten sekeca mawi ngaken Wati nonton |
| | | Nekad | 54 | Nedahaken raos kendelipun sinaosa wanita |
| 8. | *Agresi* | Duka | 29 | Asikep kasar dhateng sersan Parta |
| | | | 33, 35 | Ngaturaken pamanggihipun dhateng Letnan Suraja |
| | | | 55 | Males tumindakipun Ripin |

**Tabel salajengipun**

| No. | Caranipun ngadhepi *konflik* | *Konflik Psikis* | No. Data | *Konteks* Cariyosipun |
|---|---|---|---|---|
| | | | 64, 65 | Males pangandikanipun Sersan Parta |
| | | Kuwatos | 31, 32, 34 | Ngaturaken pamanggihipun dhateng Letnan Suraja |
| | | Dhendham | 56, 57 | Males tumindakipun Ripin |
| | | Bingung | 62 | Males pangandikanipun Sersan Parta |
| | | Kuciwa | 67, 70 | |

**Tabel 8. Caranipun paraga wanita Wati ngadhepi *konflik psikis* ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

| No. | Caranipun ngadhepi *konflik* | *Konflik Psikis* | No. Data | *Konteks* Cariyosipun |
|---|---|---|---|---|
| 1. | *Sublimasi* | Kuwatos | 1, 16 | Nggantos raos boten jenjem mawi umindak ingkang *realistis* |
| | | Bingung | 9 | Tumindak nangis amargi boten mangertos kedah kados pundi |
| 2. | *Reaksi formasi* | Meri | 2 | Nutupi raos meri kanthi tumindak ngalem |
| 3. | *Represi* | Kuwatos | 3, 18 | *Menekan* salah satunggaling pangraos |
| | | Ajrih | 4, 12 | |
| | | Kaget | 17 | |
| | | Gumun/ eram | 10 | |
| | | Sedhih | 14 | |
| 4. | *Regresi* | Meri | 5 | Tumindak aleman supados dipungatosaken tiyang sanes |
| | | Bingung | 7 | Nangis kangge nedahaken pangraosipun |
| | | Sedhih | 8 | |
| 5. | *Agresi* | Gumun/ eram | 6 | Ngaturaken pamanggihipun |
| | | Kaget | 11, 13 | |
| | | Duka | 15 | |

Saking tabel menika saged dipunmangertosi kados pundi caranipun paraga wanita Astarini kaliyan Wati anggenipun ngadhepi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD. Wonten ing tabel 7 menika asiling panaliten ngengingi cara-cara ingkang dipuntindakaken dening paraga Astarini kangge ngadhepi *konflik psikis* wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD. Cara-caranipun inggih menika kanthi cara *sublimasi, represi, apatis, rasionalisasi, regresi, pengalihan, proyeksi, reaksi formasi, lan agresi.*

Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunandhepi kanthi cara *sublimasi* inggih menika raos lungkrah, sedhih, kuwatos, kepeksa, lan bingung ingkang dipunadhepi mawi cara nutupi raos lungkrah mawi siram, ndoga dhateng Gusti kangge kulawarganipun ingkang sampun tilar donya, nggantos raos boten jenjem mawi umindak ingkang *realistis*, lan menggalih kanthi *positif*.

Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *represi* inggih menika sedhih, bingung, kaget, kuciwa, kepeksa, lan kuwatos ingkang dipunadhepi mawi cara *menekan* salah satunggaling pangraos. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *apatis* inggih menika awujud ajrih, kepeksa, lan sedhih. Caranipun ngadhehi mawi cara asikep pasrah. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *rasionalisasi* inggih menika awujud kuwatos, kepeksa, dora/ goroh, lan nekad mawi cara nyalahaken kawontenan ingkang boten pesthi, nyalahaken wontenipun raos tresna, nyalahaken kawontenan awakipun ingkang ngantuk, kaliyan ngendelaken tugasipun.

Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *regresi* inggih menika awujud sedhih, gugup, bingung, goroh, ajrih, lan kaget mawi cara nangis kangge ngetingalaken raos sedhihipun kaliyan nindakaken tumindak supados ngraos aman. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *pengalihan* inggih menika awujud kuciwa, nekad, duka, lan bingung mawi cara asikep kasar dhateng Wati amargi boten kersa mbiyantu motong rikmanipun, nyalahaken tumindakipun Letnan Suradja, asikep kasar dhateng wati amargi boten kersa mbiyantu motong rikmanipun, asikep kasar dhateng sersan Parta, kaliyan asikep kasar dhateng wati.

Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *proyeksi* inggih menika awujud kepeksa, keduwung, lan kuciwa mawi cara motong rikma ingkang dipunraos minangka sebab Astarini dados rebutan kaliyan nyalahaken wontenipun raos tresna. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *reaksi formasi* inggih menika awujud kuwatos, duka, lan nekad mawi cara nutupi raos boten sekeca mawi ngaken Wati nonton, asikep manis kangge ngumpetaken raos ajrih, lan nedahaken raos kendelipun sinaosa wanita. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *agresi* inggih menika awujud duka, kuwatos, dhendham, bingung, lan kuciwa mawi cara asikep kasar dhateng sersan Parta, ngaturaken pamanggihipun dhateng Letnan Suraja, males tumindakipun Ripin, lan males pangandikanipun Sersan Parta.

Salajengipun, wonten ing tabel 8 menika asiling panaliten ngengingi cara-cara ingkang dipuntindakaken dening paraga Wati kangge ngadhepi *konflik psikis* inggih menika kanthi cara *sublimasi, reaksi formasi, represi, regresi, lan agresi.*

Wujud *konflik psikologi* ingkang dipunadhepi kanthi cara *sublimasi* inggih menika awujud kuwatos ingkang dipunadhepi mawi nggantos raos boten jenjem mawi umindak ingkang *realistis* kaliyan bingung ingkang dipunadhepi mawi cara tumindak nangis amargi boten mangertos kedah kados pundi.

Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *reaksi formasi* inggih menika awujud meri ingkang mawi cara nutupi raos meri kanthi tumindak ngalem. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *represi* inggih menika awujud kuwatos, ajrih, kaget, gumun/ eram, lan sedhih ingkang dipunadhepi mawi cara *menekan* salah satunggaling pangraos.

Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara regresi inggih menika ingkang awujud meri, bingung, lan sedhih ingkang dipunadhepi mawi cara tumindak aleman supados dipungatosaken tiyang sanes, kaliyan nangis kangge nedahaken pangraosipun. Ingkang salajengipun wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *agresi* inggih menika ingkang awujud gumun/ eram, kaget, lan duka. caranipun ngadhepi inggih menika mawi ngaturaken pamanggihipun dhateng tiyang ingkang dados penyebab *konflik psikologi*nipun.

## B. Pirembaganipun

### 1. Andharan bab Perwatakan Paraga Wanita ing Novel *Kenja Ing Palagan* Angitanipun Soedharmo KD.

Paraga-paraga ingkang wonten ing karya sastra ngandhut piwulang-piwulang, amanat, moral, saha menapa kemawon ingkang badhe dipunandharaken dening pangripta dhateng pamaos. Saben-saben paraga beda panyariyosipun, watak saking paraga satunggal kaliyan paraga sanesipun ugi beda. Kangge nggambaraken watak salah satunggaling paraga saged dipunpirsani saking

penggalih saha tumindakipun paraga. Perwatakan paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* dipunandharaken ing ngandhap menika.

**a. Sabar**

Poerwadarminta (1939:536) Sabar tegesipun *ora cepak nepsune*; *sareh enggone nandang, ngarep-arep, lsp.* Dados sabar menika sareh anggenipun ngraosaken, sareh anggenipun ngajeng-ajeng, lsp. Sabar menika sipat manungsa ingkang sae. Paraga Astarini gadhah watak sabar ingkang dipunsebataken wonten ing cariyos saha ingkang ketingal saking tumindakipun wonten ing cariyos *Kenja Ing Palagan* menika. Watak sabar paraga Astarini ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Dene kang dadi pemimpine jaiku endang Astarini, plajon saka Surabaja akibat geger 10 Nopember. Deweke wis lungguh ana ing klas telu S. M. A. nanging sing paling prelu jaiku, Astarini darbe pakulitan kang kuning, esem sing nggeterake djantung lan rambut kang ndjanges ireng, klembreh tekan wentise. Satleraman bisa dimangerteni menawa kenja iku darbe kasabaran sing djembar apa maneh pangapura kang djero. (Kenja Ing Palagan: 4).*

Saking pethikan menika dipunsebataken bilih paraga Astarini ketingal gadhah kesabaran ingkang jembar. Sabar ingkang ateges *ora cepak nepsune*; *sareh enggone nandang, ngarep-arep, lsp.* saged ugi dipunandharaken minangka tumindak nahan raos nepsu. *Id* gadhah sipat kedah dipunturuti menapa ingkang dipunkersakaken. Wonten ing pethikan menika, Astarini kaandharaken gadhah rikma ingkang panjang sanget dumugi wentisipun. Menawi dipunnalar, *Id* sampun mesthi kepengin motong rikmanipun nanging dipuntahan dening *Ego.*

*Ego* menika ndadosaken Astarini nahan nepsunipun inggih menika sabar. Wonten ing cariyos, *ego* ndadosaken Astarini manjangaken rikmanipun dumugi wentisipun saengga ngetingalaken watak sabar. Watak menika dipunsebataken

kanthi penggambaran fisik rumiyin (pakulitan, esem, saha rikma) menika lajeng dipunsebataken watak *psikis*ipun inggih menika watak ingkang sabar sianosa boten dipunandharaken kanthi tumindakipun.

Sanesipun, watak sabar saking paraga Astarini ugi ketingal saking pethikan ing ngandhap menika.

> *Dumadakan Astarini ngudar gelungane. Tumlorong mudun, ambler ketel banget. Wati sing botjah wadon wae ija eram kagawokan. Saka ukele kono ana glati tjilik kumelap, landepe pitung penjukur. Dening Astarini ditjekel kentjeng.*
> *Mbak Tari! Pambengoke Wati bareng weruh jen Astarini njekel glati.*
> *Kanti sabar Tari mangsuli: Adja salah tompa Wati. Aku wis tjukup diwasa ngadepi urip. Bapak ibu swargi wis mulang aku menawa nganjut tuwuh mono dudu dalan kang prajoga kanggo nggajuh kaswargan. Malah suwalike, nganjut tuwuh iku sawidjining tindak kang ora dibenerake. Nraka begjane. (Kenja Ing Palagan: 11:12).*

Watak sabar ingkang wonten ing dhiri paraga Astarini saking pethikan menika ketingal rikala mangsuli pangandikanipun Wati. Wati kaget mangertos Astarini mbekta glati. Awit saking menika, Astarini kanthi sabar mangsuli saha ngandharaken bilih menapa ingkang badhe dipuntumindakaken boten kados ingkang dipunkinten dening Wati.

Watakipun Astarini menika dipunsebataken wonten ing cariyos kanthi cetha. Watak sabar ingkang ketingal saking pethikan menika ugi kalebet wonten ing struktur *Ego*. *Id* ndadosaken Astarini gadhah niyat ingkang kenceng badhe ngethok rikmanipun ngagem glathi. *Ego* ndadosaken Astarini boten emosi rikala mangsuli pambengokipun Wati saengga saged ngandharaken anggenipun nyepeng glathi supados Wati boten salah nampi.

Watak sabar paraga Astarini ugi ketingal rikala emut dening kulawarganipun lan nampi kawontenan ingkang sampun dipuntilar donya. Watak sabar menika ketingal wonten ing pethikan.

> *Astarini mapan. Awake ditutupi nganggo djarik masem. Djarik gantung kepuh kang kena disaut duk rikalane ngungsi bijen, ninggal wutah darah Surabaja akibat geger 10 Nopember.*
> *Lemute mbrenginging. Kepengin njesep getihe prawan aju kuwi. Astarini ora maelu. Gagasane mlaju tekan ngendi-endi. Kelingan rama ibu lan kamase kang wis ora ana. O, muga2 tinompoa dening Hyang Agung, kaparingana papan kang semestine. (Kenja Ing Palagan: 16).*

Astarini ndonga dhumateng ngarsanipun Gusti kagem rama, ibu, saha kangmasipun ingkang sampun tilar donya. Astarini ingkang ngraos piyambakan namung saged ngemut-emut saha iklas awit sedanipun rama, ibu saha kangmasipun. Astarini namung saged tabah saha sabar ngadhepi nasib ingkang sampun dipuntilar donya dening kulawarganipun sarwi ndonga mugi-mugi dipuntampi dening Gusti saha pinaringan papan ingkang samesthinipun. *Id* ndadosaken Astarini ngraos sedhih dipuntilar piyambakan. Ananging *sistem ego* ndadosaken Astarini saged nampi nasibipun.

**b. Welas Asih**

Welas Asih inggih menika gadhah teges *rasa (kadunungake rasa) mesakake marang liyan* (Poerwadarminta, 1939:660). Welas asih inggih menika watak ingkang ngraos mesakaken utawi boten tega dhateng tiyang sanes utawi makhluk sanes. Watak welas asih ingkang wonten ing dhirinipun paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* inggih menika ketingal saking pethikan menika.

> *Bandjur deweke kelingan marang letnan Suradja. Deweke keduwung banget, jagene deweke menehi ati marang deweke? Maune kabeh2 mau mung dianggep demi perdjuwangan. Nanging suwe2 krasa menawa letnan Suradja duwe rasa tresna. Lan… temenan, rasa mau dilairake temenan. Ah, Astarini*

*kepengin berdjuwang. Lepas saka rasa2 kang ngreridu ngono iku.(Kenja Ing Palagan: 16).*

Pethikan menika ngandhaaken bilih Astarini kemutan dhateng Letnan Suradja ingkang sampun blaka ngengingi raos tresnanipun. Raos tresna ingkang waunipun dipunwastani mligi kangge perjuwangan jebulipun saestu dipunlairaken dhateng Astarini. Sinaosa boten dipunandharaken kanthi cetha wonten *teks* cariyos ananging ketingal bilih Astarini ngraos keduwung sampun ngraos remen dhateng Letnan Suradja. Raos keduwung menika ngetingalaken bilih saestunipun Astarini mesakake dhateng Letnan Suradja amargi Astarini mligi kepengin berjuwang tanpa ngraosaken raos tresna rumiyin. *Id* ndadosaken Astarini males raos tresnanipun Letnan Suradja. *Ego* ndadosaken Astarini keduwung lan ngraos welas asih dhateng Letnan Suradja.

Watak ingkang welas asih ugi ketingal rikala Astarini matur kaliyan Letnan Suradja ngengingi siasat perang ingkang dipundhawuhaken dening Letnan Suradja.

*Bener. Kandane Astarini bener kabeh. Nanging letnan Suradja emoh nggugu kandane wong wedok. Mulane meneng wae.*
*Dakbatjutake aturku, mas. Mas Radja uga pirsa menawa aku iki PMI. Babar pisan aku ora wegah menawa mblebedi tatune sedulur2 gerilja. Nanging apa ora eman2 jen anak buah pandjenengan sing piih tanding mati konjol? Mongka obat-obatan saiki longka ngene. .(Kenja Ing Palagan: 29-30).*

Saking pethikan menika dipunandharaken bilih Astarini matur dhateng Letnan Suradja ngengingi siasat perang ingkang boten trep kaliyan kawontenan prajurit gerilya. Astarini ngraos welas dhateng prajurit gerilya amargi siasat menika boten nimbangi kados pundi kemampuan saha senjatanipun prajurit gerilya. Astarini ngraos welas mbok menawi kathah prajurit gerilya ingkang dados kurban perang

amargi siasat menika. *Id* ndadosaken Astarini ngraos welas asih dhateng para prajurit lan *Ego* ingkang ndorong Astarini ngupayakaken matur dhateng Letnan Suradja saperlu nyuwun dipunpenggalih malih.

Kupiya ingkang dipuntumindakaken Astarini wusananipun boten wonten kasilipun. Pethikan menika ngetingalaken kados pundi watak welas asih saking paraga Astarini.

> *Tanpa guna anggone ngelingake. Mulane alon2 deweke ninggal letnan Suradja. Ing ati trenjuh banget, nggagas korban sesuk esuk sing bakal dikawruhi. Mungsuh wis tanpa kamanungsan. Gamane pepak, ora bakal nampik lawane. (Kenja Ing Palagan:* 31).

Pamanggihipun Astarini ngengingi raos kuwatos ugi raos welas asih dhateng para prajurit boten dipuntampi dening Letnan Suradja. Astarini lajeng kesah amargi ngraos boten wonten ginanipun anggenipun ngemutaken bab boten trepipun siasat ingkang dipundamel dening Letnan suradja kaliyan kawontenan prajurit gerilya. Manahipun Astarini ngraos trenyuh sanget menggalih kathahipun kurban perang benjing enjing. *Id* ndadosaken raos welas asih dhateng para prajurit ingkang badhe perang. *Ego* ndadosaken astarini ngraos trenyuh menggalih kurban bendjing enjing.

Watak welas asih paraga Astarini ugi saged ketingal saking pethikan menika.

> *Sanadjan ing batin ora setudju marang instruksine letnan Suradja, nanging Astarini ija tetep sijap sijaga ngadepi kemungkinan kang bakal teka. (Kenja Ing Palagan:* 31).

Sinaosa pamanggihipun Astarini boten dipuntampi dening Letnan suradja, nanging minangka petugas PMI Astarini kedah nindakaken tugasipun. Astarini tetep siap siaga ngadhepi menapa kemawon ingkang bakal kadadosan ing benjing

enjing. Astarini ingkang ngraos welas dhateng para prajurit ingkang dipunyana bakal dados kurban. *Id* ndadosaken Astarini ngraos welas asih dhateng para prajurit. *Ego* wonten dhirinipun Astarini ndadosaken Astarini siap ngadhepi sedaya ingkang bakal kadadosan.

Watak welas asih ingkang wonten ing dhirinipun Astarini menika ugi ketingal rikala mangertos kawontenanipu Kapten Junan. Watak welas asih Astarini ketingal saking pethikan *teks* menika.

> *Bijen dek djaman Djepang, aku dipropagandani dikon dadi heiho. Djare demi kemenangan rakjat Asia Timur Raya. Rakjat kang dijdjadjah. Nanging keprije wusanane? Tekan Birma Djepang kalah. Aku terlantar ana kana. Ke-raja2 olehku berusaha bali. Tekan Singapur ditjandak dening Londa. Djare aku diadjak ngadepi Djepang kang murang tata iku. Nanging keprije njatane? Tibake aku mungsuh karo mitraku dewe. Malah sing kari iki, o, konda ngono mau karo tangane loro pisan kanggo ndjagragi sirahe.*
> *Ana apa mas Junan? Pandjenengan sedih? (Kenja Ing Palagan:* 40).

Pethikan menika ngandhareken cariyosipun Kapten Junan dhateng Astarini. Kapten Junan nyariyosaken kawontenanipun ingkang ndadosaken piyambakipun sakemenika minangka prajurit Londa. Astarini ingkang mirengaken cariyosipun Kapten Junan ngraos mesakaken dhateng nasibipun Kapten junan. *Id* ndadosaken Astarini ngraos welas asih dhateng Kapten Junan. *Ego* ndadosaken Astarini nakekaken menapa Kapten Junan sedhih.

Julia utawi Astarini ugi ngraos mesakaken dhateng Kapten Junan ingkang ngraos sedhih amargi kepanggih kaliyan salah satunggaling tiyang ingkang dados tawanan rikala perang. Bab menika ketingal saking pethikan menika.

> *Ngene djeng Jul. kira2 limolas dina kepungkur, aku oleh tugas nggropjok markas gerilja sing mapan ana ing sikiling gumuk sisih kidul wetan kuwi. O, aku mongkog banget marang kasudibjane pradjurit gerilja. Nanging senadjan*

*keprijea kae, deweke kepeksa kalah. Akeh banget sing pada kepikut. Lan ing antarane sing dadi bandan kuwi, ah, .... Olehe ngomong ora diterusake.*
*Julia njoba ngrimuk krana njekeli baune. Alon banget, krasa jen tresnane tulus.*
*Mas, apa mas sing nggoda penggalihmu?*
*Ah, ora dik.*
*Jagene ora waleh? Apa kuwi rusianing Negara?*
*Ah, dudu. Mung wae tibake pemimpin gerilja sing kapikut kuwi kantjaku tunggal dolanan dek tjilikanku. Ah… (Kenja Ing Palagan:* 42).

Saking pethikan menika ketingal kapten Junan nyariyosaken bilih piyambakipun kepanggih tiyang ingkang kapikut dening tentara Londa ndadosaken piyambakipun sedhih lan boten kuwawa matur. Boten dipunyana bilih pemimpin prajurit ingkang kapikut menika inggih kanca alitipun Kapten Junan. *Id* ndadosaken Astarini ngraos mesakaken dening Kapten Junan. *Ego* ndadosaken Astarini nyepengi baunipun Kapten Junan.

Kapten Junan ingkang boten mangertos sinten sejatosipun Julia menika ketingal nyariyosaken sedaya ingkang kadadosan ing dhirinipun Kapten Junan. Astarini wiwit ngraos mesakaken amargi Kapten Junan ketingal sae tiyangipun. Astarini ugi ngraos kedangon anggenipun nindakaken dom sumuruping banju. Pethikan menika ngetingalaken raosipun Astarini.

*Sapungkure Junan, Julia alias Endang Astarini dadi nelangsa. Rumongsa jen kasuwen anggone nglakokake dom sumuruping banju. Mulane deweke kepengen enggal-enggal bali menjang markas, menehake kabar kang ditompa mau? Deweke isih mamang.*
*Nanging pungkasane deweke kudu ngandel marang omongan kuwi. Kapten Junan katon resik. Deweke ora mreduli menawa Julia iku sedjatine telik sandi sing njoba golek katrangan. Kapten Junan sing butuh tresna mung butuh wanita kang kena dipasrahi sedih lan kasangsajane. (Kenja Ing Palagan:* 45).

Astarini ingkang tansah nampi pitulungipun Kapten Junan saha mirengaken cariyosipun Kapten Junan wiwit ngraos mesakaken dhateng kawontenanipun Kapten Junan. Sejatosipun Astarini sengaja nyaketi Kapten Junan minangka sarana nindakaken tugas nelik sandhi. Sipat saenipun Kapten Junan damel Astarini ngraos mesakaken saengga kepenging enggal-enggal mungkasi tumindakipun kaliyan kepengin enggal-enggal wangsul dhateng markasipun. *Id* ndadosaken Astarini ngraos welas asih dhateng Kapten Junan ingkang sajatosipun mbetahaken tresna saha wanita ingkang saged dipunpasrahi ngengingi kasangsayanipun. *Ego* ndadosaken Astarini kedah enggal-enggal wangsul dhateng markas sinaosa ngraos mesakaken dhateng Kapten Junan.

Watak welas asih ugi wonten ing dhirinipun paraga Wati. watak menika ketingal saking pethikan menika.

> *Gamelan sing ditabuh keprungu ngrangin. Kala2 keprungu swarane botjah lanang, undang2 kantja2ne diadjak nonton. Bandjur adoh banget kana, swarane mortar gumlegar.*
> *Kowe ora mangkat Wati?*
> *Wati ora mangsuli. Mung njawang kanti kebak rasa.*
> *Mangkata ta. Aku dak tunggu omah.*
> *Ora mbak. Jen kepareng aku kepengin ngantjani pandjenengan. (Kenja Ing Palagan: 15).*

Saking pethikan menika dipunandharaken paraga Astarini ingkang pitaken dhateng paraga Wati saha ngaken Wati supados ndherek ningali tontonan kaliyan kanca-kancanipun. Wati ingkang mangertos kados pundi kawontenanipun Astarini rumaos boten sekeca menawi badhe nilar Astarini wonten griya piyambakan. Wati ngraos mesakaken dhateng Astarini ingkang saweg nandang susah sasampunipun nampi warta bab kulawarganipun ingkang sampun tilar donya. *Id* ndadosaken

Wati gadhah raos mesakaken dhateng Astarini. *Ego* ndadosaken Wati boten kesah ndherek kanca-kancanipun ningali tontonan.

**c. Tegel**

Tegel inggih menika tegesipun *ora wigih-wigih, ora jijik, wentala, ora duwe welas (Purwadarminta, 1939:598).* Tegel gadhah kalih teges, ingkang sepisan tegel ingkang gadhah teges positif inggih menika boten wigih-wigih, boten jijik. Saged ugi dipuntegesi kersa nindakaken menapa kemawon kangge *kebaikan* lan ugi boten milara tiyang sanes. Tegesipun tegel ingkang kaping kalih saged dipunsebat gadhah teges ingkang negative inggih menika wentala, boten gadhah welas dhateng sanes. Saged ugi dipuntegesi watak ingkang boten gadhah welas kaliyan kawontenan tiyang sanes.

Watak tegel dipungadhahi dening paraga wanita Astarini. Watak menika gadhah gegayutan kaliyan kawontenanipun Astarini minangka wanita ingkang gesang wonten ing jaman perang. Sanesipun ugi amargi padamelanipun Astarini minangka pemimpin petugas P.M.I ingkang kedhah kendel ugi tegel ngadhepi menapa kemawon, kalebet ngobati tatunipun prajurit. Watak tegel ingkang ateges boten jijik kaliyan menapa kemawon saged ketingal saking pethikan menika.

> *Mbak Tari kok katon suntrut ta mbak? Nek sajah kok kajane ora, wong ndina2 pantjen gawejane mung mblebedi tatu. Dadi upomoa kesel rak ja wis bijen2. (Kenja Ing Palagan: 5).*

Pethikan menika ngandharaken bilih Astarini gadhah padamelan minangka petugas P.M.I. Astarini gadhah kuwajiban dados petugas ingkang padamelanipun ngobati saha ngrawat para pejuang ingkang nandang tatu. Saking pethikan dipunsebataken bilih sampun mapinten-pinten dinten padamelanipun Astarini

namung mblebedi tatu. *Id* ndadosaken Astarini gadhah sipat tegel mirsani tatu. *Ego* ndadosaken Astarini saged ngobati tatu saha ngrawat tatunipun prajurit. Amargi tanpa sipat tegel menika boten badhe saged dados petugas P.M.I ingkang padamelanipun ngobati saha ngrawat tatunipun para prajurit.

Sanesipun gadhah watak tegel ingkang *positif*, Astarini ugi gadhah watak tegel ingkang tegesipun boten gadhah raos welas tumrap sinten kemawon. Watak tegel ingkang negesi boten mesakaken ketingal saking pethikan menika.

> *Julia ngreti sepira sanggane kapten Junan. Nanging luwih mulja maneh jaiku apa kang dadi tugase, jaiku nggoleki pondoke letnan Suradja. Mulane kanti terus terang deweke takon. Bandjur saiki ana ngendi, mas Junan? (Kenja ing Palagan: 43).*

Saking petikan menika dipunandharaken bilih Astarini sejatosipun mangertos ngengingi Kapten Junan, nanging Astarini gadhah tugas utawi kuwajiban ingkang ndadosaken piyambakipun kedah tegel pitaken bab ingkang saged damel manahipun Kapten Junan sangsaya sedhih. Astarini tetep pitaken bab kancanipun Kapten Junan amargi Astarini ngraos kedah mangertos papanipun Letnan Suradja menapa sanes. *Id* ndadosaken Astarini tegel dening Kapten Junan. *Ego* ndadosaken Astarini wantun pitaken bab papanipun tiyang ingkang kapikut.

Watak tegel menika ugi ketingal rikala Astarini mirsani kalih priya ingkang gadhah niyat awon dhumateng piyambakipun lan sampun milara piyambakipun dipunrubung warga. Wonten ing ngandhap menika kutipan ingkang ngandharaken watak tegel ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Ripin lan kantjane mau pantjen dadi mata2 sing dadi buron loron. Kaja asu rebut balung, wong padesan mau ngeret-eret Ripin lan si Dempal. Wanita mau mung mesem, bandjur nerusake lakune. Enak wae lakune, mlumpat2 ing perenging gumuk. Sadjak kaja wis ambah2ane. Lakune ngener markas gerilja*

*sing ana ing lengkeh sidjine, ija markase gerilja sing dipimpin dening Sersan Parta.(Kenja Ing Palagan: 50).*

Saking pethikan menika, ketingal bilih Astarini dipunganggu dening kalih priya namanipun Ripin kaliyan Dhempal. Sasampunipun ngalahaken Ripin kaliyan Dhempal, Astarini badhe dipunserang warga. Astarini caos andharan dhateng para warga bab kadadosan menika saengga para warga sami pitados. Awit saking menika, warga ingkang waunipun badhe nyerang Astarini lajeng sami nggledhah ugi ngeret-eret Ripin kaliyan Dhempal. Astarini namung mesem mangertos bab menika lajeng nerasaken lampahipun. Astarini boten *peduli* kaliyan nasibipun Ripin saha kancanipun ingkang konangan dados mata-mata Londa. *Id* ndadosaken Astarini tegel utawi boten gadhah welas malih nilar Ripin kaliyan kancanipun ingkang sampun milara piyambakipun. *Ego* ndadosaken Astarini namung mesem lajeng nerasaken lampahipun.

**d. Prasaja**

Prasaja tegesipun *bares, tanpa rerenggan*. Lsp, *blaka* (Purwadarminta: 474). Prasaja menika salah satunggaling watak ngetingalaken pribadi utawi manungsa ingkang menapa wontenipun tanpa rerenggan utawi dipundamel-damel. Tiyang ingkang prasaja inggih menika tiyang ingkang boten dipundamel-damel polahipun, kawontenanipun, lan sedaya ingkang wonten ing awakipun. Tiyang ingkang prasaja menika narima kawontenan awakipun menapa wontenipun.

*Keprije mbak wangsulanmu? Ah, mesti saguh ya? Aduh, suk nek wis aman, aku daksowan. Pije mbak, pije?*
*Bijasa Wati, bijasa kaja wangsulan2 ing djaman revolusi.*
*Bijasa keprije?*
*Aku prasadja wae Wati. Urip kita iki mung tansah di-ontjit2 ing putjuking pelor. Apa ta tegese kasaguhan jen upamane sesuk ragaku wis mabrut2? Rak mung tiwas ndjedjuwing panggalihe mas Radja? (Kenja Ing Palagan: 7).*

Wonten ing pethikan menika, watakipun Astarini ingkang prasaja dipunsebataken kanthi cetha. Watak prasaja wonten ing dhirinipun Astarini ugi ketingal saking wangsulanipun ingkang ngandharaken bilih piyambakipun namung prasaja, narima menapa wontenipun nasib ingkang kedah dipunlampahi. *Ego* ndadosaken Astarini kedah menggalih bilih gesangipun gumantung dhateng kawontenan jaman revolusi. Astarini kedah menggalih kanthi sadhar bilih nasib manungsa ing jaman revolusi menika boten saged dipunpesthekakaken. Sedaya bab ingkang boten saged dipunkinten menika damel Astarini kuwatos tumrap penggalihipun Letnan Suraja.

**e. Ngatos-atos**

Ngatos-atos inggih menika tegesipun kanthi weweka, ora sembranan (Purwadarminta, 1939:381). Ngatos-atos menika watak ingkang tansah damel petungan anggenipun numindakaken menapa kemawon. Ngatos-atos ugi saged dipunsebat boten sembranan. Watak ngatos-atos ingkang wonten ing dhirinipun Astarini menika ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Ngendikamu kuwi bener mbak Tari. Nanging dakkira, urip mono ija kudu duwe rantjangan. Ora kok mung awur2an wae.*
> *Bener, kandamu. Nanging ing djaman revolusi ngenge, pikiran ora bakal paju teorine. Kalah karo granat apa metraljur. (Kenja Ing Palagan: 7).*

Saking pethikan menika, Astarini kaliyan Wati saweg tuker pamanggih ngengingi gesang ing tengahing jaman perang. Saking teks menika ketingal bilih Astarini gadhah watak ngatos-atos ingkang dipuntingali saking pamanggihipun bilih gesang wonten ing jaman revolusi menika boten saged namung ngendelaken teori utawa pamanggih amargi kalah kaliyan granat menapa metraljur. Dados,

Astarini gadhah pamanggih bilih sedaya pilihan wonten ing jaman perang menika kedah dipunpenggalih kanthi saestu lan ngatos-atos. *Ego* ndadosaken Astarini ngraos bilih gesang ing jaman perang menika boten saged ngendelaken rencana ananging ugi kedah dipunpenggalih kanthi saestu.

Watak ngatos-atos menika boten namung saged dipuntingali saking pamanggihipun. Watak ngatos-atos menika ugi saged dipuntingali saking tumindakipun saha caranipun matur. Wonten ing ngandhap menika ngetingalaken bilih Astarini gadhah watak ngatos-atos ingkang ketingal saking caranipun matur saengga ngetingalaken bilih watak menika ingkang damel Astarini tumindakipun alon-alon lan ngatos-atos anggenipun ngaturaken pamanggihipun dhateng Letnan Suraja.

> *Astarini ora mangsuli. Mung njedak alon2. Mripate mung tansah mandeng wae sarta lambene sing semu mesem iku sadjak ngenteni wangsulaning paminta.*
> *Dadane letnan Suradja gumeter. Apa bener iku djeng Astarini? Mengko gek bangsaning lelembut.*
> *Djeng Tari? Ana apa?*
> *Bareng wis tjedak Astarini tjelatu serak : Mas.*
> *Ija, aku letnan Suradja.*
> *Aku kepengin matur sitik mas. Nanging dakdjaluk kanti ati kang bening, adoh saka rasa panjakrabawa. (Kenja Ing Palagan: 28).*

Saking pethikan menika dipunsebataken bilih Astarini nyaketi Letnan Suradja kanthi alon-alon. Astarini ugi matur dhateng Letnan Suradja kanthi ngatos-atos supados Letnan Suradja boten lepat anggenipun mangertos saha menggalih pamanggihipun Astarini. *Id* ndadosaken Astarini kepengin matur dhateng Letnan Suradja. *Ego* ndadosaken Astarini nyuwun dhateng Letnan Suradja supados nampi kanthi tesih saking panjakrabawa.

Astarini ugi ketingal gadhah watak ngatos-atos rikala mirengaken cariyosipun Kapten Junan bab Gerilya ingkang kepikut rikala perang. Menika pethikan ingkang nedahaken watak ngatos-atos.

> *Ah dudu. Mung wae tibake pemimpin gerilja sing kapikut kuwi kantjaku tunggal dolanan dek tjilikanku. Ah…*
> *Sapa mas asmane?*
> *Ora prelu, dik. Ora prelu. Aku ora kuwawa matur.*
> *Julia repot banget anggone arep minangkani. Nanging atine wis jakin menawa pertempuran sing ditjritakake kuwi ora lija pertempuran dek ketangkepe letnan Suradja. Saiki mung kari takon wae, ngendi tahanane.(Kenja Ing Palagan:* 42).

Saking pethikan menika dipunandharaken bilih Kapten saweg cariyos bab pemimpin gerilya ingkang kapikut dening tentara Londa. Astarini ingkang penasaran lajeng nyuwun pirsa asmanipun pemimpin gerilya ingkang kapikut menika. Rikala pados warta bab gerilya ingkang kapikut dening Londa, Astarini kedah ngatos-atos anggenipun pitaken dhateng Kapten Junan supados boten dipuncubriya. *Id* ndadosaken Astarini kepengin enggal-enggal mangertos warta bab asmanipun gerilya ingkang kapikut nanging *ego*-nipun nahan raosipun saengga ngatos-atos anggenipun ndangu bab gerilya supados Kapten Junan boten cubriya.

Raos ngatos-atos ndadosaken tiyang boten sembranan sekecanipun piyambak anggenipun numindakakaken menapa kemawon saha menggalih menapa kemawon. Pethikan menika ngetingalaken watak ngatos-atos wonten ing dhirinipun Astarini.

> *Mulane praene Astarini dadi saja bureng, Atine dadi ngiwa nengen.*
> *Ana apa mas? Dene katon adem wae. Apa letnan Suradja durung rawuh?*
> *Sersan Parsa mlengos. Njedot tingwe, banjur disebul seru. Buyar ing plangitan.*
> *Ana apa mas? Pitakone maneh.*

*Sersan Parta jawing sedela. Bandjur bali mlengos. Njawang ing kadohan karo tjelatu.*
*Kahanan kang kaja ngene iki wis dadi wangsulane.*
*Apa? Kahanan sepi iki? Tumanggap kang adem marang aku iki? Lha ija mas Parta, aku durung ngerti apa tegese kabeh iki. (Kenja Ing Palagan: 51).*

Watak ngatos-atos menika ketingal rikala Astarini mangsuli pitakenanipun Sersan Parta. Astarini ugi ngatos-atos anggenipun pitaken bab kawontenan wonten ing markas gerilya amargi piyambakipun nembe kesah dangu saengga boten mangertos menapa sejatosipun ingkang kadadosan wonten ing markas. Sinaosa sampun dipunwangsuli dening Sersan Parta nanging Astarini pitaken malih negesaken bilih dereng mangertos tegesipun kanthi ngatos-atos. Menapa malih rikala sersan Parta ndangu bab kasilipun Astarini nindakaken tugas minangka telik sandhi ingkang ketingal saking pethikan menika.

*Bandjur, endi oleh2e enggon pandjenengan nglari?*
*Astarini rada blekak-blekuk anggone mangsuli. Kelingan menawa katerangan sing tjeta durung ditompa. (Kenja Ing Palagan: 52).*

Astarini ingkang wangsul saking nindakaken tugas telik sandhi manggihaken kawontenan ingkang boten limrah wonten ing markasipun lajeng kepanggih Sersan Parta. Rikala Astarini kepanggih Sersan Parta saperlu nglapuraken kasilipun nglari, Sersan Parta langkung rumiyin pitaken kasilipun. Kawontenan ingkang boten biyasa saha tumanggaping Sersan Parta ingkang adhem damel Astarini boten lajeng mangsuli. Astarini ketingal blekak-blekuk amargi wartanipun dereng cetha. *Id* ndadosaken Astarini kepengin nglapuraken kasilipun nglari minangka telik sandhi. *Ego* ndadosaken Astarini blekak-blekuk anggenipun mangsuli amargi katranganipun dereng cetha. Astarini radi blekak-blekuk

anggenipun mangsuli saged dipunwastani ngatos-atos supados boten lepat anggenipun nglapuraken.

Watak ngatos-atos ugi wonten ing dhirinipun paraga Wati ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Gamelan sing ditabuh keprungu ngrangin. Kala2 keprungu swarane botjah lanang, undang2 kantja2ne diadjak nonton. Bandjur adoh banget kana, swarane mortar gumlegar.*
> *Kowe ora mangkat Wati?*
> *Wati ora mangsuli. Mung njawang kanti kebak rasa.*
> *Mangkata ta. Aku dak tunggu omah.*
> *Ora mbak. Jen kepareng aku kepengin ngantjani pandjenengan. (Kenja Ing Palagan: 15).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Wati ketingal ngatos-atos rikala mangsuli pitakenanipun Astarini ingkang ndangu saha ngaken piyambakipun supados kesah ningali tontonan. Wati dipunsebataken ningali Astarini kanthi kebak pangraos ingkang saged nedahaken ngatos-atos anggenipun mangsuli supados boten dados penggalihipun Astarini. *Id* ndadosaken Wati ngatos-atos anggenipun mangsuli saengga namung mendel saha ningali Astarini kanthi kebak ing pangraos. *Ego* ndadosaken Wati boten kesah kaliyan milih ngancani Astarini.

**f. Gampil Sedhih**

Watak gampil sedhih menika tegesipun gampil ngraos sedhih menawi ningali utawi mangertos tiyang sanes nandang susah. Watak menika ketingal wonten ing dhirinipun paraga Astarini saha Wati. Wonten ing paraga Astarini, watak gampil sedhih ketingal saking pethikan menika.

> *Tibake Tari wis mbukak lajange. Mripate lera-lere nuruti aksara. Bandjur lambene gemeter mintjak-mintjuk. Lan kang pungkasan dewe, lajang diremet, bandjur ungkeb2. Nangis. (Kenja Ing Palagan: 9).*

Saking pethikan menika dipunandharaken bilih paraga Astarini nampi layang lajeng maos wosipun. Sasampunipun maos wosipun layang menika lajeng Astarini ungkeb-ungkeb, nangis. Watak gampil sedhih menika ketingal saking pethikan bilih boten dangu sasampunipun maos layang menika Astarini lajeng nangis amargi ngraos sedhih. *Id* ndadosaken Astarini gampil ngraos sedhih sasampunipun maos layang. *Ego*-nipun ndadosaken paraga Astarini nangis ingkang nedahaken raos sedhih manahipun.

Watak gampil sedhih ugi ketingal rikala Astarini ngraos boten dipunmangertosi raos manahipun dening Letnan Suraja. Watak gampil sedhih ketingal saking pethikan menika.

> *Ah, mas Radja. Ja gene pandjenengan ora kepengin pirsa atiku? Jagene pandjenengan sentiment marang sersan Parta? O, aku rak mung srawung bares ta mas? Kaja srawungku marang pandjenengan. Kaja srawungku marang pradjurit2 lijane?*
> *Ngono sambating atine. Isih terus wae pangaduhe: Ah, jagene aku mbalekake pandangune mas Radja? Nanging apa bener saupama aku nengenake individu? Apa sing kaja ngono mau dudu sawidjining pangkianatan revolusi? (Kenja Ing Palagan: 31).*

Saking pethikan menika dipunandharaken bilih Astarini gampil sedhih rikala raos manahipun boten dipunmangertosi dening Letnan Suraja. Astarini lajeng sambat, manahipun kebak pangaduh amargi tumanggaping Letnan Suraja ingkang boten dipunyana damel manahipun sedhih. *Id* ndadosaken Astarini gampil sedhih amargi kepengin Letnan Suraja mangertos raos manahipun nanging boten katurutan. *Ego* damel Astarini micara kaliyan sambat bab pangadhuhipun ngengingi tumanggaping Letnan suraja ingkang boten kersa mangertos raos manahipun.

Watak gampil sedhih wonten ing dhirinipun Astarini ugi ketingal rikala nyamar dados Julia. Watak gampil sedhih ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Auw, Julia ora bisa ngampah meneh ndjolaning atine. O, kaningaja temen anggonku nglari dene mung semono kawusanane. Letnan Suradja wis ontjat saka tahanan.*
> *Ora dirasa eluhe metu dleweran. O, letnan Suradja wong sing ati wadja. Muga2 kasil olehe ontjat. Peloring mungsuh adja ana kang ngenani.( Kenja Ing Palagan: 43).*

Astarini ingkang nyamar dados Julia mireng cariyosipun Kapten Junan ngengingi tahanan ingkang kasil oncat saking tahanan Londa. Astarini ingkang mireng warta menika lajeng nangis. Watak gampil sedhih ketingal saking tumanggaping Astarini ingkang nangis sasampunipun mangertos warta saking Kapten Junan. *Id* ndadosaken Astarini gampil sedhih amargi mangertos kawontenan ingkang dipunlampahi dening Letnan Suraja. *Ego* ndadosaken Astarini nangis ingkang nedahaken watak gampil sedhih.

Watak gampil sedhih paraga Astarini ugi ketingal wonten ing pethikan menika.

> *... Pantjen mono aku asih banget marang sliramu. Nanging aku kuwatir menawa aku kepetuk wong sing republikein maneh kaja letnan gerilja Suradja. Jen mengkono aku mung bakal oleh wewajangan kang ngajawara maneh. Ngudang gagasan kang longka kelakone. Nanging jen pandjenengan kersa nimbangi, aku bakal rumongsa begdja sing tanpa upama. Djeng Jul dak anggep wanita sing bisa mbirat sakabehing kasangsajanku.*
> *Krungu tetembungan sing kaja ngono mau, Julia dadi trenjuh banget. Diakoni jen atine tetep ati wadon. Sanadjan urip ana ing djaman revolusi, nanging meksa isih gampang kesentil dening prekara2 kang tragis. Julia nangis maneh. Nangisi nasibe kapten Junan sing kaja mengkono mau.( Kenja Ing Palagan: 44).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Kapten Junan gadhah raos asih dhateng Julia utawi Astarini. Mireng tetembungan Kapten Junan ingkang kados makaten damel manahipun Astarini kesenthil. Astarini boten kuwawa nahan raos

manahipun ingkang gampil sedhih saengga Astarini nangis. Astarini nangis amargi mangertos nasibipun Kapten Junan ingkang tragis menika. *Id* ndadosaken Astarini gampil ngraos sedhih menawi mireng prekawis ingkang tragis kados ingkang dipunngendikakaken dening Kapten Junan. *Ego* ndadosaken Astarini ngakeni bilih manahipun tetep manahing wanita lajeng nangis sasampunipun mireng pangandikanipun Kapten Junan.

Paraga wanita sanesipun inggih menika Wati. Wati ugi gadhah watak gampil sedhih ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Ora oleh wangsulan. Tibake Tari wis mbukak lajange. Mripate lera-lere nuruti aksara. Bandjur lambene gemeter mintjak-mintjuk. Lan kang pungkasan dewe, lajang diremet, bandjur ungkeb2. Nangis.*
> *Weruh sing kaja ngono mau, Wati ija mbandjur melu membleh2. Ora mangerti apa kang arep ditindakake.*
> *Ana apa ta mbak? Ana apa?(Kenja Ing Palagan: 6).*

Wati mangertos Astarini nangis kaliyan ngremet layang ingkang nembe dipuntampi. Mangertos kadadosan ingkang kados makaten menika damel Wati boten mangertos kedah kados pundi lajeng ndherek nangis. Wati ndherek nangis rikala ningali Astarini nangis amargi watak gampil sedhih wonten ing dhirinipun Wati. *Id* ndadosaken Wati gampil sedhih amargi mangertos mitranipun (Astarini) nangis ing ngajengipun. *Ego* ndadosaken Wati nangis amargi ngraos sedhih ningali mitranipun nangis. Wati ugi dpuncariyosaken boten mangertos badhe tumindak kados pundi.

**g. Gampil Nyerah**

Gampil nyerah tegesipun gampil ngendelaken kupiya kangge nggayuh pepenginanipun. Watak Gampil nyerah ugi wonten ing dhirinipun Astarini ingkang ketingal saking pethikan menika.

*Mbok menawa kahanan kang nrenjuhake iku djeng Rien, kang ndajalari pandjenengan dadi pesimisme ngadepi revolusi iki. Mengkono uga anggon pandjenengan ngadepi tresna. (Kenja Ing Palagan: 10).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini ngraos pesimis utawi boten gadhah pangajeng-ajeng malih kangge ngupiyakaken menapa ingkang dados pepenginanipun. Wonten ing ngriku Astarini ngraos nyerah ngupiyakaken raos tresna saha anggenipun ngadhepi jaman revolusi. Astarini rumaos bilih kawontenan perang menika damel sedaya pepenginan sirna lan boten wonten harapan malih. *Id* ndadosaken Astarini ngraos gampil nyerah dhateng sedaya pepenginanipun, wonten ing ngriku inggih menika tresna. *Id* damel Astarini ngraos pesimis saengga ngendelaken sedaya kupiya.

**h. Niyat Ingkang Kenceng**

Niyat ingkang kenceng tegesipun inggih menika menawi sampun gadhah pepenginan utawi niyat menapa kemawon badhe dipunlampahi kanthi saestu saha mantep. Paraga Astarini gadhah niyat ingkang kenceng ketingal saking pethikan menika.

*Dumadakan Astarini ngudar gelungane. Tumlorong mudun, ambler ketel banget. Wati sing botjah wadon wae ija eram kagawokan. Saka ukele kono ana glati tjilik kumelap, landepe pitung penjukur. Dening Astarini ditjekel kentjeng.*
*Mbak Tari! Pambengoke Wati bareng weruh jen Astarini njekel glati.*
*Kanti sabar Tari mangsuli: Adja salah tompa Wati. Aku wis tjukup diwasa ngadepi urip. Bapak ibu swargi wis mulang aku menawa nganjut tuwuh mono dudu dalan kang prajoga kanggo nggajuh kaswargan. Malah suwalike, nganjut tuwuh iku sawidjining tindak kang ora dibenerake. Nraka begjane. (Kenja Ing Palagan: 11-12).*

Saking pethikan menika ketingal bilih Astarini ngudhar gelungipun lajeng nyepeng glathi kanthi kenceng. Wati ingkang mangertos glathi ingkang dipuncepeng Astarini menika lajeng ndangu namanipun Astarini kanthi seru.

Astarini ketingal gadhah niyat ingkang kenceng badhe tumindak migunakaken glathi ingkang dipuncepeng. Sasampunipun mireng pambengokipun Wati ingkang mangertos glathi wonten ing astanipun, lajeng Wati ngandharaken kanthi sabar bilih menapa ingkang badhe dipuntumindakaken menika sanes prekawis ingkang awon. Astarini ugi ngandharaken kados pundi piyambakipun taksih njagi dhawuhipun tiyang sepuhipun. *Id* ndadosaken Astarini gadhah niyat ingkang kenceng badhe migunakaken glathi, saengga piyambakipun nyepeng glathi menika kanthi kenceng.

Niyat ingkang kenceng saking paraga Astarini ugi ketingal saking pethikan menika.

*Tulung. Rambutku iki brondolana wae. Supaja aku ora dadi rebutan.*
*Ora mbak. Ora! Aku emoh nindakake, wangsulane tjepet.*
*Katranganku wis tjukup, Wati. Aku wis duwe katemtuwan kang gumatok. Nanging jen Wati emoh ewang2 rudatinku, ija ta….*
*Konda ngono mau karo "kres-kres" ngetoki rambute. Ganas banget kaja mbabadi dami. Wati ndjerit seru, ditutupi nganggo tangane kiwa. Wusana Endang Astarini sulistya kang arambut dawa iku, saiki kaja botjah lanang. Gulune malah katon kintjlonge, ngolan-olan kaja gulu Djanaka.*
*Ajo, Wati, wanita ing jaman merdika kaja ora pantes jen mung tansah ngundang tangis. Meneng ta. Srengengene wis surup galo.*
*( Kenja Ing Palagan: 12-13).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih paraga Astarini sampun gadhah niyat ingkang kenceng badhe motong rikmanipun. Astarini ugi ngandharaken kenging menapa piyambakipun kepengin motong rikmanipun inggih menika supados boten dados rebutan. Astarini gadhah pamanggih bilih rikmanipun menika dados salah satunggaling sebab kasulistyan ingkang damel priya sami remen dhateng piyambakipun. Saengga salah satunggaling cara supados piyambakipun boten dados rebutan inggih menika kanthi cara motong

rikmanipun. Niyat motong rikmanipun kalebet niyat ingkang kenceng ingkang dipunlampahi kanthi saestu saha mantep. *Id* ndadosaken Astarini gadhah niyat motong rikmanipun. *Ego* ndadosaken Astarini motong piyambak rikamanipun amargi wati boten kersa mbiyantu.

**i. *Penurut***

*Penurut* utawi saged dipunsebat nurutan tegesipun *manut, ora suwala* (Poerwadarminta, 1939: 349). Watak ingkang *penurut* utawi nurutan menika saged dipuntegesi watak ingkang tansah manut lan boten nglawan. Tiyang ingkang nurutan inggih menika tiyang ingkang tansah manut lan boten nglawan dhawuh saha pangandikanipun tiyang sanes. Watak nurutan saking paraga Astarini ketingal saking pethikan menika.

> *Kanti sabar Tari mangsuli: Adja salah tompa Wati. Aku wis tjukup diwasa ngadepi urip. Bapak ibu swargi wis mulang aku menawa nganjut tuwuh mono dudu dalan kang prajoga kanggo nggajuh kaswargan. Malah suwalike, nganjut tuwuh iku sawidjining tindak kang ora dibenerake. Nraka begjane. ( Kenja Ing Palagan: 12).*

Wonten ing pethikan menika dipunmangertosi bilih paraga Astarini ngandharaken piyambakipun tansah ngenut-emut dhawuh piwulangipun Bapak Ibunipun supados boten nindakaken nganyut tuwuh. Astarini ingkang tansah nurut dhateng dhawuhipun tiyang sepuhipun nedahaken watakipun ingkang manut utawi nurutan. *Id* ndadosaken Astarini tansah ngemut-emut dhawuhipun Bapak saha Ibunipun. *Ego* ndadosaken Astarini rumaos kedah nindakaken menapa ingkang dipundhawuhaken supados boten nganyut tuwuh.

**j. Percaya Dhiri**

Percaya dhiri tegesipun rumaos pitados dhateng awakipun piyambak. Raos percaya dhiri menika dipuntindakaken kanthi tansah pitados bilih awakipun piyambak gadhah kaluwihan saha boten kalah kaliyan tiyang sanes. Paraga Astarini gadhah watak percaya dhiri ingkang ketingal saking pethikan menika.

*Adja kuwatir, Wati. Rungokna omongku. Dakgagas, ing djaman revolusi iki, kasulistyan mono ora ana paedahe. Kowe ngerti Wati? Kasulistyan kuwi mung malah dadi ratjun kang sumebar ing aurip. Buktine, kowe ngerti dewe. Mas Djita tresna marang aku. Mas Radja seneng aku. Durung dak petung, anak buahe mas Radja sing pada ora wani nglairake. Durung dakkandakake kantja2ku sekolah lija kuta sing ngreti jen aku pinter badminton. Saiki, ing djaman revolusi iki, kasulistyan iku malah nglumpuhake semangat pradjurit. (Kenja Ing Palagan: 12).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih paraga Astarini menika rumaos pitados piyambakipun dipunremeni dening kathah priya. Astarini ugi rumaos percaya dhiri bilih piyambakipun dados rebutan para priya ingkang mendhem raos tresna dhateng piyambakipun. *Id* ndadosaken Astarini rumaos percaya dhiri bilih kathah priya ingkang remen utawi tresna dhateng piyambakipun. Wonten ing cariyos ugi dipunandharaken kanthi cetha kados pundi kasulistyanipun Astarini ingkang damel para priya sami tresna dhateng piyambakipun.

Watak percaya dhiri ingkang wonten ing dhirinipun paraga Astarini ugi ketingal saking pethikan menika.

*Mulane kuwi djeng, sliramu kersoa  dakjak urip bebarengan karo aku.*
*Atine Julia mesem. Dene tjendak temen anggone sesrawungan, teka wis ana pitakon ngono. Apa ta kang ndjalari Junan dadi tresna? Nanging deweke kelingan marang kadadejan2 kang wis mungkur. Deweke kelingan Rudjita. Kelingan Suradja, apa maneh kelingan marang sersan Parta. Saiki ketambahan kapten Junan, bangsane dewe kang dadi begondale Londa. O, jen njawang bleger lan aten2e, teka ora ngutjiwani. Nanging jagene teka mengkono? Urip memungsuhan karo bangsane dewe. (Kenja Ing Palagan: 39).*

Saking pethikan menika kaandharaken bilih Kapten Junan ngajak Astarini supados gesang bebrayan. Astarini lajeng mesem sarta menggalih bilih gampil sanget para priya tresna dhateng piyambakipun saha ngajak gesang bebrayan. Astarini lajeng kemutan priya-priya ingkang ugi tresna dhateng pyambakipun kados ta Letnan Suraja, Sersan Parta, Rudjita, lan sakmenika ugi Kapten Junan. Kathahipun priya ingkang dipunsebataken dening Astarini menika dados titikan bilih Astarini ngraos percaya dhiri piyambakipun sampun damel priya-priya menika sami tresna dhateng piyambakipun. *Id* ndadosaken Astarini ngraos percaya dhiri bilih wonten ppinten-pinten priya tresna dhateng piyambakipun. logikanipun, menawi Astarini boten percaya dhiri mila boten badhe nyebataken namanipun priya ingkang tresna dhateng piyambakipun.

**k. Tegas**

Tegas inggih menika tumindak ingkang boten rangu-rangu anggenipun nemtokaken pilihan utawi boten rangu-rangu menawi badhe tumindak. Tiyang ingkang gadhah watak tegas inggih menika tiyang ingkang ngendika utawi gadhah pamanggih dipunaturaken kanthi mantep tanpa raos rangu-rangu. Watak tegas paraga Astarini ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Konda ngono mau karo "kres-kres" ngetoki rambute. Ganas banget kaja mbabadi dami. Wati ndjerit seru, ditutupi nganggo tangane kiwa. Wusana Endang Astarini sulistya kang arambut dawa iku, saiki kaja botjah lanang. Gulune malah katon kintjlonge, ngolan-olan kaja gulu Djanaka.*
> *Ajo, Wati, wanita ing jaman merdika kaja ora pantes jen mung tansah ngudang tangis. Meneng ta. Srengengene wis surup galo. ( Kenja Ing Palagan: 13).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih paraga Astarini gadhad watak ingkang tegas ketingal saking tumindakipun motong rikmanipun piyambak saha

anggenipun ngendika kaliyan Wati. Saking pethikan menika dipunsebataken bilih paraga Astarini motong rikmanipun kados mbabadi dami saha wonten tembung “kres-kres” ingkang ateges nyangetaken. Sanesipun nyangetaken ugi saged kangge nggambaraken bilih Astarini nindakaken motong rikmanipun kanthi mantep boten rangu-rangu. *Id* ndadosaken Astarini ngetingalaken watak tegas kanthi motong rikmanipun kanthi mantep.

Salajengipun, watakipun Astarini ingkang tegas ugi ketingal saking pangandikanipun dhateng Wati. Astarini ngendika bilih wanita wonten ing jaman mardika menika boten pantes menawi namung tansah ngudang tangis. Saking pangandikanipun Astarini ketingal bilih Astarini ngendika kanthi mantep saha boten rangu-rangu. *Id* ugi ndadosaken Astarini gadhah pamanggih ingkang mantep ngengingi wanita wonten ing jaman perang. *Ego* ingkang ndadosaken Astarini ngendika kanthi mantep dhateng Wati ngengingi wanita wonten ing jaman perang menika boten pantes namung ngudang tangis.

Watakipun Astarini ingkang tegas ugi ketingal nalika mangsuli pitakenanipun Wati wonten ing pethikan menika.

> *Astarini lan Wati menggok. Dene sersan Parta bablas. Asrama gerilja ana ing desa sidjine. Ora tjampur karo botjah2 P. M. I.*
> *Ana tengah ndalan Wati ndesuk: tindak ja mbak, mengko?*
> *Kowe kuwi lho, Ti, kok njela2 wae. Ja mengko keprije, menunggu perkembangan. ( Kenja Ing Palagan: 15).*

Astarini ingkang dipundangu dening Wati ngengingi badhe tindak ningali tontonan menapa boten menika mangsuli kanthi tegas kaliyan mantep. Saking ukara “*Kowe kuwi lho, Ti, kok njela2 wae. Ja mengko keprije, menunggu perkembangan.”* menika ngetingalaken bilih Astarini kanthi tegas sampun

mangsuli bilih sedaya gumantung kawontenan ing mangke ndalu. Wangsulanipun Astarini ingkang tegas ugi supados negesaken bilih piyambakipun dereng mangertos badhe tindak menapa boten. *Ego* ndadosaken Astarini mangsuli pitakenanipun wati kanthi tegas saha mantep.

Kutipan sanesipun ingkang ngetingalaken watak tegas paraga Astarini inggih menika.

> *Tenan kok djeng. Nuwun sewu. Kuwi lho, kagungan pandjenengan rikma kok pandjenengan labuh ki bisane pije? Apa .....*
> *Ah, adja ndangu bab kuwi mas. Kuwi dawa riwajate. Nanging jen pandjenengan kepengin, luwih betjik dangokna Wati wae. Asal pandjenengan ngendika jen sing ngaturi aku.*
> *Apa ana gandengane karo tresna?*
> *Pandjenengan kok kritis temen ta mas? ( Kenja Ing Palagan: 20).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini dipundangu dening Sersan Parta. Rikala Astarini dipundangu ngengingi rikmanipun dening Sersan Parta, kanthi tegas Astarini boten kersa mangsuli. Astarini namung matur bilih menika panjang riwayatipun. Watak tegas utawi mantep menika ketingal saking wangsulanipun Astarini bilih piyambakipun matur dhateng Sersan Parta supados boten ndangu ngengingi rikmanipun. *Id* ndadosaken Astarini ngendika kanthi tegas bilih Sersan Parta sampun ndangu bab rikmanipun.

**l. Pinter Ethok-ethok**

Pinter ethok-ethok tegesipun patrap boten mangertosi menapa-menapa nanging sejatosipun mangertos sedayanipun. Pinter ethok-ethok ugi saged dipuntegesi patrap ngetingalaken patrap ingkang boten saestunipun kangge nutupi kawontenan sejatosipun. Tiyang ingkang pinter ethok-ethok inggih menika tiyang ingkang sejatosipun ngraos boten remen nanging ethok-ethok remen supados

tiyang sanes boten mangertos menapa ingkang dipunraosaken. Paraga Astarini ugi gadhah watak pinter ethok-ethok nalika kedah nutupi kawontenan pangraosipun. Watak pinter ethok-ethok paraga Astarini ketingal saking pethikan teks menika.

> *Mas, tembunge gugup karo menjat.*
> *Sersan Parta mantuk : Gerah apa?*
> *Ora oleh wangsulan. Astarini ngadeg, karo wangsulan dora: Lungkrah banget aku. Teka djrog bandjur keturon. Sida tindak apa? Ajo!*
> *Sersan Parta ngreti apa karepe. Mulane deweke ija mung apik2 ora ngreti. Wekasan wong telu bandjur mangkat. Mlaku alon2. (Kenja Ing Palagan: 17).*

Saking pethikan menika dipuncariyosaken bilih paraga Astarini rumaos kaget amargi dhatengipun Sersan Parta. Nalika Sersan Parta ndangu menapa Astarini ngraos sakit, dipunsebataken bilih Astarini ngendika goroh. Astarini mangsuli piyambakipun ngraos lungkrah lajeng tilem. Sejatosipun, paraga Astarini wekdal menika saweg menggalih ngengingi kulawarganipun, Rujita, Letnan Suraja saha Sersan Parta. Boten dipunyana Sersan Parta dhateng lajeng Astarini patrap rumaos sakit amargi kangge nutupi raos gugupipun. *Id* ndadosaken Astarini patrap rumaos sakit saha tilem kangge nutupi raos gugup.

Pinter ethok-ethok saking paraga Astarini ugi ketingal saking pethikan ing ngandhap menika.

> *Karo mesem ngetje, Karel mangsuli: Sedjatine kang kebangeten iku Republik. Apa diarani jen nata Negara iku gampang? Mongka jen gelem sabar, nompa kamardikan saka Walonda, o, ora bakal nganti ana lelakon geger ngene. Djeng Julia dewe ngrasakake. Sebagai seorang wanita sing nedeng2e birai, teka kudu urip idjen ke-para2. Urip sing tansah dadi wewajanganing kasangsaran.*
> *Sapandurat Julia kaget. Deweke ija wong Republik. Nanging pungkasane rasa kang pedes mau dipendem djero ana ing dasaring ati. (Kenja Ing Palagan: 37).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini mirengaken pangandikanipun Karel ngengingi Republik utawi bangsa Indonesia ingkang

dipunngendikaaken kebangetan. Minangka kaum Republik, temtu kemawon Astarini rumaos sakit saha duka mireng pamanggih ingkang ngina Republik menika. Nanging pungkasanipun Astarini kedah nahan raos ingkang pedes kaliyan sakit menika amargi piyambakipun saweg nindakaken tugas nyamar dados Julia. Astarini patrap boten mangertos menapa-menapa saha patrap boten ngraos menapa-menapa nalika mirengaken pangandikanipun Karel sinaosa sejatosipun ngraos sakit saha duka manahipun. *Id* ndadosaken Astarini ethok-ethok boten rumaos menapa-menapa nalika mirengaken pangandikanipun Karel ngengingi Republik.

Astarini ugi patrap ethok-ethok nalika ngadhepi Kapten Junan kados ingkang ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Ora dirasa eluhe metu dleweran. O, letnan Suradja wong sing ati wadja. Muga2 kasil olehe ontjat. Peloring mungsuh adja ana kang ngenani.*
> *Ah, djeng, sliramu kok bandjur ngono, tjelatune kapten Junan karo ngelus rambute Julia. Julia dewe kaget, rumongsa kawanguran anggone nangisi letnan Suradja. Nanging katudjune kepetuk wong kang djudjur kaja kapten Junan.*
> *Ah, aku melu sedih mas Junan. Aku bisa nggambarake, sepira kasedihan pandjenengan, dene mikut mungsuh wae tibake kontja dewe, ngono tjelatune goroh. ( Kenja Ing Palagan: 43).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini saweg nangis amargi rumaos sedhih saha kuwatos tumrap nasibipun Letnan Suraja. Kapten Junan ingkang mangertos bab menika lajeng ndangu kenging menapa Astarini nangis sinambi ngelus rikmanipun Astarini/ Julia. Astarini ingkang kaget lajeng wangsulan bilih piyambakipun ndherek sedhih sasampunipun mangertos nasibipun Kapten Junan. Astarini wangsulan goroh kangge nutupi raos manahipun ingkang sejatosipun nangis amargi menggalih nasibipun Letnan Suraja nanging

ethok-ethok sedhih amargi mangertos kawontenanipun Kapten Junan. *Id* ndadosaken Astarini ethok-ethok sedhih amargi kawontenanipun Kapten Junan kangge nutupi raos sedhih menggalih nasibipun Letnan Suraja.

**m. *Peduli***

Adhedhasar KBBI (2001: 841) tembung *peduli* menika tegesipun *mengindahkan, memperhatikan. Peduli* saged ateges tansah migatosaken tiyang sanes. Dados tiyang saged dipunwastani *peduli* menawi piyambakipun tansah migatosaken tiyang sanes. Paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* menika ugi gadhah watak *peduli*. Watak *peduli* paraga Astarini ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Gamelan sing ditabuh keprungu ngrangin. Kala2 keprungu swarane botjah lanang, undang2 kantja2ne diadjak nonton. Bandjur adoh banget kana, swarane mortar gumlegar.*
> *Kowe ora mangkat Wati?*
> *Wati ora mangsuli. Mung njawang kanti kebak rasa.*
> *Mangkata ta. Aku dak tunggu omah. (Kenja Ing Palagan:15).*

Saking pethikan menika, dipuncariyosaken bilih paraga Astarini saweg ndangu dhateng Wati menapa boten kesah ningali tontonan. Paraga Astarini ingkang mangertos bilih Wati waunipun ketingal kepengin nonton menika lajeng ngaken Wati supados nonton kemawon dene Astarini ingkang badhe nenggo griyanipun. Astarini ngetingalaken raos *peduli* dhateng Wati. Astarini migatosaken polahipun Wati ingkang sejatosipun ketingal kepengin ningali tontonan lajeng ngaken Wati supados kesah nonton tanpa piyambakipun. Dorongan *Super ego* ndadosaken Astarini ngaken Wati ningali tontonan dene piyambakipun ingkang nenggo griyanipun.

Watak *peduli* paraga Astarini ugi ketingal wonten ing pethikan menika.

*Wis, djeng. Pokok2e, kabeh iki kuwadjibanku. Pandjenengan ora preduli menggalih mateng bab iki.*
*Aku kudu mreduli bab iki uga mas, wangsulane Astarini tjepet, tjoba digalih. Gerilja kuwi wanine mung jen dong peteng. Marga sendjata kang tjumpen lan keahlian perang sing kurang. Nanging jagene mas Radja bakal mapagake serangane Londa ing gagat raina? (Kenja Ing Palagan:29).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini saweg matur kaliyan Letnan Suraja. Wonten ing pethikan menika sampun dipunsebataken bilih Astarini ngendika piyambakipun rumaos kedah merduli ngengingi perkawis ingkang dipunrembag menika. Astarini ngandharaken bilih Letnan Suraja kedah menggalih malih ngengingi kawontenanipun para gerilya amargi boten patosa trep kaliyan rencana ngadhepi seranganipun Londa ing wekdal gagat raina. Saking pethikan menika Astarini rumaos kedah migatosaken kawontenanipun para gerilya ingkang kedah nindakaken dhawuhipun Letnan Suraja. *Id* ndadosaken Astarini migatosaken kawontenanipun para gerilya. *Ego*-nipun ndorong Astarini matur dhateng Letnan Suraja ngengingi kawontenan para gerilyan ingkang kedah dipungatosaken.

Astarini ingkang gadhah watak *peduli* utawi tansah migatosaken tiyang sanes ugi ketingal saking pethikan menika.

*Sersan Parta ana?*
*Ana jake. Isih ngorok mau.*
*Wanita Srikandi sing njata djeneng Astarini kuwi merusake lakune. Daja2 kepengin weruh sersan Parta, daja2 kepengin weruh letnan Suradja. O, apa isih bagas kuwarasan? Apa kuru aking? (Kenja Ing Palagan:50-51).*

Saking pethikan menika dipunandharaken bilih Astarini badhe kepanggih Sersan Parta. Astarini rumaos kepengin enggal-enggal kepanggih Sersan Parta ugi Letnan Suradja kaliyan mangertos kados pundi kawontenanipun. Astarini ketingal tansah migatosaken kados pundi kawontenan Sersan Parta saha Letnan Suraja

saengga enggal-enggal kepengin kepanggih kalih priya menika. *Id* ndadosaken Astarini tansah migatosaken Sersan Parta kaliyan Letnan Suraja saengga enggal-enggal kepengin kepanggih supados mangertos kados pundi kawontenanipun.

**n. Kendel**

Kendel inggih menika tegesipun gadhah kawantunan utawi boten ajrih. Sipat manungsa ingkang saged dipunsebat kendel inggih menika wantun nindakaken menapa kemawon utawi ngadhepi menapa kemawon. Dados boten ajrih kaliyan sinten kemawon, wonten ing kawontenan menapa kemawon, saha wonten ing pundi kemawon. Watak kendel wonten ing dhirinipun paraga wanita Astarini saged ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Wong kok jen duwe karep sadeg sanjet, ngono gremenge. Bandjur tjelatune marang Timan : Tulung, djeng Tari derekna.*
> *Wis mas, ora usah.*
> *Ja gene?*
> *Aku wis wani dewe.*
> *Ning rak ja kanggo pantese ta djeng? Botjah wadon di .....*
> *Djaman perang lho mas. (Kenja Ing Palagan: 21).*

Saking pethikan menika dipunandharaken bilih ing sawijining ndalu, sasampunipun ningali tontonan wonten ing bale dhusun Astarini saweg mlampah wangsul sareng kaliyan Sersan Parta. Ing satengahing margi dumadakan Sersan Parta dipuntimbali dening Letnan Suraja sarana Timan. Sersan Parta ingkang kedah ngadhep dhateng Letnan Suraja lajeng ngaken Timan supados ngeteraken Astarini dumugi pos PMI. Astarini ingkang rumaos wantun lajeng pamit badhe wangsul piyambak. Sersan Parta ingkang sejatosipun gadhah ancas ingkang sae lajeng nyebataken bilih sampun limrah menawi tiyang estri dipunteraken wangsul. Astarini ingkang boten purun lajeng ngemutaken bilih menika jaman perang,

ateges sinaosa wanita nanging ing jaman perang menika Astarini saged njagi awakipun piyambak. Kawontenan ing jaman perang boten kados wonten ing masarakat limrahipun. *Id* ndadosaken Astarini ngraos wantun utawi kendel mlampah wangsul piyambakan. *Ego* ndadosaken Astarini nampik diputeraken dening Timan.

Watak kendel ingkang wonten ing dhirinipun Astarini ugi ketingal rikala ngaturaken pamanggihipun dhateng Letnan Suraja. pethikan menika ngetingalaken watak kendel paraga Astarini.

> *Wis djeng, sepisan maneh aku matur: tjukup. Djeng Tari ora susah sambung. Aku kudu sambung mas. Jen serangane Londa diawani sitik, arep menjang ngendi playu pandjenengan? Djarak antara pertahanan iki lan sikiling gumuk kae, tjukup adoh. Mongka ora ana papan sing kena kanggo berlindung. Kalen2 tjetek. Padesan2 wit2ane mamring. Kapal mabur bakal enak wae mbrondongi pandjenengan. (Kenja Ing Palagan:29).*

Astarini sowan ngadhep Letnan Suraja saperlu matur ngengingi siasat perang ingkang dipundamel Letnan Suraja. Astarini rumaos boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja ngengingi siasat perang ingkang boten cocok kaliyan kawontenanipun prajurit gerilya. Sinaosa sampun dipuntampik dening Letnan Suraja, nanging Astarini tetep ngupiyakaken supados Letnan Suraja ngewahi utawi narik dhawuhipun. *Id* ndadosaken Astarini wantun utawi kendel ngadhepi Letnan Suraja. *Id* damel Astarini wantun ngaturaken pamanggihipun sinaosa Letnan Suraja sampun nampik sarta ngaken supados Astarini boten sambung atur malih.

Watak kendel paraga Astarini sanesipun ugi ketingal wonten ing pethikan menika.

*ESUK BANGBANG wetan wajah wong pasar, ana kenja njandang prasadja, ninggal kuta kabupaten K. idjen tanpa kontja, idjen tanpa kanti. (Kenja Ing Palagan:46).*

Saking pethikan dipunmangertosi bilih Astarini gadhah watak kendel. Wonten ing cariyos dipunandharaken bilih Astarini, sinaosa wanita wantun mlampah piyambakan wonten ing wekdal enjing tanpa kanca. Astarini ngetingalaken bilih piyambakipun gadhah watak ingkang kendel amargi wantun mlampah piyambakan rikala enjing wonten ing kawontenan jaman perang. *Id* ndadosaken Astarini boten ajrih kaliyan menapa kemawon, wonten ing kawontenan kados pundi kemawon, saha kaliyan sinten kemawon. *Id* ingkang ndadosaken Astarini wantun mlampah piyambakan tanpa kanca.

Watak kendel saking paraga Astarini boten namung ketingal saking wantunipun mlampah piyambakan, nanging ugi wantun ngadhepi sinten kemawon kados ingkang ketingal saking pethikan menika.

*Ripin gregetan, lakune kepara mlaju. Wanita mau ditjandak baune saka mburi. Nanging tjepet2 Ripin dikipatake. Krasa pipine nampa tjap dridji sing mutjuk eri kuwi.*
*Asem ki. Wong wedok kakejan reka.*
*Sing dempal ngguju tjekikikan. Djalukanmu Pin. Wong ki nek tjrongoh.*
*Ripin saja kemropok. Wong wadon mau arep ditjandak maneh. Nanging dumadakan Ripin mundur. Dridji sing mutjuk eri kuwi wis ngliga tjundrik.*
*Wis, arep apa kowe bung, pitakone wanita mau. (Kenja Ing Palagan: 48).*

Saking pethikan menika ngetingalaken bilih paraga Astarini menika gadhah sipat kendel ingkang dipungambaraken saking caranipun ngadhepi tiyang ingkang ngganggu piyambakipun. Rikala Astarini saweg mlampah, wonten kalih priya ingkang gadhah niyat awon dhumateng piyambakipun. Astarini ingkang boten ajrih nglawan tumindakipun Ripin ingkang nyandhak baunipun. Salajengipun Astarini males nantang priya kasebat. *Id* ndadosaken Astarini boten ajrih dhateng

sinten kemawon. *Id* ndadosaken Astarini tetep maju lajeng wantun nantang Ripin, priya ingkang sampun nganggu saha tumindak awon dhateng Astarini.

Astarini ugi ketingal kendel rikala ngadhepi Sersan Parta. Watak kendel paraga Astarini ketingal saking pethikan menika.

> *Sersan, tembunge isih tatag. Dakkakoni lan dakmangerteni menawa ing djaman revolusi akeh banget kadadejan2 sing aneh, sing elok, ora manut tata hokum sing adil. Nanging aku isih duwe gondelan kang luhur, jaiku Allah kang maha welas. Sersan, kadadejan iki dak pasrahake marang pandjenengane. Embuh sapa sing bener lan sapa sing luput. (Kenja Ing Palagan:54).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini wonten ing kawontenan ingkang boten sae. Saderengipun,  Astarini dipuncubriya dados mitranipun Londa amargi rikala nindakaken tugas ketingal raket kaliyan Kapten tentara Londa. Sersan Parta lajeng maringi ukuman mati tumrap Astarini. Astarini ingkang kaget sampun boten mangertos kedah matur kados pundi. Sinaosa sampun angsal dhawuh ukuman mati nanging Astarini taksih wantun matur dhateng sersan Parta bilih piyambakipun boten nindakaken tumindak ingkang lepat. *Id* ndadosaken Astarini taksih wantun matur dhateng Sersan Parta kanthi tatag sinaosa sampun angsal ukuman mati.

**o. Gampil Duka**

Watak gampil duka tegesipun rumaos gampil nepsu. Tiyang ingkang gampil duka inggih menika tiyang ingkang manahipun gampil ngraos nepsu saengga gampil nyrengeni tiyang. Watak gampil duka limrahipun amargi boten remen kaliyan salah satunggaling bab ingkang mincing nepsunipun. Paraga Astarinin ugi gadhah watak gampil duka ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Ora! Kita ora arep ngungsi. Kita dudu bangsane gerilja wedok kaja sersan Parta.*
> *Mas! Wangsulane sora: iki perdjuwangan lho mas. Demi ngrampungake revolusi. Pandjenengan adja njlempitake panjakrabawa ana ing penggalihe pandjenengan. Apa pandjenengan lingsem jen ndjabe instruksi sing wis pandjenengan lairake? (Kenja Ing Palagan:30).*

Astarini saweg adu pamanggih kaliyan Letnan Suraja ngengingi siasat perang. Pamanggihipun Astarini boten dipuntampi dening Letnan Suraja. Tumindak Letnan Suraja menika damel Astarini matur kathi sora dhateng Letnan Suraja. Watak gampil duka ketingal nalika Astarini wiwit matur mawi swara ingkang sora amargi pamanggihipun dipuntampik dening Letnan Suraja. *Id* ndadosaken Astarini gampil duka amargi pamanggihipun dipuntampik dening Letnan Suraja.

Watakipun Astarini ingkang gampil duka ugi ketingal nalika mireng pangandikanipun Sersan Parta ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Sersan Parta mesem sinis. Ora prelu pamer djeng Tari. Pokoke aku ngreti jen pandjenengan tjinta2an karo kapten Junan. Pandjenengan nganakake hubungan batin karo deweke. Kurir Samija ngreti kabeh mau ana ing hotel "Kusuma". Malah perpisahan pandjenengan mau bengi katon mesra banget. Ngaku ora?*
>
> *Astarini dadi ndjegreg kaja tugu sinukarta. Mripate kedep tesmak mandeng sersan Parta. Raine malih abang ngatirah, kaja praene batari Durga. Deweke ngreti aten2e sersan Parta. Jagene malik grembjang kaja ngono? Deweke kelingan kedadejan manis wengi sadurunge sersan Parta mangkat nelik kuta W, bijen. Saiki bareng dadi pemimpin, ngina benget marang deweke. O, apa dupeh katresnane ora ditompa? Ah, tresna ing djaman perang. Apa ta kuwi tegese? Astarini mula ija tresna marang deweke. Nanging Astarini wedi banget marang tresna kuwi. Kuwatir jen ora bisa nerusake perdjuwangane. Akeh banget tuladane. Pemuda2 kang laku sedeng mesti kapupu ing paprangan. (Kenja Ing Palagan: 53)*

Saking pethikan dipumangertosi bilih Astarini dipuncubriya dening Sersan Parta amargi nindakaken tugas nglari kanthi dangu saha dipunmangertosi caket kaliyan Kapten Junan wonten ing hotel. Sersan Parta menggalih Astarini boten

saestu nindakaken tugasipun nanging malah seneng-seneng kaliyan Kapten Junan. Astarini ingkang mireng pangandikanipun Sersan Parta lajeng ngraos duka dipunandharaken mawi ukara “*Astarini dadi ndjegreg kaja tugu sinukarta. Mripate kedep tesmak mandeng sersan Parta. Raine malih abang ngatirah, kaja praene batari Durga.” Id* ndadosaken Astarini gampil duka amargi dipuncubriya dening Sersan Parta bilih piyambakipun boten nindakaken tugasipun.

Watak gampil duka ugi ketingal wonten ing paraga Wati saking pethikan teks menika.

> *Jen pada slamete, ora nganti seminggu maneh ngobrak-abrik ketjamatan W, maneh.*
> *Kok olehe seneng2e perang kuwi lho. Kaja jagat ki wis arep kiamat. Panjambunge Wati. Deweke kelingan kasangsaran kang disandang dening mitrane. (Kenja Ing Palagan: 14).*

Saking pethikan dipunmangertosi bilih Wati ingkang mireng para prajurit sami remen perang damel manahipun rumaos duka. Watak gampil duka ketingal saking pamanggihipun Wati ingkang gumun dhateng polahipun tiyang ingkang remen sanget perang kados jagat menika badhe kiyamat. Raos gampil duka menika ugi dipunsebabaken piyambakipun mangertos kawontenanipun Astarini ingkang saweg susah. *Id* ndadosaken Wati gampil duka amargi boten remen mireng kados pundi polahipun prajurit ingkang remen perang.

**p. Jujur**

Jujur inggih menika tegesipun *lenceng, pener, lurus, ngenggoni sabenere, ora nakal* (Poerwadarminta, 1939: 95). Watak jujur ugi saged ateges tansah tumindak lenceng, leres, saha ingkang sejatosipun tanpa dipundamel-damel utawi boten ngapusi. Tiyang ingkang jujur inggih menika tiyang ingkang tansah ngendika

menapa wontenipun, tansah tumindak ingkang leres, lan boten neko-neko. watak jujur saking paraga Astarini saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

> *Sauntara kuwi wong2 desa tjedake kono pada ngrubung. Maune sing arep dirangsang wanita mau. Nanging klajan widjang wanita mau menehi keterangan, nuduhake merah-putih sing digawa.*
> *Dulur2 aja kesusu ndakwa jen aku mata2. Wong loro sing nggletak kuwi gledahana. Aku pertjaja jen deweke pada nggawa abang putih biru. Utawa paling ora duwit Federal. Karo maneh aku ora duwe karep ala. Aku mung membela diri. (Kenja Ing Palagan: 50).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini ingkang nembe ngalawan para priya ingkang ganggu badhe dipunrangsang dening warga. Astarini lajeng ndandharaken kados pundi kawontenan ingkang saestu kados menapa wontenipun saengga saged damel warga pitados. *Id* ndadosaken Astarini ngandharaken kawontenan kanthi saestu lan kados menapa wontenipun. Tumindakipun Astarini ingkang ngandharaken menapa wontenipun mawi bukti-bukti ingkang leres damel warga pitados dening Astarini lajeng boten sios ngrangsang piyambakipun.

Tumindak ingkang nedahaken watak jujur paraga Astarini ugi ketingal rikala ngadhepi Sersan Parta kados wonten ing pethikan menika.

> *Sersan Parta mlengos: Kudune djeng Tar iwis kagungan wangsulan dewe. Jagene kahanan dadi sepi ngene?*
> *Aku ora ngreti mas. Ora ngreti tenan.*
> *Ah, pura2. Wis, wangsulana, menjang ngendi djeng Tari sadjrone limalas dina iki?*
> *Menjang ngendi? Kok kaja pitakone botjah tjilik ta mas. Aku rak menjang kuta ketjamatan W, lan kuta kabupaten K, prelu nglari letnan Suradja, tjotjok karo dawuhmu? (Kenja Ing Palagan: 52).*

Saking pethikan menika ketingal bilih Astarini dipunwastani ethok-ethok boten mangertos kenging menapa kawontenan markas dados sepi. Sersan Parta ugi ndangu Astarini wontening pundi salebeting gangsalwelas dinten kepungkur.

Astarini ingkang panci boten mangertos menapa-menapa. Astarini ugi mangsuli pitakenanipun Sersan Parta kados menapa wontenipun mawi ngandharaken menapa kemawon ingkang dipuntumindakaken sadanguning gansalwelas dinten kepengker. *Id* ndadosaken Astarini kepengin ngandharaken sedayanipun. *Ego* ndadosaken Astarini ngandharaken menapa ingkang dipuntumindakaken kanthi saestu kados menapa wontenipun.

Paraga Wati ugi gadhah watak jujur ingkang ketingal wonten ing pethikan teks menika.

> *... mulane Wati...*
> *Apa mbak?*
> *Tulung. Rambutku iki brondolana wae. Supaja aku ora dadi rebutan.*
> *Ora mbak. Ora! Aku emoh nindakake, wangsulane tjepet. (Kenja Ing Palagan:12).*

Saking pethikan menika dipuncariyosaken Astarini nyuwun dhateng Wati supados motongaken rikmanipun. Wati ingkang boten kersa mbiyantu lajeng mangsuli kanthi jujur bilih piyambakipun boten kersa lan boten saged mbiyantu. Watak ingkang jujur ketingal saking wangsulanipun Wati ingkang boten kersa motong rikmanipun Astarini. *Id* ndadosaken Wati matur kanthi jujur kados menapa ingkang dipunraosaken bilih boten kersa motong. Wangsulan menika saestu saking manahipun wati, boten dipundamel-damel utawi dipunkiyat-kiyataken.

Watak jujur sanesipun saking paraga Wati ugi ketingal wonten ing pethikan teks menika.

> *Lagi wae mlebu desa, lakune kepapag dening sersan Parta. Sadjake wis suwe anggone ngenteni.*
> *Slamet sore nona letnan. Pungkasane kita ketemu ana kene.*
> *Slamet sore. Sadjake ana prelu wigati?*

*Ah, ja ora. Mung menehi weruh menawa mengko bengi botjah2 arep pada nganakake ramen2.*
*Ramen2 apa?*
*Bijasa ta, anggere rumongsa aman rak kaja tjah edan. Astarini mesem. Wati isih bengep, mripate. Ora bisa ndelikake ruseging atine. . (Kenja Ing Palagan: 13-14).*

Saking pethikan menika dipuncariyosaken paraga Astarini saha Wati saweg mlampah badhe wangsul dhateng pos. Astarini kaliyan Wati kepanggih Sersan Parta nalika nembe mlebet desa lajeng dipunkabari bilih wonten tontonan mangke ndalu. Saderenipun, Astarini kaliyan Wati nembe nangis amargi sedhih. Astarini saged nutupi raos sedhihipun kanthi mesem, nanging Wati boten saged. Wati ingkang taksih bengep mripatipun boten saged mesem nutupi raos manahipun ingkang ruseg. Saking tumindakipun Wati ingkang boten saged nutupu raos manahipun menika nedahaken bilih piyambakipun jujur. *Id* ndadosaken Wati boten saged nutupi rao rugesing manahipun.

**q. Grapyak**

Grapyak gadhah teges *seneng aruh-aruh* (Poerwadarminta, 1939: 162). Grapyak inggih menika watakipun tiyang ingkang tansan remen aruh-aruh tiyang sanes. Tiyang ingkang grapyak inggih menika tiyang ingkang tansah ngaruh-aruh tiyang sanes ingkang dipunpanggihi. Watak menika ketingal saking pethikan menika.

*Slamet pagi Timan, tjelatune wanita mau marang sawenehing pradjurit kang lagi ngelus-elus gagang golok nganggo rempelas. Pradjurit mau tumenga njawang. Nanging wangsulane ampang wae : O, mbak Tari? Bandjur bali ngisik-isik maneh. (Kenja Ing Palagan: 50).*

Astarini gadhah watak ingkang grapyak ketingal saking pethikan ingkang nedahaken bilih Astarini ngaruh-aruh Timan kanthi matur “Slamet pagi Timan”.

Astarini boten namung mendel rikala kepanggih tiyang ingkang tepang kaliyan piyambakipun saha tiyang ingkang dipunpanggihi kados wonten ing cariyos menika. *Ego* ndadosaken Astarini ngaturaken sugeng enjang dhateng Timan. *Super Ego* ndadosaken Astarini kedah ngaruh-aruh tiyang ingkang dipuntepangi kalebet tata kramaning pasrawungan.

**r. Boten Sabar**

Watak boten sabar menika ngetingalaken bilih menawi gadhah pepenginan menika boten kersa nengga, kersanipun kedah cepet-cepet. Watak boten sabar ingkang dipunpanggihaken wonten ing dhirinipun Wati ketingal saking pethikan menika.

> *Rupamu. Deweke ngendika temenan marang aku mungguh bab kuwi. Deweke ngendika menawa mbesuk jen wis aman, mas Radja ngadjak aku gelema urip bebarengan.*
> *Keprije mbak wangsulanmu? Ah, mesti saguh ya? Aduh, suk nek wis aman, aku daksowan. Pije mbak, pije?*
> *Bijasa Wati, bijasa kaja wangsulan2 ing djaman revolusi.*
> *Bijasa keprije? (Kenja Ing Palagan: 6).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi rikala Wati mirengaken cariyosipun Astarini ingkang dipunblakani Letnan Suraja kaliyan dipunajak gesang bebrayan, Wati lajeng cepet-cepet nyuwun pirsa kados pundi wangsulanipun Astarini. Saderengipun Astarini nyariyosaken kados pundi wangsulanipun, Wati sampun ndakwa bilih rumiyin bilih Astarini nampi pangajaking Letnan Suraja. Wati ugi sampun matur badhe sowan dhateng papanipun Astarini menawi perang sampun pungkas. Wati ingkang boten sabar sampun ndakwa langkung rumiyin tanpa ngentosi pungkasaning cariyos saking Astarini. *Id* ndadosaken Wati kepengin cepet-cepet mangertos bilih Astarini nampi pangajaking Letnan Suraja. *Ego*

ndadosaken Wati ndakwa wangsulanipun Astarini tanpa nengga Astarini mungkasi cariyosipun.

Watak boten sabar ingkang wonten ing dhirinipun paraga Wati ugi ketingal rikala dipunajak ningali tontonan dening Sersan Parta. Watakipun saged ketingal saking pethikan menika.

*Astarini lan Wati menggok. Dene sersan Parta bablas. Asrama gerilja ana ing desa sidjine. Ora tjampur karo botjah2 P. M. I.*
*Ana tengah ndalan Wati ndesuk: tindak ja mbak, mengko?*
*Kowe kuwi lho, Ti, kok njela2 wae. Ja mengko keprije, menunggu perkembangan. (Kenja Ing Palagan: 15).*

Saking pethikan menika, Wati dipunsebataken ndhesek Astarini lan kepengin lajeng mesthekaken bilih Astarini badhe tindak mangke ndalu. Wonten ing pethikan menika dipunmangertosi bilih Wati boten sabar kepengin mangertos wangsulanipun Astarini badhe tindak ningali tontonan menapa boten. *Id* ndadosaken Wati boten sabar lajeng ndhesek Astarini supados enggal mangsuli pangajaking Sersan Parta. Wati ndesuk Astarini supados tindak ningali tontonan mangke ndalu. Watak boten sabar paraga Wati menika dipunkiyataken dening pangandikanipun Astarini ingkang nyebatakan bilih Wati nyela-nyela kemawon.

**s. Aleman**

Aleman inggih menika tegesipun nyuwun dipunalem. watak aleman ingkang wonten ing dhirinipun Wati ketingal saking pethikan menika.

*Lha aku endi? Pitakone aleman.*
*Kowe?*
*Ija.*
*Lha ndjaluk pa pije? Dakkone nggawekake Djana.*
*Ah, mas Radja ki ngenjek. Masa mas Djana wae sudi karo aku? (Kenja Ing Palagan: 8).*

Saking pethikan menika dipunsebataken kanthi cetha bilih paraga Wati tumindak aleman dhateng Letnan Suraja. Wati nyuwun dhateng Letnan Suraja dipunparingi layang kados Astarini. *Id* ndadosaken Wati kepengin angsal layang kados Astarini. *Ego* ndadosaken Wati tumindak aleman ingkang ketingal saking nyuwun layang dhateng Letnan Suraja.

**t. Saged Dipunpitados**

Watak menika kalebet salah satunggaling watak ingkang sae. Saged dipunpitados tegesipun saged dipunpracaya. Tiyang ingkang saged dipunpitados inggih menika tiyang ingkang saged njagi amanah saking tiyang sanes. Paraga Wati gadhah watak saged dipunpitados ingkang ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Ah, adja ndangu bab kuwi mas. Kuwi dawa riwajate. Nanging jen pandjenengan kepengin, luwih betjik dangokna Wati wae. Asal pandjenengan ngendika jen sing ngaturi aku. (Kenja Ing Palagan: 20).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih paraga Wati menika mangertos perkawis ingkang dipunraosaken dening Astarini. Astarini matur bilih Sersan Parta saged nyuwun pirsa dhateng Wati ngengingi kawontenanipun Astarini kanthi sarat kedah ngendika bilih dipunaturi dening Astarini. Dados, Wati saged njagi amanah saking Astarini supados boten nyariyosaken dhateng sinten kemawon tanpa ijin saking Astarini. *Id* ndadosaken Wati rumaos kedah njagi amanat saking Astarini. *Ego* ndadosaken Wati boten badhe nyariyosaken dhateng sinten kemawon tanpa ijin Astarini. Saengga menawi Sersan Parta kepengin mangertos cariyosipun kedah ngendika bilih dipunaturi dening Astarini.

Saking andharan ngengingi bab watakipun Astarini minangka paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan*, dipunpanggihaken wonten watak ingkang kosok wangsul. Watak ingkang kosok wangsul inggih menika antawisipun watak welas asih ingkang kosok wangsul kaliyan watak tegel, watak gadhah niyat ingkang kenceng ingkang kosok wangsul kaliyan watakipun Astarini ingkang gampil nyerah. Watak sabar menika kosok wangsul kaliyan watakipun Astarini ingkang gampil duka, lan watak jujur menika kosok wangsul kaliyan watakipun Astarini ingkang pinter ethok-ethok.

Andharan watak kosok wangsul antawisipun watak welas asih kaliyan watak tegel inggih menika bilih Astarini gadhah watak ingkang welas asih antawisipun katingal dhateng Wati, Letnan Suraja, Kapten Junan, saha para prajurit gerilya, nanging ugi awatak tegel dhateng tiyang sanes, mliginipun Ripin. Watakipun Astarini ingkang welas asih ketingal saking andharanipun panganggit "*Satleraman bisa dimangerteni menawa kenja iku darbe kasabaran sing djembar apa maneh pangapura kang djero*", Astarini ugi dipunandharaken bilih piyambakipun ngraos mesakaken dhateng para prajurit gerilya menawi kedah seda tanpa guna, watak welas asih ugi ketingal nalika mangertos kawontenanipun Kapten Junan ingkang mesakaken. Nanging, Astarini ingkang gadhah watak welas asih menika saged tegel dhateng tiyang sanes. Watak tegel ingkang tegesipun kosok wangsul kaliyan welas asih ketingal nalika Astarini tegel nilar Ripin kaliyan Dhempal dipuneret-eret warga padesan. Astarini tegel dhateng Ripin amargi sampun nate dipunpilara dening Ripin. Bab menika ndadosaken Astarini boten mesakaken mangertos kawontenanipun Ripin.

Watak ingkang kosok wangsul salajengipun inggih menipa watakipun Astarini ingkang gadhah niyat ingkang kenceng kaliyan watak gampil nyerah. Astarini dipunsebataken dening Rujita sampun pesimis utawi gampil nyerah nalika kedah milih antawisipun tresna kaliyan perjuwangan nggayuh kamardikan. Astarini gampil nyerah anggenipun ngupiyakaken raos tresna wonten ing jaman perang. Sejatosipun, watak gampil nyerah menika ketingal namung menawi gegayutan kaliyan ngupiyakaken raos tresna amargi ngraos boten wonten ginanipun ngupiyakaken raos tresna wonten ing jaman perang. Nanging, watakipun Astarini sanesipun gegayutan kaliyan bab tresna menika gadhah niyat ingkang kenceng. Niyat ingkang kenceng menika ketingal nalika Astarini gadhah niyat badhe motong rikmanipun ingkang boten saged dipunewahi dening Wati. Astarini niyat motong rikmanipun amargi kangge ngicalaken kasulistyanipun supados boten dados rebutan para priya ingkang ngraos asih dhateng piyambakipun.

Watak kosok wangsul antawisipun watak sabar kaliyan gampil duka andharanipun inggih menika bilih wonten ing cariyos menika dipunsebataken kanthi cetha bilih paraga Astarini gadhah watak ingkang sabar, saking caranipun mangsuli utawi ngandharaken tumindakipun dhateng Wati nalika badhe motong rikmanipun ugi dipunsebataken anggenipun mangsuli kanthi sabar, salajengipun ketingal saking tumindakipun nampi kanthi iklas sedanipun sedaya kulawarganipun. Nanging, Astarini ingkang satemenipun gadhah watak ingkang sabar menika dados gampil duka nalika Astarini rumaos pamanggih kaliyan kupiyanipun boten dipunajeni dening tiyang sanes. Bab menika ketingal nalika Astarini boten dipunmirengaken pamanggihipun dening Letnan Suraja

ndadosaken Astarini ingkang sejatosipun gadhah watak sabar dados nyrengeni Letnan Suraja kanthi ngendika radi sora. Sanesipun inggih menika nalika dipuncubriya dening Sersan Parta bilih Astarini dipunanggep boten saestu nindakaken tugasipun. Bab menika ndadosaken Astarini ingkang sabar dados asikep kasar saha gampil duka ingkang kagambaraken mawi ukara *"Raine Astarini malih abang ngatirah, kaja praene batari Durga*.".

Watak kosok wangsul antawisipun watak pinter ethok-ethok kaliyan watak jujur. Andharanipun inggih menika bilih Astarini gadhah watak pinter ethok-ethok ketingal nalika mangsuli pitakenanipun Sersan Parta amargi kangge nutupi raos gugupipun kaliyan nalika piyambakipun nyamar dados Julia. Watak kosok wangsulipun inggih menika watak jujur ingkang ketingal nalika piyambakipun ngandharaken dhateng warga padesan ngengingi piyambakipun sanes mata-mata kanthi ngaturaken bukti merah-putih. watak jujur ugi ketingal nalika Astarini lapuran dhateng Sersan Parta ngengingi tugasipun sinaosa boten dipunpitados dening Sersan Parta.

Menika kala wau andharan ngengingi watak ingkang kosok wangsul ingkang wonten ing  dhirinipun paraga Astarini. Wonten watak ingkang dipunsebataken kanthi cetha dhateng panganggit saengga kalebet watak ingkang kiyat. Watak sanesipun ingkang kosok wangsul kaliyan watak ingkang sampun dipusebataken dening panganggit menika kalebet watak ingkang lemah. Watakipun Astarini ingkang kiyat ugi saged dipuntingali saking pacelathon kaliyan kadadosan ingkang dipunlampahi.

## 2. Andharan bab *Konflik psikis* Paraga Wanita ing Novel *Kenja Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

Saking prastawa-prastawa ingkang wonten ing cariyos saged ndadosaken konflik ingkang dipunlampahi dening paraga. Konflik kathah jinisipun, sagaed awujud konflik batin, konflik sosial, saha konflik-konflik sanesipun. *Konflik psikis* utawi konflik batin inggih menika konflik ingkang kadadosan wonten ing manah utawi jiwanipun saking salah salah satunggaling paraga wonten ing cariyos. *Konflik psikis* ingkang dipunpanggihaken saking novel Kenja Ing Palagan anggitanipun Soedharmo KD inggih menika:

### a. Lungkrah

Lungkrah tegesipun *bosok, rasa sayah aras-arasen (marga mentas lara). (Poerwadarminta, 1939: 279)*. Dados lungkrah saged dipuntegesi minangka raos boten sekeca kados nembe bibar sakit. Lungkrahing ati saged ateges raosipun manah ingkang boten sekeca. Pethikan menika ngetingalaken kados pundi konflik ingkang dipunraosake dening paraga Astarini.

> *Endang Astarini karo mitrane sidji maneh pada nurut ing galangane pesawahan. Katon olehe sajah, ketara lakune sing pating srejong. Loro2ne pada sungkan omong, tjelatune mung sidji loro, eseme prasasat ora tau kumlebat.*
> *Wis ana jen mung limalas dina wae pasukan gerilja mau ngepos ana kono. Ateges Astarini wis apal karo kali kuwi prelu adus, karo ngguwang lungkrahing ati.(Kenja Ing Palagan: 5).*

Saking pethikan menika Astarini kaliyan mitranipun saweg mlampah tumuju ing lepen saperlu siram kaliyan mbucal lungkrahing manah. Wonten ing margi kekalihipun sami mendel boten sami ngendikan. Sinaosa wonten ing pethikan menika boten dipunsebataken sebabipun, ananging dipunsebataken kanthi cetha dening panganggit biliih Astarini dhateng lepen boten namung siram ananging ugi

saperlu mbucal lungkrahing manah. *Id* ndadosaken Astarini ngraos lungkrah wonten ing manahipun.

**b. Sedhih**

Sedhih gadhah teges *jijik, susah banget* (Poerwadarminta, 1939: 552). Sedhih inggih menika raos manah ingkang susah, boten ngraos bagya. Tiyang ingkang saweg sedhih inggih menika tiyang ingkang saweg ngraos susah sanget. Raos sedhih ugi dipunraosaken dening paraga Astarini ingkang ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Mbak Tari kok katon suntrut ta mbak? Nek sajah kok kajane ora, wong ndina2 pantjen gawejane mung mblebedi tatu. Dadi upomoa kesel rak ja wis bijen2. (Kenja Ing Palagan: 5).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini saweg ketingal suntrut. Wonten ing cariyos panci boten dipunsebataken kenging menapa Astarini ketingal suntrut, nanging raos suntrut menika dipunsebataken kanthi cetha dening panganggit. Suntrut menika tegesipun ketingal kucem (sedhih) polatanipun. *Id* ndadosaken paraga Astarini ngraos sedhih.

Raos sedhih ingkang dipunraosaken paraga Astarini sanesipun ugi ketingal saking pethikan menika.

> *Wong bregase kaja Gatutkatja ngana kok ditampik. Apa ora mesakake ta mbak?*
> *Ora oleh wangsulan. Tibake Tari wis mbukak layange. Mripate lera-lere nuruti aksara. Banjur lambene gemeter mintjak-mintjuk. Lan kang pungkasan dewe, layang diremet, banjur ungkeb2. Nangis. Astarini nangis. (Kenja Ing Palagan: 9).*

Sasampunipun ndugekakaken layang kangge Astarini, Letnan Suraja lajeng tindak kondur dhateng markas. Astarini lajeng mbikak layangipun lan dipunwaos. Astarini ingkang maos layang menika dumadakan nangis boten saged nahan raos

susahipun. Astarini ingkang nangis sasampunipun maos layang menika nedahaken bilih piyambakipun ngraos sedhih. *Id* wonten ing dhirinipun Astarini ndadosaken raos sedhih lajeng nangis sasampunipun maos layang.

Astarini ugi ngraos konflik awujud raos sedhih ingkang dipuntedahaken mawi solah bawanipun ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Ajo, Wati, wanita ing djaman merdika kaja ora pantes jen mung tansah ngudang tangis. Meneng ta. Srengengene wis surup galo.*
> *Astarini menjat, banjur mulih gegantjangan. Dietutake dening Wati. Loro2ne pada meneng2an wae. Mung napase sing kala2 seseg, marga tangis sing kala2 metu. (Kenja Ing Palagan: 13).*

Astarini ingkang boten remen mangertos Wati nangis kemawon lajeng nyuwun Wati supados mendel. Astarini ingkang menggalih bilih wanita wonten ing jaman perang menika boten pantes namung ngudang tangis ngajak wati wangsul. Astarini kaliyan Wati sami wangsul gegancangan sinambi napasipun taksih seseg amargi nahan tangis. Astarini ingkang nangis menika ngetingalaken bilih piyambakipun saweg sedhih. *Id* ndadosaken Astarini ngraos sedhih saengga damel piyambakipun nangis.

Raos sedhih ingkang dipunraosaken paraga Astarini ugi ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Astarini mapan. Awake ditutupi nganggo djarik masem. Djarik gantung kepuh kang kena disaut duk rikalane ngungsi bijen, ninggal wutah darah Surabaja akibat geger 10 Nopember.*
> *Lemute mbrenginging. Kepengin njesep getihe prawan aju kuwi. Astarini ora maelu. Gagasane mlaju tekan ngendi-endi. Kelingan rama ibu lan kamase kang wis ora ana. O, muga2 tinompoa dening Hyang Agung, kaparingana papan kang semestine.(Kenja Ing Palagan: 16).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini saweg sarean, awakipun dipuntutupi jarik masem. Astarini kemutan kulawarganipun inggih

menika bapak, ibu, saha kangmasipun ingkang sampun seda. Astarini lajeng ndonga mugi-mugi kulawarganipun ingkang sampun tilar donya dipuntampi dening Gusti saha pinaringan papan panggenan ingkang samesthinipun. *Id* ndadosaken Astarini sedhih dipungambaraken saking piyambakipun kemutan kulawarganipun saengga boten maelu lemut ingkang mbrenginging.

Astarini ugi ketingal ngraos sedhih nalika ngadhepi Letnan Suraja ingkang boten kersa nampi pamanggihipun wonten ing pethikan menika.

> *Tanpa guna anggone ngelingake. Mulane alon2 deweke ninggal letnan Suradja. Ing ati trenjuh banget, nggagas korban sesuk esuk sing bakal dikawruhi. Mungsuh wis tanpa kamanungsan. Gamane pepak, ora bakal nampik lawane. (Kenja Ing Palagan: 31).*

Saking pethikan menika ketingal bilih Astarini nembe kemawon ngemutaken Letnan Suraja bilih dhawuhipun menika kedah dipunpenggalih malih. Letnan Suraja boten kersa nampi pamanggihipun Astarini ingkang ngenutaken piyambakipun supados menggalih malih bab dhawuhipun. Astarini ingkang dipuntampik pamanggihipun lajeng rumaos bilih anggenipun ngemutaken boten wonten ginanipun. Astarini rumaos sedhih menggalih kurban perang benjing enjing amargi mungsuh para gerilya ugi sampun boten gadhah kamanungsan. *Id* ndadosaken Astarini ngraos sedhih amargi menggalih kurban ingkang perang benjing enjing ingkang badhe seda. Para gerilya ingkang kedah ngadhepi mungsuh ingkang boten gadhah kamanungsan malih saha gegaman ingkang langkung pepak.

Sanesipun, sinaosa Astarini saweg nyamar dados Julia piyambakipun ugi ngraos sedhih nalika mangertos kabaripun Letnan Suraja, kados wonten ing pethikan menika.

> *Auw, Julia ora bisa ngampah meneh ndjolaning atine. O, kaningaja temen anggonku nglari dene mung semono kawusanane. Letnan Suradja wis ontjat saka tahanan.*
> *Ora dirasa eluhe metu dleweran. O, letnan Suradja wong sing ati wadja. Muga2 kasil olehe ontjat. Peloring mungsuh adja ana kang ngenani. (Kenja Ing Palagan:* 43).

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini saweg nyamar dados Julia. Astarini pikantuk tugas nglari utawi madosi papan panggenanipun Letnan Suraja ingkang dipunpikut dening Londa. Saking cariyosipun Kapten Junan Astarini saged mangertos bilih Letnan Suraja ingkang kapikut sampun oncat saking tahanan. Astarini ketingal sedhih saking ukara "*Ora dirasa eluhe metu dleweran.*". Pangraosipun Astarini menika sedhih amargi wusananipun anggenipun nglari namung kasil warta bilih Letnan Suraja sampun oncat. *Id* ndadosaken Astarini ngraos sedhih saengga nangis tanpa sadhar.

Raos sedhih ugi ketingal saking Astarini nalika mangertos pangraosipun Kapten Junan dhateng piyambakipun kados wonten ing pethikan menika.

> *... Pantjen mono aku asih banget marang sliramu. Nanging aku kuwatir menawa aku kepetuk wong sing republikein maneh kaja letnan gerilja Suradja. Jen mengkono aku mung bakal oleh wewajangan kang ngajawara maneh. Ngudang gagasan kang longka kelakone. Nanging jen pandjenengan kersa nimbangi, aku bakal rumongsa begdja sing tanpa upama. Djeng Jul dak anggep wanita sing bisa mbirat sakabehing kasangsajanku.*
> *Krungu tetembungan sing kaja ngono mau, Julia dadi trenjuh banget. Diakoni jen atine tetep ati wadon. (Kenja Ing Palagan: 44).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Kapten Junan ngendika blaka dhateng Astarini babagan raos manahipun. Kapten Junan ngakeni bilih piyambakipun tresna asih dhateng Astarini. Nanging Kapten Junan ugi rumaos kuwatos badhe kepanggih kaum republic malih. Kapten Junan boten meksa Astarini supados males pangraosipun nanging badhe maturnuwun sanget menawi

Astarini kersa nimbangi. Astarini ingkang mireng pangandikanipun Kapten Junan ngraos trenyuh, sedhih sanget. Astarini ngakeni bilih manahipun tetep manahing wanita. *Id* ndadosaken Astarini ngraos sedhih mireng pangandikanipun Kapten Junan.

Raos sedhih ketingal nalika Astarini kedah nampi nasib ingkang boten sae. Astarini ingkang kedah nampi ukuman saking dhawuhipun Sersan Parta ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Sedina kuwi Astarini mung delog2 wae. Ora ana kang diajak guneman. Kabeh pada sumingkir. Mongka mau esuk daja2 banget anggone arep kepetuk karo mitra-mitra saperdjuwangan lan letnan Suradja. Nanging sidji wae kekarepane mau ora ana kang kapenuhan. (Kenja Ing Palagan: 55).*

Astarini ingkang sampun mireng dhawuhipun Sersan Parta bilih piyambakipun kedah pikantuk ukuman mati namung mendel kemawon. Para mitranipun ugi boten wonten ingkang kersa dados wawan pangandikan, sami sumingkir nebihi piyambakipun. Astarini taksih boten pitados bilih pepenginanipun kepanggih para mitranipun kaliyan Letnan Suraja enjing menika boten wonten ingkang kalaksanan. *Id* ndadosaken Astarini sedhih awit saking nasibipun ingkang boten sae lan awit saking sedaya pepenginanipun boten wonten ingkang kapenuhan.

Salajengipun, Astarini ugi ngraos sedhih nalika piyambakipun daya-daya kepengin mlajar ngrangkul Letnan Suraja ingkang dhateng wonten ing markas. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Mas Radja! Pambengoke seru kebak pangrasa kang tanpa upama. Enggal wae deweke mlajoni, kepengin ngrangkul bleger kang kukuh kuwi, masrahake sedih lan kabungahane marang deweke.*
> *Nanging durung nganti tekan, ana tangan kang ngalangi. Deweke nganti tiba kelumah. Deweke njerit, bandjur nangis ngguguk. (Kenja Ing Palagan:* 57).

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini mangertos dhatengipun Letnan Suraja nalika piyambakipun badhe nindakaken ukuman. Astarini ingkang kepengin ngrangkul Letnan Suraja lajeng mlajar badheh ngampiri Letnan Suraja. Nanging saderengipun dumugi papanipun Letnan Suraja, wonten ingkang ngalangi piyambakipun. Astarini ingkang dipunalangi ngantos dhawah lajeng nangis ngguguk. *Id* ndadosaken Astarini sedhih amargi dipunalangi anggenipun badhe ngrangkul Letnan Suraja.

Paraga wanita sanesipun Astarini ingkang dipunmangertosi ngraosaken *konflik psikologis* inggih menika Wati. Wati minangka paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* ugi ngraosaken konflik psikologis awujud raos sedhih. Wati ugi ngraos susah ing manahipun manahipun rikala mangertos mitranipun nangis amargi saweg nandang susah. Wonten ing pethikan menika ketingal *konflik psikologis* ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Ana apa ta mbak? Ana apa?*
> *Tari ora mangsuli. Isih nangis ungkeb2. Lan kang pungkasan dewe, lajang kang pating plitut mau diulungake marang Wati.*
> *Karo membleh2 Wati wiwit matja. Atine melu dag-dig-dug. Gek apa ta isine dene nganti njedihake mengkono? (Kenja Ing Palagan: 9-10).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi paraga Wati saweg pitaken dhateng mitranipun. Wati nyuwun pirsa wonten menapa mitranipun nangis lan menapa ingkang damel mitranipun nangis ngantos ungkeb-ungkeb makaten. Nanging mitranipun boten mangsuli lan namung ngulungaken layang ingkang dipuncepeng dhateng Wati. Wati ingkang kepengin mangertos lajeng nampi layang ingkang dipunulungaken mitranipun. Sasampunipun maos layang menika lajeng Wati ndherek nangis amargi wosipun layang menika panci damel sedhih

manahipun. *Id* ndadosaken Wati ngraos sedhih sasampunipun maos layang menika ingkang damel piyambakipun nangis.

Raos sedhih sasampunipun maos layang ingkang dipuntampi dening mitranipun ndadosaken Wati mangertos kawontenanipun Astarini, mitranipun. Raos sedhih menika boten saged ical utawi dipuntutupi dening Wati dumugi wekdalipun wangsul dhateng pos PMI. Pethikan menika ngetingalaken kados pundi raos manahipun Wati.

> *Ah, ja ora. Mung menehi weruh menawa mengko bengi botjah2 arep pada nganakake ramen2.*
> *Ramen2 apa?*
> *Bijasa ta, anggere rumongsa aman rak kaja tjah edan. Astarini mesem. Wati isih bengep, mripate. Ora bisa ndelikake ruseging atine. (Kenja Ing Palagan: 14).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih sasampunipun maos layang ingkang dipuntampi Astarini, kekalihipun lajeng sami-sami nangis. Astarini kaliyan Wati ngraos sedhih lan sanget susah manahipun sasampunipun maos layang ingkang wosipun warta lelayu. Wosing layang kaliyan tumindakipun Astarini damel Wati susah sanget manahipun lan boten saged ngicalaken utawi ngendhegaken tangisipun. Kados ingkang kasebataken wonteni ing pethikan, ruseging manahipun Wati boten saged dipuntutupi ngantos rikala dipunajak ningali tontonan dening Sersan Parta. *Id* ndadosaken Wati ngraos susah sanget ngantos boten saged nahan tangisipun.

**c. Bingung**

Bingung gadhah teges *kuwur atine ora mangerti apa kang bakal dilakoni. (Poerwadarminta, 1939: 45)*. Dados, bingung inggih menika kawontenan ingkang

kuwur manahipun boten mangertos kedah tumindak kados pundi. Konflik bingung ingkang dipunraosaken dening paraga Astarini ketingal saking pethikan menika.

*Mbak Tari kok katon suntrut ta mbak? Nek  sajah kok kajane ora, wong ndina2 pantjen gawejane mung mblebedi tatu. Dadi upomoa kesel rak ja wis bijen2.*
*Astarini mandeng mitrane. Njoba njajagi atine. Teka olehe pratitis temen olehe ndakwa?(Kenja Ing Palagan: 6).*

Saking pethikan menika dipuncariyosaken Astarini polatipun ketingal suntrut saengga mitranipun ngraos kuwatos. Wati, mitranipun lajeng ndangu Astarini kenging menapa ketingal suntrut. Wati ugi ndakwa bilih Astarini ketingal suntrut sanes amargi sayah ngobati tiyang. Astarini ingkang mendel mawon lajeng mirsani mitranipun amargi bingung mangertos mitranipun saged ndakwa kados makaten. *Id* ndadosaken Astarini ngraos bingung dipundakwa dening mitranipun ngengingi bab ingkang damel piyambakipun sedhih. Astarini bingung amargi mitranipun dumadakan saged ndakwa raos manahipun kanthi pratitis.

Raos bingung paraga Astarini ugi ketingal wonten ing pethikan menika.

*Tari meneng maneh. Njawang papringan ing pinggir kali. Pada mantuk2 kanginan,kaja ngombjongi omonge Wati. Rak wis bener ta? Ora kleru. Letnan Suradja tresna marang Astarini. Sing sidji gagah Sing sidji kuning. Sing sidji ati wadja, sing sidji sabar. Rak pas kaja Gatut karo Pregiwa? Jagene Tari isih mamang? (Kenja Ing Palagan: 6).*

Astarini ingkang mendel sinambi ningali papringan ingkang wonten ing pinggiring lepen ingkang ketingal sarujuk kaliyan pangandkanipun Wati. Astarini menggalih sedaya pangandikanipun Wati ngengingi piyambakipun kaliyan Letnan Suraja. Wati ugi ngendika bilih Letnan Suraja saestu tresna kaliyan Astarini. Sanesipun ugi ketingal bilih Letnan Suraja kaliyan Astarini sampun cocok dipungambaraken kados Gathutkaca kaliyan Pregiwa. Sinaosa kados makaten,

manahipun Astarini dipunsebataken taksih mamang utawi bingung. Raos mamang wonten ing manahipun Astarini tegesipun taksih dereng cetha utawi dereng mangertos kanthi cetha raosing manahipun saged dipunwastani bingung. Raos mamang utawi bingung menika saking *Id* ingkang ndadosaken Astarini dereng cetha ngengingi raos manahipun dhateng Letnan Suraja.

Raos bingung saged dipunsebabaken dening pitakenan saking tiyang sanes ngengingi bab ingkang boten gampil dipunwangsuli. Bab menika kados ingkang dipunraosaken dening paraga Astarini wonten ing pethikan menika.

> *Astarini lan Wati menggok. Dene sersan Parta bablas. Asrama gerilja ana ing desa sidjine. Ora tjampur karo botjah2 P. M. I.*
> *Ana tengah ndalan Wati ndesuk: tindak ja mbak, mengko?*
> *Kowe kuwi lho, Ti, kok njela2 wae. Ja mengko keprije, menunggu perkembangan. (Kenja Ing Palagan: 15).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini dipundangu dening Wati ngengingi badhe tindak ningali tontonan menapa boten. Astarini ingkang saweg nandang susah lajeng mangsuli bilih sedayanipun gumantung kawontenan mangke ndalu. Adhedhasar wangsulanipun Astarini menika ketingal wonten raos bingung amargi dereng mangertos badhe ningali menapa boten. Id ndadosaken raos bingung badhe tindak nonton menapa boten.

Astarini ugi ngraosaken bingung wonten ing manahipun bibar ngaturaken pamanggihipun dhateng Letnan Suraja. Pethikan ing ngandhap menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Ngono sambating atine. Isih terus wae pangaduhe: Ah, jagene aku mbalekake pandangune mas Radja? Nanging apa bener saupama aku nengenake individu? Apa sing kaja ngono mau dudu sawidjining pangkianatan revolusi? (Kenja Ing Palagan: 31).*

Astarini ingkang nembe kepanggih kaliyan Letnan Suraja lajeng ngaturaken pamanggihipun. sasampunipun kepanggih Letnan Suraja, piyambakipun ngraos bingung ngengingi menapa ingkang sampun dipunaturaken dhateng Letnan Suraja. Astarini rumaos bingung menapa ingkang dipuntumindakakaken menika leres menapa boten. Astarini taksih boten mangertos menapa piyambakipun panci nengenaken individu menapa boten. *Id* ndadosaken Astarini ngraos bingung kedah kados pundi ngengingi tumindakipun menapa nengenaken individu menapa boten.

Astarini ugi ketingal bingung nalika dipundangu dening Kapten Junan kados ingkang wonten ing pethikan menika.

> *Bandjur, djeng Julia mengko arep njare ana ngendi pitakone Junan.*
> *Julia ora mangsuli. Katon banget jen atine sebit. Ora ngerti apa kang arep ditindakake. (Kenja Ing Palagan: 37).*

Saking pethikan menika dipunsebataken bilih Astarini ingkang dipundangu dening Kapten Junan ngengingi wonten pundi anggenipun Astarini badhe sare. Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia menika boten mangsuli lajeng dipunsebataken bilih manahipun sebit, boten mangertos kedah tumindak kados pundi. Manah ingkang sebit saha boten mangertos kedah tumindak kados pundi menika saged dipunsebat bingung. *Id* ndadosaken manahipun Astarini sebit saengga boten mangertos kedah tumindak kados pundi

Raos bingung ingkang dipunraosaken dening Astarini ugi ketingal rikala mireng cariyosipun Kapten Junan ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Sapungkure Junan, Julia alias Endang Astarini dadi nelangsa. Rumongsa jen kasuwen anggone nglakokake dom sumuruping banju. Mulane deweke kepengen enggal-enggal bali menjang markas, menehake kabar kang ditompa mau? Deweke isih mamang. (Kenja Ing Palagan: 45).*

Saking pethikan menika ketingal bilih Kapten Junan sampun tindak kesah nilar Julia utawi Astarini. Astarini lajeng rumaos nelangsa amargi mangertos kawontenanipun Kapten Junan. Ancasing Astarini nyamar dados Julia inggih menika saperlu madosi papanipun Letnan Suraja ingkang kapikut dening Londa. Astarini ingkang nyamar dados Julia kasil nyaketi Kapten Junan ingkang nyariyosaken bilih wonten pemimpin gerilya ingkang kapikut sejatosipun kanca alitipun Kapten Junan. Astarini ngraos bilih pemimpin geriya ingkang kapikut dening Kapten Junan menika Letnan Suraja saengga kepengin enggal-enggal lapuran dhateng markas. Wonten ing pethikan dipunsebataken bilih Astarini taksih mamang ingkang saged ateges bingung amargi wartanipun ingkang dereng cetha damel Astarini bingung. *Id* ndadosaken Astarini taksih bingung utawi mamang ngengingi wartanipun pemimpin gerilya ingkang kapikut dening Londa sinaosa piyambakipun kepengin enggal-enggal nglapuraken dhateng markas.

Raos bingung ingkang dipunraosaken paraga Astarini ugi ketingal saking pethikan menika.

> *O, wis teka? Wangsulane. Nanging ora enggal2 menjat ngulungake tangane. Malah mbenakake anggone kemul. Tekan kene Astarini wiwit krasa. Deweke kepengin banget ngomongake oleh2e marang sersan Parta. Kepengin tjrita2 olehe wanuh karo kapten Junan kang tibake kantjane sekolah letnan Suradja. Nanging njatane sersan Parta tumanggape adem wae. Ana apa ta? Ah mata2 loro mau kang mati mau, menawa diomongake marang pradjurit2 mendah pada senenge. Nanging jagene pada amem? (Kenja Ing Palagan: 51).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini ingkang wangsul dhateng markas gerilya lajeng kepanggih kaliyan Sersan Parta. Astarini ingkang sampun kepengin nyariyosaken sedaya ingkang sampun dipunlampahi ugi ngengingi mata-mata ingkang pejah kala wau dhateng Sersan Parta. Nanging

sedaya pepenginan menika dipuntahan amargi wiwit rumaos bilih kawontenanipun sepi kados boten wonten gregeting para prajurit. Menapa malih tumanggaping Sersan Parta ingkang boten enggal-enggal nyumanggakaken piyambakipun. *Id* ndadosaken Astarini bingung lan nahan raosipun kepengin cariyos dhateng Sersan Parta amargi tumanggapin Sersan Parta ingkang adhem saha kawontenan markasn ingkang amem.

Astarini ingkang bingung lajeng nyuwun pirsa kenging menapa kawontenaning markas ketingal sepi. Mangertos tumanggaping Sersan Parta saha mireng wangsulanipun damel Astarini sangsaya bingung kados wonten ing pethikan menika.

> *Sersan Parsa mlengos. Njedot tingwe, banjur disebul seru. Buyar ing plangitan.*
> *Ana apa mas? Pitakone maneh.*
> *Sersan Parta njawang sedela. Bandjur bali mlengos. Njawang ing kadohan karo tjelatu.*
> *Kahanan kang kaja ngene iki wis dadi wangsulane.*
> *Apa? Kahanan sepi iki? Tumanggap kang adem marang aku iki? Lha ija mas Parta, aku durung ngerti apa tegese kabeh iki. (Kenja Ing Palagan: 52).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih tumanggaping Sersan Parta damel Astarini bingung. Wangsulanipun Sersan Parta ingkang nyebataken bilih kawontenan menika dados wangsulan saking pitakenanipun Astarini. Mireng pangandikanipun Sersan Parta menika Astarini sangsaya bingung amargi saestu boten mangertos menapa ingkang dipunkajengakaken dening Sersan Parta. *Id* ndadosaken Astarini ngraos bingung awit saking tumanggaping Sersan Parta saha wangsulanipun ngengingi kahanaipun markas ingkang sepi.

Astarini ingkang saestu boten ngertos lajeng dipundangu dening Sersan Parta ngengingi menapa ingkang dipuntumindakaken Astarini sadangu gangsal welas

dinten kepengker. Nalika dipundangu dening Sersan Parta, Astarini ketingal bingung wonten ing pethikan menika.

*Sersan Parta mlengos: Kudune djeng Tari wis kagungan wangsulan dewe. Jagene kahanan dadi sepi ngene?*
*Aku ora ngreti mas. Ora ngreti tenan.*
*Ah, pura2. Wis, wangsulana, menjang ngendi djeng Tari sadjrone limalas dina iki?*
*Menjang ngendi? Kok kaja pitakone botjah tjilik ta mas. Aku rak menjang kuta ketjamatan W, lan kuta kabupaten K, prelu nglari letnan Suradja, tjotjok karo dawuhmu? (Kenja Ing Palagan: 52).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Sersan Parta ngendika samesthinipun Astarini sampun kagungan wangsulan piyambak bab kawontenanipun wonten ing markas. Astarini ingkang ngendika bilih boten mangertos saestu lajeng dipundangu dening Sersan Parta ngengingi menapa ingkang dipuntumindakaken dening Astarini sadanguning gangsal welas dinten kepengker. Astarini mangsuli pitakenanipun Sersan Parta kanthi saestunipun bilih piyambakipun nglajengakaken tugas kados dhaeuhipun Sersan Parta. *Id* ndadosaken Astarini rumaos bingung kenging menapa Sersan Parta ndangu tumindakipun sadangu gangsal welas dinten nlika piyambakipun nglajengakaken dhawuhipun Sersan Parta.

Raos bingung ingkang dipunraosaken dening paraga Astarini salajengipun inggih menika nalika kepanggih Rujita. Bab raos bingung ketingal saking pethikan menika.

*Weruh tandange pradjurit kang nembe teka iku, Astarini banget kagawokan. Dene semono kasudibjane. Lan bareng deweke njoba ngluru praene, deweke saja kaget. Sakala deweke ndjerit seru. Ora ngreti apa kang arep ditindakake.*
*Mas Djita! O, mas Rudjita! Keprije dene pandjenengan bisa tekan kene? (Kenja Ing Palagan: 59).*

Astarini ingkang saweg sedhih amargi boten saged ngrangkul Letnan Suraja lajeng mangertos prajurit sanesipun ingkang nembe dhateng. Astarini mirsani prajurit ingkang nembe dahteng menika kanthi raos bingung saha kaget amargi prajurit menika Rujita. Astarini namung saged njerit amargi mangertos Rujita lan boten mangertos kedah tumindak kados pundi. Astarini ingkang bingung menika namung saged pitaken kados pundi Rujita saged dugi papanipun Astarini. *Id* ndadosaken Astarini njerit saha bingung boten mangertos kedah tumindak kados pundi sasampunipun mangertos Rujita.

Raos bingung ugi dipunraosaken dening paraga wanita Wati ingkang mangertos Astarini dumadakan nangis ungkeb-ungkeb. Pethikan menika ngetingalaken kados pundi ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Ora oleh wangsulan. Tibake Tari wis mbukak layange. Mripate lera-lere nuruti aksara. Banjur lambene gemeter mintjak-mintjuk. Lan kang pungkasan dewe, layang diremet, banjur ungkeb2. Nangis. Astarini nangis. Weruh sing kaja ngono mau, Wati ija bandjur melu membleh2. Ora mangerti apa kang arep ditindakake.*
> *Ana apa ta mbak? Ana apa? (Kenja Ing Palagan: 9).*

Wati ingkang nenggo wangsulanipun Tari ngengingi Letnan Suraja dumadakan kaget mangertos kawontenan mitranipun menika. Tari maos layangipun lajeng nangis ungkeb-ungkeb. Wati ingkang mangertos kawontenanipun Tari ingkang ketingal susah menika ndadosaken *Id* ngraos bingung. *Id* ndadosaken Wati boten mangertos kedah kados pundi ningali kawontenanipun Wati.

Wati ingkang ngraos bingung lajeng ndangu Tari ngengingi bab ingkang damel piyambakipun nangis. Tari boten mangsuli lan namung ngulungaken

layangipun supados dipunwaos dening Wati. Sasampunipun maos layang menika, Wati lajeng ngraos bingung, kados ingkang ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Matja layang sing kaja mengkono mau, Wati ora bisa tumindak apa2. Kedjaba mung nerusake olehe nangis. Kanggo sauntara kahanan mung mengkono wae. Sore sangsaja tumurun. Ing imbang kulon wis katon garis2 abang djingga, angine mili alus. (Kenja Ing Palagan: 11).*

Wonten ing pethikan ketingal bilih Wati dipuncariyosaken boten saged tumindak menapa-menapa. Sasampunipun maos layangipun Astarini ingkang wosipun ngengingi sedanipun kulawarganipun Astarini damel Wati ndherek nangis. Wati ndherek sedhih mangertos nasibipun Astarini ingkang sampun dipuntilar kulawarganipun. Maos wosing layang ingkang kados makaten damel Wati namung saged nangis amargi boten saged tumindak menapa-menapa. *Id* wonten ing dhirinipun Wati ndadosaken piyambakipun ngraos bingung ingkang ketingal saking pethikan bilih Wati boten saged tumindak menapa-menapa.

**d. Ajrih**

Ajrih gadhah teges *wedi* utawi *ora wani* (Poerwadarminta, 1939: 659). Dados tegesipun ajrih inggih menika raos boten wantun. Raos boten wantun menika saged ateges boten wantun kaliyan menapa kemawon, kaliyan sinten kemawon, wonten pundi kemawon, saha wonten ing wekdal kapan kemawon. Paraga Astarini ugi ngraosaken ajrih kados ingkang ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Dek astane kiwa mas Radja mau dak blebed, astane tengen kanggo njekeli tanganku. Banjur mripate sing tadjem kuwi mandeng aku. Wah, aku bisa matja matane, Wati. Nanging aku wedi banget. Wedi banget.*
> *Jagene pandjenengan wedi mbak? Nek aku sing nglari ngono, o. (Kenja Ing Palagan: 6).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih paraga Astarini saweg cariyos dhateng Wati. Astarini nyariyosaken rikala mblebed astanipun Letnan Suraja

ingkang sisih kiwa, asta tengenipun nyepengi astanipun Tari. Mripatipun Letnan Suraja ugi mirsani Astarini ingkang damel Astarini ngraos ajrih sanget. *Id* ndadosaken Astarini ngraos ajrih ingkang dipuntahan wonten ing manahipun rikala dipuncepeng astanipun kaliyan dipunpandeng dening Letnan Suraja. Wonten ing caritas ugi dipunsebataken kanthi cetha bilih paraga Astarini ngraos ajrih sanget.

Raos ajrih ugi dipunraosaken dening Astarini rikala dipundangu dening Sersan Parta kados ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Bandjur, endi oleh2e enggon pandjenengan nglari?*
> *Astarini rada blekak-blekuk anggone mangsuli. Kelingan menawa katerangan sing tjeta durung ditompa. (Kenja Ing Palagan: 52).*

Wonten ing pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini kepanggih Sersan Parta saperlu badhe nglapuraken kasilipun nglari. Astarini dipuncariyosaken radi *blekak-blekuk* anggenipun matur rikala dipundangu dening Sersan Parta. Tembung *blekak-blekuk* menika ngetingalaken bilih Astarini ngraos ajrih anggenipun matur amargi katrangan ingkang dipuntampi dereng cetha. *Id* ndadosaken Astarini ajrih anggenipun nglapuraken saengga *blekak-blekuk* anggenipun matur.

Paraga sanesipun inggih menika Wati ugi dipuncariyosaken ngraos ajrih utawi boten wantun rikala badhe ndangu menapa ingkang dados penggalihipun mitranipun, Astarini. Raos ajrih paraga Wati ketingal saking pethikan menika.

> *Wati njoba ngerti apa kang dadi uneg2ing atine sumitrane. Apa keduwung marga nulak tresnane letnan Suradja? Apa kelingan dek djaman isih botjah? Nanging Wati ora wani nakokake. (Kenja Ing Palagan: 7).*

Wati ingkang mangertos polatanipun mitranipun namung saged ndakwa ing manah. Wati nyobi mangertos menapa ingkang dados ganjelan manahipun Astarini, mitranipun. Sinaosa mangertos kados pundi polatanipun Astarini, nanging Wati boten wantun nakeaken dhateng mitranipun(Astarini). *Id* ndadosaken Wati ngraos ajrih utawi boten wantun nakeaken perkawis ingkang dados penggalihipun mitranipun. Raos ajrih ingkang dipunraosaken Wati dipunsebataken kanthi cetha wonten ing cariyos.

Raos sedhih ingkang dipunalami Wati ugi ketingal minangka ngadhepi Astarini ingkang nyepeng glathi kados saking pethikan menika.

> *Kanti sabar Tari mangsuli: Adja salah tompa Wati. Aku wis tjukup diwasa ngadepi urip. Bapak ibu swargi wis mulang aku menawa nganjut tuwuh mono dudu dalan kang prajoga kanggo nggajuh kaswargan. Malah suwalike, nganjut tuwuh iku sawidjining tindak kang ora dibenerake. Nraka begjane.*
> *Nanging, glati kuwi? Pitakone Wati isih kurang pratjaja. Raine putjet banget, gemeter kaja gendera. Tangane kumlawe, nanging dipalangi dening Astarini. (Kenja Ing Palagan: 12).*

Astarini nyobi mangsuli pitakenanipun Wati kanthi sabar bilih piyambakipun boten badhe tumindak awon dhateng awakipun amargi taksih kemutan dhawuhipun rama saha ibunipun. Sinaosa makaten, Wati ingkang ningali Astarini nyepeng glathi kanthi kenceng damel Wati ngraos kirang pitados. Rainipun Wati ketingal pucet sanget saha badanipun gemeter kados gendera nedahaken bilih piyambakipun ngraos ajrih mangertos tumindakipun Tari nyepeng glathi. *Id* ndadosaken Wati ngraos ajrih nalika ningali Astarini nyepeng glathi kanthi kenceng.

**e. Kuwatos**

Tembung kuwatos tegesipun inggih menika *sumelang utawa wedi (dening nggagas kacilakan kang bakal teka)* (Poerwadarminta, 1939: 241). Dados kuwatos inggih menika raos ajrih amargi menggalih kacilakan ingkang badhe kadadosan. Wonten pethikan ing ngandhap menika ngetingalaken raos kuwatos paraga Astarini.

> *Keprije mbak wangsulanmu? Ah, mesti saguh ya? Aduh, suk nek wis aman, aku daksowan. Pije mbak, pije?*
> *Bijasa Wati, bijasa kaja wangsulan2 ing djaman revolusi.*
> *Bijasa keprije?*
> *Aku prasadja wae Wati. Urip kita iki mung tansah di-ontjit2 ing putjuking pelor. Apa ta tegese kasaguhan jen upamane sesuk ragaku wis mabrut2? Rak mung tiwas ndjedjuwing panggalihe mas Radja?(Kenja Ing Palagan: 6-7).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih paraga Astarini saweg dipuntakeni dening Wati ngengingi wangsulanipun dhateng mas Suraja. Astarini mangsuli bilih piyambakipun namung prasaja kemawon. Astarini ngandharaken bilih wonten ing jaman perang menika gesangipun tansah boten tentrem. Bab menika damel Astarini menggalih bilih kasaguhan menika boten wonten maknanipun menawi awakipun sampun risak, malah ngrusak penggalihipun mas Raja. *Id* ndadosaken Astarini kuwatos ing samangke damel mas Raja rusak penggalihipun. Astarini ugi gadhah pamanggih bilih wonten ing jaman perang menika teori kalah kaliyan granat menapa metraljur kados wonten ing pethikan menika.

> *Ngendikamu kuwi bener mbak Tari. Nanging dakkira, urip mono ija kudu duwe rantjangan. Ora kok mung awur2an wae.*
> *Bener, kandamu. Nanging ing djaman revolusi ngene, pikiran ora bakal paju teorine. Kalah karo granat apa metraljur. (Kenja Ing Palagan:7).*

Saking pethikan menika ketingal bilih Wati sarujuk kaliyan pamanggihipun Astarini ngengingi jaman perang ingkang boten pesthi. Wati ngandharaken pamanggihipun ugi bilih gesang menika boten saged namung awur-awuran nanging kedah gadhah cak-cakan utawi rantaman. Astarini ugi sarujuk kaliyan pamanggihipun Wati, nanging miturut pamanggihipun Astarini, wonten ing jaman perang menika teori kalah kaliyan granat menapa metraljur. Teori ingkang dipundamel menika boten badhe kalajengaken menawi kedah ngadhepi granat ingkang sawekdal-wekdal ngincim gesangipun. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kuwatos saengga gadhah pamanggih bilih wonten ing jaman perang menika teori kalah kaliyan granat menapa metraljur.

Raos kuwatos paraga Astarini saged dipunmangertosi saking pamanggihipun paraga sanes kados wonten ing pethikan menika.

> *Mbok menawa kahanan kang nrenjuhake iku djeng Rien. Kang ndjalari pandjenengan dadi pesimisme ngadepi revolusi iki. Mengkono uga anggon pandjenengan ngadepi tresna.(Kenja Ing Palagan:* 10).

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih wonten paraga sanes ingkang ngandharaken bilih paraga Astarini menika ngraos pesimis anggenipun ngadhepi revolusi kaliyan tresna. Astarini pesimis ngadhepi revolusi kaliyan tresna jalaran wonten kawontenan ingkang nrenyuhaken saengga Astarini kuwatos lan damel pesimis anggenipun ngadhepi revolusi kaliyan tresna. *Id* ndadosaken Astarini rumaos kuwatos bab kawontenan ingkang nrenyuhaken menika saengga paraga sanes nyebataken piyambakipun pesimis ngadhepi revolusi kaliyan tresna.

Raos kuwatos ugi ketingal nalika Astarini mangertos Wati boten tindak ningali tontonan kaliyan kanca-kancanipun kados wonten ing pethikan menika.

> *Gamelan sing ditabuh keprungu ngrangin. Kala2 keprungu swarane botjah lanang, undang2 kantja2ne diadjak nonton. Bandjur adoh banget kana, swarane mortar gumlegar.*
> *Kowe ora mangkat Wati?*
> *Wati ora mangsuli. Mung njawang kanti kebak rasa.*
> *Mangkata ta. Aku dak tunggu omah.*
> *Ora mbak. Jen kepareng aku kepengin ngantjani pandjenengan. (Kenja Ing Palagan: 15).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi ing dalu menika wonten tontonan lan saged dipunmirengaken swaraning lare jaler saha estri sami nimbali kancanipun dipunajak nonton. Astarini ingkang boten tindak nonton mangertos mitranipun ugi boten tindak lajeng ndangu Wati kaliyan ngaken tindak nonton tanpa Astarini. Nanging wati boten kersa amargi kepengin ngancani Astarini. *Id* Astarini ndadosaken piyambakipun ngraos kuwatos dhateng Wati saengga ndangu saha ngaken Wati supados nonton.

Astarini ugi ngetingalaken raos kuwatos nalika dipundangu dening sersan Parta kados wonten ing pethikan menika.

> *Sersan Parta mesem. Pantjen wis nduga sadurunge. Nanging kosok balen karo sing disandang Astarini.*
> *Sing tjeta wae aku kepengin mligi berdjuwang. Kanggo ing wektune iki, tresna dakanggep ratjun kang mutawatiri. Salah2 aku bakal gagal anggonku nerusake perdjuwangane kang wis pada sumare. (Kenja Ing Palagan: 20).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini saweg matur dhateng sersan Parta bilih piyambakipun ngersakaken mligi berjuwang. Astarini ugi matur wonten ing wekdal menika boten badhe menggalih bab tresna amargi kuwatos boten saged nerasaken perjuwanganipun para pejuang ingkang sampun sumare. Id ndadosaken Astarini ngraos kuwatos boten saged nerasaken perjuwangan menawi menggalih bab tresna.

Paraga Astarini ketingal ngraos kuwatos nalika kepanggih kaliyan Letnan Suraja, wonten ing pethikan menika.

> *Astarini ora mangsuli. Mung njedak alon2. Mripate mung tansah mandeng wae sarta lambene sing semu mesem iku sadjak ngenteni wangsulaning paminta.*
> *Dadane letnan Suradja gumeter. Apa bener iku djeng Astarini? Mengko gek bangsaning lelembut.*
> *Djeng Tari? Ana apa?*
> *Bareng wis tjedak Astarini tjelatu serak : Mas.*
> *Ija, aku letnan Suradja.*
> *Aku kepengin matur sitik mas. Nanging dakdjaluk kanti ati kang bening, adoh saka rasa panjakrabawa. (Kenja Ing Palagan: 28).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini saweg kepanggih kaliyan Letnan Suraja. Astarini dipuncariyosaken nyaketi Letnan Suraja kanthi alon sasampunipun dipundangu dening Letnan Suraja ngengingi dhatengipun Astarini. Mireng pitakenanipun Letnan Suraja salajengipun Astarini nembe matur bilih piyambakipun badhe matur sakedhik dhateng Letnan Suraja. Astarini ketingal kuwatos saking ukara "*Nanging dakdjaluk kanti ati kang bening, adoh saka rasa panjakrabawa.".* Saking ukara menika ngetingalaken bilih Astarini ngraos kuwatos mbok menawi aturipun dipunpenggalih ingkang seje dening Letnan Suraja. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kuwatos awit saking tumanggaping Letnan Suraja mbok menawi dpunpenggalih kanthi seje. Salajengipun Astarini matur dhateng Letnan Suraja. Raos kuwatos paraga Astarini dipunsebataken wonten ing pethikan menika.

> *Aku arep matur mungguh sijasat kang kita tindakake iki. Aku arep matur, instruksi sing pandjenengan dhawuhake iku apa ja wis pandjenengan pikir kanti tenan?*
> *Aku ora ngreti karepmu djeng.*
> *Aku kuwatir menawa dawuh mau mung kadereng saka ati kang kagelan. (Kenja Ing Palagan: 29).*

Saking pethikan menika dipuncariyosaken bilih Astarini matur ngengingi dhawuhipun Letnan Suraja ingkang boten patosa trep kaliyan kawontenanipun para prajurit gerilya. Dhawuhipun Letnan Suraja menika ketingal boten sae kangge para prajurit gerilya ingkang kemampuan saha senjatanipun kalah saking Londa. Astarini nyuwun supados Letnan Suraja menggalih malih ngengingi dhawuhipun. Wonten ing pethikan menika dipunsebataken bilih Astarini rumaos kuwatos bilih dhawuhipun Letnan Suraja awit saking manah ingkang kagelan. *Id* ndadosaken Astarini kuwatos ngengingi dhawuhipun Letnan Suraja. Panyuwunanipun Astarini boten dipunturuti dening Letnan Suraja saengga damel Astarini sangsaya kuwatos kados ketingal saking pethikan menika.

> *Wis, djeng. Pokok2e, kabeh iki kuwadjibanku. Pandjenengan ora preduli menggalih mateng bab iki.*
> *Aku kudu mreduli bab iki uga mas, wangsulane Astarini tjepet, tjoba digalih. Gerilja kuwi wanine mung jen dong peteng. Marga sendjata kang tjumpen lan keahlian perang sing kurang. Nanging jagene mas Radja bakal mapagake serangane Londa ing gagat raina? (Kenja Ing Palagan: 29).*

Astarini ingkang sampun dipuntampik pamanggih saha panyuwunanipun lajeng negesaken bilih piyambakipun kedah mreduli ngengingi nasibipun para geriya ingkang kedah nglajengaken dhawuhipun Letnan Suraja. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kuwatos amargi Letnan Suraja boten kersa menggalih malih dhawuhipun. Sinaosa Astarini sampun mangertos bilih Letnan suraja boten kersa nuruti panyuwunanipun, nanging Astarini tetep ngupiyakaken kanthi nedahaken pamanggihipun. Pethikan menika ngetingalaken menapa ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Bener. Kandane Astarini bener kabeh. Nanging letnan Suradja emoh nggugu kandane wong wedok. Mulane meneng wae.*

*Dakbatjutake aturku, mas. Mas Radja uga pirsa menawa aku iki PMI. Babar pisan aku ora wegah menawa mblebedi tatune sedulur2 gerilja. Nanging apa ora eman2 jen anak buah pandjenengan sing pilih tanding mati konjol? Mongka obat-obatan saiki longka ngene. (Kenja Ing Palagan: 29-30).*

Saking pethikan menika ketingal bilih Astarini taksih ngupiyakaken supados Letnan suraja saged ngewahi dhawuhipun. Astarini ugi ngandharaken bilih piyambakipun namung mesakaken dhateng para prajurit saha kuwatos mbok menawi dhawuhipun Letnan Suraja menika damel para prajurit namung seda tanpa guna. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kuwato bilih para prajurit badhe sami seda tanpa guna amargi nglajengaken dhawuhipun Letnan Suraja.

Raos kuwatos ugi dipunraosaken dening paraga Astarini nalika nyamar dados Julia lan mangertos kawontenanipun Kapten Junan, ketingal saking pethikan menika.

*Bijen dek djaman Djepang, aku dipropagandani dikon dadi heiho. Djare demi kemenangan rakjat Asia Timur Raya. Rakjat kang dijdjadjah. Nanging keprije wusanane? Tekan Birma Djepang kalah. Aku terlantar ana kana. Ke-raja2 olehku berusaha bali. Tekan Singapur ditjandak dening Londa. Djare aku diadjak ngadepi Djepang kang murang tata iku. Nanging keprije njatane? Tibake aku mungsuh karo mitraku dewe. Malah sing kari iki, o, konda ngono mau karo tangane loro pisan kanggo ndjagragi sirahe.*
*Ana apa mas Junan? Pandjenengan sedih? (Kenja Ing Palagan: 40).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Kapten Junan nyariyosaken kawontenanipun wiwit dipunpropaganda dening Jepang dumugi sakmenika saged dados prajurit Londa. Astarini ingkang mangertos kawontenanipun Kapten Junan sasampunipun mireng cariyosipun lajeng rumaos kuwatos. Astarini lajeng ndangu Kapten Junan kenging menapa nyepengi sirahipun. *Id* ndadosaken Astarini rumaos kuwatos mangertos kawontenan Kapten Junan ingkang mesakaken. Salajengipun, Astarini ugi ketingal ngraos kuwatos nalika Kapten Junan cariyos

malih kanthi ngetingalaken raos sedhih. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Ngene djeng Jul. kira2 limolas dina kepungkur, aku oleh tugas nggropjok markas gerilja sing mapan ana ing sikiling gumuk sisih kidul wetan kuwi. O, aku mongkog banget marang kasudibjane pradjurit gerilja. Nanging senadjan keprijea kae, deweke kepeksa kalah. Akeh banget sing pada kepikut. Lan ing antarane sing dadi bandan kuwi, ah, .... Olehe ngomong ora diterusake.*
> *Julia njoba ngrimuk krana njekeli baune. Alon banget, krasa jen tresnane tulus.*
> *Mas, apa mas sing nggoda penggalihmu? (Kenja Ing Palagan: 42).*

Saking pethikan menika, Kapten Junan ingkang nyariyosaken babagan kanca alitipun ingkang kapikut dening piyambakipun lajeng ketingal sedhih sanget. Astarini ingkang mirengaken dados ngraos kuwatos lan ndangu menapa ingkang sampun nggodha penggalihipun Kapten Junan. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kuwatos kaliyan penggalihipun Kapten Junan.

Raos kuwatos ugi ketingal nalika Astarini saweg tindak badhe wangsul dhateng markasipun. Pethikan menika ngetingalaken raosipun paraga Astarini.

> *Sersan Parta ana?*
> *Ana jake. Isih ngorok mau.*
> *Wanita Srikandi sing njata djeneng Astarini kuwi merusake lakune. Daja2 kepengin weruh sersan Parta, daja2 kepenging weruh letnan Suradja. O, apa isih bagas kuwarasan? Apa kuru aking? (Kenja Ing Palagan: 51).*

Astarini ingkang sampun dangu tindak nilar markas lajeng enggal-enggal kepengin kepanggih Sersan Parta kaliyan Letnan Suraja. Astarini sampun kepengin mangertos kados pundi kawontenanipu Sersan Parta saha Letnan Suraja. Astarini dipunandharaken kuwatos sanget dhateng kawontenanipun kalih priya menika kanthi nginten menapa sami bagas kuwarasan menapa kuru aking. *Id* ndadosaken piyambakipun kuwatos ngengingi kawontenanipun Sersan Parta kaliyan Letnan Suraja. Sasampunipun kepanggih Sersan Parta ingkang adhem

kemawon tumanggapipun ndadosaken Astarini kuwatos lajeng ndangu ngengingi Letnan Suraja.

> *Mulane praene Astarini dadi saja bureng, Atine dadi ngiwa nengen.*
> *Ana apa mas? Dene katon adem wae. Apa letnan Suradja durung rawuh? (Kenja Ing Palagan: 51).*

Astarini dipunsebataken bilih praenanipun saja bureng ingkang nedahaken bilih Astarini menika saweg bingung mangertos kawontenan ingkang tebih saking pangintenanipun. Astarini ugi dados kuwatos lajeng nyuwun pirsa dhateng Sersan Parta menapa Letnan Suraja dereng rawuh. *Id* ndadosaken Astarini rumaos kuwatos amargi mangertos kawontenan ingkang boten limrah saha dereng rawuhipun Letnan Suraja.

Wati minangka paraga wanita sanesipun wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* ugi ngraosaken kuwatos. pethikan menika ngetingalaken raos kuwatos saking paraga Wati.

> *Mbak Tari kok katon suntrut ta mbak? Nek sajah kok kajane ora, wong ndina2 pantjen gawejane mung mblebedi tatu. Dadi upomoa kesel rak ja wis bijen2.(Kenja Ing Palagan:* 5).

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini ingkang saweg ketingal suntrut ndadosaken Wati ngraos kuwatos. Mangertos kawontenanipun Astarini ingkang suntrut menika damel Wati ndangu Astarini ngengingi bab ingkang damel piyambakipun suntrut. *Id* ndadosaken Wati ngraos kuwatos amargi mangertos kawontenan mitranipun(Astarini) ingkang ketingal suntrut.

Raos kuwatos paraga Wati ugi ketingal saking pethikan menika.

> *Rikala Wati wis rampung olehe menganggo, Tari isih kungkum ana ing kedung. Mripate manter njawang wewajangane kang ana ngarepe. Wewajangan kang sulistya ngemba hapsari. Wati njoba ngerti apa kang dadi uneg2ing atine sumitrane. Apa keduwung marga nulak tresnane letnan*

> *Suradja? Apa kelingan dek djaman isih botjah? Nanging Wati ora wani nakokake. (Kenja Ing Palagan: 7).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih sasampunipun pungkas anggenipun ngagem ageman Wati ningali mitranipun, Astarini. Wati ningali Astarini ingkang saweg kungkum wonten ing kedung kaliyan nyobi mangertos menapa ingkang saweg dipunpenggalih dening Astarini. Wati ngraos kuwatos menapa Astarini saweg menggalih ngengingi mas suraja menapa saweg menggalih jaman alitipun. *Id* ndadosaken Wati ngraos kuwatos dhateng Astarini lan nyobi mangertos menapa ingkang dados penggalihipun Astarini.

> *Kowe ora mangkat Wati?*
> *Wati ora mangsuli. Mung njawang kanti kebak rasa.*
> *Mangkata ta. Aku dak tunggu omah.*
> *Ora mbak. Jen kepareng aku kepengin ngantjani pandjenengan.(Kenja Ing Palagan:* 15).
> *Ija ki, wiwit mau terus wae ngamar. Saiki krubutan.(Kenja Ing Palagan:* 17).

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Wati dipundangu dening Astarini menapa boten kesah ningali tontonan. Wati lajeng mangsuli bilih piyambakipun ngersakaken ngancani Astarini wonten griya kemawon. Wati ingkang mangertos kawontenanipun Astarini nembe dipuntilar donya dhateng kulawarganipun boten sekeca menawi nilar Astarini wonten dalem piyambakan. *Id* ndadosaken Wati ngraos kuwatos menawi kedah nilar Astarini ingkang saweg sedhih piyambakan.

**f. Kaget**

Kaget miturut Poerwadarminta (1939:170) gadhah teges minangka rasaning ati owah dadakan (dening kawontenan ingkang ora dinyana-nyana babar pisan). Dados kaget menika kadadosan amargi wonten kawontenan ingkang boten

dipunnyana saengga damel raosipun manahipun ewah dumadakan. Kaget kalebet *konflik psikis* lan saged ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Mbak Tari! Pambengoke Wati, kaja Letnan Suradja sing lingak-linguk kae. Djenggirat. Tari enggal menjat, bandjur ngetrapake penganggone. (Kenja Ing Palagan: 7).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini ingkang saweg siram lajeng ngraos kaget amargi dhatengipun Letnan suraja ingkang boten dipunnyana. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kaget.

Astarini ugi ngraos kaget nalika Sersan Parta dumadakan sampun wonten kamaripun, kados wonten ing pethikan menika.

> *Sersan Parta alon2 mlebu. Alon2 uga krubute dibijak. Bandjur batuke Astarini didemek. Lumrah wae.*
> *Sapandurat Astarini kanget. Lan bareng tumoleh sarta weruh jen kuwi sersan Parta, atine saja banter getere.*
> *Lagi wae dirasani djroning batin. Teka bandjur ngaton. Kok kaya impen wae. (Kenja Ing Palagan: 17).*

Saking pethikan menika dipunandharaken bilih Sersan Parta kanthi alon-alon mlebet wonten ing kamaripun Astarini. Sersan Parta lajeng bathukipun Astarini dipundemek dening Sersan Parta saengga Astarini kaget. Astarini boten nyana Sersan Parta wonten ing ngajengipun nalika nembe kemawon dipunpenggalih. *Id* ndadosaken Astarini kaget amargi dhatengipun Sersan Parta ingkang boten dipunyana.

Raos kaget sanesipun dipunraosaken Astarini nalika mireng pangandikanipun Karel ketingal saking pethikan menika.

> *Karo mesem ngetje, Karel mangsuli: Sedjatine kang kebangeten iku Republik. Apa diarani jen nata Negara iku gampang? Mongka jen gelem sabar, nompa kamardikan saka Walonda, o, ora bakal nganti ana lelakon geger ngene. Djeng Julia dewe ngrasakake. Sebagai seorang wanita sing*

> *nedeng2e birai, teka kudu urip idjen ke-para2. Urip sing tansah dadi wewajanganing kasangsaran.*
> *Sapandurat Julia kaget. Deweke ija wong Republik. Nanging pungkasane rasa kang pedes mau dipendem djero ana ing dasaring ati. (Kenja Ing Palagan: 37).*

Saking pethikan menika Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia mirengaken pangandikanipun Karel. Karel, mitranipun Kapten Junan ngendika bilih kalampahan geger menika kadadosan amargi kaum Republik menika kebangeten. Kaum Republik boten kersa sabar kaliyan nampi kamardikan saking Walandi. Karel ugi nambahi bilih kalampahan ingkang kados makaten ugi ndadosaken Astarini kedah nglampahi gesang piyambakan saha ngraosaken kasangsaran. Astarini menika ngraos kaget amargi boten nyana Karel badhe ngendika makaten amargi sejatosipun Julia ugi kaum Republik. *Id* ndadosaken Astarini kaget awit pangandikanipun Karel ingkang boten dipunnyana ngengingi kaum Republik.

Raos kaget paraga Astarini ketingal nalika mireng dhawuhipun Sersan Parta bilih Astarini kedah pikantuk ukuman mati. Pethikan menika ngetingalakeng ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Maaf djeng. Revolusi sing ndjalari aku kudu tumindak ngene. Kita wis tjukup suwe omong2an. Saiki aturku, pandjenengan dakaturi gawe lajang2 marang sapa wae sing pandjenengan anggep .....*
> *Apa? Lajang? Lajang apa?*
> *Lajang perpisahan.*
> *Kaja sinamber sima lepat, Astarini kaget dadakan. Ulate bijas. Deweke ngerti apa karepe sersan Parta. Saiki deweke dianggep mata2 Walanda. Deweke wis ditjepaki pelor tembaga pitu tjatjahe, bandjur ngarepe luwangan kubur. O,... semono atine sersan Parta.(Kenja Ing Palagan:* 54).

Sersan Parta ingkang sampun boten kersa mirengaken pamanggihipun Astarini lajeng ngendika bilih Astarini dipunaturi damel layang. Astarini boten nginten

bilih piyambakipun badhe pikantuk ukuman mati. Raos kaget ingkang dipunraosaken paraga Astarini dipunmangertosi saking ukara "*Kaja sinamber sima lepat, Astarini kaget dadakan. Ulate bijas.",* saking ukara menika dipunsebataken kanthi cetha bilih Astarini "kaget dadakan". Astarini ingkang dipunanggep boten nindakaken tugas kados samesthinipun dipunganjar ukuman mati dening sersan Parta. Dhawuhipun Sersan Parta damel Astarini kaget saha boten nginten bilih Sersan Parta saged dhawuh kados makaten tumrap Astarini. *Id* ndadosaken Astarini kaget dadakan nalika mireng dhawuhipun Sersan Parta ngengingi ukuman kangge piyambakipun.

Salajengipun, Astarini ugi ketingal ngraos kaget utawi manahipun ewah dumadakan wonten ing pethikan menika.

> *Weruh tandange pradjurit kang nembe teka iku, Astarini banget kagawokan. Dene semono kasudibjane. Lan bareng deweke njoba ngluru praene, deweke saja kaget. Sakala deweke ndjerit seru. Ora ngreti apa kang arep ditindakake.*
> *Mas Djita! O, mas Rudjita! Keprije dene pandjenengan bisa tekan kene?*
> *Rudjita mung mesem wae karo ngulungake tangane. Astarini nampani kanthi kabungahan kang gede.(Kenja Ing Palagan:* 59).

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini pirsa wonten salah satunggaling prajurit ingkang damel piyambakipun kaget. Prajurit menika Rujita. Rujita inggih menika nate dados priya ingkang dipuntresnani. Astarini boten nginten badhe kepanggih Rujita wonten ing markasipun. Wonten ing pethikan menika dipunsebataken kanthi cetha bilih Astarini kaget mangertos prajurit ingkang dhateng menika. *Id* ndadosaken Astarini kaget dumadakan nalika mangertos bilih prajurit ingkang dhateng menika Rujita.

Paraga sanesipun inggih menika Wati ugi ngraos kaget ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Mbak Tari! Pambengoke Wati bareng weruh jen Astarini njekel glati. (Kenja Ing Palagan:* 12).

Wonten ing cariyos dipunandharaken bilih Wati menika lajeng mbengok kanthi sora nalika mangertos Astarini nyepeng glathi. Wati ingkang mbengok kanthi sora menika nedahaken bilih wati menika kaget mangertos Astarini nyepeng glathi. *Id* ndadosaken Wati kaget mangertos tumindakipun Astarini ingkang nyepeng glathi lajeng mbengok kathi sora. Wati ugi kaget nalika dipunsuwun motong rikmanipun Astarini.

> *… mulane Wati…*
> *Tulung. Rambutku iki brondolana wae. Supaja aku ora dadi rebutan.*
> *Ora mbak. Ora! Aku emoh nindakake, wangsulane tjepet.(Kenja Ing Palagan:* 12).

Wati ingkang kaget dipunsuwun motong rikmanipun Astarini lajeng kathi cepet mangsuli bilih piyambakipun boten kersa. Wangsulan ingkang cepet menika saged minangka tandha bilih Wati kaget dipunsuwun motongaken rikmanipun Astarini. *Id* ndadosaken Wati kaget nalika dipunsuwun motong rikmanipun Astarini saengga mangsuli kanthi cepet.

Raos kaget paraga Wati ketingal saking pethikan menika.

> *Lagi wae dirasani mengkono, ndadak sersan Parta teka mrono. Anggone kula nuwun ora ana kang mangsuli. Mulane terus wae mlebu. Ketemu Wati ana kamar tengah karo matja madjalah tuwa.*
> *Ti, pitakone bareng wis tjedak.*
> *O, mas Parta. Kaget aku, wangsulane.*
> *Djeng Tari gerah apa?*
> *Ija ki, wiwit mau terus wae ngamar. Saiki krubutan.(Kenja Ing Palagan:* 17).

Saking pethikan menika dipunsebataken bilih Wati ngraos kaget nalika mangertos rawuhipun Sersan Parta. Wati ingkang saweg maos majalah wonten ing kamar tengah menika boten mangertos rawuhipun Sersan Parta. Wati lajeng kaget amargi dumadakan Sersan Parta sampun wonten ing caketipun ndangu kawontenanipun Astarini. *Id* ndadosaken Wati kaget amargi rawuhipun Sersan Parta ingkang boten dipunnyana.

**g. Kepeksa**

Kepeksa asalipun saking tembung peksa ingkang tegesipun *pandijat supaya tumindak, kumudu-kudu* (Poerwadarminta, 1939: 483). Dados tembung kepeksa menika saged dipuntegesi nindakaken samubarang ingkang kedah dipuntumindakaken sinaosa sejatosipun boten dipunkajengaken. Paraga Astarini ketingal ngraos kepeksa nalika badhe motong rikmanipun kados ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Dumadakan Astarini ngudar gelungane. Tumlorong mudun, ambjar ketel banget. Wati sing botjah wadon wae ija eram kagawokan. Saka ukele kono ana glati tjilik kumelap, landepe pitung penjukur. Dening Astarini ditjekel kentjeng. (Kenja Ing Palagan: 11).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini ngudhar gelungipun saengga rikmanipun ambyar. Rikmanipun Astarini ingkang ambyar menika damel Wati eram awit saking ketelipun saha panjangipun. Astarini dipuncariyosaken nyepeng glathi ingkang wonten ing ukelipun. Glathi menika landhep sanget. Raos kepeksa menika ketingal saking tumindakipun Astarini ingkang nyepeng glathinipun kanthi kenceng. Astarini ingkang sampun ngrawat rikmanipun limrahipun boten badhe gampil motong rikmanipun piyambak. Nanging, Astarini ngraos bilih amargi kasulistyanipun menika piyambakipun

dados rebutan. Rikmanipun kalebet salah satunggaling kasulistyan saengga damel Astarini kepenging motong rikmanipun supados boten dados rebutan. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kedah motong rikmanipun supados boten sulistya malih. *Ego* ndadosaken Astarini nyepeng glathi ingkang badhe dipunginakakaken motong rikmanipun.

Salajengipun, Astarini ingkang saweg nyepeng glathi damel Wati salah tampi. Astarini lajeng ngandharaken menapa ingkang dipunkersakakaken kados wonten ing pethikan menika.

> *Adja kuwatir, Wati. Rungokna omongku. Dakgagas, ing djaman revolusi iki, kasulistyan mono ora ana paedahe. Kowe ngerti Wati? Kasulistyan kuwi mung malah dadi ratjun kang sumebar ing aurip. Buktine, kowe ngerti dewe. Mas Djita tresna marang aku. Mas Radja seneng aku. Durung dak petung, anak buahe mas Radja sing pada ora wani nglairake. Durung dakkandakake kantja2ku sekolah lija kuta sing ngreti jen aku pinter badminton. Saiki, ing djaman revolusi iki, kasulistyan iku malah nglumpuhake semangat pradjurit. Metjah belah persatuwan. Iki tjengkah banget karo tudjuwan pokok, tudjuwan revolusi, jaiku kanggo karahardjane rakjat Indonesia kabeh. Mulane Wati….*
> *Apa mbak?*
> *Tulung. Rambutku iki brondolana wae. Supaja aku ora dadi rebutan. (Kenja Ing Palagan: 12).*

Saking pethikan menika ngetingalaken bilih paraga Astarini ngandharaken dhateng Wati bilih piyambakipun boten badhe tumindak awon. Astarini ingkang rumaos piyambakipun dados rebutan menika ngersakaken motong rikmanipun. Astarini gadhah pangajeng-ajeng boten dados rebutan malih mawi motong rikmanipun ingkang dados salah satunggaling kasulistyaning piyambakipun. Dados Astarini menika ngraos kepeksa motong rikmanipun kathi ancas supados boten dados rebutan. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kepeksa motong rikmanipun mawi alesan dados rebutan. *Ego* ndadosaken Astarini motong rikmanipun.

Raos kepeksa ugi ketingal nalika Astarini kemutan jaman sesambetan kaliyan kekasihipun jaman sekolah inggih menika Rujita. Raos kepeksa ketingal saking pethikan menika.

> *Bandjur kelingan marang Rudjita, kekasihe duk sekolah bijen. O, djaman semana deweke lagi rumadja putri. Wong tuwane tjukup, apa kang dikarepake klakon. Deweke enggal2 wae nompa tresnane Rudjita. Dasar botjahe kuning bagus, pinter, ndadak putra direktur N. V.*
> *Mung wae kawuningana. Kamardikan ndjaluk pangorbanan kang gede. Nganti kabeh barang darbeke ilang musna. Bali marang pangkone ibu pertiwi. O, apa arep ditangisi kang wis mungkur? (Kenja Ing Palagan: 16).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini kemutan dhateng Rujita, kekasihipun jaman sekolah. Kawontenanipun Rujita saha piyambakipun ingkang ngremenaken nalika saderengipun perang menika kedah dipunkurbanaken sedaya kangge kamardikan. Sedaya ingkang gadhahipun Astarini sampun musna lan boten badhe wangsul sinaosa dipuntangisi. Raos kepeksanipun ketingal saking kawontenan ingkang damel Astarini kedah kelangan sedaya gadhahipun amargi dipunkurbanaken kangge kamardikan. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kepeksa amargi kedah kelangan sedaya ingkang nate dados gadhahipun piyambakipun. *Ego* ndadosaken Astarini kedah nampi sampun kelangan sedaya gadhahipun kangge kurban kamardikan.

Raos kepeksa sanesipun dipunraosaken Astarini nalika nindakaken dhawuhipun Letnan Suraja, ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Sanadjan ing batin ora setudju marang instrukrine letnan Suradja, nanging Astarini ija tetep sijap sijaga ngadepi kemungkinan kang bakal teka. (Kenja Ing Palagan: 31).*

Saking pethikan menika dipunandharaken bilih sinaosa Astarini boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja, nanging Astarini tetep siap siaga ngadhepi

menapa kemawon kadadosan ingkang badhe kalampahan. Raos kepeksa ketingal saking andharan bilih Astarini sejatosipun boten sarujuk nanging tetep siap siaga. Tumindak siap siaga menika ateges tetep nindakaken dhawuhipun Letnan Suraja minangka petugas PMI. *Id* ndadosaken Astarini kepeksa nindakaken dhawuhipun Letnan Suraja. *Ego* ndadosaken Astarini kanthi raos kepeksa tetep siap siaga ngadhepi kadadosan ingkang badhe kalampahan.

Raos kepeksa ugi ketingal nalika paraga Astarini nyamar dados Julia lan mireng pangandikanipun Karel.

> *Sapandurat Julia kaget. Deweke ija wong Republik. Nanging pungkasane rasa kang pedes mau dipendem djero ana ing dasaring ati. (Kenja Ing Palagan: 37).*

Astarini ingkang nyamar dados Julia kedah mirengaken kanthi nahan raos pedhes nalika Karel ngendika ngengingi kaum Republik. Julia ugi rumaos bilih piyambakipun ugi tiyang Republik. Astarini ingkang saweg dados Julia boten saged ngetingalaken raos pedes lan sakit manahipun supados Karel boten cubriya. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kepeksa nahan sakit saha pedhes ing manah. *Ego* ndadosaken Astarini asikep limrah lan boten ngetingalaken piyambakipun tiyang Republik.

Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia ugi ketingal ngraos kepeksa nalika taken dhateng Kapten Junan. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Ah dudu. Mung wae tibake pemimpin gerilja sing kapikut kuwi kantjaku tunggal dolanan dek tjilikanku. Ah…*
> *Sapa mas aasmane?*
> *Ora prelu, dik. Ora prelu. Aku ora kuwawa matur.*
> *Julia repot banget anggone arep minangkani. Nanging atine wis jakin menawa pertempuran sing ditjritakake kuwi ora lija pertempuran dek*

> *ketangkepe letnan Suradja. Saiki mung kari takon wae, ngendi tahanane. (Kenja Ing Palagan: 42).*

Astarini ingkang mireng cariyosipun Kapten Junan menika lajeng pitaken dhateng Kapten Junan ngengingi namanipun pemimpin gerilya ingkang ketangkep. Astarini repot sanget anggenipun ngadhepi Kapten Junan nanging kedah nahan raos kepengin mangertos namanipun pemimping ingkang ketangkep. Astarini sampun yakin bilih cariyosipun Kapten Junan menika ngengingi perang nalika Letnan Suraja ketangkep. Sinaosa repot anggenipun ngadhepi Kapten Junan, Astarini tetep ngupiyakaken pados warta ngengingi papanipun para tahanan. *Id* ndadosaken Astarini kepengin mangertos namanipun pemimpin geriya ingkang ketangkep. *Ego* nahan raos kepenginipun amargi Kapten Junan boten kersa ngendika. Salajengipun, Astarini ingkang kepengin mangertos namanipun pemimpin wau kepeksa boten pitaken malih nanging dipungantos pados warta bab papanipun para tahanan.

Astarini ngraos kepeksa pitados tumrap pangandikanipun Kapten Junan. Pethikan menika ngetingalaken raosipun paraga Astarini.

> *Nanging pungkasane deweke kudu ngandel marang omongan kuwi. Kapten Junan katon resik. Deweke ora mreduli menawa Julia iku sedjatine telik sandi sing njoba golek katrangan. Kapten Junan sing butuh tresna mung butuh wanita kang kena dipasrahi sedih lan kasangsajane. (Kenja Ing Palagan: 45).*

Astarini ingkang sejatosipun taksih mamang utawi bingung lajeng rumaos kedah pitados tumrap pangandikanipun Kapten Junan. Astarini ingkang sejatosipun boten pitados lajeng kedah pitados amargi Kapten Junan ketingal sae. Astarini meksa manahipun supados pitados dhateng Kapten Junan ingkang dipuntingali minangka priya ingkang sae lan namung mbetahaken tresna. *Id*

ndadosaken Astarini mamang awit saking warta ingkang dipuntampi ngengingi papanipun Letnan Suraja. *Ego* ndadosaken Astarini nyobi pitados dhateng pangandikanipun Kapten Junan ingkangketingal resik lan tiyangipun sae manahipun.

Raos kepeksa paraga Astarini ugi ketingal saking pethikan menika ingkang ngandharaken kados pundi piyambakipun nahan raos tresna.

> *Rikala Letnan Suradja ngambali panembunge duk semana, penembung kaja dek diblebet tatune kae, Astarini ora suwala. Klajan sadar deweke nampani tresnane. Dasar ing sa-temen2e wiwit bijen ija mengkono. Mung marga saka tresna wutah darah iku, mulane rasa kang mengkono iku dipendem jero, . . . (Kenja Ing Palagan: 60).*

Astarini mirengaken pangandikanpun Letnan Suraja. Astarini dipunblakani malih dening Letnan Suraja ngengingi raos tresnanipun. Astarini ingkang sejatosipun gadhah raos tresna dhateng Letnan Suraja lajeng mangsuli pandangunipun Letnan Suraja. Astarini sejatosipun nampi tresnanipun Letnan Suraja wiwit jaman rumiyin, nanging amargi kawontenan perang lajeng raos tresna menika dipunpendhem ing manahipun. Saking pathikan menika dipunmangertosi bilih Astarini rumiyin menika kepeksa mendhem raos tresnanipun amargi taksih jaman perang. *Id* ndadosaken Astarini tresna dhateng Letnan Suraja namung dipuntahan. *Ego* ndadosaken Astarini kepaksa nahan raos tresnanipun amargi kawontenan perang ingkang damel gesangipun tiyang menika boten aman.

**h. Kuciwa**

Tembung kuciwa inggih menika *kalah, rada asor (tetimbangane), kurang saka sapantese* (Poerwadarminta, 1939: 240). Tembung kuciwa saged dipuntegesi

minangka raos gela amargi salah satunggaling tumindak. Raos kuciwa ingkang dipunraosaken dening paraga Astarini ketingal saking pethikan menika.

> *…. Mulane Wati….*
> *Apa mbak?*
> *Tulung. Rambutku iki brondolana wae. Supaja aku ora dadi rebutan.*
> *Ora mbak. Ora! Aku emoh nindakake, wangsulane tjepet.*
> *Katranganku wis tjukup, Wati. Aku wis duwe katemtuwan kang gumatok. Nanging jen Wati emoh ewang2 rudatinku, ija ta…(Kenja Ing Palagan: 12-13).*

Astarini ingkang nyuwun dhateng Wati supados mbiyantu niyatipun motong rikmanipun dipuntampik dening Wati. Mireng wangsulanipun Wati ingkang boten kersa mbiyantu motongaken rikmanipun damel Astarini ngraos kuciwa. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kuciwa dhateng wangsulanipun Wati. *Ego* ndadosaken Astarini motong rikmanipun piyambak.

Astarini ugi ketingal ngraos kuciwa nalika mireng pangajakipun Sersan Parta ningali tontonan mangke dalu. Pethikan menika ngetingalaken raos kuciwanipun Astarini.

> *Lagi wae mlebu desa, lakune kepapag dening sersan Parta. Sadjake wis suwe anggone ngenteni.*
> *Slamet sore nona letnan. Pungkasane kita ketemu ana kene.*
> *Slamet sore. Sadjake ana prelu wigati?*
> *Ah, ja ora. Mung menehi weruh menawa mengko bengi botjah2 arep pada nganakake ramen2.*
> *Ramen2 apa?*
> *Bijasa ta, anggere rumongsa aman rak kaja tjah edan, Astarini mesem. (Kenja Ing Palagan: 14).*

Astarini ingkang saweg mlampah kaliyan Wati kepanggih Sersan Parta nalika mlebet desa. Sersan Parta paring warta bilih mangke dalu wonten ramen-ramen utawi tontonan saking para prajurit. Astarini saha Wati dipunaturi ningali. Sersan Parta ugi ngandharaken bilih sampun limrah para prajurit ingkang rumaos

sampun aman lajeng sami kados tiyang edan. Astarini ingkang mesem menika sajakipun namung kangge nanggepi Sersan Parta ingkang ketingal semangat sanget anggenipun cariyos. *Id* ndadosaken Astarini boten nginten para prajurit saged ngawontenaken ramen-ramen rikala perang. *Ego* ndadosaken Astarini meksa mesem kangge ngremenaken manahipun Sersan Parta ugi kangge nutupi raos sedhih manahipun.

Raos kuciwa ugi ketingal nalika Astarini mireng pangandikanipun Sersan Parta ingkang nedahaken bilih para prajurit gerilya sampun boten sabar badhe perang malih. Pethikan menika nedahaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Jen pada slamete, ora nganti seminggu maneh ngobrak-abrik ketjamatan W, maneh.*
> *Kok olehe seneng2e perang kuwi lho. Kaja jagat ki wis arep kiamat. Panjambunge Wati. Deweke kelingan kasangsaran kang disandang dening mitrane.*
> *Sersan Parta mangsuli maneh: Djane mono aku iki ja wis gemang perang kuwi. Nanging Londa kuwi lho, olehe ora idep isin. Wong negara2 sadjagat wis pada ngetjap jen deweke iku aggressor, kok ja isih terus wae olehe ngobrak-abrik Republik.*
> *Astarini mesem ngetje. Ditompa djero dening sersan Parta. (Kenja Ing Palagan: 14).*

Sersan Parta ingkang saweg nyariyosaken bilih boten dangu malih badhe nerasaken perang ngobrak-abrik kecamatan W dipuntanggepi dening Wati kanthi adem. Mireng Wati ingkang ngendika bilih anggenipun sami perang sampun kados badhe kiamat damel Sersan Parta ngandharaken bilih waunipun boten remen nanging dangu-dangu ketagian. Pangandikanipun Sersan Parta dipuntanggepi kanthi mesem ngece dening Astarini. Wonten ing pethikan, Astarini ingkang mesem ngece sasampunipun mireng pangandikanipun Sersan

Parta menika nedahaken raos kuciwa dhateng Sersan Parta. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kuciwa mireng pangandikanipun Sersan Parta ingkang ngakeni ketagihan perang. *Ego* ndadosaken Astarini mesem ngece nanggepi pangandikanipun Sersan Parta.

Raos kuciwa sanesipun ketingal nalika Astarini ngadhepi Letnan Suraja. Raos kuciwa menika ketingal saking pethikan menika.

> *Ah, mas Radja. Ja gene pandjenengan ora kepengin pirsa atiku? Jagene pandjenengan sentiment marang sersan Parta? O, aku rak mung srawung bares ta mas? Kaja srawungku marang pandjenengan. Kaja srawungku marang pradjurit2 lijane? (Kenja Ing Palagan: 31).*

Saking pethikan menika dipunandharaken bilih Astarini ngendika bilih mas Raja utawi Letnan Suraja boten kersa pirsa manahipun Astarini. Astarini ugi ngraos bilih Letnan Suraja sampun *sentiment* dhateng Sersan Parta kaliyan boten nginten bilih Letnan Suraja boten saged ngajeni srawungipun Astarini ingkang bares kaliyan Letnan Suraja sami ugi kaliyan prajurit sanesipun. Sedaya pangadhuhing Astarini menika amargi raos gela saking tumindaking Letnan suraja. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kuciwa mangertos tumindakipun Letnan Suraja. *Ego* ndadosaken Astarini gela lan sambat amargi tumindakipun Letnan Suraja.

Astarini rumaos kuciwa nalika dipunblakani dening Kapten Junan. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Mulane kuwi djeng, sliramu kersoa dakjak urip bebarengan karo aku.*
> *Atine Julia mesem. Dene tjendak temen anggone sesrawungan, teka wis ana pitakon ngono. Apa ta kang ndjalari Junan dadi tresna? Nanging deweke kelingan marang kadadejan2 kang wis mungkur. Deweke kelingan Rudjita. Kelingan Suradja, apa maneh kelingan marang sersan Parta. Saiki ketambahan kapten Junan, bangsane dewe kang dadi begondale Londa. O, jen njawang bleger lan aten2e, teka ora ngutjiwani. Nanging jagene teka*

> *mengkono? Urip memungsuhan karo bangsane dewe (Kenja Ing Palagan: 39).*

Astarini boten nyana bilih Kapten Junan badhe blaka dhateng piyambakipun ngengingi raos manahipun ingkang tresna dhateng Astarini. Kapten Junan panci tiyang ingkang sae, nanging kenging menapa nembe srawung sekedhap kaliyan Astarini sampun wonten penggalih ngajak gesang bebrayan. Pitakenan Kapten Junan menika damel Astarini kemutan dhateng kadadosan ingkang sampun kepengker. Astarini kemutan priya-priya  ingkang tresna dhateng piyambakipun. Nanging Astarini ugi mangertos bilih Kapten Junan menika sejatosipun tiyang Republik ingkang dados prajurit Londa. Kanyatan ngengingi Kapten Junan ingkang dados prajurit Londa menika dame Astarini kuciwa. *Id* ndadosaken Astarini ngakeni bilih Kpaten Junan menika tiyang ingkang sae nanging *Ego* ndadosaken Astarini kuciwa amargi Kapten Junan dados begundalipun Londa.

Astarini ugi ngraos kuciwa dhateng Sersan Parta, kados ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Astarini dadi ndjegreg kaja tugu sinukarta. Mripate kedep tesmak mandeng sersan Parta. Raine malih abang ngatirah, kaja praene batari Durga. Deweke ngreti aten2e sersan Parta. Jagene malik grembjang kaja ngono? Deweke kelingan kedadejan manis wengi sadurunge sersan Parta mangkat nelik kuta W, bijen. Saiki bareng dadi pemimpin, ngina benget marang deweke. O, apa dupeh katresnane ora ditompa? Ah, tresna ing djaman perang. Apa ta kuwi tegese? Astarini mula ija tresna marang deweke. Nanging Astarini wedi banget marang tresna kuwi. Kuwatir jen ora bisa nerusake perdjuwangane. Akeh banget tuladane. Pemuda2 kang laku sedeng mesti kapupu ing paprangan. (Kenja Ing Palagan: 53).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini boten nginten sersan Parta badhe malih ngrembyang manahipun dhateng Astarini. Sedaya kadadosan manis saderengipun Sersan Parta dados pemimpin. Astarini kuciwa dhateng

Sersan Parta sasampunipun dados pemimpin menika polahipun ngina sanget dhateng piyambakipun. *Id* ndadosaken Astarini kuciwa dhateng ewahipun Sersan Parta saderengipun dados peminpin kaliyan sakmenika sampun dados peminpin. Salajengipun, Astarini nyuwun Sersan Parta supados ngendika blaka kemawon.

> *Sersan. Saiki bukak kertu wae. Ora susah nganggo alesan pangkat apa maneh kapradjuritan. Ngene wae. Aku wadon kowe prija. Sebagai manusia bijasa. Sawise aku takon: jagene kowe dadi malik grembjang kaja mengkono? (Kenja Ing Palagan: 53-54).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini kanthi kendel ndangu Sersan Parta bilih polahipun Sersan Parta menika sampun ewah dados malih grembyang kados makaten. Pitakenan Astarini ngengingi polahipun kaliyan ewahipun Sersan Parta meniak negesaken bilih Astarini ngraos kuciwa. *Id* ndadosaken Astarini kuciwa mangertos Sersan Parta dados malih nggrembyang. *Ego* ndadosaken Astarini pitaken dhateng Sersan Parta bab ewahipun.

Astarini langkung kuciwa malih dhateng Sersan Parta nalika mireng pangandikanipun. Pethikan menika nedahaken pangraosipun Astarini.

> *Kaja sinamber sima lepat, Astarini kaget dadakan. Ulate bijas. Deweke ngerti apa karepe sersan Parta. Saiki deweke dianggep mata2 Walanda. Deweke wis ditjepaki pelor tembaga pitu tjatjahe, bandjur ngarepe luwangan kubur. O,… semono atine sersan Parta.*
> *……*
>
> *Sersan, tembunge isih tatag. Dakkakoni lan dakmangerteni menawa ing djaman revolusi akeh banget kadadejan2 sing aneh, sing elok, ora manut tata hokum sing adil. Nanging aku isih duwe gondelan kang luhur, jaiku Allah kang maha welas. Sersan, kadadejan iki dak pasrahake marang pandjenengane. Embuh sapa sing bener lan sapa sing luput. (Kenja Ing Palagan: 54).*

Astarini mireng pangandikanipun Sersan Parta ingkang ndhawuhaken ukuman pejah dhateng piyambakipun. Sersan Parta badhe ngukum Astarini

adhedhasar raos cubriyanipun dhateng Astarini. Sasampunipun mireng pangandikanipun Sersan Parta, Astarini rumaos kuciwa sanget amargi mangertos bilih polahipun Sersan Parta ngetingalaken manahipun ingkang boten sae. Astarini lajeng ngaturaken pamanggihipun dhateng Sersan Parta bilih piyambakipun mangertso katha kadadosan nalika jaman perang ingkang aneh. Nanging, Astarini ugi ngaturaken piyambakipun taksih pitados dhateng Gusti ingkang mangertos pundi ingkang leres menapa dene lepat. *Id* ndadosaken Astarini ngraos kuciwa dhateng Sersan Parta ingkang ndhawuhaken ukum pejah dhateng piyambakipun. *Ego* ndadosaken Astarini ngaturaken pamanggihipun dhateng Sersan Parta bilih wonten Gusti ingkang mangertos sedayanipun.

**i. Nekad**

Tegesipun tembung nekad inggih menika *tumindak ngukuhi panemune dhewe* (Poerwadarminta, 1939: 340). Dados nekad menika tumindak ingkang tansah kekah kaliyan pamanggihipun piyambak. Paraga Astarini ugi tumindak nekad kados ingkang wonten ing pethikan menika.

> *Katranganku wis tjukup, Wati. Aku wis duwe katemtuwan kang gumatok. Nanging jen Wati emoh ewang2 rudatinku, ija ta…*
> *Konda ngono mau karo "kres-kres" ngetoki rambute. Ganas banget kaja mbabati dami. (Kenja Ing Palagan: 13).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih paraga Astarini menika sampun ngandharaken kanthi cekap dhateng Wati. Astarini ngendika bilih piyambakipun sampun gadhah katemtuwan ingkang gumathok. Astarini ingkang ngraos Wati boten kersa mbiyantu niyatipun lajeng motong rikmanipun piyambak kanthi ganas. Tumindak nekad ketingal saking pangandikanipun Astarini ingkang sampun gadhah katemtuwan ingkang gumathok lajeng motong rikmanipun

piyambak. *Id* ndadosaken Astarini tumindak nekad kanthi katemtuwan ingkang sampun gumathok, saged dipuntegesi katemtuwan ingkang kekah. *Ego* ndadosaken Astarini nekad motong rikmanipun amargi sampun gadhah katemtuwan ugi amargi Wati boten kersa mbiyantu.

Raos nekad ugi ketingal nalika Astarini nyamar dados Julia. Bab menika ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Julia ngreti sepira sanggane kapten Junan. Nanging luwih mulja maneh jaiku apa kang dadi tugase, jaiku nggoleki pondoke letnan Suradja. Mulane kanti terus terang deweke takon. Bandjur saiki ana ngendi, mas Junan? (Kenja Ing Palagan: 43).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Julia menika sejatosipun mangertos sepinten sangganipun Kapten Junan. Nanging Astarini ingkang nyamar dados Julia menika ngraos bilih tugasipun madosi papanipun Letnan Suraja langkung wigati. Dados Astarini nekad kanthi blaka nyuwun pirsa dhateng Kapten Junan bab papanipun Letnan Suraja minangka pemimpin gerilya ingkang kapikut. Id ndadosaken Astarini nekad amargi sampun gadhah pamanggih bilih tugasipun langkung wigati tinimbang Kapten Junan. Ego ndadosaken Astarini nekad nyuwun pirsa dhateng Kapten Junan sinaosa mangertos sangganipun Kapten Junan.

Astarini ugi nekad nalika kedah nindakaken tugas saengga kedah tindak piyambakan kados ingkang ketingal wonten pethikan menika.

> *ESUK BANGBANG wetan wajah wong menjang pasar, ana kenja njandang prasadja, ninggal kuta kabupaten K. idjen tanpa kontja, idjen tanpa kanti. (Kenja Ing Palagan: 46).*

Saking pethikan menika dipunandharaken bilih Astarini ingkang nembe nindakaken tugas wonten ing kabupaten K lajeng tindak piyambakan. Astarini

tindak piyambakan wonten ing wayah enjang sanget menika saged ngetingalaken tumindak ingkang nekad. Astarini ingkang sampun gadhah katemtuwan ingkang gumathok nindakaken tugas menika nekad tindak piyambakan amargi kedah wangsul dhateng markasipun saperlu nglapuraken kasilipun nyamar pados warta papanipun Letnan Suraja. *Id* ndadosaken Astarini nekad nindakaken menapa ingkang sampun dipunpenggalih. *Ego* ndadosaken Astarini nekad tindak piyambakan ing wayah enjang sanget.

**j. Duka**

Tembung duka tegesipun nepsu (Poerwadarminta, 1939: 71). Duka inggih menika tumindak srengen utawi anyel dhateng kawontenan ingkang boten dipunremeni. Paraga Astarini ketingal ngraosaken duka nalika mangertos Wati nangis boten mendel-mendel. Bab menika ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Konda ngono mau karo "kres-kres" ngetoki rambute. Ganas banget kaja mbabadi dami. Wati ndjerit seru, ditutupi nganggo tangane kiwa. Wusana Endang Astarini sulistya kang arambut dawa iku, saiki kaja botjah lanang. Gulune malah katon kintjlonge, ngolan-olan kaja gulu Djanaka.*
> *Ajo, Wati, wanita ing djaman merdika kaja ora pantes jen mung tansah ngudang tangis. Meneng ta. Srengengene wis surup galo. (Kenja Ing Palagan: 13).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini motong rikmanipun kanthi ganas kados dene mbabadi dami. Wati ingkang boten tegel lajeng njerit sora sanget lajeng ditutupi ngagem asta kiwa. Sasampunipun rikmanipun dipunpotong, Astarini dados kados lare jaler. Astarini ingkang mangertos Wati taksih nangis lajeng kanthi radi duka nyrengeni wati supados mendel kaliyan ngendika bilih wanita wonten ing jaman perang menika boten pantes ngudang tangis. *Id* ndadosaken Astarini ngraos emosi utawi duka mangertos Wati taksih

nangis kemawon. *Ego* ndadosaken Astarini ngaken Wati mendel kaliyan supados boten tansah ngudang tangis.

Astarini ugi ketingal ngraos duka utawi radi nyrengeni Sersan Parta ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Tenan kok djeng. Nuwun sewu. Kuwi lho, kangungan pandjenengan rikma kok pandjenengan labuh ki bisane pije? Apa…*
> *Ah, adja ndangu bab kuwi mas. Kuwi dawa riwajate. Nanging jen pandjenengan kepengin, luwih betjik dangokna Wati wae. Asal pandjenengan ngendika jen sing ngaturi aku.*
> *Apa ana gandengane karo tresna?*
> *Pandjenengan kok kritis temen ta mas? (Kenja Ing Palagan: 20).*

Ing sawijining dinten, Astarini dipundangu dening Sersan Parta ngengingi rikmanipun. Astarini ingkang ngraos boten remen lajeng ngendika blaka bilih piyambakipun boten kersa ngandharaken kenging menapa rikmanipun dipunpotong. Sersan Parta ingkang taksih kepengin mangertos lajeng ndangu menapa rikmanipun ingkang dipunpotong menika wonten gegayutanipun kaliyan bab tresna. Pitakenan saking Sersan Parta menika lajeng damel Astarini tumindak srengen utawi anyel dhateng Sersan Parta. *Id* ndadosaken Astarini ngraos anyel dhateng Sersan Parta ingkang ndangu bab rikmanipun. *Ego* ndadosaken Astarini nyrengeni Sersan Parta kanthi ndangu kenging menapa Sersan Parta *kritis* sanget. Astarini ngraos emosi utawi duka nalika dipunasoraken dening Sersan Parta. Pethikan menika ngetingalaken raosipun Astarini.

> *Wong kok jen duwe karep sadeg sanjet, ngono gremenge. Bandjur tjelatune marang Timan : Tulung, djeng Tari derekna.*
> *Wis mas, ora usah.*
> *Ja gene?*
> *Aku wis wani dewe.*
> *Ning rak ja kanggo pantese ta djeng? Botjah wadon di …..*
> *Djaman perang lho mas. (Kenja Ing Palagan: 21).*

Sersan Parta saweg mlampah sareng kaliyan Astarini nalika dumadakan dipunampiri Timan ingkang ngaturaken prentah saking Letnan Suraja bilih dipunsuwun ngadhep Letnan Suraja. Saderengipun tindak, Sersan Parta ngaken Timan ngancani mlampah Astarini. Nanging Astarini boten kersa amargi sampun wantun wangsul piyambakan. Sersan Parta ingkang boten sekeca lajeng ngendika bilih sampun limrah menawi tiyang estri menika dipunkancani nalika wangsul ing wayah ndalu. Astarini ingkang rumaos dipunasoraken awit piyambakipun wanita lajeng mangsuli bilih sakmenika jaman perang. *Id* ndadosaken Astarini boten remen dipunasoraken utawi dipunanggep lemah dhateng Sersan Parta. *Ego* ndadosaken Astarini nampik dipunkancani dening Timan lan milih wangsul piyambakan.

Astarini ugi ngraos duka nalika Letnan Suraja boten nampi pamanggihipun.. Pethikan menika ngetingalaken raos dukanipun Astarini.

> *Wis djeng, sepisan maneh aku matur: tjukup. Djeng Tari ora susah sambung.*
> *Aku kudu sambung mas. Jen serangane Londa diawani sitik, arep menjang ngendi playu pandjenengan? Djarak antara pertahanan iki lan sikiling gumuk kae, tjukup adoh. Mongka ora ana papan sing kena kanggo berlindung. Kalen2 tjetek. Padesan2 wit2ane mamring. Kapal mabur bakal enak wae mbrondongi pandjenengan (Kenja Ing Palagan: 29).*
> …..
> *Ora! Kita ora arep ngungsi. Kita dudu bangsane gerilja wedok kaja sersan Parta.*
> *Mas! Wangsulane sora: iki perdjuwangan lho mas. Demi ngrampungake revolusi. Pandjenengan adja njlempitake panjakrabawa ana ing penggalihe pandjenengan. Apa pandjenengan lingsem jen ndjabe instruksi sing wis pandjenengan lairake? (Kenja Ing Palagan: 30).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini saweg ngupiyakaken supados Letnan Suraja ngewahi dhawuhipun. Dhawuhipun Letnan Suraja ngengingi siyasat perang menika dipunraos boten nguntungaken para

prajurit gerilya. Astarini gadhah pamanggih bilih mbebayani sanget kangge para prajurit gerilya menawi kedah ngadhepi Londa ing wekdal gagat rahina. Para prajurit gerilya menika namung badhe kiyat menawi perang katindakaken ing wayah ndalu amargi kawontenan saha kemampuanipun kalah tebih kaliyan Londa. Letnan Suraja ingkang boten kersa kalah pamanggih lajeng tetep boten kersa ngewahi dhawuhipun. Astarini ketingal duka saking caranipun ngendika ingkang sora lan saking sedaya pamanggih ingkang boten sarujuk kaliyan Letnan Suraja. *Id* ndadosaken Astarini ngraos emosi utawi duka amargi boten dipuntampi pamanggihipun dening Letnan Suraja. *Ego* ndadosaken Astarini ngaturaken pamanggihipun ingkang ngetingalaken boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja.

Raos duka ugi dipunraosaken paraga Astarini ingkang dipungodha dening Ripin. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Ripin gregetan, lakune kepara mlaju. Wanita mau ditjandak baune saka mburi. Nanging tjepet2 Ripin dikipatake. Krasa pipine nampa tjap dridji sing mutjuk eri kuwi.*
> *Asem ki. Wong wedok kakejan reka.*
> *Sing dempal ngguju tjekikikan. Djalukanmu Pin. Wong ki nek tjrongoh.*
> *Ripin saja kemropok. Wong wadon mau arep ditjandak maneh. Nanging dumadakan Ripin mundur. Dridji sing mutjuk eri kuwi wis ngliga tjundrik.*
> *Wis, arep apa kowe bung, pitakone wanita mau (Kenja Ing Palagan: 48).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Ripin gadhah niyat awon dhateng Astarini. Ripin badhe tindak durjana kaliyan badhe milara Astarini. Astarini ingkang ngraos dipunganggu menapa malih mangertos Ripin badhe nyerang piyambakipun lajeng nantang Ripin. Astarini ketingal boten remen awit saking polahipun Ripin saengga wantu nantang Ripin kanthi ngedalaken cundrik. *Id* ndadosaken Astarini emsi utawi duka amargi sampun dipunganggu dening

Ripin. *Ego* ndadosaken Astarini nantang Ripin mawi nyepeng cundrik kangge siap-siap nglawan Ripin.

Raos duka ugi dipunraosaken paraga Astarini nalika ngadhepi Sersan Parta ingkan cubriya dhateng piyambakipun. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Kawuningana djeng Tari, pandjenengan kesenengen anggon pandjenengan nglari letnan Suradja, tur ora ana wohe. Karo maneh kawuningana, menawa sapari-polah pandjenengan megsa ora dakpretjaja. Kurir Samija tansah dakkon memanuki.*
> *Sersan! Jagene ora ngandel marang aku? Apa tindak tandukku kang salawase daktindakake iki ora nuduhake jen aku iki wong Republik?*
> *…*
> *Sersan Parta mesem sinis. Ora prelu pamer djeng Tari. Pokoke aku ngreti jen pandjenengan tjinta2an karo kapten Junan. Pandjenengan nganakake hubungan batin karo deweke. Kurir Samija ngreti kabeh mau ana ing hotel "Kusuma". Malah perpisahan pandjenengan mau bengi katon mesra banget. Ngaku ora?*
> *Astarini dadi ndjegreg kaja tugu sinukarta. Mripate kedep tesmak mandeng sersan Parta. Raine malih abang ngatirah, kaja praene batari Durga (Kenja Ing Palagan: 53).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Sersan Parta cubriya dhateng Astarini. Sersan Parta langkung pitados dhateng kurir Samija ingkang ngawasi Astarini nalika nyamar dados Julia. Sersan Parta ngendika bilih Astarini namung seneng-seneng kemawon kaliyan Kapten Junan. Astarini dipucubriya nindakaken sesambetan batin kaliyan Kapten Junan. Mireng pangandikanipun Sersan Parta ingkang kados makaten, Astarini dipunsebataken "*Astarini dadi ndjegreg kaja tugu sinukarta. Mripate kedep tesmak mandeng sersan Parta. Raine malih abang ngatirah, kaja praene batari Durga".* Saking ukara menika dipunmangertosi bilih Astarini lajeng ngraos emosi saha duka awit saking patuduhing Sersan Parta. *Id* ndadosaken Astarini ngraos duka amargi dipuncubriya dening Sersan Parta saha

dipuncubriya gadhah sesambetan kaliyan Kapten Junan. *Ego* ndadosaken Astarini namung njegreg kemawon kanthi praupan ingkang ngetingalaken duka sanget.

Paraga Wati ugi ngraosaken emosi utawi duka ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Jen pada slamete, ora nganti seminggu maneh ngobrak-abrik ketjamatan W, maneh.*
> *Kok olehe seneng2e perang kuwi lho. Kaja jagat ki wis arep kiamat. Panjambunge Wati. Deweke kelingan kasangsaran kang disandang dening mitrane.(Kenja Ing Palagan:* 14).

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih paraga Wati ingkang saweg sedhih amargi mangertos kawontenan mitranipun lajeng boten patosa remen mireng pangandikanipun Sersan Parta. Wati ketingal ngraos emosi utawi duka saking pamanggihipun ingkang nyindir para prajurit ingkang remen perang. *Id* ndadosaken Wati ngraos duka saengga ngaturaken pamanggih ingkang nyindir para prajurit ingkang remen perang.

**k. Keduwung**

Keduwung inggih menika *getun (susah) dening lelakon sing wis kepungkur* (Poerwadarminta, 1939: 200). Keduwung ugi saged dipuntegesi minangka raos getun utawi susah dhateng lelampahan ingkang sampun kepengker utawi sampun kadadosan. Paraga Astarini  ngraos keduwung ingkang ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Bandjur deweke kelingan marang letnan Suradja. Deweke keduwung banget, jagene deweke menehi ati marang deweke? Maune kabeh2 mau mung dianggep demi perdjuwangan. Nanging suwe2 krasa menawa letnan Suradja duwe rasa tresna. Lan… temenan, rasa mau dilairake temenan. Ah, Astarini kepengin berdjuwang. Lepas saka rasa2 kang ngreridu ngono iku. (Kenja Ing Palagan: 16).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih paraga Astarini saweg kemutan kaliyan Letnan Suraja ingkang sampun tresna dhateng piyambakipun. Astarini dipunsebataken ngraos keduwung amargi sampun maringi ati utawi tresna ugi dhateng Letnan Suraja ingkang salajengipun dipunlairaken dhateng Astarini. Raos keduwung menika ngengingi kersanipun Astarini ingkang sejatosipun namung mligi berjuwang kaliyan lepas saking raos tresna. Id ndadosaken Astarini ngraos keduwung mangertos Letnan Suraja ingkang tresna dhateng piyambakipun. Ego ndadosaken Astarini menggalih kenging menapa Letnan Suraja tresna dhateng piyambakipun.

**l. Dora/ goroh**

Dora utawi goroh inggih menika tegesipun *kandha sing ora nyata* (Poerwadarminta, 1939: 160). Tiyang ingkang dora utawi goroh inggih menika tiyang ingkang ngendikanipun boten trep kaliyan kanyatanipun, utawi boten ngendika saleresipun. Astarini ugi tumindak dora/ goroh dhateng Sersan Parta kados wonten ing pethikan menika.

*Mas, tembunge gugup karo menjat.*
*Sersan Parta mantuk : Gerah apa?*
*Ora oleh wangsulan. Astarini ngadeg, karo wangsulan dora: Lungkrah banget aku. Teka djrog bandjur keturon. Sida tindak apa? Ajo!*
*Sersan Parta ngreti apa karepe. Mulane deweke ija mung apik2 ora ngreti. Wekasan wong telu bandjur mangkat. Mlaku alon2. (Kenja Ing Palagan: 17).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini gugup mangertos Sersan Parta. Nalika Sersan Parta ndangu gerahipun Astarini lajeng dipunwangsuli kanthi dora bilih Astarini ngraos boten sekeca awakipun lajeng tilem. sejatosipun Astarini boten ngraos kados ingkang dipunngendikaken kaliyan dereng tilem. Astarini ngendika kados makaten amargi ngraos kaget saha gugup

mangertos Sersan Parta ingkang dumadakan wonten ing ngajengipun. *Id* ndadosaken Astarini gugup lajeng menyat. *Ego* ndadosaken Astarini ngendika dora bab pangraosipun.

Astarini ugi ngendika dora utawi goroh nalika saweg kaliyan Kapten Junan. Bab menika ketingal saking pethikan menika.

> *Ah, aku melu sedih mas Junan. Aku bisa nggambarake, sepira kasedihan pandjenengan, dene mikut mungsuh wae tibake kontja dewe. Ngono tjelatune goroh. (Kenja Ing Palagan: 43).*

Saking pethikan menika dipunandharaken dening panganggit bilih Astarini ngendika goroh dhateng Kapten Junan. Astarini ingkang saweg nangis lajeng dipundangu dening Kapten Junan menapa ingkang damel piyambakipun nangis. Astarini mangsuli bilih piyambakipun nagis amargi menggalih nasibipun kasusahanipun Kapten Junan, nanging sejatosipun boten kados makaten. *Id* ndadosaken Astarini goroh dhateng Kapten Junan.

**m. Gugup**

Gugup tegesipun gragapan (gita) marga ana prakara sing ngeget (Poerwadarminta, 1939: 158). Gugup ugi saged dipuntegesi raos gragapan amargi wonten perkawis ingkang damel kaget lan kedah dipunadhepi. Astarini dipunsebataken ngraos gugup wonten ing pethikan menika.

> *Londa ireng mau bandjur menjat, bandjur kanti urmat deweke nembung lungguh ing sanding. Klajan gugup wanita mau mangsuli : Silakan.*
> *Kenalkan, nama saja Junan. Saudari?*
> *Maneh2 klajan gugup wanita mau mangsuli : Julia(Kenja Ing Palagan: 36).*

Saking pethikan menika, Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia menika dipundhatengi dening Londa cemeng ingkang nyuwun idin lenggah wonten ing jejeripun. Astarini dipungambaraken kanthi gugup nyumanggakaken Londa wau.

Salajengipun Londa wau ndangu namanipun Astarini ingkang dipunwangsuli kanthi gugup ugi dening Astarini. *Id* ndadosaken Astarini ngraos gugup. *Ego* ndadosaken Astarini mangsuli pandangonipun Londa cemeng menika.

**n. Meri**

Meri inggih menika seneng mada(maoni), ora seneng atine dening wong liyane diganjar oleh kabegjan (Poerwadarminta, 1939: 303). Dados meri inggih menika raos remen mada ugi raos boten remen menawi mangertos tiyang sanes nampi kabegjan. Raos meri ugi saged awujud ngersakaken menapa ingkang tiyang sanes raosaken. Paraga Wati gadhah raos meri ingkang tegesipun kepengin ngraosaken nasib sae ingkang dipunraosaken Astarini, ketingal saking pethikan menika.

> *Rupamu. Deweke ngendika temenan marang aku mungguh bab kuwi. Deweke ngendika menawa mbesuk jen wis aman, mas Radja ngadjak aku gelema urip bebarengan.*
> *Keprije mbak wangsulanmu? Ah, mesti saguh ya? Aduh, suk nek wis aman, aku daksowan. Pije mbak, pije?*
> *Bijasa Wati, bijasa kaja wangsulan2 ing djaman revolusi.*
> *Bijasa keprije?(Kenja Ing Palagan:* 6).

Saking pethikan menika ketingal bilih Wati rumaos meri sasampunioun mangertos Astarini Dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun. Wati lajeng kepengin mangertos ugi wangsulanipun Astarini kanthi ndakwa bilih Astarini nampi Letnan Suraja. Wati ugi sampun gadhah rantaman badhe sowan dhateng dalemipun Astarini menawi kawontenan sampun aman. *Id* ndadosaken Wati ngraos meri amargi ngersakaken ugi kados ingkang dipunraosaken Astarini ingkang nembe Dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun.

Paraga Wati ugi gadhah raos meri nalika mangertos Astarini nampi layang kados wonten ing pethikan menika.

> *Lha aku endi? Pitakone aleman.*
> *Kowe?*
> *Ija.*
> *Lha ndjaluk pa pije? Dakkone nggawekake Djana.*
> *Ah, mas Radja ki ngenjek. Masa mas Djana wae sudi karo aku? (Kenja Ing Palagan: 8).*

Saking pethikan menika paraga Wati ndangu dhateng Letnan Suraja ingkang ndugekaken layang dhateng Astarini. Wati ndangu layang kangge piyambakipun. Pitakenanipun Wati ingkang nedahaken ngersakaken layang kados Astarini menika ngetingalaken bilih Wati meri dhateng Astarini. Raos meri ingkang ketingal saking pethikan menika namung meri amargi mitranipun nampi layang nanging piyambakipun boten. *Id* ndadosaken Wati meri amargi boten nampi layang. *Ego* ndadosaken Wati nakekaken dhateng Letnan Suraja ingkang ndugekaken layang kangge Astarini.

**o. Dhendhem**

Dhendhem inggih menika raos endhem-endheman. Raos dhendhem inggih menika endhem-endheman ngengingi raos ngersakaken males tumindakipun tiyang sanes ingkang sampun milara dhateng piyambakipun. Raos dhendhem dipunraosaken paraga Astarini ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Sauntara kuwi wong2 desa tjedake kono pada ngrubung. Maune sing arep dirangsang wanita mau. Nanging klajan widjang wanita mau menehi keterangan, nuduhake merah-putih sing digawa.*
> *Dulur2 aja kesusu ndakwa jen aku mata2. Wong loro sing nggletak kuwi gledahana. Aku pertjaja jen deweke pada nggawa abang putih biru. Utawa paling ora duwit Federal. Karo maneh aku ora duwe karep ala. Aku mung membela diri. (Kenja Ing Palagan: 50).*

Saking pethikan menika ketingal bilih Astarini saweg dipunrubung dening warga desa. Astarini ingkang dipuncuvriya dados mata-mata caos katrangan kaliyan nedahaken bukti merah-putih ingkang dipunbekta. Sasampunipun

nerangaken dhateng warga lajeng Astarini ngendika bilih ingkang dados mata-mata inggih menika tiyang jaler kalih ingkang ngglethak menika(Ripin kaliyan Dhempal). Astarini nglapuraken Ripin kaliyan Dhempal amargi kalih priya menika sampun nyerang piyambakipun kaliyan sampun dados mata-mata. *Id* ndadosaken Astarini ngraos dhendhem kaliyan Ripin saha Dhempal. *Ego* ndadosaken Astarini nglapuraken Ripin saha Dhempal dhateng warga minangka wujud raos dhendhem.

Raos dhendhem ingkang dipunraosaken paraga Astarini sanesipun inggih menika ketingal saking pethikan menika.

> *Ripin lan kantjane mau pantjen dadi mata2 sing dadi buron loron. Kaja asu rebut balung, wong padesan mau ngeret-eret Ripin lan si Dempal. Wanita mau mung mesem, bandjur nerusake lakune. Enak wae lakune, mlumpat2 ing perenging gumuk. Sadjak kaja wis ambah2ane. Lakune ngener markas gerilja sing ana ing lengkeh sidjine, ija markase gerilja sing dipimpin dening Sersan Parta. (Kenja Ing Palagan: 50).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Ripin kaliyan Dhempal ingkang sampun nyerang saha milara Astarini sejatosipun ugi mata-mata Londa. Astarini ingkang nglapuraken dhateng warga namung mesem kemawon mangertos Ripin kaliyan Dhempal dipuneret-eret dening warga masarakat padesan. tumindakipun Astarini menika saged dipunsebat minangka pinwales dhateng Ripin kaliyan Dhempal ingkang sampun nyerang kaliyan milara piyambakipun. *Id* ndadosaken Astarini ngraos dhendhem dhateng Ripin kaliyan Dhempal. Ego ndadosaken Astarini males tumindakipun Ripin kaliyan Dhempal mawi mendel kemawon mangertos Ripin kaliyan Dhempal dipuneret-eret dening warga masarakat padesan.

**p. Eram**

Eram inggih menika gumun. Paraga Wati ngraosaken gumun utawi eram kados ingkang wonten ing pethikan menika.

> *Letnan Suradja mlaku lon2an. Bali lelumpatan ing watu2 gede. Botjah loro pada ngetutake lakune. Lan bareng wis ora katon, Wati mbeda Astari maneh. Wong bregase kaja Gatutkatja ngana kok ditampik. Apa ora mesakake ta mbak? (Kenja Ing Palagan: 9).*

Saking pethikan menika ketingal bilih Wati mirsani awakipun Letnan Suraja ingkang saweg mlumpat wonten ing watu-watu ageng. Wati lajeng muji Letnan Suraja ingkang dipunsamikaken kados Gathutkaca. Wati ugi ndangu Astarini menapa boten mesakaken sampun nampik Letnan Suraja. *Id* ndadosaken Wati ngraos eram utawi gumun dhateng Letnan Suraja. Ego ndadosaken Wati eram kenging menapa Letnan Suraja ingkang beregas kados Gathutkaca dipuntampik dening Astarini.

Raos eram utawi gumun ugi ketingal nalika Wati mirsani rikamnipun Astarini ingkang panjang saha ketel sanget kados wonten ing pethikan menika.

> *Dumadakan Astarini ngudar gelungane. Tumlorong mudun, ambjar ketel banget. Wati sing botjah wadon wae ija eram kagawokan. Saka ukele kono ana glati tjilik kumelap, landepe pitung penjukur. Dening Astarini ditjekel kentjeng. (Kenja Ing Palagan: 11).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini ngudhar gelungipun saengga rikmanipun ingkang panjang kaliyan ketel sanget menika mandhap ambyar. Wonten ing pethikan menika dipunsebataken bilih Wati ingkang lare estri ugi ngraos eram sanget mirsani rikmanipun Astarini. *Id* ndadosaken Wati ngraos eram mirsani rikmanipun Astarini.

Menika kala wau andharan bab konflik psikis ingkang dipunraosaken saha dipunlampahi dening paraga wanita Astarini&Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD. Wonten mapinten-pinten konflik ingkang dipunraosake saha dipunlampahi, antawisipun lungkrah, sedhih, bingung, ajrih, kuwatos, kaget, kepeksa, kuciwa, nekad, duka, keduwung, goroh, gugup, dhendhem, meri, saha eram.

**3. Andharan bab *Faktor* penyebab *konflik psikis* paraga wanita Astarini & Wati ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

Saben perkawis utawi konflik ingkang kadadosan menika wonten penyebabipun. Faktor penyebab utawi bab ingkang ndadosaken perkawis utawi konflik menika saged mapinten-pinten wujudipun. *Faktor penyebab konflik psikis* ingkang dipunraosaken dening paraga ing salebeting novel menika saged amargi gegayutan antawisipun paraga setunggal kaliyan sanesipun, wonten kadadosan-kadadosan antawisipun paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun, boten selarasipun pepenginan kaliyan *pemenuh kebutuhan*, wontenipun *pertentangan Id, Ego, saha Super Ego.*

Wonten ing ngandhap menika ngandharaken bab penyebab *konflik psikis* ingkang dipunraosaken dening paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD. *Faktor penyebab konflik psikis* paraga Astarini inggih menika:

**a. Dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun**

Dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud lungkrah, sedhih, bingung, ajrih, kuwatos, keduwung, kaliyan kepeksa. Dipunblakani dening Letnan Suraja

ngengingi pangraosipun kalebet penyebab konflik psikis ingkang dominan amargi meh sedaya konflik psikis ingkang dipunlampahi dening Astarini menika amargi dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun. Astarini ingkang dados petugas PMI dados ngraos lungkrah manahipun amargi dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun. Saking pethikan menika saged ngetingalaken raos manahipun Astarini ingkang lungkrah.

> *Endang Astarini karo mitrane sidji maneh pada nurut ing galangane pesawahan. Katon olehe sajah, ketara lakune sing pating srejong. Loro2ne pada sungkan omong, tjelatune mung sidji loro, eseme prasasat ora tau kumlebat.*
> *Wis ana jen mung limalas dina wae pasukan gerilja mau ngepos ana kono. Ateges Astarini wis apal karo kali kuwi prelu adus, karo ngguwang lungkrahing ati.*
> *Mbak Tari kok katon suntrut ta mbak? Nek sajah kok kajane ora, wong ndina2 pantjen gawejane mung mblebedi tatu. Dadi upomoa kesel rak ja wis bijen2. (Kenja Ing Palagan: 5).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini kaliyan mitranipun tindak dhateng lepen saperlu siram kaliyan mbucal raos lungkrah ing manahipun. Saengga saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini saweg ngraos lungkrah manahipun. Menapa ingkang dados penyebab lungkrahipun manahipun Astarini panci boten kasebataken wonten ing pethikan menika utawi saderengipun. Nanging sebabipun Astarini mgraos lungkrah dipunsebataken wonten ing pacelathon salajengipun ngengingi pangakenipun Astarini kados makaten: "*Aku kelingan dek mau Wati. Kelingan dek mblebed tatune letnan Suradja.* ". Wangsulanipun Astarini ingkang wonten ing cariyos menika dados sebabipun Astarini ketingal suntrut saha lungkrah manahipun nembe ketingal bilih Astarini nembe kepanggih Letnan Suradja.

Astarini ingkang saweg ngraos suntrut utawi sedhih saha lungkrah manahipun lajeng menggalih pangandikanipun Wati ngengingi piyambakipun kaliyan Letnan Suraja. Astarini ngraos taksih mamang sinaosa mangertos bilih Letnan suraja menika tresna kaliyan piyambakipun. Makaten pethikan ingkang ngetingalaken raosipun Astarini.

> *Tari meneng maneh. Njawang papringan ing pinggir kali. Pada mantuk2 kanginan,kaja ngombjongi omonge Wati. Rak wis bener ta? Ora kleru. Letnan Suradja tresna marang Astarini. Sing sidji gagah Sing sidji kuning. Sing sidji ati wadja, sing sidji sabar. Rak pas kaja Gatut karo Pregiwa? Jagene Tari isih mamang? (Kenja Ing Palagan: 6).*

Astarini saweg kungkum kaliyan mriksani papringan wonten ing pinggiring lepen. Papringan menika ketingal manthuk-manthuk kenging angin, kados ngombyongi pangandikanipun Wati ingkang nyebataken bilih Letnan Suraja kaliyan Astarini menika sampun pas. Nanging Astarini dipuncariyosaken taksih ngraos mamang utawi bingung ngengingi piyambakipun kaliyan Letnan Suraja.

Sanesipun raos bingung ugi dipunandharaken bilih Astarini menika ngraos ajrih amargi sampun dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun. Raos ajrih ingkang dipunraosaken Astarini wonten ing pethikan menika.

> *Dek astane kiwa mas Radja mau dak blebed, astane tengen kanggo njekeli tanganku. Banjur mripate sing tadjemkuwi mandeng aku. Wah, aku bisa matja matane, Wati. Nanging aku wedi banget. Wedi banget.*
> *Jagene pandjenengan wedi mbak? Nek aku sing nglari ngono, o. (Kenja Ing Palagan: 6).*

Saking pethikan menika, Astarini nyariyosaken bilih piyambakipun nembe kemawon mblebed astanipun Letnan Suraja. Nalika mblebed asta kiwanipun Letnan Suraja, asta tengenipun nyepengi Astarini. Salajengipun, kanthi mirsani mripatipun Astarini, Letnan Suraja blaka ngengingi raos tresnanipun dhateng

Astarini ugi ngajak Astarini gesang bebrayan sasampunipun kawontenan aman. Astarini lajeng dipunandharaken piyambakipun ngraos ajrih awit saking pangajakipun Letnan Suraja, anggenipun nyepeng, mirsani saha blaka dhateng Astarini. Raos ajrih menika dipunsebataken kanthi cetha wonten ing cariyos.

Astarini ingkang dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun ugi ngraos kuwatos, kados ingkang ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Keprije mbak wangsulanmu? Ah, mesti saguh ya? Aduh, suk nek wis aman, aku daksowan. Pije mbak, pije?*
> *Bijasa Wati, bijasa kaja wangsulan2 ing djaman revolusi.*
> *Bijasa keprije?*
> *Aku prasadja wae Wati. Urip kita iki mung tansah di-ontjit2 ing putjuking pelor. Apa ta tegese kasaguhan jen upamane sesuk ragaku wis mabrut2? Rak mung tiwas ndjedjuwing panggalihe mas Radja? (Kenja Ing Palagan: 6-7).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini menika ngandharaken dhateng Wati kados pundi wangsulanipun kangge pitakenanipun Letnan Suraja. Astarini ngandharaken bilih wangsulanipun namung prasaja kemawon. Astarini menggalih bilih wonten ing jaman perang menika sinaosa sampun saguh nanging sedaya badhe tanpa guna menawi raganipun sampun risak. Astarini ketingal kuwatos badhe ndadosaken Letnan Suraja risak penggalihipun menawi sampun saguh nanging ing samangke jebulipun raganipun risak.

Salajengipun, Astarini ugi ngraos keduwung amargi sampun dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun. Pethikan menika ngetingalaken raosipun Astarini.

> *Bandjur deweke kelingan marang letnan Suradja. Deweke keduwung banget, jagene deweke menehi ati marang deweke? Maune kabeh2 mau mung dianggep demi perdjuwangan. Nanging suwe2 krasa menawa letnan Suradja duwe rasa tresna. Lan… temenan, rasa mau dilairake temenan.*

> *Ah, Astarini kepengin berdjuwang. Lepas saka rasa2 kang ngreridu ngono iku (Kenja Ing Palagan: 16).*

Raos keduwung dipunsebataken wonten ing pethikan menika kanthi cetha. Sasampunipun dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun, Astarini ngraos keduwung amargi sampun nate males raos manahipun Letnan Suraja ingkang dados salah satunggaling sebab Letnan Suraja blaka dhateng piyambakipun.

Sanesipun, Astarini ugi ngraos kepeksa amargi sampun dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun. Raos kepeksa menika ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Rikala Letnan Suradja ngambali panembunge duk semana, penembung kaja dek diblebet tatune kae, Astarini ora suwala. Klajan sadar deweke nampani tresnane. Dasar ing sa-temen2e wiwit bijen ija mengkono. Mung marga saka tresna wutah darah iku, mulane rasa kang mengkono iku dipendem jero, . . . (Kenja Ing Palagan: 60).*

Raos kepeksa ingkang dipunraosaken dening Astarini menika ketingal saking pethikan ingkang nyebataken "*Dasar ing sa-temen2e wiwit bijen ija mengkono. Mung marga saka tresna wutah darah iku, mulane rasa kang mengkono iku dipendem jero, . . .".* Saking pethikan menika ketingal bilih Astarini kepeksa mendhem raosipun dhateng Letnan Suraja. Raos tresna ingkang dipunraosaken Astarini ketingal dipunpendhem amargi nalika dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun menika kawontenanipun dereng aman. Saengga Astarini saged nampi saha males raos tresnanipun Letnan Suraja sasampunipun dipunblakani malih dening Letnan Suraja. Nalika dipunblakani malih dening Letnan Suraja, kawontenan sampun aman. Saengga kanthi remen Astarini nampi Letnan Suraja.

**b. Dipunsusul dening Letnan Suraja**

Dipunsusul dening Letnan Suraja inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kaget. Astarini ingkang ngaros kaget nalika mangertos dipunsusul dening Letnan Suraja ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Mbak Tari! Pambengoke Wati, kaja Letnan Suradja sing lingak-linguk kae.*
> *Djenggirat. Tari enggal menjat, bandjur ngetrapake penganggone (Kenja Ing Palagan: 7).*

Saking pethikan menika ketingal bilih Astarini ingkang dereng trep panganggenipun lajeng ngraos kaget amargi dhatengipun Letnan Suraja. Wonten ing pethikan saderengipun dipuncariyosaken bilih Astarini saweg siram wonten ing lepen. Letnan Suraja menika nyusul dhateng lepen amargi ndugekaken layang kagem Astarini. Raos kaget menika ketingal saking tembung "*Djenggirat*" ingkang nedahaken raos manah ewah dumadakan utawi kaget.

**c. Rumaos dados rebutan**

Astarini ingkang rumaos inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kepeksa, kuciwa, kaliyan nekad. Astarini ngraos mapinten-pinten konflik psikis amargi rumaos dados rebutan dening para priya inggih menika para prajurit gerilya ingkang ketingal mendhem tresna dhateng piyambakipun. Konflik psikis ingkang dipunraosaken inggih menika ingkang kaping setunggal raos kepeksa. Raos kepeksa ketingal saking pethikan menika.

> *Dumadakan Astarini ngudar gelungane. Tumlorong mudun, ambjar ketel banget. Wati sing botjah wadon wae ija eram kagawokan. Saka ukele kono ana glati tjilik kumelap, landepe pitung penjukur. Dening Astarini ditjekel kentjeng (Kenja Ing Palagan: 11).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini dumadakan ngudhar gelungan rikmanipun. Astarini ugi dipuncariyosaken astanipun nyepengi glathi alit kanthi kenceng. Astarini ingkang nyepeng glathi alit kanthi kenceng menika ngetingalaken wonten raos kepeksa ing manahipun. Astarini ingkang sampun ngrawat tikmanipun ngantos panjang sanget menika boten badhe gampil motong rikmanipun. Dados, tumindakipun Astarini ngudhar gelungan rikmanipun saha nyepeng glathi kanthi kenceng menika ngetingalaken bilih sejatosipun Astarini kepeksa motong rikmanipun.

Pethikan sanesipun ingkang ngetingalaken raos kepeksa amargi rumaos dados rebutan inggih menika.

> *Adja kuwatir, Wati. Rungokna omongku. Dakgagas, ing djaman revolusi iki, kasulistyan mono ora ana paedahe. Kowe ngerti Wati? Kasulistyan kuwi mung malah dadi ratjun kang sumebar ing aurip. Buktine, kowe ngerti dewe. Mas Djita tresna marang aku. Mas Radja seneng aku. Durung dak petung, anak buahe mas Radja sing pada ora wani nglairake. Durung dakkandakake kantja2ku sekolah lija kuta sing ngreti jen aku pinter badminton. Saiki, ing djaman revolusi iki, kasulistyan iku malah nglumpuhake semangat pradjurit. Metjah belah persatuwan. Iki tjengkah banget karo tudjuwan pokok, tudjuwan revolusi, jaiku kanggo karahardjane rakjat Indonesia kabeh. Mulane Wati….*
> *Apa mbak?*
> *Tulung. Rambutku iki brondolana wae. Supaja aku ora dadi rebutan (Kenja Ing Palagan: 12).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini ngendika dhateng Wati ngengingi kasulistyan ingkang dipunanggep boten wonten paedahipun. Astarini ngraos bilih kasulistyanipun namung damel para priya sami remen lan tresna dhateng piyambakipun. Miturut pamanggihipun Astarini, tresna ingkang dipunraosaken dening para priya menika namung badhe nglumpuhaken semangatipun para prajurit kalebet para priya menika. Raos tresna ugi menika ugi

saged mecah belah para prajurit. Awit saking menika Astarini gadhah niyat motong rikmanipun. Astarini ngraos bilih rikmanipun menika dados salah satunggaling kasulistyanipun saengga dados rebutan. Rikma ingkang dados kasulistyanipun badhe dipunpotong supados piyambakipun boten sulistya malih lan boten dados rebutan malih.

Rumaos dados rebutan ugi damel Astarini nekad motong rikmanipun. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Katranganku wis tjukup, Wati. Aku wis duwe katemtuwan kang gumatok. Nanging jen Wati emoh ewang2 rudatinku, ija ta…*
> *Konda ngono mau karo "kres-kres" ngetoki rambute. Ganas banget kaja mbabati dami (Kenja Ing Palagan: 13).*

Astarini nekad motong rikmanipun amargi rumaos dados rebutan para priya kalebet para prajurit. Raos trensa para prajurit dhateng piyambakipun dipunraos nglumpuhaken semangat saha damel pecahing kerukunan wonten ing para prajurit. Saking raos kepeksa damel Astarini menika nekad motong rikmanipun piyambak. Astarini ingkang rumaos dados rebutan menika gadhah niyat motong rikmanipun kanthi nyuwun pambiyantunipun Wati. Wati ingkang boten kersa mbiyantu lajeng damel Astarini nekad motong rikmanipun piyambak.

Salajengipun Astarini ugi ngraos kuciwa amargi rumaos dados rebutan. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Mulane kuwi djeng, sliramu kersoa dakjak urip bebarengan karo aku.*
> *Atine Julia mesem. Dene tjendak temen anggone sesrawungan, teka wis ana pitakon ngono. Apa ta kang ndjalari Junan dadi tresna? Nanging deweke kelingan marang kadadejan2 kang wis mungkur. Deweke kelingan Rudjita. Kelingan Suradja, apa maneh kelingan marang sersan Parta. Saiki ketambahan kapten Junan, bangsane dewe kang dadi begondale Londa. O, jen njawang bleger lan aten2e, teka ora ngutjiwani. Nanging jagene teka mengkono? Urip memungsuhan karo bangsane dewe (Kenja Ing Palagan: 39).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini boten nyana bilih badhe dipunblakani dening Kapten Junan sinaosa nembe mawon tepang. Astarini sangsaya boten mangertos kenging menapa para priya ing caketipun Astarini sami gampil ngraos tresna dhateng piyambakipun. Astarini kemutan kadadosan ing wekdal kepengker inggih menika dhateng priya ingkang tresna dhateng piyambakipun kados ta Rujita, Letnan Suraja, saha Sersan Parta. Sakmenika ketambahan Kapten Junan ingkang tresna dhateng piyambakipun. Astarini sejatosipun boten nampik bilih Kapten Junan menika priyantunipun sae. Sanesipun ngraos kuciwa awit tresna menika namung ketingal gampil kemawon. Astarini ugi dados menggalih lan ketingal kuciwa ngengingi Kapten Junan ingkang dados begundalipun Londa saha dados mungsuh bangsanipun piyambak.

**d. Boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja**

Astarini ingkang boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kuwatos kaliyan kepeksa. Raos kuwatos ing manahipun Astarini ketingal saking pethikan menika.

> *Astarini ora mangsuli. Mung njedak alon2. Mripate mung tansah mandeng wae sarta lambene sing semu mesem iku sadjak ngenteni wangsulaning paminta.*
> *Dadane letnan Suradja gumeter. Apa bener iku djeng Astarini? Mengko gek bangsaning lelembut.*
> *Djeng Tari? Ana apa?*
> *Bareng wis tjedak Astarini tjelatu serak : Mas.*
> *Ija, aku letnan Suradja.*
> *Aku kepengin matur sitik mas. Nanging dakdjaluk kanti ati kang bening, adoh saka rasa panjakrabawa (Kenja Ing Palagan: 28).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini sowan dhateng Letnan Suraja. Wonten ing cariyos menika dipunandharaken bilih Astarini kanthi

alon nyaketi Letnan Suraja sinambi nenggo dipunsumanggakaken dening Letnan Suraja. Salajengipun Astarini matur dhateng Letnan Suraja bilih piyambakipun badhe matur kanthi nyuwun supados Letnan Suraja boten salah tampi. Astarini matur kados makaten amargi kuwatos Letnan suraja badhe slah tampi. Sowanipun Astarini menika badhe ngaturaken pamanggihipun ngengingi dhawuhipun Letnan Suraja. Pethikan menika nedahaken menapa ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Aku arep matur mungguh sijasat kang kita tindakake iki. Aku arep matur, instruksi sing pandjenengan dhawuhake iku apa ja wis pandjenengan pikir kanti tenan?*
> *Aku ora ngreti karepmu djeng.*
> *Aku kuwatir menawa dawuh mau mung kadereng saka ati kang kagelan (Kenja Ing Palagan: 29).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini ngaturaken raos kuwatosipun ngengingi dhawuhipun Letnan Suraja. Astarini nyuwun dhateng Letnan Suraja supados dhawuhipun dipunpenggalih malih. Astarini kuwatos dhawuh menika adhedhasar saking raos manah ingkang kagelan. Letnan Suraja ingkang boten kersa mirengaken pamanggihipun Astarini lajeng ngendika bilih Astarini boten perlu menggalih bab siyasat perang. Astarini ingkang kuwatos dipuntedahaken wonten ing pethikan menika.

> *Wis, djeng. Pokok2e, kabeh iki kuwadjibanku. Pandjenengan ora preduli menggalih mateng bab iki.*
> *Aku kudu mreduli bab iki uga mas, wangsulane Astarini tjepet, tjoba digalih. Gerilja kuwi wanine mung jen dong peteng. Marga sendjata kang tjumpen lan keahlian perang sing kurang. Nanging jagene mas Radja bakal mapagake serangane Londa ing gagat raina? (Kenja Ing Palagan:29).*

Saking pethikan menika Astarini ngaturaken pamanggihipun bilih piyambakipun kuwatos dhawuhipun Letnan Suraja namung badhe damel cilaka para prajurit. Astarini ingkang boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja

lajeng ngandharaken kenging menapa dhawuh menika kedah dipunpenggalih malih.

Salajengipun, raos kuwatos amargi boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Bener. Kandane Astarini bener kabeh. Nanging letnan Suradja emoh nggugu kandane wong wedok. Mulane meneng wae.*
> *Dakbatjutake aturku, mas. Mas Radja uga pirsa menawa aku iki PMI. Babar pisan aku ora wegah menawa mblebedi tatune sedulur2 gerilja. Nanging apa ora eman2 jen anak buah pandjenengan sing pilih tanding mati konjol? Mongka obat-obatan saiki longka ngene (Kenja Ing Palagan: 29-30).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini tetep nglajengaken atur pamanggihipun dhateng Letnan Suraja. Astarini ingkang boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja ngaturaken raos kuwatosipun mbok menawi prajurit gerilya kathah ingkang gugur saha longkanipun obat-obatan.

Sanesipun raos kuwatos, Astarini ugi ngraos kepeksa amargi boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja.

> *Sanadjan ing batin ora setudju marang instrukrine letnan Suradja, nanging Astarini ija tetep sijap sijaga ngadepi kemungkinan kang bakal teka (Kenja Ing Palagan: 31).*

Saking pethikan menika, Astarini ngraos kepeksa amargi kedah nindakaken dhawuhipun Letnan Suraja. Astarini minangka petugas PMR tetep siap ngadhepi kadadosan ingkang badhe kalampahan. Astarini ngraos kepeksa amargi sejatosipun boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja.

**e. Dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja**

Astarini ingkang dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud duka, sedhih, kuciwa, kaliyan bingung. Raos duka ketingal saking pethikan menika.

> *Wis djeng, sepisan maneh aku matur: tjukup. Djeng Tari ora susah sambung.*
> *Aku kudu sambung mas. Jen serangane Londa diawani sitik, arep menjang ngendi playu pandjenengan? Djarak antara pertahanan iki lan sikiling gumuk kae, tjukup adoh. Mongka ora ana papan sing kena kanggo berlindung. Kalen2 tjetek. Padesan2 wit2ane mamring. Kapal mabur bakal enak wae mbrondongi pandjenengan (Kenja Ing Palagan: 29).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini dipunsuwun dening Letnan Suraja supados Astarini boten ngendika malih. Astarini ingkang dipunsuwun kados makaten boten nuruti pangandikanipun Letnan Suraja. Pangandikanipun Letnan Suraja damel Astarini lajeng negasaken piyambakipun kedah nglajengaken aturipun. Aturipun Astarini menika ngetingalaken piyambakipun wiwit emosi utawi duka amargi Letnan Suraja boten kersa nampi pamanggihipun.

Letnan Suraja ingkang boten kersa nampi pamanggihipun Astarini lajeng negasaken bilih dhawuhipun boten badhe dipunewahi. Bab menika damel Astarini ngraos duka. Pethikan menika ngetingalaken raos dukanipun Astarini.

> *Ora! Kita ora arep ngungsi. Kita dudu bangsane gerilja wedok kaja sersan Parta.*
> *Mas! Wangsulane sora: iki perdjuwangan lho mas. Demi ngrampungake revolusi. Pandjenengan adja njlempitake panjakrabawa ana ing penggalihe pandjenengan. Apa pandjenengan lingsem jen ndjabe instruksi sing wis pandjenengan lairake? (Kenja Ing Palagan: 30).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini matur kanthi sora dhateng Letnan Suraja. Sasampunipun mireng pangandikanipun Letnan Suraja, Astarini wiwit ngetingalaken raos dukanipun kanthi wangsulan ingkang sora.

Astarini nedahaken bilih dhawuhipun menika sampun ngantos wonten panyakrabawa. Letnan Suraja boten kenging boten ngewahi dhawuhipun namung adhedhasar raos lingsem.

Sanesipun raos duka, Astarini ugi ngraos sedhih utawi trenyuh amargi pamanggihipun dipuntampik dening Letnan Suraja. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Tanpa guna anggone ngelingake. Mulane alon2 deweke ninggal letnan Suradja. Ing ati trenjuh banget, nggagas korban sesuk esuk sing bakal dikawruhi. Mungsuh wis tanpa kamanungsan. Gamane pepak, ora bakal nampik lawane (Kenja Ing Palagan: 31).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini ngraos anggenipun ngemutaken Letnan Suraja tanpa kasil. Wonten ing pethikan dipunsebataken Astarini ngraos trenyuh sangetutawi ngraos sedhih sanget. Raos sedhih menika amargi sampun dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja. Astarini sangsaya sedhih amargi menggalih korban ingkang badhe gugur ing paprangan benjing enjing.

Astarini ugi ngraos kuciwa amargi pamanggihipun boten dipuntampi dening Letnan Suraja. Pethikan menika ngetingalaken raos kuciwanipun Astarini.

> *Ah, mas Radja. Ja gene pandjenengan ora kepengin pirsa atiku? Jagene pandjenengan sentiment marang sersan Parta? O, aku rak mung srawung bares ta mas? Kaja srawungku marang pandjenengan. Kaja srawungku marang pradjurit2 lijane? (Kenja Ing Palagan: 31).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini ngraos kuciwa. Letnan Suraja ingkang saderengipun ketingal asih dhateng piyambakipun sakmenika boten kersa pirsa manahipun. Astarini rumaos tumindakipun Letnan

Suraja menika amargi *sentiment* kaliyan Sersan Parta. Raos sentiment menika damel Letnan Suraja ugi boten mirengaken pamanggihipun Astarini.

Salajengipun, raos bingung ugi dipunraosaken Astarini amargi dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja. Pethikan menika ngetingalaken raos manahipun Astarini.

> *Ngono sambating atine. Isih terus wae pangaduhe: Ah, jagene aku mbalekakake pandangune mas Radja? Nanging apa bener saupama aku nengenake individu? Apa sing kaja ngono mau dudu sawidjining pangkianatan revolusi? (Kenja Ing Palagan: 31).*

Saking pethikan menika saged dipunmangetosi bilih Astarini saweg sedhih lan bingung. Astarini ngraos sedhih kaliyan bingung amargi sampun dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja. Astarini lajeng menggalih sedaya tumindakipun lan wiwit bingung. Astarini bingung menapa piyambakipun sampun nengenaken individu menapa sampun khianat amargi sampun mangsuli pangandikanipun Letnan Suraja.

**f. Ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja**

Astarini ingkang ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja menika dados penyebab konflik ingkang awujud sedhih, kuwatos, kaliyan goroh. Raos sedhih amargi kuwatos tumrap Letnan Suraja ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Auw, Julia ora bisa ngampah meneh ndjolaning atine. O, kaningaja temen anggonku nglari dene mung semono kawusanane. Letnan Suradja wis ontjat saka tahanan.*
> *Ora dirasa eluhe metu dleweran. O, letnan Suradja wong sing ati wadja. Muga2 kasil olehe ontjat. Peloring mungsuh adja ana kang ngenani (Kenja Ing Palagan: 43).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia ngraos sedhih manahipun. Raos sedhihipun ketingal saking

eluhipun ingkang dleweran utawi Julia saweg nangis. Julia nangis amargi ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja ingkang saweg dipunpadosi papanipun.

Astarini ingkang ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja ndadosaken Astarini tumindak goroh dhateng Kapten Junan. Pethikan menika ngetingalaken tumindak goroh paraga Astarini.

> *Ah, aku melu sedih mas Junan. Aku bisa nggambarake, sepira kasedihan pandjenengan, dene mikut mungsuh wae tibake kontja dewe. Ngono tjelatune goroh (Kenja Ing Palagan: 43).*

Saking pethikan menika, Astarini ngendika ndherek sedhih amargi nggambaraken kasangsaranipun Kapten Junan. Nanging wonten ing pethikan menika dipunsebataken bilih Astarini ngendika goroh dhateng Kapten Junan. Sejatosipun Astarini sedhih amargi ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja lan damel piyambakipun nangis. Astarini lajeng ngendika goroh dhateng Kapten Junan amargi sampun nangis.

Raos kuwatos ugi dipunraosaken Astarini amargi ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Sersan Parta ana?*
> *Ana jake. Isih ngorok mau.*
> *Wanita Srikandi sing njata djeneng Astarini kuwi merusake lakune. Daja2 kepengin weruh sersan Parta, daja2 kepenging weruh letnan Suradja. O, apa isih bagas kuwarasan? Apa kuru aking? (Kenja Ing Palagan: 51).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini ngraos kuwatos tumrap kawontenanipun Letnan Suraja. Astarini ingkang kepengin kepanggih Sersan Parta menika saperlu mangertos kawontenanipun Letnan Suraja. Astarini kepengin mangertos menapa sami sehat menapa boten.

Raos sedhih amargi ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja ugi ketingal saking pethikan menika.

> *Mas Radja! Pambengoke seru kebak pangrasa kang tanpa upama. Enggal wae deweke mlajoni, kepengin ngrangkul bleger kang kukuh kuwi, masrahake sedih lan kabungahane marang deweke.*
> *Nanging durung nganti tekan, ana tangan kang ngalangi. Deweke nganti tiba kelumah. Deweke njerit, bandjur nangis ngungguk (Kenja Ing Palagan: 57).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini ngraos sedhih. Astarini ingkang ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja lajeng saged kepanggih kaliyan Letnan Suraja. Pepanggihan menika ndadosaken Astarini ngraos sedhih saha bagya. Astarini ingkang kepengin enggal-enggal ngrangkul Letnan Suraja dipunalangi dening Sersan Parta. Kawontenan menika ndadosaken Astarini njerit sarta nangis ngguguk.

**g. Kawontenan rikala perang ingkang boten aman**

Kawontenan rikala perang ingkang boten aman inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kuwatos, kepeksa, kaliyan duka. Raos kuwatos amargi kawontenan rikala perang ingkang boten aman dipunraosaken dening paraga Astarini. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken paraga Astarini.

> *Ngendikamu kuwi bener mbak Tari. Nanging dakkira, urip mono ija kudu duwe rantjangan. Ora kok mung awur2an wae.*
> *Bener, kandamu. Nanging ing djaman revolusi ngene, pikiran ora bakal paju teorine. Kalah karo granat apa metraljur (Kenja Ing Palagan: 7).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih paraga Astarini saweg wawan pangandikan kaliyan Wati ngengingi lampahing gesang ing donya. Salajengipun, Astarini ngandharaken bilih sedaya teori bab rantamaning gesang

boten badhe kangge menawi wonten ing jaman perang. Wonten ing jaman perang menika sedaya pangajab, sedaya rantaman kalah kaliyan pelor menapa metraljur. Saking pamanggihipun Astarini menika ketingal bilih piyambakipun kuwatos amargi wonten ing jaman perang menika sedaya rantaman boten badhe kalampahan.

Raos kuwatos sanesipun amargi menggalih kawontenan rikala perang ingkang boten aman ketingal saking pethikan menika.

> *Mbok menawa kahanan kang nrenjuhake iku djeng Rien. Kang ndjalari pandjenengan dadi pesimisme ngadepi revolusi iki. Mengkono uga anggon pandjenengan ngadepi tresna (Kenja Ing Palagan: 10).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini meniak pesimis anggenipun ngadhepi revolusi saha tresna. Pamanggih saking paraga sanes (Rujita) menika nedahaken kanthi cetha bilih Astarini ngraos kuwatos amargi kawontenan rikala perang ingkang boten aman. Astarini boten gadhah kapitadosan ngupiyakaken tresna amargi ngraos kuwatos ngengingi kawontenan rikala perang ingkang boten aman ingkang boten aman.

Sanesipun raos kuwatos, Astarini ugi ngraos emosi/ duka amargi kawontenan rikala perang ingkang boten aman. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Konda ngono mau karo "kres-kres" ngetoki rambute. Ganas banget kaja mbabadi dami. Wati ndjerit seru, ditutupi nganggo tangane kiwa. Wusana Endang Astarini sulistya kang arambut dawa iku, saiki kaja botjah lanang. Gulune malah katon kintjlonge, ngolan-olan kaja gulu Djanaka.*
> *Ajo, Wati, wanita ing djaman merdika kaja ora pantes jen mung tansah ngudang tangis. Meneng ta. Srengengene wis surup galo (Kenja Ing Palagan: 13).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini motong rikmanipun kanthi mantep. Raos emosi/ duka ketingal saking anggenipun motong rikmanipun dipunsebataken kados mbabadi dami. Raos emosi/ duka ugi ketingal saking aturipun dhateng Wati supados mendel anggenipun nangis. Astarini gadhah pamanggih bilih wanita ing jaman merdika boten pantes menawi tansah ngudang tangis.

*Konflik psikis* ingkang dipunlampahi sanesipun inggih awujud raos kepeksa. Pethikan menika ngetingalaken raos kepeksa ing dhirinipun Astarini amargi kawontenan rikala perang ingkang boten aman.

> *Bandjur kelingan marang Rudjita, kekasihe duk sekolah bijen. O, djaman semana deweke lagi rumadja putri. Wong tuwane tjukup, apa kang dikarepake klakon. Deweke enggal2 wae nompa tresnane Rudjita. Dasar botjahe kuning bagus, pinter, ndadak putra direktur N. V.*
> *Mung wae kawuningana. Kamardikan ndjaluk pangorbanan kang gede. Nganti kabeh barang darbeke ilang musna. Bali marang pangkone ibu pertiwi. O, apa arep ditangisi kang wis mungkur? (Kenja Ing Palagan: 16).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini saweg menggalih ngengingi kadadosan ing wekdal kepengker. Piyambakipun kemutan nalika jaman enemipun, kawontenan kulawarganipun ingkang taksih gesang, saha Rujita. Nanging sedaya kedah musna amargi kawontenan perang kamardikan. Astarini kedah nampi sedaya nasib gesangipun sinaosa boten sekesa malih. Astarini kepeksa gesang tebih saking kulawarganipun supados saged gesang.

**h. Wosing layang ingkang nedahaken sedanipun kulawarganipun Astarini**

Wosing layang ingkang nedahaken sedanipun kulawarganipun Astarini inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud sedhih. Raos sedhih ingkang dipunraosaken dening paraga Astarini ketingal saking pethikan menika.

> *Wong bregase kaja Gatutkatja ngana kok ditampik. Apa ora mesakake ta mbak?*
> *Ora oleh wangsulan. Tibake Tari wis mbukak layange. Mripate lera-lere nuruti aksara. Banjur lambene gemeter mintjak-mintjuk. Lan kang pungkasan dewe, layang diremet, banjur ungkeb2. Nangis. Astarini nangis (Kenja Ing Palagan: 9).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih paraga Astarini nampi layang ingkang dipunteraken dening Letnan Suraja. Sasampunipun maos layang menika, dipuncariyosaken Astarini lajeng nangis. Raos sedhih amargi wosing layang menika ketingal saking Astarini ingkang nangis.

Sasampunipun maos layang lajeng Astarini motong rikmanipun. Astarini ingkang saweg sedhih sasampunipun maos layang ugi ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Ajo, Wati, wanita ing djaman merdika kaja ora pantes jen mung tansah ngudang tangis. Meneng ta. Srengengene wis surup galo.*
> *Astarini menjat, banjur mulih gegantjangan. Dietutake dening Wati. Loro2ne pada meneng2an wae. Mung napase sing kala2 seseg, marga tangis sing kala2 metu (Kenja Ing Palagan: 13).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini ngaken Wati mendel anggenipun nangis. Salajengipun, Astarini ngajak Wati wangsul dhateng markas. Raos sedhih ketingal saking andharan bilih kekalihipun sami mendel lan kala-kala napasipun seseg amargi tangisipun. Kekalihipun nangis amargi maos wosing layang ingkang nedahaken sedanipun kulawarganipun Astarini Astarini.

**i. Ngraos piyambakan**

Ngraos piyambakan inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud sedhih. Astarini ingkang sampun dipuntilar donya dening kulawarganipun lajeng ngraos piyambakan. Astarini ingkang ngraos piyambakan menika ndadosaken

ngraos sedhih ing manahipun. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening paraga Astarini.

> *Astarini mapan. Awake ditutupi nganggo djarik masem. Djarik gantung kepuh kang kena disaut duk rikalane ngungsi bijen, ninggal wutah darah Surabaja akibat geger 10 Nopember.*
> *Lemute mbrenginging. Kepengin njesep getihe prawan aju kuwi. Astarini ora maelu. Gagasane mlaju tekan ngendi-endi. Kelingan rama ibu lan kamase kang wis ora ana. O, muga2 tinompoa dening Hyang Agung, kaparingana papan kang semestine (Kenja Ing Palagan: 16).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini saweg mapan wonten ing kamar. Salajengipun, Astarini kemutan kulawarganipun ingkang sampun tilar donya. Astarini ingkang sedhih lajeng ndonga dhumateng ngarsanipun Gusti supados swargi rama, ibu, saha kamasipun dipuntampi lan kaparingan papan ingkang samesthinipun. Astarini ngraos sedhih amargi ngraos piyambakan lan namung saged ndonga dhateng Gusti.

**j. Kedah nindakaken kuwajibanipun**

Astarini ingkang kedah nindakaken kuwajibanipun inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud bingung kaliyan nekad. Raos tanggel jawabipun Astarini minangka kaum Republik saha kelompok gerilya, ndadosaken Astarini kedah nindakaken tugas nglari papan panggenanipun Letnan Suraja. Astarini lajeng nyamar dados Julia lan kasil nyaketi Kapten Junan. Nalika nindakaken kuwajibanipun, Astarini ngraos mamang utawi bingung, ketingal saking pethikan menika.

> *Sapungkure Junan, Julia alias Endang Astarini dadi nelangsa. Rumongsa jen kasuwen anggone nglakokake dom sumuruping banju. Mulane deweke kepengen enggal-enggal bali menjang markas, menehake kabar kang ditompa mau? Deweke isih mamang (Kenja Ing Palagan: 45).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini sampun kasil anggenipun nglari sinaosa wartanipun dereng cetha. Astarini taksih mamang menggaling warta ingkang kasil saking Kapten Junan. Raos mamang utawi bingung dipunsebataken kanthi cetha dening panganggit. Salajengipun, sinaosa taksih mamang utawi bingung, Astarini kedah enggal-enggal wangsul dhateng masrkan amargi kedah nindakaken kuwajibanipun.

Sanesipun raos mamang utawi bingung, Astarini ugi nekad amargi kedah nindakaken kuwajibanipun. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipuntumindakaken Astarini.

> *ESUK BANGBANG wetan wajah wong menjang pasar, ana kenja njandang prasadja, ninggal kuta kabupaten K. idjen tanpa kontja, idjen tanpa kanti (Kenja Ing Palagan: 46).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini nekad mlanpah piyambakan saking Kabupaten K wangsul dhateng markasipun. Wonten ing wayah enjing sanget, wanita ingkang tindak piyambakan saged dipunsebat nekad. Nanging, tumindak nekad mlampah piyambakan menika amargi Astarini kedah nindakaken kuwajibanipun.

**k. Kanyatan ingkang boten jumbuh kaliyan pangajeng-ajeng**

Kanyatan ingkang boten jumbuh kaliyan pangajeng-ajeng inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud sedhih. Raos sedhih paraga Astarini amargi mangertos kanyatan ingkang boten jumbuh kaliyan pangajeng-ajengipun ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Sedina kuwi Astarini mung delog2 wae. Ora ana kang diajak guneman. Kabeh pada sumingkir. Mongka mau esuk daja2 banget anggone arep kepetuk karo mitra-mitra saperdjuwangan lan letnan Suradja. Nanging*

*sidji wae kekarepane mau ora ana kang kapenuhan (Kenja Ing Palagan: 55).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih paraga Astarini namung dhelog-dhelog kemawon. Sedaya ingkang dipunkajengaken boten wonten ingkang saged katurutan. Saking pethikan menika saged dipunsebat bilih Astarini ngraos sedhih amargi kanyatan boten jumbuh kaliyan panagjeng-ajengipun. Bab menika damel Astarini namung dhelog-dhelog.

**l. Dipundangu dening Wati**

Dipundangu dening Wati inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud bingung. Wati ingkang mangertos Astarini ketingal suntrut lajeng ndangu Astarini nyobi ndakwa kenging menapa Astarini ketingal suntrut. Astarini ingkang dipundangu dening Wati lajeng ngraos bingung. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

*Mbak Tari kok katon suntrut ta mbak? Nek sajah kok kajane ora, wong ndina2 pantjen gawejane mung mblebedi tatu. Dadi upomoa kesel rak ja wis bijen2.*
*Astarini mandeng mitrane. Njoba njajagi atine. Teka olehe pratitis temen olehe ndakwa?(Kenja Ing Palagan: 5-6).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Wati saweg ndangu Atarini kenging menapa ketingal suntrut. Wati ugi ndakwa bilih Astarini menika suntrut kadosipun boten amargi padamelanipun. Astarini ingkang mireng pitakenanipun Wati saha sedaya dakwanipun Wati lajeng bingung kenging menapa dakwanipun pratitis sanget. Astarini dipunsebataken "*Njoba njajagi atine"* saged dipuntegesi bilih Astarini saweg bingung.

**m. Dipuntampik panyuwunanipun dening Wati**

Dipuntampik panyuwunanipun dening Wati inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kuciwa. Raos kuciwa paraga Astarini amargi sampun dipuntampik panyuwunanipun dening Wati ketinga wonten ing pethikan menika.

> *…. Mulane Wati….*
> *Apa mbak?*
> *Tulung. Rambutku iki brondolana wae. Supaja aku ora dadi rebutan.*
> *Ora mbak. Ora! Aku emoh nindakake, wangsulane tjepet.*
> *Katranganku wis tjukup, Wati. Aku wis duwe katemtuwan kang gumatok. Nanging jen Wati emoh ewang2 rudatinku, ija ta…(Kenja Ing Palagan: 12-13).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini nyuwun tulung dhateng Wati supados mbiyantu motong rikmanipun. Wati ingkang boten kersa lajeng nampik panyuwunanipun Astarini. Mireng wangsulanipun Wati ingkang nampik panyuwunanipun ndadosaken Astarini ngraos kuciwa manahipun. Bab menika ketingal saking pamanggihipun Astarini bilih piyambakipun sampun gadhah katemtuwan ingkang gumathok nanging Wati boten kersa mbiyantu.

**n. Boten sekeca kaliyan Wati bab ningali ramen-ramen**

Boten sekeca kaliyan Wati bab ningali ramen-ramen inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kuwatos kaliyan duka. Konflik psikis ingkan gdipunraosaken Astarini amargi boten sakeca kaliyan Wati bab ningali ramen-ramen inggih menika raos kuwatos ingkang ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Gamelan sing ditabuh keprungu ngrangin. Kala2 keprungu swarane botjah lanang, undang2 kantja2ne diadjak nonton. Bandjur adoh banget kana, swarane mortar gumlegar.*
> *Kowe ora mangkat Wati?*
> *Wati ora mangsuli. Mung njawang kanti kebak rasa.*
> *Mangkata ta. Aku dak tunggu omah.*
> *Ora mbak. Jen kepareng aku kepengin ngantjani pandjenengan (Kenja Ing Palagan: 15).*

Saking pethikan menika, Astarini ingkang ndangu Wati menapa boten tindak nonton sareng kanca-kancanipun ngetingalaken bilih Astarini ngraos kuwatos. Raos kuwatos menika amargi Astarini boten sekeca kaliyan Wati bab ningali ramen-ramen. Wati ingkang waunipun ketingal kepengin sanget ningali tontonan nanging ing pungkasan milih ngancani Astarini wonten ing griya.

Raos sanesipun amargi boten sekeca kaliyan Wati bab ningali ramen-ramen inggih menika raos emosi/ duka. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Mangkata ta. Aku dak tunggu omah.*
> *Ora mbak. Jen kepareng aku kepengin ngantjani pandjenengan.*
> *Ja wis jen ngono. Ayo turu wae (Kenja Ing Palagan: 15).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini ngaken Wati supados tindak ningali tontonan. Wati ingkang kuwatos dhateng Astarini mangsuli bilih piyambakipun badhe ngancani Astarini kemawon. Astarini ingkang mireng wangsulanipun Wati lajeng kanthi tegas radi emosi ngajak Wati supados tilem kemawon wonten griya. Sejatosipun Astraini namung boten sakeca kaliyan Wati nanging saking pangandikanipun ketingal radi emosi/ duka anggenipun ngajak Wati supados tilem kemawon.

**o. Dipunajak ningali tontonan rikala jaman perang**

Astarini ingkang dipunajak ningali tontonan rikala jaman perang menika dados penyebab konflik psikis ingkang awujud kuciwa kaliyan bingung. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunrosaken dening Astarini.

> *Lagi wae mlebu desa, lakune kepapag dening sersan Parta. Sadjake wis suwe anggone ngenteni.*
> *Slamet sore nona letnan. Pungkasane kita ketemu ana kene.*

> *Slamet sore. Sadjake ana prelu wigati?*
> *Ah, ja ora. Mung menehi weruh menawa mengko bengi botjah2 arep pada nganakake ramen2.*
> *Ramen2 apa?*
> *Bijasa ta, anggere rumongsa aman rak kaja tjah edan, Astarini mesem (Kenja Ing Palagan: 14).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini kepanggih Sersan Parta nalika mlebet desa. Sersan Parta lajeng ngendika bilih ing wayah dalu menika badhe wonten ramen-ramen. Ramen-ramen menika dipunwontenaken nalika para prajurit rumaos bilih kawontenan saweg aman. Astarini ingkang dipunajak ningali ramen-ramen utawi tontonan nalika taksih kawontenan perang menika boten patosa sekeca. Astarini ingkang mesem sasampunipun mireng pangandikanipun Sersan Parta saged amargi ngraos kuciwa lan ugi kangge nutupi kawontenan piyambakipun.

Dipunajak ningali tontonan rikala jaman perang ugi dados penyebab raos bingung wonten ing manahipun Astarini. Pethikan menika ngetingalaken raos bingung ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Astarini lan Wati menggok. Dene sersan Parta bablas. Asrama gerilja ana ing desa sidjine. Ora tjampur karo botjah2 P. M. I.*
> *Ana tengah ndalan Wati ndesuk: tindak ja mbak, mengko?*
> *Kowe kuwi lho, Ti, kok njela2 wae. Ja mengko keprije, menunggu perkembangan  (Kenja Ing Palagan: 15).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini ingkang saweg mlampah dipundangu dening Wati ngengingi menapa badhe tindak ningali ramen-ramen menapa boten. Astarini ingkang mireng pitakenanipun Wati lajeng mangsuli bilih sedaya gumantung kawontenan mangke ndalu. Astarini mangsuli kados makaten saged kalebet ngraos bingung badhe tindak ningali tontonan utawi ramen-ramen menapa boten.

**p. Mireng pangandikanipun Sersan Parta**

Mireng pangandikanipun Sersan Parta inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kuciwa. Astarini ingkang boten remen kaliyan pangandikanipun Sersan Parta ngengingi remenipun prajurit sami perang ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Jen pada slamete, ora nganti seminggu maneh ngobrak-abrik ketjamatan W, maneh.*
> *Kok olehe seneng2e perang kuwi lho. Kaja jagat ki wis arep kiamat. Panjambunge Wati. Deweke kelingan kasangsaran kang disandang dening mitrane.*
> *Sersan Parta mangsuli maneh: Djane mono aku iki ja wis gemang perang kuwi. Nanging Londa kuwi lho, olehe ora idep isin. Wong negara2 sadjagat wis pada ngetjap jen deweke iku aggressor, kok ja isih terus wae olehe ngobrak-abrik Republik.*
> *Astarini mesem ngetje. Ditompa djero dening sersan Parta (Kenja Ing Palagan: 14).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Sersan Parta saweg cariyos dhateng Astarini kaliyan Wati. Sersan Parta ngendika bilih prajurit menika sampun boten sabar badhe nyerang Londa malih. Nalika mireng pangandikanipun Sersan Parta ingkang sejatosipun sampun gamang perang lajeng dipuntanggepi kanthi mesem ngece dening Astarini. Esemipun Astarini ingkang dipunsebataken mesem ngece menika nedahaken bilih sejatosipun Astarini ngraos kuciwa amargi mireng pangandikanipun Sersan Parta.

**q. Dhatengipun Sersan Parta**

Dhatengipun Sersan Parta inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kaget. Astarini ingkang nglampahi konflik psikis awujud kaget, salah satunggaling sebabipun inggih menika amargi dhatengipun Sersan Parta wonten

ing kamaripun Astarini. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Sersan Parta alon2 mlebu. Alon2 uga krubute dibijak. Bandjur batuke Astarini didemek. Lumrah wae.*
> *Sapandurat Astarini kanget. Lan bareng tumoleh sarta weruh jen kuwi sersan Parta, atine saja banter getere.*
> *Lagi wae dirasani djroning batin. Teka bandjur ngaton. Kok kaya impen wae (Kenja Ing Palagan: 17).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini ingkang saweg krubutan lajeng kaget amargi dhatengipun Sersan Parta. Astarini boten nyana menawi Sersan Parta ingkang saweg dipunpenggalih dumadakan sampun wonten ing caketipun. Raos kaget ingkang dipunraosaken Astarini dipunsebataken kanthi cetha wonten ing cariyos.

**r. Dipundangu dening Sersan Parta bab kawontenanipun**

Dipundangu dening Sersan Parta bab kawontenanipun inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud goroh, duka, kaliyan kuwatos. Wonten pinten-pinten konflik psikis ingkang dipunraosaken paraga Astarini nalika dipundangu dening Sersan Parta bab kawontenanipun, ingkang sepisan inggih menika ndadosaken Astarini ngendika goroh. Pethikan menika ngetingalaken Astarini ingkang goroh amargi dipundangu dening Sersan Parta bab kawontenanipun.

> *Mas, tembunge gugup karo menjat.*
> *Sersan Parta mantuk : Gerah apa?*
> *Ora oleh wangsulan. Astarini ngadeg, karo wangsulan dora: Lungkrah banget aku. Teka djrog bandjur keturon. Sida tindak apa? Ajo!*
> *Sersan Parta ngreti apa karepe. Mulane deweke ija mung apik2 ora ngreti. Wekasan wong telu bandjur mangkat. Mlaku alon2 (Kenja Ing Palagan: 17).*

Astarini ingkang saweg mapan kaliyan menggalih kadadosan ingkang nrenyuhaken manahipun dumadakan kaget amargi dhatengipun Sersan Parta.

Nalika Sersan Parta ndangu kawontenan badanipun lajeng Astarini wangsulan dora / goroh amargi kangge nutupi raos kaget manahipun. Astarini tumindak goroh mawi mangsuli awakipun boten sekeca ugi boten kraos sampun tilem sekedap. Wangsulanipun Astarini menika sejatosipun namung dipunkarang lan boten kados kawontenan saestunipun.

Salajengipun, Astarini ugi ngraos emosi/ duka nalika dipundangu dening Sersan Parta bab kawontenanipun. Pethikan menika ngetingalaken raos emosi/ duka paraga Astarini.

> *Tenan kok djeng. Nuwun sewu. Kuwi lho, kangungan pandjenengan rikma kok pandjenengan labuh ki bisane pije? Apa…*
> *Ah, adja ndangu bab kuwi mas. Kuwi dawa riwajate. Nanging jen pandjenengan kepengin, luwih betjik dangokna Wati wae. Asal pandjenengan ngendika jen sing ngaturi aku.*
> *Apa ana gandengane karo tresna?*
> *Pandjenengan kok kritis temen ta mas? (Kenja Ing Palagan: 20).*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilih Astarini dipundangu dening Sersan Parta ngengingi rikmanipun. Astarini ingkang boten kersa ngandharaken kenging menapa rikmanipun dipunpotong lajeng mangsuli bilih menika panjang riwayatipun. Nanging Astarini ugi matur menawi Sersan Parta sanget kepengin mangertos, saged ndangu Wati kemawon mawi ngendika bilih dipunaturi Astarini. Sasampunipun dipunwangsuli, Sersan Parta ndangu malih menapa Astarini motong rikmanipun amargi wonten gayutanipun kaliyan tresna. Pitakenanipun Sersan Parta menika damel manahipun Astarini boten remen lan ngraos emosi/ duka. Raos emosi/ duka saged ketingal saking wangsulanipun Astarini ingkang males ndangu kenging menapa Sersan Parta kritis sanget.

Sanesipun tumindak goroh kaliyan ngraos emosi/ duka, dipundangu dening Sersan Parta ugi damel Astarini ngraos kuwatos. Pethikan menika nggambaraken raos kuwatos paraga Astarini.

> *Sersan Parta mesem. Pantjen wis nduga sadurunge. Nanging kosok balen karo sing disandang Astarini.*
> *Sing tjeta wae aku kepengin mligi berdjuwang. Kanggo ing wektune iki, tresna dakanggep ratjun kang mutawatiri. Salah2 aku bakal gagal anggonku nerusake perdjuwangane kang wis pada sumare (Kenja Ing Palagan: 20).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Sersan Parta mesem sasampunipun mangertos bilih ingkang dipunraosaken Astarini boten kados ingkang dipunyana piyambakipun. Salajengipun, Astarini ngandharaken dhateng Sersan Parta bilih miturut Astarini tresna menika dipunanggep racun ingkang saged damel gagal perjuwangan. Saking andharanipun Astarini menika saged dipunmangertosi bilih Astraini ngraos kuwatos.

**s. Dipunanggep lemah dening Sersan Parta**

Astarini ingkang dipunanggep lemah dening Sersan Parta dados penyebab konflik ingkang awujud kuciwa kaliyan duka. Astarini minangka wanita ingkang ndherek ing satengahing palagan lan ndherek perang sampun temtu boten kersa dipunanggep lemah dening tiyang sanes. Nanging, pamanggihipun tiyang dhateng piyambakipun boten saged dipunlarang utawi dipunatur saengga saged nyebabaken raos konflik psikis ing manahipun. Pethikan menika ngetingalaken raos emosi/ duka amargi dipunanggep lemah dening Sersan Parta.

> *Wong kok jen duwe karep sadeg sanjet, ngono gremenge. Bandjur tjelatune marang Timan : Tulung, djeng Tari derekna.*
> *Wis mas, ora usah.*
> *Ja gene?*
> *Aku wis wani dewe.*

> *Ning rak ja kanggo pantese ta djeng? Botjah wadon di .....*
> *Djaman perang lho mas (Kenja Ing Palagan: 21).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini badhe wangsul dhateng pos PMI sareng kaliyan Sersan Parta. Nanging dumadakan dipunsusul dening Timan ingkang ngaturaken bilih Sersan Parta dipunaturi sowan dhateng Letnan Suraja. Sersan Parta ingkang boten sekeca nilar Astarini kondur piyambakan lajeng ngaken Timan supados ngeteraken dumugi pos PMI. Astarini boten kersa dipunteraken lajeng nampik kersanipun Sersan Parta.

Astarini ingkang mireng pangandikanipun Sersan Parta bilih wanita menika limrahipun boten mlampah piyambakan ing wayah dalu lan limrahipun dipunkancani denign priya. Astarini lajeng mangsuli bilih sakmenika jaman perang. Wangsulanipun Astarini menika nedahaken piyambakipun ngraos emosi amargi dipunanggep lemah dening Sersan Parta. Miturut Astarini, sinaosa piyambakipun wanita nanging boten ajrih utawi lemah saengga saged wangsul piyambak, menapa malih wonten ing jaman perang.

Dipunanggep lemah dening Sersan Parta ugi damel Astarini ngraos kuciwa. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Sersan. Saiki bukak kertu wae. Ora susah nganggo alesan pangkat apa maneh kapradjuritan. Ngene wae. Aku wadon kowe prija. Sebagai manusia bijasa. Sawise aku takon: jagene kowe dadi malik ngrembjang kaja mengkono? (Kenja Ing Palagan: 53-54).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini nyuwun dhateng Sersan Parta supados sami-sami blaka. Astarini nyuwun supados sami-sami matur minangka priya saha wanita tanpa mbekta pangkat utawi keprajuritan. Bab menika ngetingalaken Astarini boten remen dipunanggep lemah. Salajengipun Astarini ndangu kenging menapa Sersan Parta dados malih

ngrembyang kados makaten. Pitakenanipun Astarini menika ngetingalaken bilih piyambakipun boten remen awit ewahipun tumindakipun Sersan Parta dhateng Astarini. Awit saking menika saged dipunsebat bilih astarini ngraos kuciwa amargi sampun dipunanggep lemah dening Sersan Parta.

**t. Tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem**

Tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud bingung, ajrih, kaliyan kuwatos. Astarini ingkang mangertos kados pundi tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem dhateng piyambakipun damel Astarini ngraos bingung, ajrih, saha kuwatos. Raos bingung amargi mangertos tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem ketingal saking pethikan menika.

> *O, wis teka? Wangsulane. Nanging ora enggal2 menjat ngulungake tangane. Malah mbenakake anggone kemul. Tekan kene Astarini wiwit krasa. Deweke kepengin banget ngomongake oleh2e marang sersan Parta. Kepengin tjrita2 olehe wanuh karo kapten Junan kang tibake kantjane sekolah letnan Suradja. Nanging njatane sersan Parta tumanggape adem wae. Ana apa ta? Ah mata2 loro mau kang mati mau, menawa diomongake marang pradjurit2 mendah pada senenge. Nanging jagene pada amem? (Kenja Ing Palagan: 51).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini kepanggih kaliyan Sersan Parta. Nanging tumanggaping Sersan Parta ingkang adhem kemawon damel Astarini ngraos bingung. Sersan Parta boten lajeng ngulungaken astanipun nalika kepanggih Astarini, malah namung ngleresaken kemulipun. Astarini lajeng namung mendel kemawon sinambi nahan raosipun kepengin cariyos sedaya ingkang dipunlampahi dening Astarini. Menapa malih kawontenan wonten ing markas ingkang ketingal amem utawi boten ketingal sumringah kados

saderengipun. Mangertos tumanggaping Sersan Parta ingkang adhem saha kawontenan wonten ing markas menika damel Astarini ngraos bingung.

Raos bingung amargi tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem ugi dipunraosaken Astarini wonten ing pethikan menika.

> *Sersan Parsa mlengos. Njedot tingwe, banjur disebul seru. Buyar ing plangitan.*
> *Ana apa mas? Pitakone maneh.*
> *Sersan Parta jawing sedela. Bandjur bali mlengos. Njawang ing kadohan karo tjelatu.*
> *Kahanan kang kaja ngene iki wis dadi wangsulane.*
> *Apa? Kahanan sepi iki? Tumanggap kang adem marang aku iki? Lha ija mas Parta, aku durung ngerti apa tegese kabeh iki (Kenja Ing Palagan: 52).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini nyuwun pirsa dhateng Sersan Parta. Astarini ingkang bingung mangertos tumanggaping Sersan Parta ndangu wonten menapa lajeng dipunwangsuli bilih kawontenan markas ingkang sepi menika dados wangsulanipun. Tumanggaping Sersan Parta mangsuli kados makaten nambah bingung wonten ing manahipun Astarini. Raos bingung menika ketingal saking aturipun Astarini bilih piyambakipun dereng mangertos menapa tegesipun wangsulanipun Sersan Parta.

Salajengipun, Tumanggaping Sersan Parta ingkang adhem menika sangsaya nambah bingung Astarini. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Sersan Parta mlengos: Kudune djeng Tari wis kagungan wangsulan dewe. Jagene kahanan dadi sepi ngene?*
> *Aku ora ngreti mas. Ora ngreti tenan.*
> *Ah, pura2. Wis, wangsulana, menjang ngendi djeng Tari sadjrone limalas dina iki?*
> *Menjang ngendi? Kok kaja pitakone botjah tjilik ta mas. Aku rak menjang kuta ketjamatan W, lan kuta kabupaten K, prelu nglari letnan Suradja, tjotjok karo dawuhmu? (Kenja Ing Palagan: 52).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Sersan Parta ngendika dhateng Astarini. Miturut Sersan Parta, kedahipun Astarini sampun gadhah wangsulan piyambak ngengingi kawontenan ingkang sepi menika. Sersan Parta ugi menggalih bilih Astarini namung ethok-ethok boten mangertos lajeng ndangu Astarini tindak dhateng pundi sadangunipun gangsal welas dinten kepengker. Astarini ingkang ngraos bingung lajeng mangsuli bilih piyambakipun nindakaken tugas nglari kados dhawuhipun Sersan Parta. Astarini ingkang ngraos bingung lajeng nedahaken bilih sedaya ingkang dipuntumindakaken namung adhedhasar dhawuhipun Sersan Parta.

Tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem ugi damel Astarini ngraos ajrih, kados ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Bandjur, endi oleh2e enggon pandjenengan nglari?*
> *Astarini rada blekak-blekuk anggone mangsuli. Kelingan menawa katerangan sing tjeta durung ditompa (Kenja Ing Palagan: 52).*

Saking pethikan menika ngetingalaken Sersan Parta ingkang ndangu kasilipun Astarini nindakaken tugas nglari. Astarini ingkang dipundangu lajeng blekak-blekuk anggenipun mangsuli pitakenanipun Sersan Parta amargi warta ingkang dipunkasilaken sejatosipun dereng cetha. Kasilipun nglari ingkang dereng cetha saha tumanggaping Sersan Parta damel Astarini ngraos ajrih. Raos ajrih menika ketingal saking Astarini anggenipun mangsuli pitakenan kanthi blekak-blekuk.

Astarini ingkang mangertos tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem ugi ngraos kuwatos. Pethikan menika ngetingalaken raos kuwatos paraga Astarini.

> *Mulane praene Astarini dadi saja bureng, Atine dadi ngiwa nengen.*

> *Ana apa mas? Dene katon adem wae. Apa letnan Suradja durung rawuh? (Kenja Ing Palagan: 51).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini praenipun dados bureng amargi mangertos kawontenan markas ingkang adhem. Astarini lajeng nyuwun pirsa dhateng Sersan Parta menapa Letnan Suraja dereng rawuh. Tumanggaping Sersan Parta ingkang adhem menika ndadosaken Astarini ngraos kuwatos lajeng nyuwun pirsa ngengingi rawuhipun Letnan Suraja.

**u. Dipuncubriya dening Sersan Parta**

Dipuncubriya dening Sersan Parta inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud bingung, kaget, kuciwa, kaliyan duka. Astarini ngraos bingung amargi dipuncubriya dening Sersan Parta. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Sersan Parta mlengos: Kudune djeng Tari wis kagungan wangsulan dewe. Jagene kahanan dadi sepi ngene?*
> *Aku ora ngreti mas. Ora ngreti tenan.*
> *Ah, pura2. Wis, wangsulana, menjang ngendi djeng Tari sadjrone limalas dina iki?*
> *Menjang ngendi? Kok kaja pitakone botjah tjilik ta mas. Aku rak menjang kuta ketjamatan W, lan kuta kabupaten K, prelu nglari letnan Suradja, tjotjok karo dawuhmu? (Kenja Ing Palagan: 52).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini saweg nyuwun pirsa dhateng Sersan Parta ngengingi kawontenan ing markas ingkang sepi. Sersan Parta mangsuli bilih kedahipun Astarini sampun gadhah wangsulan sasampunipun mangertos kawontenan sepi menika. Astarini lajeng dipundangu sampun tindak dhateng pundi sadangunipun gangsal welas dinten kepengker. Astarini ingkang boten mangertos kenging menapa dipundangu kados makaten lajeng mangsuli bilih piyambakipun nembe nindakaken dhawuhipun Sersan Parta.

Pitakenanipun Sersan Parta menika nedahaken bilih piyambakipun ngraos cubriya dhateng Astarini kaliyan damel Astarini ngraos bingung.

Dipuncubriya dening Sersan Parta ugi damel raos emosi/ duka wonten ing manahipun Astarini. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Kawuningana djeng Tari, pandjenengan kesenengen anggon pandjenengan nglari letnan Suradja, tur ora ana wohe. Karo maneh kawuningana, menawa sapari-polah pandjenengan megsa ora dakpretjaja. Kurir Samija tansah dakkon memanuki.*
> *Sersan! Jagene ora ngandel marang aku? Apa tindak tandukku kang salawase daktindakake iki ora nuduhake jen aku iki wong Republik? (Kenja Ing Palagan: 53).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Sersan Parta saweg ngendika dhateng Astarini. Astarini dipuntuduh sampun kesenengen anggenipun nglari Letnan Suraja. Sersan Parta ugi ngadharaken bilih piyambakipun boten pitados dhateng sedaya tumindakipun Astarini sasampunipun nampi lapuran saking kurir Samijo. Kurir Samijo dipundhawuhi ngawasi Astarini. Astarini lajeng ngraos duka amargi dipuncubriya saha kanthi cetha boten dipunpitados dening Sersan Parta. Raos duka menika ketingal saking wangsulanipun Astarini ingkang ndangu kenging menapa Sersan Parta boten pitados dhateng Astarini kathi sora.

Raos dukanipun Astarini amargi dipuncubriya dening Sersan Parta ugi ketingal nalika Sersan Parta ndakwa Astarini sampun gadhah sesambetan kaliyan Kapten Junan. Pethikan menika ngetingalaken raos dukanipun Astarini.

> *Sersan Parta mesem sinis. Ora prelu pamer djeng Tari. Pokoke aku ngreti jen pandjenengan tjinta2an karo kapten Junan. Pandjenengan nganakake hubungan batin karo deweke. Kurir Samija ngreti kabeh mau ana ing hotel "Kusuma". Malah perpisahan pandjenengan mau bengi katon mesra banget. Ngaku ora?*

> *Astarini dadi ndjegreg kaja tugu sinukarta. Mripate kedep tesmak mandeng sersan Parta. Raine malih abang ngatirah, kaja praene batari Durga. (Kenja Ing Palagan: 53).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Sersan Parta ngandharaken dakwanipun ngengingi Astarini ingkang dipunraos boten nindakaken tugasipun. Astarini dipundakwa sampun gadhah sesambetan raos tresna kaliyan Kapten Junan. Sersan Parta ugi ngandharaken sedaya dakwanipun adhedhasar warta saking kurir Samijo ingkang ngawasi Astarini sadangunipun nglari. Astarini ingkang boten nyana bilih Sersan Parta saged ndakwa piyambakipun kados makaten lajeng ngraos duka. Raos dukanipun ketingal saking Astarini ingkang njegreg kados tugu sinukarta nedahaken Astarini kaget sanget saengga namung saged mendel. Anggenipun Astarini mirsani Sersan Parta saha dipunsebataken bilih praenanipun kados praenipun Bathari Durga nedahaken bilih piyambakipun nahan raos duka ing manahipun.

Astarini ugi ngraos kuciwa amargi dipuncubriya dening Sersan Parta. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Astarini dadi ndjegreg kaja tugu sinukarta. Mripate kedep tesmak mandeng sersan Parta. Raine malih abang ngatirah, kaja praene batari Durga. Deweke ngreti aten2e sersan Parta. Jagene malik grembjang kaja ngono? Deweke kelingan kedadejan manis wengi sadurunge sersan Parta mangkat nelik kuta W, bijen. Saiki bareng dadi pemimpin, ngina benget marang deweke. O, apa dupeh katresnane ora ditompa? Ah, tresna ing djaman perang. Apa ta kuwi tegese? Astarini mula ija tresna marang deweke. Nanging Astarini wedi banget marang tresna kuwi. Kuwatir jen ora bisa nerusake perdjuwangane. Akeh banget tuladane. Pemuda2 kang laku sedeng mesti kapupu ing paprangan (Kenja Ing Palagan: 53).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini saweg duka mireng dakwanipun Sersan Parta. Astarini ingkang dipuncubriya dening Sersan

Parta lajeng ngraos kuciwa. Kemutan nalika jaman kepengker kados pundit tumindakipun Sersan Parta ingkang sae sanget dhateng Astarini sakmenika sampun ewah. Astarini lajeng kemutan bilih Sersan Parta ugi kalebet tuladha prajurit ingkang laku sedeng amargi raos tresna. Astarini ngraos kuciwa amargi sampun dipuncubriya dening Sersan Parta ingkang saderengipun pitados dhateng piyambakipun.

Astarini ingkang dipuncubriya dening Sersan Parta, sanesipun ngraos kuwatos nanging ugi ngraos kaget. Pethikan menika ngetingalaken raosipun Astarini.

> *Maaf djeng. Revolusi sing ndjalari aku kudu tumindak ngene. Kita wis tjukup suwe omong2an. Saiki aturku, pandjenengan dakaturi gawe lajang2 marang sapa wae sing pandjenengan anggep .....*
> *Apa? Lajang? Lajang apa?*
> *Lajang perpisahan.*
> *Kaja sinamber sima lepat, Astarini kaget dadakan. Ulate bijas. Deweke ngerti apa karepe sersan Parta. Saiki deweke dianggep mata2 Walanda. Deweke wis ditjepaki pelor tembaga pitu tjatjahe, bandjur ngarepe luwangan kubur. O,... semono atine sersan Parta* (Kenja Ing Palagan: 54).

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Sersan Parta ngendika bilih Revolusi ingkang ndadosaken kedah tumindak kados makaten. Sersan Parta boten saged pitados malih kaliyan Astarini ingkang dipuncubriya sampun boten nindakaken tugasipun. Awit saking makaten, Astarini dipunaturi supados nyerat layang kangge tiyang ingkang dipunraos caket minangka layang pamit. Astarini dipuncariyosaken ngraos kaget amargi sampun dipuncubriya saha dipunaturi nyerat layang pamit. Astarini boten nginten bilih raos cubriyanipun Sersan Parta kados makaten.

Astarini ugi ngraos kuciwa amargi mangertos bilih Sersan Parta sampun boten pitados dhateng piyambakipun. Astarini boten nginten badhe dipunanggep minangka mata-mata Londa lajeng dipunukum pejah kados makaten. Raos kuciwa amargi dipuncubriya dening Sersan Parta ugi ketingal saking pethian menika.

> *Sersan, tembunge isih tatag. Dakkakoni lan dakmangerteni menawa ing djaman revolusi akeh banget kadadejan2 sing aneh, sing elok, ora manut tata hokum sing adil. Nanging aku isih duwe gondelan kang luhur, jaiku Allah kang maha welas. Sersan, kadadejan iki dak pasrahake marang pandjenengane. Embuh sapa sing bener lan sapa sing luput (Kenja Ing Palagan: 54).*

Astarini ingkang mangertos dipuncubriya dening Sersan Parta lajeng ngandharaken bilih piyambakipun taksih pitados dhateng Gusti. Sedaya ingkang kadadosan nalika jaman revolusi menika panci mawarni-warni ingkang boten miturut tata hokum ingkang adil. Raos kuciwa ketingal saking aturipun bilih sedaya kadadosan menika dipunpasrahaken dhateng Panjenenganipun ngengingi pundi ingkang leres menapa lepat.

**v. Dipunanggep lemah dening Ripin**

Dipunanggep lemah dening Ripin inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud duka. Astarini ingkang rumaos ndherek berjuwang wonten ing jaman perang menika boten kersa menawi dipunanggep lemah, kados ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Ripin gregetan, lakune kepara mlaju. Wanita mau ditjandak baune saka mburi. Nanging tjepet2 Ripin dikipatake. Krasa pipine nampa tjap dridji sing mutjuk eri kuwi.*
> *Asem ki. Wong wedok kakejan reka.*
> *Sing dempal ngguju tjekikikan. Djalukanmu Pin. Wong ki nek tjrongoh.*
> *Ripin saja kemropok. Wong wadon mau arep ditjandak maneh. Nanging dumadakan Ripin mundur. Dridji sing mutjuk eri kuwi wis ngliga tjundrik.*
> *Wis, arep apa kowe bung, pitakone wanita mau (Kenja Ing Palagan: 48)*

.

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Ripin gregetan dhateng wanita ingkang dipunpanggihaken. Wanita menika Astarini. Ripin ingkan nyobi nyandhak baunipun Astarini lajeng dipunkipataken. Ripin lajeng ngendika bilih wanita menika kathahan reka. Ripin ingkang boten nyerah lajeng badhe dipuncandhak malih nanging boten sios amargi wanita menika nyepeng cundrik. Wanita menika utawi Astarini lajeng nantang Ripin amargi ngraos duka sasampunipun dipunanggep lemah saha dipunserang dening Ripin.

**w. Ngraos nate dipunpilara dening Ripin**

Ngraos nate dipunpilara dening Ripin inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud dhendhem. Astarini ngraos dhendhem dhateng Ripin amargi nate dipunpilara mawi badhe dipuntembak dening Ripin. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Sauntara kuwi wong2 desa tjedake kono pada ngrubung. Maune sing arep dirangsang wanita mau. Nanging klajan widjang wanita mau menehi keterangan, nuduhake merah-putih sing digawa.*
> *Dulur2 aja kesusu ndakwa jen aku mata2. Wong loro sing nggletak kuwi gledahana. Aku pertjaja jen deweke pada nggawa abang putih biru. Utawa paling ora duwit Federal. Karo maneh aku ora duwe karep ala. Aku mung membela diri (Kenja Ing Palagan: 50).*

Saking pethikan menika saged dipunmngertosi bilih Astarini saweg caos andharan dhateng warga padesan nalika badhe dipunrangsang. Astarini nedahaken merah-putih ingkang dipunbekta saha ngandharaken bilih piyambakipun tiyang Republik lan sanen telik sandhinipun Londa. Astarini lajeng nyumanggakaken para warga padesan supados nggledhah Ripin kaliyan Dhempal ingkang sampun boten sadhar. Astarini ingkang ngraos nete dipunpilara utawi dipunganggu dening Ripin lajeng nglapuraken bilih ripin menika mbekta “abang putih biru” ugi arta

Federal. Tumindakipun Astarini menika saged dipunwastani ngraos dhendhem saengga nglapuraken dhateng warga padesan.

Raos dhendhem paraga Astarini dhateng Ripin saha Dhempal amargi ngraos nate dipunpilara dening Ripin ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Ripin lan kantjane mau pantjen dadi mata2 sing dadi buron loron. Kaja asu rebut balung, wong padesan mau ngeret-eret Ripin lan si Dempal. Wanita mau mung mesem, bandjur nerusake lakune. Enak wae lakune, mlumpat2 ing perenging gumuk. Sadjak kaja wis ambah2ane. Lakune ngener markas gerilja sing ana ing lengkeh sidjine, ija markase gerilja sing dipimpin dening Sersan Parta (Kenja Ing Palagan: 50).*

Saking pethikan menika dipunandharaken bilih Ripin kaliyan kancanipun (Dhempal) panci saestu dados mata-mata Londa. Ripin saha kancanipun sampun dangu dados buronanipun warga padesan. Warga padesan ingkang mangertos Ripin saha kancanipun lajeng ngeret-eret kekalihipun. Astarini namung mendel kemawon mangertos ripin saha Dhempal dipuneret-eret warga lan nglajengaken lampahipun wangsul dhateng markasipun prajurit gerilya. Raos dhendhem ketingal saking tumindakipun Astarini ingkang mendel kemawon mangertos Ripin saha Dhempal dipuneret-eret warga padesan. Tumindak menika kadadosan amargi Astarini ngraos nate dipunpilara mawi dipunganggu, badhe dipuntembak dhateng Ripin kaliyan kanyatan bilih kekalihipun mata-mata Londa.

**x. Dipuncaketi dening Kapten Junan**

Dipuncaketi dening Kapten Junan inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud gugup. Astarini ingkang nyamar dados Julia lajeng lenggah piyambak ing salah satunggaling papan ingkang sami kaliyan dipundhatengi dening Kapten Junan. Kapten Junan ingkang ngraos ketarik dhateng Julia lajeng

nyaketi saha lenggah ing kursi jejeripun Julia. Julia utawi Astarini lajeng ngraos gugup. Pethikan menika ngetingalaken raos gugupipun Julia utawi Astarini.

> *Londa ireng mau bandjur menjat, bandjur kanti urmat deweke nembung lungguh ing sanding. Klajan gugup wanita mau mangsuli : Silakan.*
> *Kenalkan, nama saja Junan. Saudari?*
> *Maneh2 klajan gugup wanita mau mangsuli : Julia (Kenja Ing Palagan: 36).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini ingkang nyamar dados Julia menika dipuncaketi dening Kapten Junan. Nalika Kapten Junan nyaketi kaliyan nyuwun lenggah wonten ing jejeripun Julia, lajeng Julia mangsuli kanthi gugup. Nalika dipunjak pitepangan ugi dipuncariyosaken bilih Julia utawi Astarini menika mangsuli kaliyan gugup.

**y. Dipundangu dening Kapten Junan**

Dipundangu dening Kapten Junan inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud bingung. Astarini ngraos bingung nalika dipundangu dening Kapten Junan, ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Bandjur, djeng Julia mengko arep njare ana ngendi pitakone Junan.*
> *Julia ora mangsuli. Katon banget jen atine sebit. Ora ngerti apa kang arep ditindakake (Kenja Ing Palagan: 37).*

Saking pehikan menika dipunmangertosi bilih Julia utawi Astarini dipundangu dening Kapten Junan badhe sare wonten pundi. Julia utawi Astarini boten mangertos kedah tumindak kados pundi kangge mangsuli pitakenanipun Kapten Junan. Bab menika saged dipunsebat bilih Juli utawi Astarini ngraos bingung nalika dipundangu dening Kapten Junan.

**z. Mireng cariyosipun Kapten Junan**

Mireng cariyosipun Kapten Junan inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud sedhih kaliyan kuwatos. Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia lajeng mirengaken cariyosipun Kapten Junan ngengingi wiwitipun Kapten Junan saged dados prajurit Londa. Astarini lajeng ngraos kuwatos sasampunipun mireng cariyosipun Kapten Junan. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Bijen dek djaman Djepang, aku dipropagandani dikon dadi heiho. Djare demi kemenangan rakjat Asia Timur Raya. Rakjat kang dijdjadjah. Nanging keprije wusanane? Tekan Birma Djepang kalah. Aku terlantar ana kana. Ke-raja2 olehku berusaha bali. Tekan Singapur ditjandak dening Londa. Djare aku diadjak ngadepi Djepang kang murang tata iku. Nanging keprije njatane? Tibake aku mungsuh karo mitraku dewe. Malah sing kari iki, o, konda ngono mau karo tangane loro pisan kanggo ndjagragi sirahe.*
> *Ana apa mas Junan? Pandjenengan sedih? (Kenja Ing Palagan: 40).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini saweg mirengaken cariyosipun Kapten Junan. Kapten Junan ingkang sejatosipun kaum republik menika sampun nglampahi mapinten-pinten perkawis ingkang pungkasanipun ndadosakaen piyambakipun mungsuh kaliyan mitranipun piyambak. Kapten Junan ingkang dipuncariyosaken awrat sanget anggenipun nglajengaken cariyosipun lajeng namung astanipun ingkang njagragi sirahipun. Raos kuwatos ingkang dipunraosaken Astarini ketingal saking pitakenanipun Astarini dhateng Kapten Junan. Astarini ndangu Kapten Junan menapa Kapten Junan sedhih.

Kapten Junan nglajengaken cariyosipun ngengingi paprangan nggropyok markas gerilya wonten ing gumuk sisih kidul wetan. Markas gerilya ingkang sami

kaliyan papanipun Astarini. Kapten Junan mendel sawetawis nalika nyariyosaken bab para gerilya ingkang dados bandan. Astarini ingkang mireng cariyos menika lajeng ngraos kuwatos. Raos kuwatos Astarini ketingal saking pethikan menika.

> *Ngene djeng Jul. kira2 limolas dina kepungkur, aku oleh tugas nggropjok markas gerilja sing mapan ana ing sikiling gumuk sisih kidul wetan kuwi. O, aku mongkog banget marang kasudibjane pradjurit gerilja. Nanging senadjan keprijea kae, deweke kepeksa kalah. Akeh banget sing pada kepikut. Lan ing antarane sing dadi bandan kuwi, ah, .... Olehe ngomong ora diterusake.*
> *Julia njoba ngrimuk krana njekeli baune. Alon banget, krasa jen tresnane tulus.*
> *Mas, apa mas sing nggoda penggalihmu? (Kenja Ing Palagan: 42).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini ingkang mirengaken cariyosipun Kapten Junan ngengingi anggenipun nggropyok markas gerilya kaliyan kathahipun para gerilya ingkang kepikut. Nalika nyariyosaken bab salah satunggaling gerilya ingkang kepikut dados bandan dumadakan Kapten Junan mendel. Astarini lajeng nyobi ngrimuk kanthi nyepengi baunipun Kapten Junan. Tumindak menika ngetingalaken raos kuwatos Astarini dhateng Kapten Junan.

Sanesipun ngraos kuwatos, Astarini ugi ngraos sedhih amargi mireng cariyosipun Kapten Junan. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *... Pantjen mono aku asih banget marang sliramu. Nanging aku kuwatir menawa aku kepetuk wong sing republikein maneh kaja letnan gerilja Suradja. Jen mengkono aku mung bakal oleh wewajangan kang ngajawara maneh. Ngudang gagasan kang longka kelakone. Nanging jen pandjenengan kersa nimbangi, aku bakal rumongsa begdja sing tanpa upama. Djeng Jul dak anggep wanita sing bisa mbirat sakabehing kasangsajanku.*
> *Krungu tetembungan sing kaja ngono mau, Julia dadi trenjuh banget. Diakoni jen atine tetep ati wadon (Kenja Ing Palagan: 44).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Kapten Junan saweg cariyos blaka ngengingi penggalihipun dhateng Astarini. Kapten Junan sejatosipun asih sanget dhateng Astarini. Nanging Kapten Junan ngraos kuwatos badhe kepanggih kaum republik malih. Astarini sampun dipunanggep wanita ingkang saged mbirat sedaya kasangsayanipun Kapten Junan. Mireng cariyos ingkang kados makaten damel Astarini ngraos trenyuh utawi sedhih sanget.

**aa. Kedah pados warta saking Kapten Junan**

Kedah pados warta saking Kapten Junan inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kepaksa kaliyan nekad. Astarini ingkang kalebet prajurit gerilya nampi tugas nglari Letnan Suraja ingkang kepikut tentara Londa. Awit saking makaten, Astarini nyamar dados Julia lan kasil nyaketi Kapten Junan. Nalika pados warta saking Kapten Junan, Astarini gadhah raos kepeksa ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Ah dudu. Mung wae tibake pemimpin gerilja sing kapikut kuwi kantjaku tunggal dolanan dek tjilikanku. Ah…*
> *Sapa mas aasmane?*
> *Ora prelu, dik. Ora prelu. Aku ora kuwawa matur.*
> *Julia repot banget anggone arep minangkani. Nanging atine wis jakin menawa pertempuran sing ditjritakake kuwi ora lija pertempuran dek ketangkepe letnan Suradja. Saiki mung kari takon wae, ngendi tahanane (Kenja Ing Palagan: 42).*

Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngraos kepeksa amargi kedah pados warta saking Kapten Junan. Nanging Kapten Junan lajeng mendel saderengipun nyebataken asmanipun pemimpin gerilya ingkang kepikut. Astarini ingkang repot sanget anggenipun minangkani kedah nahan raos manahipun. Astarini ngraos yakin bilih ingkang dipuncariyosaken menika paprangan nalika Letnan Suraja kepikut dening Londa. Astarini kepeksa nahan raos manahipun

ingkang sampun yakin amargi kedah pados warta wonten pundi papan tahananipun.

Kedah pados warta saking Kapten Junan ugi ndadosaken konfik psikis awujud nekad. Astarini ingkang kedah mangertos papanipun Letnan Suraja ingkang kepikut dening Londa lajeng nekad nyuwun pirsa dhateng Kapten Junan. Mekaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Julia ngreti sepira sanggane kapten Junan. Nanging luwih mulja maneh jaiku apa kang dadi tugase, jaiku nggoleki pondoke letnan Suradja. Mulane kanti terus terang deweke takon. Bandjur saiki ana ngendi, mas Junan? (Kenja Ing Palagan: 43).*

Pethikan wonten ing nginggil menika nedahaken bilih Asatrini/ Julia nglampahi konflik psikis ingkang awujud nekad. Astarini ingkang saweg nyamar nekad nyuwun pirsa papanipun gerilya ingkang kepikut. Astarini ngraos tugasipun langkung mulya lan kedah dipuntumindakaken tinimbang pangraosipun Kapten Junan lajeng nekad nyuwun pirsa kanthi blaka.

**bb. Kawontenanipun Kapten Junan**

Kawontenanipun Kapten Junan inggih menika dados penyebab konflik psikis ingkang awujud kepeksa. Astarini ingkang mangertos kawontenan Kapten Junan menika kepeksa pitados dhateng sedaya pangandikanipun Kapten Junan. Makaten pethikan ingkang nedahaken raosipun Astarini.

> *Nanging pungkasane deweke kudu ngandel marang omongan kuwi. Kapten Junan katon resik. Deweke ora mreduli menawa Julia iku sedjatine telik sandi sing njoba golek katrangan. Kapten Junan sing butuh tresna mung butuh wanita kang kena dipasrahi sedih lan kasangsajane (Kenja Ing Palagan: 45).*

Saking pethikan menika nedahaken Astraini/ Julia ingkang ngraos konflik psikis awujud kepeksa. Astarini pitados dhateng sedaya warta ingkang

dipunpanggihaken saking Kapten Junan amargi mirsani priyantunipun Kapten Junan ingkang ketingal resik. Kapten Junan ingkang namung mbetahaken wanita kangge masrahaken sedhih kaliyan kasangsayanipun ketingal saged dipunpitados.

**cc. Mireng pamanggihipun Karel**

Mireng pamanggihipun Karel inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kaget kaliyan kepeksa. Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia dipuncaketi dening tentara Londa inggih menika Kapten Junan kaliyan Karel. Astarini ngraos konflik pikis kaget kaliyan kepeksa amargi mireng pamanggihipun Karel. Makaten Pethikan ingkang dipunraosaken dening AAstarini.

> *Karo mesem ngetje, Karel mangsuli: Sedjatine kang kebangeten iku Republik. Apa diarani jen nata Negara iku gampang? Mongka jen gelem sabar, nompa kamardikan saka Walonda, o, ora bakal nganti ana lelakon geger ngene. Djeng Julia dewe ngrasakake. Sebagai seorang wanita sing nedeng2e birai, teka kudu urip idjen ke-para2. Urip sing tansah dadi wewajanganing kasangsaran.*
> *Sapandurat Julia kaget. Deweke ija wong Republik. Nanging pungkasane rasa kang pedes mau dipendem djero ana ing dasaring ati (Kenja Ing Palagan: 37).*

Saking pethikan menika nedahaken Karel ingkang saweg ngendika bilih kaum republik menika kebangeten amargi boten kersa sabar nampi kamardikan saking Walandi. Awit saking menika kadadosan geger perang lan ugi ndadosaken Julia kedah ngraosaken gesang piyambakan. Mireng pamanggihipun Karel ingkang kados makaten, Astarini ngraos kaget amargi piyambakipun ugi kaum Republik. Sanesipun ugi ketingal konflik psikis awujud kepeksa. Sinaosa kaget nanging Astarini kedah nahan raos pedes amargi mireng pamanggihipun Karel

menika. Dados, Astarini kepeksa nahan pangraosipun sinaosa sejatoispun kaget kaliyan pedes ing manah.

**dd. Dhatengipun Rujita ingkang boten dipunyana**

Dhatengipun Rujita ingkang boten dipunyana inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kaget kaliyan bingung. Astarini ingkang sampun ndangu boten kepanggih Rujita boten nyana badhe kepanggih wonten ing papan markasipun. Pepanggihan menika ndadosaken konflik psikis awujud kaget saha bingung ingkang ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Weruh tandange pradjurit kang nembe teka iku, Astarini banget kagawokan. Dene semono kasudibjane. Lan bareng deweke njoba ngluru praene, deweke saja kaget. Sakala deweke ndjerit seru. Ora ngreti apa kang arep ditindakake.*
> *Mas Djita! O, mas Rudjita! Keprije dene pandjenengan bisa tekan kene?*
> *Rudjita mung mesem wae karo ngulungake tangane. Astarini nampani kanthi kabungahan kang gede (Kenja Ing Palagan: 59).*

Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ingkang mirsani tandangipun salah satunggaling prajurit ingkang damel gawok manahipun. Salajengipun Astarini nyobi mirsani pasuryanipu prajurit menika. Mangertos pasuryan ingkang sampun dipuntepang menika damel Astarini kaget sanget kaliyan bingung, boten mangertos kedah tumindak kados pundi. Prajurit menika Rujita, priya ingkang nate dados kekasihipun nalika rumiyin. Astarini rumaos kaget kaliyan bingung amargi dhatengipun Rujita ingkang boten dipunnyana. Salajengipun Astarini ndangu kados pundi Rujita saged dumugi papan menika. Rujita namung mesem lajeng ngulungaken astanipun dhateng Astarini.

Wati, minangka paraga wanita ugi nglampahi pinten-pinten konflik ingkang dipunsebabaken dening *faktor-faktor* antawisipun inggih menika:

**a. Mangertos kawontenanipun Astarini ingkang nandang susah**

Mangertos kawontenanipun Astarini ingkang nandang susah inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kuwatos, ajrih, bingung, kaliyan sedhih. Wati ingkang memitran kaliyan Astarini, dinten menika sesarengan siram wonten ing lepen. Wati mirsani kawontenanipun Astarini lan ndadosaken konflik psikis ing batosipun. Pethikan menika ngetingalaken konflik psikis ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Mbak Tari kok katon suntrut ta mbak? Nek sajah kok kajane ora, wong ndina2 pantjen gawejane mung mblebedi tatu. Dadi upomoa kesel rak ja wis bijen2 (Kenja Ing Palagan: 5).*

Saking pethikan menika saged dipumangertosi bilih Wati saweg ndangu Astarini kenging menapa ketingal suntrut. Wati ingkang mangertos kawontenanipun Astarini ingkang nandang susahingkang ketingal suntrut menika ndadosaken konflik psikis awujud kuwatos. Raos kuwatos menika ketingal saking pitakenanipun Wati dhateng Astarini.

Raos kuwatos amargi mangertos kawontenanipun Asatrini ugi ketingal saking pethikan menika.

> *Rikala Wati wis rampung olehe menganggo, Tari isih kungkum ana ing kedung. Mripate manter njawang wewajangane kang ana ngarepe. Wewajangan kang sulistya ngemba hapsari. Wati njoba ngerti apa kang dadi uneg2ing atine sumitrane. Apa keduwung marga nulak tresnane letnan Suradja? Apa kelingan dek djaman isih botjah? Nanging Wati ora wani nakokake (Kenja Ing Palagan: 7).*

Pethikan menika nedahaken Wati ingkang ngraos kuwatos dhateng mitranipun ingkang saweg kungkum. Wati mirsani wewayanganipun Astarini ingkang ngemba hapsari. Wati nyobi mangertos menapa ingkang dados penggalihipun Astarini. Wati ingkang ngraos kuwatos namung saged ngudakara

nanging boten wantun ndangokaken. Sanesipun raos kuwatos, Wati ugi ngraos ajrih. Raos ajrih saged dipuntingali bilih Wati boten wantun ndangokaken menapa ingkang dados penggalihipun Astarini. Raos ajrih menika amargi mangertos kawontenanipun Astarini ingkang suntrut.

Salajengipun, amargi mangertos kawontenanipun Astarini ingkang nangis sasampunipun maos layang damel Wati ngraos konflik psikis ing batosipun. Wati ngraos bingung amargi mangertos Astarini dumadakan nangis sasampuipun nampi layang. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Ora oleh wangsulan. Tibake Tari wis mbukak layange. Mripate lera-lere nuruti aksara. Banjur lambene gemeter mintjak-mintjuk. Lan kang pungkasan dewe, layang diremet, banjur ungkeb2. Nangis. Astarini nangis.*
> *Weruh sing kaja ngono mau, Wati ija bandjur melu membleh2. Ora mangerti apa kang arep ditindakake.*
> *Ana apa ta mbak? Ana apa? (Kenja Ing Palagan: 9).*

Saking pethikan menika saged dipumangertosi bilih Wati ngraos bingung amargi mangertos Astarini dumadakan nangis sasampunipun maos layang. Asatrini ingkang nampi layang lajeng maos layang menika. Sasampunipun maos layang dumadakan Astarini nangis. Mangertos kawontenan ingkang kados makaten damel Wati bingung boten mangertos kedah tumindak kados pundi. Wati namung ndangu Astarini kenging menapa nangis nalika manahipun bingung kedah tumnidak kados pundi.

Wati ingkang mangertos Asatrini nangis lajeng ndeherek nangis. Asatrini lajeng ngulungakenn layang ingkang nembe dipuntampi dhateng Wati. Pethikan menika nedahaken ingkang dipunraosaken Wati.

> *Ana apa ta mbak? Ana apa?*

> *Tari ora mangsuli. Isih nangis ungkeb2. Lan kang pungkasan dewe, lajang kang pating plitut mau diulungake marang Wati.*
> *Karo membleh2 Wati wiwit matja. Atine melu dag-dig-dug. Gek apa ta isine dene nganti njedihake mengkono? (Kenja Ing Palagan: 9-10).*

Pethikan menika nedahaken raos sedhih paraga Wati amargi mangertos kawontenanipun Asatrini. Wati ingkang mirsani Astarini nangis ugi ndherek nangis. Salajengipun Wati nampi ulungan layang ingkang sampun damel mitranipun ketingal sedhih sanget. Wati maos layang menika amargi kepengin mangertos kados menapa wosipun saengga damel mitranipun sedhih sanget. Sasampunipun maos layang, Wati dados mangertos kawontenanipun Astarini saengga sedhih kados makaten. Wati ugi ngraos konflik psikis ing batosipun awujud sedhih kaliyan bingung. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Matja layang sing kaja mengkono mau, Wati ora bisa tumindak apa2. Kedjaba mung nerusake olehe nangis. Kanggo sauntara kahanan mung mengkono wae. Sore sangsaja tumurun. Ing imbang kulon wis katon garis2 abang djingga, angine mili alus (Kenja Ing Palagan: 11).*

Pethikan menika nedahaken raos bingung paraga Wati. Sasampunipun maos layang ingkang nedahaken kawontenanipun Astarini menika, Wati boten mangertos kedah tumindak kados pundi. Wati ingkang bingung amargi mangertos kawontenanipun Asatrini ingkang nrenyuhaken namung saged nangis.

Salajengipun, amargi mangertos kawontenanipun Astarini ingkang nrenyuhaken ndadosaken Wati ngraos konflik psikis awujud sedhih. Pethikan menika ngetingalaken raos sedhihipun paraga Wati.

> *Ah, ja ora. Mung menehi weruh menawa mengko bengi botjah2 arep pada nganakake ramen2.*
> *Ramen2 apa?*

*Bijasa ta, anggere rumongsa aman rak kaja tjah edan. Astarini mesem. Wati isih bengep, mripate. Ora bisa ndelikake ruseging atine (Kenja Ing Palagan: 14).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Wati boten saged ngumpetaken raos manahipun ingkang saweg sedhih. Wati ngraos sedhih amargi mangertos kawontenan Astarini ingkang nrenyuhaken. Minangka mitra, Wati ugi ndherek sedhih menawi mangertos Astarini sedhih.

Mangertos kawontenanipun Astarini ugi damel Wati ngraos kuwatos. Pethikan menika nedahaken ingkang dipunraosaken dening Wati.

*Kowe ora mangkat Wati?*
*Wati ora mangsuli. Mung njawang kanti kebak rasa.*
*Mangkata ta. Aku dak tunggu omah.*
*Ora mbak. Jen kepareng aku kepengin ngantjani pandjenengan (Kenja Ing Palagan: 15).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Wati dipunaken tindak ningali tontonan utawi ramen-ramen. Wati ingkang ngraos kuwatos amargi mangertos kawontenanipun Astarini lajeng namung mirsani Astarini kanthi kebak pangraos. Ing pungkasan, Wati mangsuli bilih piyambakipun boten badhe kesah. Wati ugi matur bilih kepengin ngancani Astarini kemawon wonten griya. Wati ingkang ngraos kuwatos amargi mangertos kawontenanipun Astarini lajeng namung ngencani kemawon wonten griya. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Wati.

*Lagi wae dirasani mengkono, ndadak sersan Parta teka mrono. Anggone kula nuwun ora ana kang mangsuli. Mulane terus wae mlebu. Ketemu Wati ana kamar tengah karo matja madjalah tuwa.*
*Ti, pitakone bareng wis tjedak.*
*O, mas Parta. Kaget aku, wangsulane.*
*Djeng Tari gerah apa?*
*Ija ki, wiwit mau terus wae ngamar. Saiki krubutan (Kenja Ing Palagan:17).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Wati ingkang saweg maos majalah wonten ing kamar tengah kaget amargi dumadakan wonten Sersan Parta. Nalika dipundangu dening Sersan Parta ngengingi Astarini, Wati mangsuli bilih wiwit wau Astarini namung wonten kamar lan krubutan. Raos kuwatos Wati dhateng Astarini ketingal saking wangsulan menika. Wati ingkang ngraos kuwatos namung saged ngancani lan mirsani kawontenanipun Astarini.

**b. Mangertos Astarini Dipunblakani Dening Letnan Suradja**

Mangertos Astarini dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud meri. Wati ingkang tansah sesarengan kaliyan Astarini ugi tansah mirengaken cariyosipun Astarini. Wati mireng cariyosipun Astarini blih piyambakipun dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun. Mangertos Astarini dipunblakani dening Letnan Suraja ngengingi pangraosipun damel Wati ngraos konflik psiksi awujud meri. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Rupamu. Deweke ngendika temenan marang aku mungguh bab kuwi. Deweke ngendika menawa mbesuk jen wis aman, mas Radja ngadjak aku gelema urip bebarengan.*
> *Keprije mbak wangsulanmu? Ah, mesti saguh ya? Aduh, suk nek wis aman, aku daksowan. Pije mbak, pije?*
> *Bijasa Wati, bijasa kaja wangsulan2 ing djaman revolusi.*
> *Bijasa keprije? (Kenja Ing Palagan: 6).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Astarini saweg cariyos dhateng Wati ngengingi blakanipun Letnan Suraja. Wati lajeng ndangu kados pundi wangsulanipun Astarini. Wati ugi ndakwa bilih Astarini sampun mesthi nampi lan sampun gadhah rencana badhe sowan dhateng dalemipun Astarini menawi kawontenan sampun aman. Pitakenanipun Wati saha dakwanipun

ngetingalaken Wati menika ngraos meri. Raos meri ing ngriki sanes awujud raos boten remen amargi tiyang sanes angsal bagya, nanging raos kepengin ngraosaken menapa ingkang dipuntampi tiyang sanes. Saking pitakenanipun ketingal bilih Wati ugi kepengin ngraosaken bagya dipunblakani dening priya kados Letnan Suraja.

**c. Kepengin Nampi Layang**

Kepengin nampi layang inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud meri. Wati ingkang mangertos Astarini dipundugeni layang dening Letnan Suraja lajeng ngraos konflik psikis awujud meri. Pethikan menka ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Lha aku endi? Pitakone aleman.*
> *Kowe?*
> *Ija.*
> *Lha ndjaluk pa pije? Dakkone nggawekake Djana.*
> *Ah, mas Radja ki ngenjek. Masa mas Djana wae sudi karo aku? (Kenja Ing Palagan: 8).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Wati ingkang mangertos Tari nampi layang lajeng ndangu Letnan Suraja kanthi nyuwun layang ugi. Wati ingkang ndangu Letnan Suraja lan nyuwun layang menika ngetngalaken bilih Wati ugi ngersakaken nampi layang kados Astraini. Saking andharan menika saged dipunwastani bilih Wati meri amargi kepengin nampi layang ugi kados Astarini saengga ndangu Letnan Suraja pundi layang kangge piyambakipun.

**d. Dipunsuwun Motong Rikmanipun Astarini**

Dipunsuwun motong rikmanipun Astarini inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kaget. Pethikan menika nggetingalaken ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *... mulane Wati…*
> *Tulung. Rambutku iki brondolana wae. Supaja aku ora dadi rebutan.*
> *Ora mbak. Ora! Aku emoh nindakake, wangsulane tjepet (Kenja Ing Palagan: 12).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Wati ngraos konflik psikis awujud kaget. Konflik psikis menika amargi dipunsuwun motongaken rikmanipun Astarini. Wati ingkang ngraos kaget lajeng nampik panyuwunanipun Astarini.

**e. Mangertos Tari Boten Nampi Letnan Suraja**

Mangertos Tari boten nampi Letnan Suraja inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud gumun. Wati ingkang mirengaken cariyosipun Astarini lajeng mireng piyambak bilih Astarini boten nampi Letnan Suraja. Bab menika ndadosaken Wati ngraos konflik psikis awujud eram. Makaten pethikan ingkang nedahaken raos eram paraga Wati.

> *Letnan Suradja mlaku lon2an. Bali lelumpatan ing watu2 gede. Botjah loro pada ngetutake lakune. Lan bareng wis ora katon, Wati mbeda Astari maneh.*
> *Wong bregase kaja Gatutkatja ngana kok ditampik. Apa ora mesakake ta mbak? (Kenja Ing Palagan: 9).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Wati saweg mirsani Letnan Suraja ingkang tindak kondur saking lepen. Salajengipun Wati kemutan cariyosipun Astarini bilih piyambakipun boten nampi Letnan Suraja. Wati mbeda Astarini kanthi matur kenging menapa tiyang ingkang bregas kados Gathutkaca menika dipuntampik dening Astarini. Aturipun Wati menika nedahaken raos eram amargi mangertos Astarini nampik Letnan Suraja ingkang bregasipun kados Gathutkaca.

**f. Mangertos Rikmanipun Astarini**

Mangertos Rikmanipun Astarini inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud gumun. Wati ngraos gumun utawi eram amargi mangertos rikmanipu Astarini ingkang panjang, cemeng saha ketel sanget. Pethikan menika nedahaken ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Dumadakan Astarini ngudar gelungane. Tumlorong mudun, ambjar ketel banget. Wati sing botjah wadon wae ija eram kagawokan. Saka ukele kono ana glati tjilik kumelap, landepe pitung penjukur. Dening Astarini ditjekel kentjeng (Kenja Ing Palagan: 11).*

Saking pethikan menika ketingal bilih Astarini dumadakan ngudhar gelungan rikmanipun. Wati ingkang mangertos rikmanipun Astarini tumlorong mandhap ketel sanget lajeng ngraos konflik psikis awujud eram utawi gumun. Wonten ing cariyos ugi dipunsebataken kanthi cetha bilih Wati eram amargi mangertos rikmanioun Astarini.

**g. Mangertos Tari Nyepeng Glathi**

Mangertos Tari nyepeng glathi inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kaget. Wati ingkang mangertos Astarini saweg nyepeng glathi kenthi kenceng damel Wati njerit. Makaten pethikan ingkang nedahaken raosipun Wati.

> *Mbak Tari! Pambengoke Wati bareng weruh jen Astarini njekel glati (Kenja Ing Palagan: 12).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Wati ingkang njerit sasampunipun mangertos Astarini nyepeng glathi lajeng mbengok kanthi sora. Wati ingkang mbengok kanth sora menika nedahaken bilih Wati ngraosaken konflik psikis awujud kaget amargi mangertos Astarini nyepeng glathi.

Wati ingkang mangertos Astarini nyepeng glathi ugi ngraos konflik psikis awujud ajrih. Pethikan menika nedahaken ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Kanti sabar Tari mangsuli: Adja salah tompa Wati. Aku wis tjukup diwasa ngadepi urip. Bapak ibu swargi wis mulang aku menawa nganjut tuwuh mono dudu dalan kang prajoga kanggo nggajuh kaswargan. Malah suwalike, nganjut tuwuh iku sawidjining tindak kang ora dibenerake. Nraka begjane.*
> *Nanging, glati kuwi? Pitakone Wati isih kurang pratjaja. Raine putjet banget, gemeter kaja gendera. Tangane kumlawe, nanging dipalangi dening Astarini (Kenja Ing Palagan: 12).*

Saking pethikan menika saged dipunmangertosi bilih Wati saweg mirengaken andharanipun Astarini ngengingi tumindakipun. Astarini ngandharaken bilih piyambakipun taksih kemutan dhawuhipun tiyang sepuhipun supados boten tumindak awon. Sasampunipun mireng andharanipun Astarini, Wati lajeng ndangu ngengingi glathi ingkang dipuncepeng dening Astarini. Wati dipuncariyosaken pasuryanipun pucet saha gemeter awakipun nalika ndangu Astarini ngengingi glathi ingkang dipuncepeng dening Astarini. Pasuryanipun Wati ingkang pucet saha awakipun ingkang gemeter menika saged nedahaken bilih Wati ngraos ajrih. Wati ngraos konflik psikis ajrih amargi mangertos Astarini nyepeng glathi.

**h. Dhatengipun Sersan Parta**

Dhatengipun Sersan Parta inggih menika dados penyebab konflik ingkang awujud kaget. Wati ngraosaken konflik psikis awujud kaget amargi mangertos Sersan Parta dumadakan sampun wonten ing caketipun. Makaten pethikan ingkang nedahaken konflik psikis kaget ingkang dipunraosaken Wati.

> *Lagi wae dirasani mengkono, ndadak sersan Parta teka mrono. Anggone kula nuwun ora ana kang mangsuli. Mulane terus wae mlebu. Ketemu Wati ana kamar tengah karo matja madjalah tuwa.*

*Ti, pitakone bareng wis tjedak.*
*O, mas Parta. Kaget aku, wangsulane.*
*Djeng Tari gerah apa?*
*Ija ki, wiwit mau terus wae ngamar. Saiki krubutan (Kenja Ing Palagan:17).*

Pethikan menika nedahaken konflik psikis awujud kaget ingkang dipunraosaken dening Wati. Konflik psikis awujud kaget menika amargi dhatengipun Sersan Parta ingkang boten dipunyana sampun wonten ing caketipun. Wati ingkang saweg maos majalah wonten ing kamar tengah boten mangertos rawuhipun Sersan Parta. Wati ngraos kaget amargi dumadakan Sersan Parta rawuh wonten caketipun. Rawuhipun Sersan Parta saperlu kepengin mangertos kawontenanipun Astarini.

**i. Kawontenan rikala perang ingkang boten aman**

Kawontenan rikala perang ingkang boten aman inggih menika dados penyebab konflik pskis ingkang awujud duka. Wati ingkang mireng para prajurit badhe nglajengaken perang malih mawi ngobrak-abrik kecamatan W ngraos emosi utawi duka wonten ing manahipun. Pethikan menika nedahaken ingkang dipunraosaken Wati.

*Jen pada slamete, ora nganti seminggu maneh ngobrak-abrik ketjamatan W, maneh.*
*Kok olehe seneng2e perang kuwi lho. Kaja jagat ki wis arep kiamat. Panjambunge Wati. Deweke kelingan kasangsaran kang disandang dening mitrane (Kenja Ing Palagan: 14).*

Saking pethikan menika nedahaken Wati ingkang mireng bilih para prajurit badhe ngubrak-abrik kecamatan W malih. Wati ingkang boten remen mireng warta kados makaten lajeng nyaruwe bilih para prajurit anggenipun remen perang kados donya badhe kiyamat. Pamanggihipun Wati menika ngetingalaken raos duka amargi kawontenan nalika perang menika damel para prajurit sami remen

perang. Menapa malih Wati ugi kemutan kasangrasan ingkang saweg dipunraosaken mitranipun.

4. **Andharan bab Caranipun paraga wanita Astarini & Wati ngadhepi *konflik psikis* ing novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.**

Saben paraga wonten ing cariyos gadhah watak ingkang beda satunggal kaliyan sanesipun. Bedanipun watak ugi saged dados salah satunggaling penyebab bedanipun perkawis ingkang dipunlampahi saben paraga. Saben paraga gadhah cara piyambak-piyambak anggenipun ngadhepi utawi mungkasi konflik/ perkawis ingkang dipunlampahi, sae konflik fisik utawi konflik psikis. Cara ingkang dipuntindakaken boten sedaya dipuncariyosaken mungkasi perkawis, amargi wonten ing novel Kenja Ing Palagan anggitanipun Soedharmo KD menika wonten konflik ingkang dereng pungkas ananging boten dipunrembag wonten ing cariyos salajengipun.

Wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* menika ugi dipunpanggihaken pinten-pinten cara ingkang dipuntindakaken paraga wanita Astarini kaliyan Wati anggenipun ngadhepi perkawis/ konflik ingkang dipunlampahi. Caranipun ngadhepi perkawis/ *konflik psikis* ingkang dipuntindakaken dening paraga wanita Astarini kaliyan Wati inggih menika kanthi cara *sublimasi, represi, apatis, rasionalisasi, regresi, pengalihan, proyeksi, reaksi formasi, lan agresi.* :

***a. Sublimasi***

*Sublimasi terjadi bila tindakan-tindakan yang bermanfaat secara sosial menggantikan perasaan tidak nyaman* (Minderop, 2011:34). *Sublimasi* inggih menika nindakaken lelampahan sanes utawi lelampahan piyambak kangge ngalihaken *konflik. Sublimasi* kalebet salah satunggaling wujud *mekanisme*

*pertahanan ego* ingkang awujud nggantos raos boten mranani kanthi tumindak ingkang langkung saged dipuntampi dening masarakat. *Mekanisme pertahanan ego sublimasi* menika dipunlampahi kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud raos lungkrah, sedhih, kuwatos, bingung, kaliyan kepeksa ingkang dipunraosaken dening Astarini. Astarini ingkang ngraos lungkrah sasampunipun dipunblakani dening Letnan Suraja lajeng nutupi raos lungkrahipun mawi siram wontening lepen. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Endang Astarini karo mitrane sidji maneh pada nurut ing galangane pesawahan. Katon olehe sajah, ketara lakune sing pating srejong. Loro2ne pada sungkan omong, tjelatune mung sidji loro, eseme prasasat ora tau kumlebat.*
> *Wis ana jen mung limalas dina wae pasukan gerilja mau ngepos ana kono. Ateges Astarini wis apal karo kali kuwi prelu adus, karo ngguwang lungkrahing ati (Kenja Ing Palagan:* 5).

Astarini ingkang nembe nindakaken tugasipun dados petugas PMI lajeng tindak dhateng lepen kaliyan mitranipun. Astarini lajeng siram kangge mbucal raos lungkrah ing manahipun. Astarini ingkang siram saperlu nutupi raos lungkrahipun mawi kungkum ing lepen menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi*.

*Konflik psikologis* awujud sedhih amargi ngraos piyambakan dipunadhepi mawi *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* kanthi cara ndonga dhateng Gusti kangge kulawarganipun ingkang sampun tilar donya kaliyan nggantos raos boten jenjem mawi tumindak ingkang realistis. Astarini ingkang mangertos sedaya kulawarganipun sampun tilar donya lajeng damel piyambakipun sedhih amargi ngraos piyambakan. Makaten pethikan ingkang dipunlampahi dening Astarini.

> *Astarini mapan. Awake ditutupi nganggo djarik masem. Djarik gantung kepuh kang kena disaut duk rikalane ngungsi bijen, ninggal wutah darah Surabaja akibat geger 10 Nopember.*
> *Lemute mbrenginging. Kepengin njesep getihe prawan aju kuwi. Astarini ora maelu. Gagasane mlaju tekan ngendi-endi. Kelingan rama ibu lan kamase kang wis ora ana. O, muga2 tinompoa dening Hyang Agung, kaparingana papan kang semestine (Kenja ing Palagan:* 16).

Astarini ingkang kemutan rama, ibu, saha kamasipun ingkang sampun tilar donya namung saged ndonga dhateng Gusti. Astarini ndonga dhateng Gusti mugi-mugi kulawarganipun dipuntampi lan kaparingaken papan ingkang samesthinipun. Astarini ingkang sampun piyambakan tanpa kulawarganipun lajeng ndonga. Tumindak menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi*.

*Mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* ugi dipuntumindakaken dening Astarini nalika nglampahi *konflik psikologis* awujud sedhih amargi mireng wisantenipun Kapten Junan. Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia saweg mirengaken wicantenipun Kapten Junan ngengingi pangraosipun saha raos kuwatos mbok menawi badhe kepanggih kaum republik. Minangka wanita, Astarini lajeng ndherek sedhih sasampunipun mangertos kawontenanipun Kapten Junan. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken Astarini.

> *... Pantjen mono aku asih banget marang sliramu. Nanging aku kuwatir menawa aku kepetuk wong sing republikein maneh kaja letnan gerilja Suradja. Jen mengkono aku mung bakal oleh wewajangan kang ngajawara maneh. Ngudang gagasan kang longka kelakone. Nanging jen pandjenengan kersa nimbangi, aku bakal rumongsa begdja sing tanpa upama. Djeng Jul dak anggep wanita sing bisa mbirat sakabehing kasangsajanku.*
> *Krungu tetembungan sing kaja ngono mau, Julia dadi trenjuh banget. Diakoni jen atine tetep ati wadon (Kenja Ing Palagan:* 44).

Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia mirengaken wicantenipun Kapten Junan ngengingi pangraosipun dhateng piyambakipun saha raos

kuwatosipun badhe kepanggih kaum Republik. Wicantenipun Kapten Junan damel trenyuh ing manahipun Astarini. Raos sedhih utawi trenyuh menika dipunakeni wonten ing manah. Astarini namung saged nggantos raos boten jenjem mawi tumindak ingkang *realistis* inggih menika *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi*.

*Konflik psikologis* ingkang dipunadhepi mawi nindakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* inggih menika raos kuwatos. *Konflik psikologis* awujud kuwatos dipunadhepi kanthi cara *sublimasi* mawi nggantos raos boten jenjem mawi tumindak ingkang *realistis*. Astarini ingkang mirengaken cariyosipun Kapten Junan ngengingi lelampahan gesangipun damel raos kuwatos ing manahipun. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Bijen dek djaman Djepang, aku dipropagandani dikon dadi heiho. Djare demi kemenangan rakjat Asia Timur Raya. Rakjat kang dijdjadjah. Nanging keprije wusanane? Tekan Birma Djepang kalah. Aku terlantar ana kana. Ke-raja2 olehku berusaha bali. Tekan Singapur ditjandak dening Londa. Djare aku diadjak ngadepi Djepang kang murang tata iku. Nanging keprije njatane? Tibake aku mungsuh karo mitraku dewe. Malah sing kari iki, o, konda ngono mau karo tangane loro pisan kanggo ndjagragi sirahe.*
> *Ana apa mas Junan? Pandjenengan sedih?(Kenja Ing Palagan:* 40).
> ……………………………………………………………………………………
> *Ngene djeng Jul. kira2 limolas dina kepungkur, aku oleh tugas nggropjok markas gerilja sing mapan ana ing sikiling gumuk sisih kidul wetan kuwi. O, aku mongkog banget marang kasudibjane pradjurit gerilja. Nanging senadjan keprijea kae, deweke kepeksa kalah. Akeh banget sing pada kepikut. Lan ing antarane sing dadi bandan kuwi, ah, …. Olehe ngomong ora diterusake.*
> *Julia njoba ngrimuk krana njekeli baune. Alon banget, krasa jen tresnane tulus.*
> *Mas, apa mas sing nggoda penggalihmu?(Kenja Ing Palagan:* 42).

Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia mirengaken cariyosipun Kapten Junan ngengingi lelampahan gesangipun. Kapten Junan sejatosipun kaum republik ingkang dados tentara Londa. Kapten Junan ketingal sedhih sanget kemutan

sedaya lelampahan gesangipun ingkang nrenyuhaken lan sakmenika kedah mungsuh kaliyan mitranipun piyambak. Kapten Junan ugi nembe kemawon nggropyok markas gerilya kaliyan kasil nangkep pemimpin gerilya. Nanging boten dipunnyana bilih pemimpin gerilya ingkang ketangkep menika kanca alitipun Kapten Junan piyambak. Bab menika damel Kapten Junan sangsaya sedhih saengga boten nerasaken cariyosipun. Kawontenan Kapten Junan menika damel Astarini ngraos kuwatos lajeng ngrimuk baunipun. Astarini ngrimuk baunipun Kapten Junan kangge ngalihaken raos kuwatosipun. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* mawi nggantos raos boten jenjem mawi tumindak ingkang *realistis.*

*Konflik psikologi* ingkang dipunadhepi kanthi *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* inggih menika raos bingung. Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia gadhah tugas nglari Letnan Suraja. Sadangunipun nyamar dados Julia, piyambakipun caket kaliyan Kapten Junan saperlu pados warta ngengingi prajurit gerilya ingkang kepikut tentara Londa. Nanging, sasampunipun pikantuk warta ingkang dipunpadosi dumadakan Astarini ngraos mamang. Makaten pethikan ingkang dipunlampahi dening paraga Astarini.

> *Sapungkure Junan, Julia alias Endang Astarini dadi nelangsa. Rumongsa jen kasuwen anggone nglakokake dom sumuruping banju. Mulane deweke kepengen enggal-enggal bali menjang markas, menehake kabar kang ditompa mau? Deweke isih mamang (Kenja Ing Palagan: 45).*

Astarini ingkang yamar dados Julia pikantuk warta saking Kapten Junan ngengingi papanipun Letnan Suraja. Nanging, sasampunipun pikantuk warta saking Kapten Junan, Astarini lajeng rumaos nelangsa. Raos nelangsa menika amargi rumaos sampun kedangon anggenipun nyamar dados Julia. Awit saking

menika, Astarini rumaos kedah mungkasi anggenipun nyamar dados Julia. Astarini ugi kepengin enggal-enggal wangsul dhateng markas saperlu nglapuraken kasilipun nglari. Nanging, sejatosipun Astarini taksih mamang amargi warta saking Kapten Junan menika dereng cetha. Raos mamang utawi bingung menika lajeng dipunicalaken mawi menggalih bilih Kapten Junan boten badhe goroh dhateng piyambakipun amargi priyantunipun sae. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* mawi nggantos raos boten jenjem mawi tumindak ingkang *realistis.*

*Konflik psikologi* wujud raos bingung sanesipun ingkang dipunadhepi kanthi *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* inggih menika nalika Astarini mangertos dhatengipun Rujita. Astarini nate gadhah kekasih nalika jaman SMA asmanipun Rujita. Kekalihipun kedah pisah amargi kawontenan perang ingkang nuntun Astarini kesah ngungsi. Nanging, wonten ing pungkasanipun cariyos menika, Rujita tindak dhateng markas gerilya nalika Astarini badhe nampi ukuman mati. Astarini ingkang kaget mangertos rawuhipun Rujita lajeng bingung, boten mangertos kedah tumindak kados pundi. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Weruh tandange pradjurit kang nembe teka iku, Astarini banget kagawokan. Dene semono kasudibjane. Lan bareng deweke njoba ngluru praene, deweke saja kaget. Sakala deweke ndjerit seru. Ora ngreti apa kang arep ditindakake.*
> *Mas Djita! O, mas Rudjita! Keprije dene pandjenengan bisa tekan kene? (Kenja Ing Palagan: 59).*

Astarini ingkang sampun migatosaken prajurit ingkang nembe rawuh menika lajeng ngraos kaget amargi prajurit menika Rujita. Astarini boten nyana badhe kepanggih malih kaliyan Rujita. Dhatengipun Rujita ingkang boten

dipunyana menika damel Astarini bingung. Astarini ingkang bingunglajeng namung njerit amargi boten mangertos kedah tumindak kados pundi. Salajengipun, Astarini ndangu kados pundi Rujita saged dumugi papan menika. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* mawi nggantos raos boten jenjem mawi tumindak ingkang *realistis.*

*Mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* ugi dipunginakaken dening Astarini nalika nglampahi *konflik psikologi* awujud kepeksa. Astarini ingkang sejatosipun rangu-rangu ngengingi warta ingkang dipuntampi lajeng meksa manahipun supados pitados. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Nanging pungkasane deweke kudu ngandel marang omongan kuwi. Kapten Junan katon resik. Deweke ora mreduli menawa Julia iku sedjatine telik sandi sing njoba golek katrangan. Kapten Junan sing butuh tresna mung butuh wanita kang kena dipasrahi sedih lan kasangsajane (Kenja Ing Palagan: 45).*

Astarini ngraos Kapten Junan menika priyantunipun sae lan resik saengga kedah dipunpitados. Kapten Junan namung priya ingkang mbetahaken wanita saperlu dipunpasrahi sedhih kaliyan kasangsayanipun. Awit saking makaten, Astarini lajeng rumaos kedah pitados dhateng Kapten Junan ningali kados pundi tumindakipun ingkang dipunraos boten badhe goroh dhateng piyambakipun. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* mawi mikir kanthi positif.Astarini ingkang rangu-rangu lajeng menggalih kanthi ningali kasunyatan ngengingi Kapten Junan saengga saged pitados.

**b. *Represi***

Miturut pamanggihipun Freud, *represi* inggih menika *mekanisme pertahanan ego* ingkang paling kiyat saha jembar (Minderop, 2011: 32). *Represi* inggih menika dhasaring sedaya *mekanisme pertahanan ego.* Tugasipun *represi* inggih menika ndorong supados *impuls-impuls id* ingkang boten dipuntampi medal, saking alam sadhar wangsul malih dhateng alam bawah sadhar. *Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *represi* menika saged dipuntindakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud sedhih, bingung, kaget, kuciwa, kepeksa, saha kuwatos.

Raos sedhih ingkang dipunraosaken paraga Astarini dipunadhepi kanthi *menekan* utawi ngampet salah satunggaling pangraos. Raos sedhih ingkang dipunadhepi kanthi cara *represi* inggih menika nalika paraga Astarini ngampet raos sedhih kanthi mendel kemawon sinaosa mitranipun sampun ndangu. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken paraga Astarini.

> *Mbak Tari kok katon suntrut ta mbak? Nek sajah kok kajane ora, wong ndina2 pantjen gawejane mung mblebedi tatu. Dadi upomoa kesel rak ja wis bijen2 (Kenja Ing Palagan: 5).*

Saking pethikan menika, Astarini dipuncariyosaken ketingal suntrut utawi sedhih miturut Wati. Pasuryanipun Astarini ingkang suntrut damel Wati ndangu sebabipun kaliyan nyobi ndakwa bilih ingkang damel Astarini suntrut utawi sedhih menika sanes padamelanipun. Wonten ing cariyos, Astarini boten mangsuli pitakenanipun Wati lan namung mendel kemawon. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi *menekan* utawi ngampet salah satunggaling pangraos inggih menika raos sedhih.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *represi* ugi saged dipuntindakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud raos bingung utawi mamang. Astarini ingkang saweg ngraos bingung namung nahan utawi ngampet raos bingung kanthi cara mendel kemawon sinaosa sampun dipundangu dening mitranipun. Makaten pethikan ingkang nedahaken raos bingung dipunadhepi kanthi *represi*.

> *Mbak Tari kok katon suntrut ta mbak? Nek  sajah kok kajane ora, wong ndina2 pantjen gawejane mung mblebedi tatu. Dadi upomoa kesel rak ja wis bijen2.*
> *Astarini mandeng mitrane. Njoba njajagi atine. Teka olehe pratitis temen olehe ndakwa? (Kenja Ing Palagan: 5-6).*

Astarini ingkang nahan utawi ngampet raos sedhih wonten ing manahipun damel mitranipun(Wati) ndangu piyambakipun. Salajengipun, Wati ugi ndakwa bilih Astarini menika suntrut utawi sedhih boten amargi padamelanipun. Astarini lajeng ngraos bingung amargi boten nyana bilih Wati saged ndakwa kanthi pratitis. Nanging, sinaosa bingung Astarini boten lajeng ndangu utawi micara. Astarini namung mirsani Wati sinambi njajagi manahipun piyambak tanpa micara. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi nahan utawi ngampet salah satunggaling pangraos inggih menika raos bingung.

Salajengipun, raos bingung ingkang dipunadhepi kanthi nindakaken mekanisme pertahanan ego mawi represi inggih menika nahan salah satunggaling pangraos ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Tari meneng maneh. Njawang papringan ing pinggir kali. Pada mantuk2 kanginan,kaja ngombjongi omonge Wati. Rak wis bener ta? Ora kleru. Letnan Suradja tresna marang Astarini. Sing sidji gagah Sing sidji kuning.*

> *Sing sidji ati wadja, sing sidji sabar. Rak pas kaja Gatut karo Pregiwa? Jagene Tari isih mamang? (Kenja Ing Palagan: 6).*

Saking pethikan menika dipunsebataken bilih Astarini ngraos mamang sinaosa sampun mireng lan ngleresaken pamanggihipun Wati. Sasampunipun mireng wicantenipun Astarini, Wati lajeng ngandharaken pamanggihipun. WAti gadhah pamanggih bilih Astarini kaliyan Letnan Suraja sampun pas kados Gathutkaca kaliyan Pregiwa. Nanging Astarini namung mendel kemawon ngempet raos mamang utawi bingung ing manahipun. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi nahan utawi ngampet salah satunggaling pangraos inggih menika raos bingung.

*Mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* ugi saged dipuntindakaken kangge ngadhepi *konflik psikologi* awujud kaget. *Konflik psikologi* awujud kaget dipunandhepi kanthi cara *represi* mawi nahan utawi ngampet salah satunggaling pangraos inggih menika raos kaget. Astarini ingkang saweg siram ngraos kaget nalika mangertos dhatengipun Letnan Suraja. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Mbak Tari! Pambengoke Wati, kaja Letnan Suradja sing lingak-linguk kae. Djenggirat. Tari enggal menjat, bandjur ngetrapake penganggone (Kenja Ing Palagan: 7).*

Nalika Astarini saweg siram wonten ing lepen kaliyan Wati, dumadakan Letnan Suraja nyusul dhateng lepen. Wati ingkang kaget lajeng ndangu Astarini bilih wonten Letnan Suraja. Astarini ingkang ngraos kaget lajeng enggal-enggal ngetrepaken panganggenipun. Nanging Astarini boten mangsuli menapa-menapa namung mendel kemawon. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini

ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi nahan utawi ngampet salah satunggaling pangraos inggih menika raos kaget.

*Mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud raos kuciwa. Astarini ingkang nembe nandang susah amargi mangertos warta kulawarganipun seda amargi granat saking Londa lajeng mlampah wangsul saking lepen. Ing margi kepanggih Sersan Parta ingkang maringi warta bilih mangke ndalu badhe wonten ramen-ramen ingkang sampun limrah dipunwontenaken menawi ngraos aman. Mangertos prajurit ingkang ngawontenaken ramen-ramen nalika jaman perang menika damel Astarini mesem. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Lagi wae mlebu desa, lakune kepapag dening sersan Parta. Sadjake wis suwe anggone ngenteni.*
> *Slamet sore nona letnan. Pungkasane kita ketemu ana kene.*
> *Slamet sore. Sadjake ana prelu wigati?*
> *Ah, ja ora. Mung menehi weruh menawa mengko bengi botjah2 arep pada nganakake ramen2.*
> *Ramen2 apa?*
> *Bijasa ta, anggere rumongsa aman rak kaja tjah edan, Astarini mesem (Kenja Ing Palagan: 14).*

Astarini ingkang saweg mlampah wangsul saking lepen kepanggih kaliyan Sersan Parta nalika nembe mlebet desa. Sersan Parta lajeng maringi pirsa bilih mangke ndalu badhe wonten ramen-ramen utawi tontonan ingkang dipungelar dening lare-lare. Astarini ingkang boten patosa mangertos lajeng nyuwun pirsa ramen-ramen menapa. Sersan Parta mangsuli bilih sampun limrah menawi rumaos kawontenanipun aman lajeng sami kados lare edan. Astarini namung nanggepi kanthi mesem. Astarini ingkang mesem menika ngetingalaken raos kuciwa mangertos para prajurit sami remen-remen nalika perang, nanging dipunampet

wonten ing manah. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi nahan utawi ngampet salah satunggaling pangraos kanthi mesem.

*Mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* ugi dipunginakaken dening Astarini nalika nglampahi *konflik psikologis* awujud kepeksa. Astarini ingkang nyamar dados Julia lajeng dipuncaketi dening Kapten Junan saha mitranipun, Karel. Nalika saweg pawicantenan, Karel ngendika ngengingi kaum Republik ingkang damel Astarini kedah ketingal boten merduli. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Sapandurat Julia kaget. Deweke ija wong Republik. Nanging pungkasane rasa kang pedes mau dipendem djero ana ing dasaring ati (Kenja Ing Palagan: 37).*

Astarini ingkang nyamar dados Julia lajeng pitepangan kaliyan tentara Londa, asmanipun Junan kaliyan Karel. Julia inggih menika wanita Republik ingkang gesang piyambakan lan boten gadhah papan panggenan. Junan saha Karel lajeng sami nyariyosaken pangraosipun ngengingi kawontenan perang sakmenika. Karel ngendika ngengingi kaum Republik ingkang kedahipun nurut dhateng Londa. Mireng pamanggihipun Karel menika damel Julia/ Astarini ngraos kaget saha pedes manahipun. Nanging, minangka Julia, Astarini kedah ngampet raos manahipun supados boten ketingal piyambakipun kalebet prajurit gerilya. Raos kepeksa menika ketingal nalika Astarini kedah mendhem jero raos pedhes ing manahipun. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi nahan utawi ngampet salah satunggaling pangraos inggih menika raos kaget lan pedhes ing manahipun kanthi kepeksa.

*Konflik psikologis* ingkang awujud kepeksa sanesipun ingkang dipunadhepi kanthi *mekanisme pertahana ego* awujud *represi* mawi ngampet salah satunggaling pangraos inggih menika nalika Astarini mireng warta ngengingi para gerilya ingkang kepikut. Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia mireng bilih wonten pimpinan gerilya ingkang kepikut menika nate dados kanca alitipun Kapten Junan. Nanging Kapten Junan boten nerasaken aturipun. Astarini ndangu asmanipun pimpinan gerilya ingkang kepikut nanging Kapten Junan boten kersa ngendika. Astarini repot sanget anggenipun minangkani. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken Astarini.

> *Ah dudu. Mung wae tibake pemimpin gerilja sing kapikut kuwi kantjaku tunggal dolanan dek tjilikanku. Ah…*
> *Sapa mas asmane?*
> *Ora prelu, dik. Ora prelu. Aku ora kuwawa matur.*
> *Julia repot banget anggone arep minangkani. Nanging atine wis jakin menawa pertempuran sing ditjritakake kuwi ora lija pertempuran dek ketangkepe letnan Suradja. Saiki mung kari takon wae, ngendi tahanane (Kenja Ing Palagan: 42).*

Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia, mireng cariyosipun Kapten Junan. Astarini lajeng ndangu asmanipun pimpinan gerilya ingkang kepikut amargi ngraos wonten gegayutanipun kaliyan perang nalika Letnan Suraja kepikut. Nanging Kapten Junan boten kersa nyebataken namanipun pemimpin gerilya menika. Astarini kedah nahan pitakenanipun lajeng dipungantos kanthi ndangu papan tahananipun. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi nahan utawi ngampet salah satunggaling pangraos inggih menika raos kepengin mangertos asmanipun pimpinan gerilya ingkang kepikut nanging boten kalampahan lajeng kepeksa boten dipunterasaken.

Salajengipun, *mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *represi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi raos kuwatos ing batosipun Astarini. Astarini ingkang sampun dugi markasi gerilya lajeng enggal-enggal badhe sowan dhateng Sersan Parta. Astarini ingkang sampun dangu boten kepanggih kaliyan Sersan Parta kaliyan Letnan Suraja daya-daya kepengin mangertos kawontenan kalih priya wau. Makaten ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Sersan Parta ana?*
> *Ana jake. Isih ngorok mau.*
> *Wanita Srikandi sing njata djeneng Astarini kuwi merusake lakune. Daja2 kepengin weruh sersan Parta, daja2 kepenging weruh letnan Suradja. O, apa isih bagas kuwarasan? Apa kuru aking? (Kenja Ing Palagan: 51).*

Astarini ingkang sampun dumugi markas lajeng madosi Sersan Parta amargi sampun kepengin kepanggih supados mangertos kados pundi kawontenanipun. Astarini ugi kepengin mangertos kawontenanipun Letnan Suraja, menapa sampun dumugi ing markas. Raos enggal-enggal kepengin mangertos kawontenanipun Sersan Parta kaliyan Letnan Suraja menika ngetingalaken raos kuwatos ing batosipun Astarini. Nalika nerasaken lampahipun dhateng papanipun Sersan Parta, Astarini namung nahan utawi ngampet raos kuwatosipun wonten ing batosipun. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi nahan utawi ngampet salah satunggaling pangraos inggih menika raos kuwatos dhateng Sersan Parta saha Letnan Suraja.

*Mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* ingkang dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kuwatos ugi ketingal nalika Astarini kepanggih Sersan Parta. Astarini ingkang mangertos tumanggaping Sersan Parta

ingkang boten limrah saha kawontenan markas ingkang sepi lajeng ngraos kuwatos. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Mulane praene Astarini dadi saja bureng, Atine dadi ngiwa nengen. Ana apa mas? Dene katon adem wae. Apa letnan Suradja durung rawuh? (Kenja Ing Palagan: 51).*

Sasampunipun kepanggih kaliyan Sersan Parta, Astarini ngraosaken kawontenan ingkang boten sekecaing manah. Tumanggapipun Sersan Parta ingkang adhem kemawon saha kawontenan markas ingkang sepi. Astarini ngraos kawontenan menika boten limrah, lajeng ketingal kuwatos saking pitakenanipun dhateng Sersan Parta. Astarini ugi ngraos kuwatos amargi Letnan Suraja boten ketingal. Pasuryan ingkang bureng saha manahipun Astarini ingkang ngiwa nengen menika saged ngetingalaken raos kuwatos wonten ing batosipun Astarini. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi nahan utawi ngampet salah satunggaling pangraos.

***c. Apatis***

*Apatis* inggih menika wujud sanesipun saking *reaksi* tumrap raos *frustrasi*. Tumindak *apatis* inggih menika dipuntindakaken kanthi cara narik dhiri kaliyan asikep kados sampun pasrah. *Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *apatis* menika saged dipuntindakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud ajrih, kepeksa, saha sedhih. Astarini ingkang saweg ngrawat tatu wonten ing astanipun Letnan Suraja dumadakan dipuncepeng, dipunpirsani, saha dipunblakani dening Letnan Suraja. Astarini ingkang dipunblakani namung mendel kemawon. Makaten ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Dek astane kiwa mas Radja mau dak blebed, astane tengen kanggo njekeli tanganku. Banjur mripate sing tadjemkuwi mandeng aku. Wah, aku bisa matja matane, Wati. Nanging aku wedi banget. Wedi banget.*
> *Jagene pandjenengan wedi mbak? Nek aku sing nglari ngono, o (Kenja Ing Palagan: 6).*

Astarini ingkang saweg ngrawat tatu wonten ing astanipun Letnan Suraja dumadakan dipuncepeng astanipun dening Letnan Suraja. Astarini ugi dipunpirsani lajeng dipunblakani dening Letnan Suraja. Letnan Suraja blaka ngengingi raos tresnanipun dhateng Astarini lan ngajak gesang bebrayan. Astarini ingkang sejatosipun ngraos ajrih lajeng namung mendel kemawon, boten mangsuli menapa-menapa. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *apatis* mawi asikep pasrah kanthi mendel lan boten nglawan utawi ngindhani nalika dipuncepeng, dipunpirsani saha dipunblakani dening Letnan Suraja.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *apatis* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kepeksa. Astarini ingkang boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja ing pungkasan kedah nurut mawi siap siaga ngadhepi kadadosan ingkang badhe kalampahan. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Sanadjan ing batin ora setudju marang instrukrine letnan Suradja, nanging Astarini ija tetep sijap sijaga ngadepi kemungkinan kang bakal teka (Kenja Ing Palagan: 31).*

Astarini ingkang boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja sampun nyobi ngaturaken pamanggihipun nanging boten dipuntampi. Sinaosa wonten ing batosipun boten sarujuk, nanging minangka bageyan saking prajurit gerilya ingkang tugasipun wonten PMI, Astarini kedah nurut dhawuhipun pimpinan.

Astarini tetep siap siaga ngadhepi kadadosan ingkang samangke badhe kalampahan. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *apatis* mawi asikep pasrah mawi tetep nindakaken menapa ingkang boten dipunremeni.

*Konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi *mekanisme pertahanan ego* awujud *apatis* inggih menika raos sedhih. Astarini ingkang nembe nampi dhawuhipun Sersan Parta ngengingi ukuman mati ingkang badhe dipunlampahi namung saged mendel kemawon. Astarini namung nampi tanpa nglawan amargi sedaya kupiya boten badhe ngrobah dhawuhipun Sersan Parta. Astarini ingkang sedhih namung dhelog-dhelog kemawon. Makaten pethikan ingkang ngetingalaken raos sedhihipun Astarini.

> *Sedina kuwi Astarini mung delog2 wae. Ora ana kang diajak guneman. Kabeh pada sumingkir. Mongka mau esuk daja2 banget anggone arep kepetuk karo mitra-mitra saperdjuwangan lan letnan Suradja. Nanging sidji wae kekarepane mau ora ana kang kapenuhan (Kenja Ing Palagan: 55).*

Astarini ngraos sedhih amargi boten wonten kekajenganipun ingkang kalampahan. Wau enjing Astarini nembe dugi markas saperlu badhe nglapuraken kasilipun nglari. Astarini daya-daya sanget anggenipun badhe kepanggih Sersan Parta saha para mitra saperjuwangan. Nanging sedayanipun sirna, boten wonten ingkang kalampahan. Sakmenika Astarini sedhih amargi kedah nampi ukuman mati, menapa malih boten wonten mitranipun ingkang kersa ngajak guneman. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *apatis* mawi asikep pasrah lan nurut kemawon dhateng dhawuhipun Sersan Parta.

***d. Rasionalisasi***

*Rasionalisasi* gadhah kalih ancas, inggih menika kangge ngirangi raos kuciwa nalika boten saged nggayuh salah satunggaling ancas kaliyan maringi *motif* ingkang saged dipuntampi tumrap tindak tandukipun. *Rasionalisasi* kadadosan menawi *motif nyata* saking *individu* boten dipuntampi dening *ego. Motif nyata* menika dipungantos dening *motif pengganti* kanthi ancas kangge ngleresaken. *Mekanisme pertahanan ego* menika saged dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kuwatos, kepeksa, goroh, kaliyan nekad. Astarini ingkang nembe dipunbalakani dening Letnan Suraja lajeng ngraos kuwatos kanthi nedahaken bilih nasib gesangipun tiyang ing jaman perang menika tansah caket kaliyan bebaya. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Keprije mbak wangsulanmu? Ah, mesti saguh ya? Aduh, suk nek wis aman, aku daksowan. Pije mbak, pije?*
> *Bijasa Wati, bijasa kaja wangsulan2 ing djaman revolusi.*
> *Bijasa keprije?*
> *Aku prasadja wae Wati. Urip kita iki mung tansah di-ontjit2 ing putjuking pelor. Apa ta tegese kasaguhan jen upamane sesuk ragaku wis mabrut2? Rak mung tiwas ndjedjuwing panggalihe mas Radja? (Kenja Ing Palagan: 6-7).*

Astarini ingkang dipundangu dening Wati ngengingi wangsulanipun dhateng Letnan Suraja mangsuli bilih piyambakipun namung prasaja kemawon. Astarini ngandharaken bilih wonten ing jaman perang menika gesangipun tansah boten tentrem. Bab menika damel Astarini menggalih bilih kasaguhan menika boten wonten maknanipun menawi awakipun sampun risak, malah ngrusak penggalihipun mas Raja. Astarini ingkang ngraos kuwatos ing samangke damel mas Raja rusak penggalihipun lajeng menggalih bilih kawontenan ingkang boten tentrem menika dados *motif* ingkang ngleresaken pamanggihipun. Pethikan

menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *rasionalisasi* mawi nyalahaken kawontenan ingkang boten pesthi.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *rasionalisasi* ugi dipunginakakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kepeksa. Astarini ingkang kemutan dhateng Rujita saha kadadosan saderengipun perang kedah nglilakaken sedayanipun sirna amargi paprangan. Astarini ugi kepeksa pisah kaliyan Rujita amargi kawontenan ngersakaken pangorbanan ingkang ageng, kalebet pisahipun kaliyan Rujita lan sadaya darbenipun musna. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Bandjur kelingan marang Rudjita, kekasihe duk sekolah bijen. O, djaman semana deweke lagi rumadja putri. Wong tuwane tjukup, apa kang dikarepake klakon. Deweke enggal2 wae nompa tresnane Rudjita. Dasar botjahe kuning bagus, pinter, ndadak putra direktur N. V.*
> *Mung wae kawuningana. Kamardikan ndjaluk pangorbanan kang gede. Nganti kabeh barang darbeke ilang musna. Bali marang pangkone ibu pertiwi. O, apa arep ditangisi kang wis mungkur? (Kenja Ing Palagan: 16).*

Astarini kemutan dhateng Rujita, kekasihipun jaman sekolah. Kawontenanipun Rujita saha piyambakipun ingkang ngremenaken nalika saderengipun perang menika kedah dipunkurbanaken sedaya kangge kamardikan. Sedaya ingkang gadhahipun Astarini sampun musna lan boten badhe wangsul sinaosa dipuntangisi. Raos kepeksanipun ketingal saking kawontenan ingkang damel Astarini kedah kelangan sedaya darbenipun amargi dipunkurbanaken kangge kamardikan. Astarini ngraos kepeksa amargi kedah kelangan sedaya ingkang nate dados gadhahipun nalika kawontenan jaman perang. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *rasionalisasi* mawi nyalahaken kawontenan ingkang boten pesthi.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *rasionalisasi* ugi dipunginakakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud dora/ goroh. Astarini ingkang saweg mapan sarean wonten ing kamar dumadakan kaget lan gugup nalika mangertos rawuhipun Sersan Parta. Nalika dipundangu dening Sersan Parta, wangsulanipun dora/ goroh. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Mas, tembunge gugup karo menjat.*
> *Sersan Parta mantuk : Gerah apa?*
> *Ora oleh wangsulan. Astarini ngadeg, karo wangsulan dora: Lungkrah banget aku. Teka djrog bandjur keturon. Sida tindak apa? Ajo!*
> *Sersan Parta ngreti apa karepe. Mulane deweke ija mung apik2 ora ngreti. Wekasan wong telu bandjur mangkat. Mlaku alon2 (Kenja Ing Palagan: 17).*

Astarini ngraos gugup mangertos Sersan Parta. Nalika Sersan Parta ndangu gerahipun Astarini lajeng dipunwangsuli kanthi dora bilih Astarini ngraos boten sekeca awakipun lajeng tilem. Sejatosipun, Astarini saweg kemutan lan menggalih ngengingi kadadosan ingkang kepengker nalika piyambakipun taksih enem lan saderengipun perang kamardikan. Astarini ingkang sejatosipun namun sarean milih mangsuli nembe tilem amargi ngraos sayah badanipun. Astarini ngendika kados makaten amargi ngraos kaget saha gugup mangertos Sersan Parta ingkang dumadakan wonten ing ngajengipun. Wangsulan nembe tilem menika ngetingalaken bilih paraga Astarini sampun gadhah penggalih ingkang nalar. Astarini ingkang saweg sarean ketingal limrah menawi mangsuli pitakenan Sersan Parta kanthi wangsulan nembe tilem amargi badanipun sayah kaliyan ngantuk. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *rasionalisasi* mawi nyalahaken awakipun ingkang ngantuk.

Salajengipun, Astarini nekad pitaken dhateng Kapten Junan ngengingi papanipun gerilya ingkang kepikut dhateng Kapten Junan. Makaten pethikan ingkang nedahaken tumindak nekad paraga Astarini.

> *Julia ngreti sepira sanggane kapten Junan. Nanging luwih mulja maneh jaiku apa kang dadi tugase, jaiku nggoleki pondoke letnan Suradja. Mulane kanti terus terang deweke takon. Bandjur saiki ana ngendi, mas Junan? (Kenja Ing Palagan: 43).*

Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia menika sejatosipun mangertos sepinten sangganipun Kapten Junan. Nanging Astarini ngraos bilih tugasipun madosi papanipun Letnan Suraja langkung wigati. Dados Astarini nekad kanthi blaka nyuwun pirsa dhateng Kapten Junan bab papanipun Letnan Suraja minangka pemimpin gerilya ingkang kapikut. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *rasionalisasi* mawi ngendelaken tugasipun nglari papanipun Letnan Suraja.

***e. Regresi***

*Regresi* gadhah kalih *interpretasi*, inggih menika tindak tandukipun tiyang ingkang sampun diwasa nanging kados dene lare *(retrogressive behaviour)*. Ingkang kaping kalih inggih menika nalika tiyang diwasa asikep kados dene tiyang ingkang boten gadhah kabudayan *(primitivation*). *Mekanisme pertahanan ego* menika saged dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud sedhih, gugup, bingung, goroh, ajrih, saha kaget. Raos sedhih ing batosipun Astarini ketingal saking tindak tandukipun sasapunipun maos layang. Makaten pethikan ingkang ngetingalaken raos sedhihipun paraga Astarini.

> *Wong bregase kaja Gatutkatja ngana kok ditampik. Apa ora mesakake ta mbak?*

> *Ora oleh wangsulan. Tibake Tari wis mbukak layange. Mripate lera-lere nuruti aksara. Banjur lambene gemeter mintjak-mintjuk. Lan kang pungkasan dewe, layang diremet, banjur ungkeb2. Nangis. Astarini nangis (Kenja Ing Palagan: 9).*

Sasampunipun nampi layang ingkang dipundugekaken dening Letnan Suraja, Astarini lajeng mbikak lan maos layangipun. Astarini ingkang maos layang ngengingi warta sedanipun sedaya kulawarganipun menika dumadakan nangis boten saged nahan raos sedhihipun. Astarini ingkang nangis menika nedahaken piyambakipun ngraos sedhih amargi wosipun layang bab warta sedanipun sedaya kulawarganipun. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *regresi* mawi nangis kangge ngetingalaken raos sedhihipun.

Raos sedhih ugi dipunraosaken dening paraga Astarini nalika piyambakipun sampun kepengin ngrangkul Letnan Suraja nanging dipunalangi dening Sersan Parta. Pethikan menika nedahaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Mas Radja! Pambengoke seru kebak pangrasa kang tanpa upama. Enggal wae deweke mlajoni, kepengin ngrangkul bleger kang kukuh kuwi, masrahake sedih lan kabungahane marang deweke.*
> *Nanging durung nganti tekan, ana tangan kang ngalangi. Deweke nganti tiba kelumah. Deweke njerit, bandjur nangis ngungguk (Kenja Ing Palagan: 57).*

Astarini ingkang mangertos dhatengipun Letnan Suraja nalika piyambakipun badhe nindakaken ukuman lajeng mlajar kepengin ngrangkul Letnan Suraja. Nanging saderengipun dumugi papanipun Letnan Suraja, wonten ingkang ngalangi piyambakipun. Astarini ingkang dipunalangi ngantos dhawah lajeng nangis ngguguk. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *regresi* mawi nangis supados ngraos aman.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *regresi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud gugup. Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia ngraos gugup nalika dipuncaketi dening Kapten Junan saha Karel. Pethikan menika nedahaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Londa ireng mau bandjur menjat, bandjur kanti urmat deweke nembung lungguh ing sanding. Klajan gugup wanita mau mangsuli : Silakan.*
> *Kenalkan, nama saja Junan. Saudari?*
> *Maneh2 klajan gugup wanita mau mangsuli : Julia (Kenja Ing Palagan: 36).*

Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia menika dipundhatengi dening Londa cemeng ingkang nyuwun idin lenggah wonten ing jejeripun. Astarini dipungambaraken kanthi gugup nyumanggakaken Londa wau. Salajengipun Londa wau ndangu namanipun Astarini ingkang dipunwangsuli kanthi gugup dening Astarini. Astarini tumindak kados menika supados narik kawigatosan Kapten Junan lan supados ngraos aman. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *regresi* mawi nangis supados ngraos aman.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *regresi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud bingung. Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia boten mangertos kedah tilem wonten pundi saengga boten saged mangsuli pitakenanipun Kapten Junan. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Bandjur, djeng Julia mengko arep njare ana ngendi pitakone Junan.*
> *Julia ora mangsuli. Katon banget jen atine sebit. Ora ngerti apa kang arep ditindakake (Kenja Ing Palagan: 37).*

Astarini ingkang dipundangu dening Kapten Junan ngengingi wonten pundi anggenipun Astarini badhe sare boten saged mangsuli. Astarini ingkang saweg nyamar dados Julia lajeng dipunsebataken bilih manahipun sebit, boten mangertos kedah tumindak kados pundi. Manah ingkang sebit saha boten mangertos kedah tumindak kados pundi menika saged dipunsebat bingung. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *regresi* mawi nindakaken tumindak supados ngraos aman.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *regresi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud Goroh. Astarini ingkang mireng cariyosipun Kapten Junan ngengingi mlajaripun Letnan Suraja saking tahanan lajeng nangis lan matur goroh dhateng Kapten Junan. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Ah, aku melu sedih mas Junan. Aku bisa nggambarake, sepira kasedihan pandjenengan, dene mikut mungsuh wae tibake kontja dewe. Ngono tjelatune goroh (Kenja Ing Palagan: 43).*

Astarini ingkang nyamar dados Julia ngendika goroh dhateng Kapten Junan. Astarini ingkang saweg nangis lajeng dipundangu dening Kapten Junan menapa ingkang damel piyambakipun nangis. Astarini mangsuli bilih piyambakipun nagis amargi menggalih nasibipun kasusahanipun Kapten Junan, nanging sejatosipun ngraos sedhih mangertos kawontenanipun Letnan Suraja. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *regresi* mawi nindakaken tumindak supados ngraos aman.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *regresi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud ajrih. Astarini ngraos ajrih nalika

dipundangu dening Sersan Parta ngengingi kasilipun nglari sasampunipun mangertos tumanggapipun Sersan Parta ingkang boten limrah. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Bandjur, endi oleh2e enggon pandjenengan nglari?*
> *Astarini rada blekak-blekuk anggone mangsuli. Kelingan menawa katerangan sing tjeta durung ditompa (Kenja Ing Palagan: 52).*

Astarini ingkang kepanggih Sersan Parta lajeng dipundangu kasilipun nglari. Astarini radi *blekak-blekuk* anggenipun mangsuli pitakenanipun Sersan Parta. Tembung *blekak-blekuk* menika ngetingalaken bilih Astarini ngraos ajrih anggenipun matur amargi katrangan ingkang dipuntampi dereng cetha. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *regresi* mawi nindakaken tumindak supados ngraos aman.

Salajengipun, m*ekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *regresi* ugi dipunginakakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kaget. Astarini ingkang mangertos tandangipun prajurit ingkang nembe rawuh menika ngraos eram. Nalika mirsani pasuryanipun, Astarini ngraos kaget amargi prajurit menika Rujita. Makaten pethikan ingkang nedahaken raos manahipun Astarini.

> *Weruh tandange pradjurit kang nembe teka iku, Astarini banget kagawokan. Dene semono kasudibjane. Lan bareng deweke njoba ngluru praene, deweke saja kaget. Sakala deweke ndjerit seru. Ora ngreti apa kang arep ditindakake.*
> *Mas Djita! O, mas Rudjita! Keprije dene pandjenengan bisa tekan kene?*
> *Rudjita mung mesem wae karo ngulungake tangane. Astarini nampani kanthi kabungahan kang gede (Kenja Ing Palagan: 59).*

Astarini ingkang mirsani prajurit ingkang nembe rawuh menika lajeng kaget amargi prajurit menika Rujita. Rujita nate dados priya ingkang dipuntresnani. Astarini boten nginten badhe kepanggih Rujita wonten ing markasipun. Wonten

ing pethikan menika dipunsebataken kanthi cetha bilih Astarini kaget mangertos prajurit ingkang dhateng menika. Astarini namung saged njerit lajeng ndangu asmanipun Rujita. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *regresi* mawi nindakaken tumindak supados ngraos aman.

***f. Pengalihan***

*Pengalihan* inggih menika ngalihaken raos boten remen tumrap salah satunggaling *objek* dhateng *objek* sanesipun ingkang *memungkinkan.* Pengaliha mbetahaken *subjek* utawi *objek* sanesipun ingkang kedah dipunkurbanaken utawi dipunlepataken. *Mekanisme pertahanan ego* menika saged dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kepeksa, keduwung, saha kuciwa. Kawontenan ingkang nrenyuhaken ugi rumaos dados rebutan dening para priya ingkang dados mitranipun damel Astarini ngraos kedah motong rikmanipun. Astarini ingkang gadhah rikma ingkang panjang dumadakan gadhah niyat motong rikmanipun supados ical kasulistyanipun. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Dumadakan Astarini ngudar gelungane. Tumlorong mudun, ambjar ketel banget. Wati sing botjah wadon wae ija eram kagawokan. Saka ukele kono ana glati tjilik kumelap, landepe pitung penjukur. Dening Astarini ditjekel kentjeng (Kenja Ing Palagan: 11).*

Astarini dipuncariyosaken nyepeng glathi ingkang wonten ing ukelipun. Glathi menika landhep sanget. Raos kepeksa menika ketingal saking tumindakipun Astarini ingkang nyepeng glathinipun kanthi kenceng. Astarini ingkang sampun ngrawat rikmanipun limrahipun boten badhe gampil motong rikmanipun piyambak. Nanging, Astarini ngraos bilih amargi kasulistyanipun

menika piyambakipun dados rebutan. Rikmanipun menika dados salah satunggaling kasulistyan ingkang kedah dipunicalaken. Nanging mangertos Wati ingkang ketingal kaget kaliyan kuwatos, lajeng Astarini caos andharan kados makaten.

> *Adja kuwatir, Wati. Rungokna omongku. Dakgagas, ing djaman revolusi iki, kasulistyan mono ora ana paedahe. Kowe ngerti Wati? Kasulistyan kuwi mung malah dadi ratjun kang sumebar ing aurip. Buktine, kowe ngerti dewe. Mas Djita tresna marang aku. Mas Radja seneng aku. Durung dak petung, anak buahe mas Radja sing pada ora wani nglairake. Durung dakkandakake kantja2ku sekolah lija kuta sing ngreti jen aku pinter badminton. Saiki, ing djaman revolusi iki, kasulistyan iku malah nglumpuhake semangat pradjurit. Metjah belah persatuwan. Iki tjengkah banget karo tudjuwan pokok, tudjuwan revolusi, jaiku kanggo karahardjane rakjat Indonesia kabeh. Mulane Wati….*
> *Apa mbak?*
> *Tulung. Rambutku iki brondolana wae. Supaja aku ora dadi rebutan (Kenja Ing Palagan: 12).*

Astarini ngandharaken dhateng Wati bilih piyambakipun boten badhe tumindak awon. Astarini ingkang rumaos piyambakipun dados rebutan menika ngersakaken motong rikmanipun. Astarini gadhah pangajeng-ajeng boten dados rebutan malih mawi motong rikmanipun ingkang dados salah satunggaling kasulistyaning piyambakipun. Dados Astarini menika ngraos kepeksa motong rikmanipun kathi ancas supados boten dados rebutan. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *pengalihan* mawi motong rikma ingkang dipunraos minangka sebab Astarini dados rebutan.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *pengalihan* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud raos keduwung ing batosipun Astarini amargi ngraos sampun nate remen dhateng Letnan Suraja. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

*Bandjur deweke kelingan marang letnan Suradja. Deweke keduwung banget, jagene deweke menehi ati marang deweke? Maune kabeh2 mau mung dianggep demi perdjuwangan. Nanging suwe2 krasa menawa letnan Suradja duwe rasa tresna. Lan… temenan, rasa mau dilairake temenan. Ah, Astarini kepengin berdjuwang. Lepas saka rasa2 kang ngreridu ngono iku (Kenja Ing Palagan: 16).*

Astarini saweg kemutan kaliyan Letnan Suraja ingkang sampun tresna dhateng piyambakipun. Astarini dipunsebataken ngraos keduwung amargi sampun maringi ati utawi tresna ugi dhateng Letnan Suraja ingkang salajengipun dipunlairaken dhateng Astarini. Raos keduwung menika ngengingi kersanipun Astarini ingkang sejatosipun namung mligi berjuwang kaliyan lepas saking raos tresna. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *pengalihan* mawi nyalahaken wontenipun raos tresna.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *pengalihan* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud raos kuciwa amargi mireng dhawuhipun Sersan Parta ingkang sampun cubriya kaliyan badhe ngukum pejah piyambakipun. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

*Astarini dadi ndjegreg kaja tugu sinukarta. Mripate kedep tesmak mandeng sersan Parta. Raine malih abang ngatirah, kaja praene batari Durga. Deweke ngreti aten2e sersan Parta. Jagene malik grembjang kaja ngono? Deweke kelingan kedadejan manis wengi sadurunge sersan Parta mangkat nelik kuta W, bijen. Saiki bareng dadi pemimpin, ngina benget marang deweke. O, apa dupeh katresnane ora ditompa? Ah, tresna ing djaman perang. Apa ta kuwi tegese? Astarini mula ija tresna marang deweke. Nanging Astarini wedi banget marang tresna kuwi. Kuwatir jen ora bisa nerusake perdjuwangane. Akeh banget tuladane. Pemuda2 kang laku sedeng mesti kapupu ing paprangan (Kenja Ing Palagan: 53).*

Astarini boten nginten sersan Parta badhe malih grembyang manahipun dhateng Astarini. Sedaya kadadosan manis saderengipun Sersan Parta dados pemimpin. Astarini kuciwa dhateng Sersan Parta sasampunipun dados pemimpin

menika polahipun ngina sanget dhateng piyambakipun. Sedaya tumindakipun Sersan Parta amargi raos tresna ingkang damel wuta. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *pengalihan* mawi nyalahaken wontenipun raos tresna.

**g. *Proyeksi***

Kita asring ngadhepi kawontenan utawi perkawis ingkang boten dipunkersakaken lan boten saged dipuntampi lajeng dipunlimpahaken kanthi alesan. Tuladhanipun, asikep kasar dhateng tiyang sanes kanthi alesan bilih tiyang menika mentes nampi sikep ingkang kita lampahaken. Sikep menika dipuntumindakaken supados kita ketingal langkung sae. *Proyeksi* inggih menika *mekanisme* ingkang boten dipunsadhari ingkang paring pangayoman dhateng kita saking *pengakuan* tumrap kawontenan kasebat. Proyeksi kadadosan menawi *individu* nutupi kekianganipun lan sedaya perkawis ingkang dipunadhepi utawi sedaya lepatipun dipun*limpah*aken dhateng tiyang sanes. *Mekanisme pertahanan ego* menika saged dipunginakaken kengge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kuciwa, nekad, duka, saha bingung.

*Mekanisme pertahanan ego* awujud *proyeksi* dipunginakaken dening Astarini nalika ngadhepi raos kuciwa ing batosipun. Astarini nyuwun pambiyantunipun Wati supados motong rikmanipun. Wati ingkang boten kersa mbiyantu damel Astarini ngraos kuciwa. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *…. Mulane Wati….*
> *Apa mbak?*
> *Tulung. Rambutku iki brondolana wae. Supaja aku ora dadi rebutan.*
> *Ora mbak. Ora! Aku emoh nindakake, wangsulane tjepet.*

> *Katranganku wis tjukup, Wati. Aku wis duwe katemtuwan kang gumatok. Nanging jen Wati emoh ewang2 rudatinku, ija ta… (Kenja Ing Palagan: 12-13).*

Astarini ingkang nyuwun dhateng Wati supados mbiyantu niyatipun motong rikmanipun dipuntampik dening Wati. Mireng wangsulanipun Wati ingkang boten kersa mbiyantu motongaken rikmanipun damel Astarini ngraos kuciwa. Astarini ingkang kuciwa lajeng matur bilih andharanipun sampun cekap nanging Wati malah boten kersa mbiyantu piyambakipun. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *proyeksi* mawi asikep kasar dhateng Wati amargi boten kersa mbiyantu motong rikmanipun.

*Konflik psikologis* awujud kuciwa ugi ketingal nalika Astarini kedah mangertos sikepipun Letnan Suraja ingkang boten kersa nampi pamanggihipun Astarini. Raos kuciwa ketingal wonten pethikan menika.

> *Ah, mas Radja. Ja gene pandjenengan ora kepengin pirsa atiku? Jagene pandjenengan sentiment marang sersan Parta? O, aku rak mung srawung bares ta mas? Kaja srawungku marang pandjenengan. Kaja srawungku marang pradjurit2 lijane? (Kenja Ing Palagan: 31).*

Astarini ngraos kuciwa mangertos sikepipun Letnan Suraja ingkang boten kersa pirsa manahipun Astarini. Astarini ugi ngraos bilih Letnan Suraja sampun *sentiment* dhateng Sersan Parta kaliyan boten nginten bilih Letnan Suraja boten saged ngajeni srawungipun Astarini ingkang bares kaliyan Letnan Suraja sami ugi kaliyan prajurit sanesipun. Sedaya pangadhuhing Astarini menika amargi raos gela saking tumindaking Letnan Suraja. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *proyeksi* mawi nyalahaken tumindakipun Letnan Suraja.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *proyeksi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud nekad. Astarini ingkang mangertos Wati boten kersa mbiyantu niyatipun motong rikma lajeng nekad motong piyambak. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Katranganku wis tjukup, Wati. Aku wis duwe katemtuwan kang gumatok. Nanging jen Wati emoh ewang2 rudatinku, ija ta…*
> *Konda ngono mau karo "kres-kres" ngetoki rambute. Ganas banget kaja mbabati dami (Kenja Ing Palagan: 13).*

Astarini sampun ngandharaken dhateng Wati bilih piyambakipun sampun gadhah katemtuwan ingkang gumathok. Astarini ingkang ngraos Wati boten kersa mbiyantu niyatipun lajeng motong rikmanipun piyambak kanthi ganas. Tumindak nekad ketingal saking pangandikanipun Astarini ingkang sampun gadhah katemtuwan ingkang gumathok lajeng motong rikmanipun piyambak. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *proyeksi* mawi asikep kasar dhateng wati amargi boten kersa mbiyantu motong rikmanipun.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *proyeksi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud emosi/ duka. Astarini ingkang mangertos Wati boten kersa mbiyantu motongaken rikma lajeng ngraos radi duka ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *Konda ngono mau karo "kres-kres" ngetoki rambute. Ganas banget kaja mbabadi dami. Wati ndjerit seru, ditutupi nganggo tangane kiwa. Wusana Endang Astarini sulistya kang arambut dawa iku, saiki kaja botjah lanang. Gulune malah katon kintjlonge, ngolan-olan kaja gulu Djanaka.*
> *Ajo, Wati, wanita ing djaman merdika kaja ora pantes jen mung tansah ngudang tangis. Meneng ta. Srengengene wis surup galo (Kenja Ing Palagan: 13).*

Astarini motong rikmanipun kanthi ganas kados dene mbabadi dami. tumindak menika ngetingalaken raos emosi/ duka ing batosipun. Wati ingkang boten tegel lajeng njerit sora sanget lajeng ditutupi ngagem asta kiwa. Sasampunipun rikmanipun dipunpotong, Astarini dados kados lare jaler. Astarini ingkang mangertos Wati taksih nangis lajeng kanthi radi duka nyrengeni wati supados mendel kaliyan ngendika bilih wanita wonten ing jaman perang menika boten pantes ngudang tangis. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *proyeksi* mawi asikep kasar dhateng Wati amargi boten kersa mbiyantu motong rikmanipun.

*Konflik psikologis* ingkang awujud raos emosi/ duka sanesipun ugi dipunadhepi kanthi *mekanisme pertahanan ego* awujud *proyeksi* mawi asikep kasar dhateng Sersan Parta. Astarini ingkang boten remen dipundangu bab rikmanipun lajeng ngraos emosi/ duka lan asikep radi kasar dhateng Sersan Parta. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Tenan kok djeng. Nuwun sewu. Kuwi lho, kangungan pandjenengan rikma kok pandjenengan labuh ki bisane pije? Apa…*
> *Ah, adja ndangu bab kuwi mas. Kuwi dawa riwajate. Nanging jen pandjenengan kepengin, luwih betjik dangokna Wati wae. Asal pandjenengan ngendika jen sing ngaturi aku.*
> *Apa ana gandengane karo tresna?*
> *Pandjenengan kok kritis temen ta mas? (Kenja Ing Palagan: 20).*

Astarini dipundangu dening Sersan Parta ngengingi rikmanipun. Astarini ingkang ngraos boten remen lajeng ngendika blaka bilih piyambakipun boten kersa ngandharaken kenging menapa rikmanipun dipunpotong. Sersan Parta ingkang taksih kepengin mangertos lajeng ndangu menapa rikmanipun ingkang dipunpotong menika wonten gegayutanipun kaliyan bab tresna. Pitakenan saking

Sersan Parta menika lajeng damel Astarini tumindak srengen utawi anyel dhateng Sersan Parta. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *proyeksi* mawi asikep kasar dhateng sersan Parta.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *proyeksi* ugi dipunginakakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud bingung. Astarini kaliyan WAti ingkang nembe kepanggih Sersan Parta lajeng dipunajak ningali ramen-ramen. Astarini ingkang dipundangu dening Wati ketingal bingung lan mangsuli bilih gumantung kawontenan mangke. Makaten ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Astarini lan Wati menggok. Dene sersan Parta bablas. Asrama gerilja ana ing desa sidjine. Ora tjampur karo botjah2 P. M. I.*
> *Ana tengah ndalan Wati ndesuk: tindak ja mbak, mengko?*
> *Kowe kuwi lho, Ti, kok njela2 wae. Ja mengko keprije, menunggu perkembangan (Kenja Ing Palagan: 15).*

Sasampunipun dipunajak ningali ramen-ramen utawi tontonan dhateng Sersan Parta, Wati ndangu Astarini badhe tindak menapa boten. Astarini ingkang saweg nandang susah lajeng matur radi kasar dhateng Wati. Ing pungkasan, Astarini mangsuli bilih sedayanipun gumantung kawontenan mangke ndalu. Adhedhasar wangsulanipun Astarini menika ketingal wonten raos bingung amargi dereng mangertos badhe ningali menapa boten Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *proyeksi* mawi asikep kasar dhateng Wati.

***h. Reaksi formasi***

*Represi akibat impuls anxitas kerap kali diikuti oleh kecenderungan yang berlawanan yang bertolak belakang dengan tendensi yang ditekan: reaksi formasi*

*(Minderop, 2011: 37). Reaksi formasi* saged dipunsebat inggih menika tumindak ingkang dipunlampahaken kangge nutupi raos *kecemasan* mawi tumindak ingkang kosok balen kaliyan *kecemasan* menika. Tuladhanipun, tiyang ingkang asikep sopan kangge nutupi raos ajrih. *Mekanisme pertahanan ego* menika saged dipunginakaken kengge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kuwatos, duka, saha nekad. Astarini ingkang mangertos Wati boten kesah kaliyan kancanipun saperlu ningali ramen-ramen lajeng ndangu Wati sarta ngaken Wati supados kesah ningali ramen-ramen utawi tontonan. Tumindakipun Astarini menika amargi ngraor kuwatos dhateng Wati. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Gamelan sing ditabuh keprungu ngrangin. Kala2 keprungu swarane botjah lanang, undang2 kantja2ne diadjak nonton. Bandjur adoh banget kana, swarane mortar gumlegar.*
> *Kowe ora mangkat Wati?*
> *Wati ora mangsuli. Mung njawang kanti kebak rasa.*
> *Mangkata ta. Aku dak tunggu omah.*
> *Ora mbak. Jen kepareng aku kepengin ngantjani pandjenengan (Kenja Ing Palagan: 15).*

Astarini ingkang boten tindak nonton mangertos mitranipun ugi boten tindak lajeng ndangu Wati kaliyan ngaken supados tindak nonton tanpa piyambakipun. Nanging Wati boten kersa amargi kepengin ngancani Astarini. Astarini tumindak kados makaten amargi kuwatos dhateng Wati. Astarini ugi boten sekeca amargi mangertos saderengipun Wati ketingal kepengin sanget nonton. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *reaksi formasi* mawi nutupi raos boten sekeca mawi ngaken Wati nonton.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *reaksi formasi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kuwatos. Astarini ingkang sowan dhateng Letnan Suraja nyaket alon-alon lan nyuwun supados

Letnan Suraja boten lepat anggenipun nampi aturipun. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Astarini ora mangsuli. Mung njedak alon2. Mripate mung tansah mandeng wae sarta lambene sing semu mesem iku sadjak ngenteni wangsulaning paminta.*
> *Dadane letnan Suradja gumeter. Apa bener iku djeng Astarini? Mengko gek bangsaning lelembut.*
> *Djeng Tari? Ana apa?*
> *Bareng wis tjedak Astarini tjelatu serak : Mas.*
> *Ija, aku letnan Suradja.*
> *Aku kepengin matur sitik mas. Nanging dakdjaluk kanti ati kang bening, adoh saka rasa panjakrabawa (Kenja Ing Palagan: 28).*

Astarini sowan dhateng Letnan Suraja. Astarini dipuncariyosaken nyaketi Letnan Suraja kanthi alon sasampunipun dipundangu dening Letnan Suraja ngengingi dhatengipun Astarini. Mireng pitakenanipun Letnan Suraja salajengipun Astarini nembe matur bilih piyambakipun badhe matur sakedhik dhateng Letnan Suraja. Astarini ketingal kuwatos saking ukara "*Nanging dakdjaluk kanti ati kang bening, adoh saka rasa panjakrabawa.".* Saking ukara menika ngetingalaken bilih Astarini ngraos kuwatos mbok menawi aturipun dipunpenggalih ingkang seje dening Letnan Suraja. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakken *mekanisme pertahanan ego* awujud *reaksi formasi* mawi asikep manis kangge ngumpetaken raos ajrih.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *reaksi formasi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud nekad. Minangka wanita, Astarini ingkang kendel sanget lajeng mlampah piyambakan saking Kabupaten K dhateng markasipun ing wayang enjing sanget. Makaten ingkang dipuraosaken dening paraga Astarini.

> *ESUK BANGBANG wetan wajah wong menjang pasar, ana kenja njandang prasadja, ninggal kuta kabupaten K. idjen tanpa kontja, idjen tanpa kanti (Kenja Ing Palagan: 46).*

Astarini ingkang nembe nindakaken tugas wonten ing kabupaten K lajeng tindak piyambakan dhateng markasipun. Astarini tindak piyambakan wonten ing wayah enjang sanget menika saged ngetingalaken tumindak ingkang nekad. Astarini ingkang sampun gadhah katemtuwan ingkang gumathok nindakaken tugas menika nekad tindak piyambakan amargi kedah wangsul dhateng markasipun saperlu nglapuraken kasilipun nyamar pados warta papanipun Letnan Suraja. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *reaksi formasi* mawi nedahaken raos kendelipun sinaosa wanita.

***i. Agresi***

*Agresi* saged awujud tumindak langsung lan *pengalihan*. *Agresi langsung* inggih menika *agresi* ingkang dipunlampahaken langsung dhateng tiyang sanes menapa *objek* ingkang dados sumber *frustrasi*. *Agresi* ingkang awujud *pengalihan* inggih menika menawi rumaos *frustrasi* nanging boten saged nglampahaken kanthi marem dhateng sumber *frustrasi* amargi boten cetha. *Mekanisme pertahanan ego* menika saged dipunginakaken kengge ngadhepi *konflik psikologis* awujud duka, kuwatos, dhendhem, bingung, saha kuciwa. *Agresi langsung* dipuntumindakaken dening Astarini nalika dipunanggep lemah dening Sersan Parta. Makaten ingkang dipuraosaken dening Astarini.

> *Wong kok jen duwe karep sadeg sanjet, ngono gremenge. Bandjur tjelatune marang Timan : Tulung, djeng Tari derekna.*
> *Wis mas, ora usah.*
> *Ja gene?*

*Aku wis wani dewe.*
*Ning rak ja kanggo pantese ta djeng? Botjah wadon di .....*
*Djaman perang lho mas (Kenja Ing Palagan: 21).*

Nalika saweg mlampah kaliyan Astarini, dumadakan Sersan Parta dipunaturi ngadhep Letnan Suraja. Sersan Parta lajeng ndawuhi Timan supados ngancani Astarini. Nanging Astarini boten kersa dipunkancani amargi sampun wantun wangsul piyambakan. Sersan Parta ingkang boten sekeca lajeng ngendika bilih sampun limrah menawi tiyang estri menika dipunkancani nalika wangsul ing wayah ndalu. Astarini ingkang rumaos dipunasoraken awit piyambakipun wanita lajeng mangsuli bilih sakmenika jaman perang. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi* mawi asikep kasar dhateng sersan Parta.

*Wis djeng, sepisan maneh aku matur: tjukup. Djeng Tari ora susah sambung.*
*Aku kudu sambung mas. Jen serangane Londa diawani sitik, arep menjang ngendi playu pandjenengan? Djarak antara pertahanan iki lan sikiling gumuk kae, tjukup adoh. Mongka ora ana papan sing kena kanggo berlindung. Kalen2 tjetek. Padesan2 wit2ane mamring. Kapal mabur bakal enak wae mbrondongi pandjenengan (Kenja Ing Palagan: 29).*

Astarini saweg ngupiyakaken supados Letnan Suraja ngewahi dhawuhipun. Dhawuhipun Letnan Suraja ngengingi siyasat perang menika dipunraos boten nguntungaken para prajurit gerilya. Astarini gadhah pamanggih bilih mbebayani sanget kangge para prajurit gerilya menawi kedah ngadhepi Londa ing wekdal gagat rahina. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi* mawi ngaturaken pamanggihipun dhateng Letnan Suraja.

> *Ripin gregetan, lakune kepara mlaju. Wanita mau ditjandak baune saka mburi. Nanging tjepet2 Ripin dikipatake. Krasa pipine nampa tjap dridji sing mutjuk eri kuwi.*
> *Asem ki. Wong wedok kakejan reka.*
> *Sing dempal ngguju tjekikikan. Djalukanmu Pin. Wong ki nek tjrongoh.*
> *Ripin saja kemropok. Wong wadon mau arep ditjandak maneh. Nanging dumadakan Ripin mundur. Dridji sing mutjuk eri kuwi wis ngliga tjundrik.*
> *Wis, arep apa kowe bung, pitakone wanita mau (Kenja Ing Palagan: 48).*

Ripin gadhah niyat awon dhateng Astarini. Ripin badhe tindak durjana kaliyan badhe milara Astarini. Astarini ingkang ngraos dipunganggu menapa malih mangertos Ripin badhe nyerang piyambakipun lajeng nantang Ripin. Astarini ketingal boten remen awit saking polahipun Ripin saengga wantu nantang Ripin kanthi ngedalaken cundrik. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi* mawi males tumindakipun Ripin.

*Konflik psikologis* awujud raos emosi sanesipun ingkang dipunraosaken dening paraga Astarini ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Kawuningana djeng Tari, pandjenengan kesenengen anggon pandjenengan nglari letnan Suradja, tur ora ana wohe. Karo maneh kawuningana, menawa sapari-polah pandjenengan megsa ora dakpretjaja. Kurir Samija tansah dakkon memanuki.*
> *Sersan! Jagene ora ngandel marang aku? Apa tindak tandukku kang salawase daktindakake iki ora nuduhake jen aku iki wong Republik? (Kenja Ing Palagan: 53).*

Sersan Parta ingkang cubriya dhateng Astarini lajeng ndakwa Astarini boten nindakaken tugasipun. Sersan Parta langkung pitados dhateng kurir Samija ingkang ngawasi Astarini nalika nyamar dados Julia. Sersan Parta ngendika bilih Astarini namung seneng-seneng kemawon kaliyan Kapten Junan. Astarini dipucubriya nindakaken sesambetan batin kaliyan Kapten Junan. Pethikan menika

nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi* mawi males pangandikanipun Sersan Parta.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *agresi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud raos kuwatos. Astarini matur dhateng Letnan Suraja kanthi alon-alon saha ngatos-atos ingkang ngetingalaken raos kuwatos ing batosipun Astarini. Pethikan menika ngetingalaken ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Aku arep matur mungguh sijasat kang kita tindakake iki. Aku arep matur, instruksi sing pandjenengan dhawuhake iku apa ja wis pandjenengan pikir kanti tenan?*
> *Aku ora ngreti karepmu djeng.*
> *Aku kuwatir menawa dawuh mau mung kadereng saka ati kang kagelan (Kenja Ing Palagan: 29).*

Astarini matur ngengingi dhawuhipun Letnan Suraja ingkang boten patosa trep kaliyan kawontenanipun para prajurit gerilya. Dhawuhipun Letnan Suraja menika ketingal boten sae kangge para prajurit gerilya ingkang kemampuan saha senjatanipun kalah saking Londa. Astarini nyuwun supados Letnan Suraja menggalih malih ngengingi dhawuhipun. Wonten ing pethikan menika dipunsebataken bilih Astarini rumaos kuwatos bilih dhawuhipun Letnan Suraja awit saking manah ingkang kagelan. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi* mawi ngaturaken pamanggihipun dhateng Letnan Suraja.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *agresi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud dhendhem. Astarini ingkang sampun ngraos dipunganggu lan dipupilara mawi badhe dipuntembak dening Ripin lajeng

nglapuraken Ripin kaliyan kancanipun dhateng warga padesan. Raos dhendhem menika ketingal wonten ing pethikan ing ngandhap menika.

> *Sauntara kuwi wong2 desa tjedake kono pada ngrubung. Maune sing arep dirangsang wanita mau. Nanging klajan widjang wanita mau menehi keterangan, nuduhake merah-putih sing digawa.*
> *Dulur2 aja kesusu ndakwa jen aku mata2. Wong loro sing nggletak kuwi gledahana. Aku pertjaja jen deweke pada nggawa abang putih biru. Utawa paling ora duwit Federal. Karo maneh aku ora duwe karep ala. Aku mung membela diri (Kenja Ing Palagan: 50).*

Astarini saweg dipunrubung dening warga desa. Astarini ingkang dipuncubriya dados mata-mata caos katrangan kaliyan nedahaken bukti merah-putih ingkang dipunbekta. Sasampunipun nerangaken dhateng warga lajeng Astarini ngendika bilih ingkang dados mata-mata inggih menika tiyang jaler kalih ingkang ngglethak menika(Ripin kaliyan Dhempal). Astarini nglapuraken Ripin kaliyan Dhempal amargi kalih priya menika sampun nyerang piyambakipun kaliyan sampun dados mata-mata. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi* mawi males tumindakipun Ripin.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *agresi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud bingung. Astarini ingkang nembe kemawon wangsul dhateng markas nyobi pitaken dhateng Sersan Parta ngengingi kawontenan ingkang boten limrah wonten ing markas menika. Nanging wangsulanipun Sersan Parta damel Astarini ngraos bingung. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

> *Sersan Parta mlengos: Kudune djeng Tari wis kagungan wangsulan dewe. Jagene kahanan dadi sepi ngene?*
> *Aku ora ngreti mas. Ora ngreti tenan.*

*Ah, pura2. Wis, wangsulana, menjang ngendi djeng Tari sadjrone limalas dina iki?*
*Menjang ngendi? Kok kaja pitakone botjah tjilik ta mas. Aku rak menjang kuta ketjamatan W, lan kuta kabupaten K, prelu nglari letnan Suradja, tjotjok karo dawuhmu? (Kenja Ing Palagan: 52).*

Sersan Parta ngendika samesthinipun Astarini sampun kagungan wangsulan piyambak bab kawontenanipun wonten ing markas. Astarini ingkang ngendika bilih boten mangertos saestu lajeng dipundangu dening Sersan Parta ngengingi menapa ingkang dipuntumindakaken dening Astarini sadanguning gangsal welas dinten kepengker. Astarini mangsuli pitakenanipun Sersan Parta kanthi saestunipun bilih piyambakipun nglajengaken tugas kados dhawuhipun Sersan Parta. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi* mawi males pangandikanipun Sersan Parta.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *agresi* ugi dipunginakakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kuciwa. Astarini ingkang mireng dhawuhipun Sersan Parta ngraos kuciwa sanget amargi ketingal ngina sanget dhateng Astarini. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Astarini.

*Sersan. Saiki bukak kertu wae. Ora susah nganggo alesan pangkat apa maneh kapradjuritan. Ngene wae. Aku wadon kowe prija. Sebagai manusia bijasa. Sawise aku takon: jagene kowe dadi malik grembjang kaja mengkono? (Kenja Ing Palagan: 52-54).*

Astarini kanthi kendel ndangu Sersan Parta bilih polahipun Sersan Parta menika sampun ewah dados malih grembyang kados makaten. Pitakenan Astarini ngengingi polahipun kaliyan ewahipun Sersan Parta meniak negesaken bilih Astarini ngraos kuciwa. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi* mawi males pangandikanipun Sersan Parta.

Wati minangka paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* ugi ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi, reaksi formasi, represi, regresi,* saha *agresi* kangge ngadhepi *konflik psikologis* ingkang dipunrosaken ing batosipun.

***a. Sublimasi***

*Sublimasi* kadadosan menawi tumindak-tumindak ingkang gadhah paedah kanthi cara sosial kangge nggantos pangraos ingkang boten mranani. *Sublimasi* saestunipun kalebet wujud *pengalihan* (Minderop, 2011:34). *Sublimasi* kalebet salah satunggaling wujud *mekanisme pertahanan ego* kangge ngadhepi *konflik psikologis. Mekanisme pertahanan ego sublimasi* menika dipunlampahaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kuwatos kaliyan bingung. Wati ingkang saweg siram wonten ing lepen kaliyan Astarini wiwit mirsani mitranipun ingkang ketingal suntrut utawi sedhih. Wati ugi ndangu Astarini kenging menapa ketingal suntrut utawi sedhih ingkang ngetingalaken raos kuwatos. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Mbak Tari kok katon suntrut ta mbak? Nek sajah kok kajane ora, wong ndina2 pantjen gawejane mung mblebedi tatu. Dadi upomoa kesel rak ja wis bijen2 (Kenja Ing Palagan: 5).*

Astarini ingkang saweg ketingal suntrut ndadosaken Wati ngraos kuwatos. Mangertos kawontenanipun Astarini ingkang suntrut menika damel Wati ndangu Astarini ngengingi bab ingkang damel piyambakipun suntrut kanthi langsung. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* mawi nggantos raos boten jenjem mawi umindak ingkang *realistis*. Tumindak ingkang *realistis* menika amargi ngraos boten jenjem ningali

Astarini ingkang sedhih lajeng ndakwa ingkang kinten-kinten ndadosaken Astarini suntrut utawi sedhih.

Raos kuwatos ugi dipunraosaken Wati nalika mangertos kawontenanipun Astarini ingkang saweg nampi pacoban. Raos kuwatosipun Wati ketingal saking anggenipun mirsani Astarini kanthi kebak rasa. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

*Kowe ora mangkat Wati?*
*Wati ora mangsuli. Mung njawang kanti kebak rasa.*
*Mangkata ta. Aku dak tunggu omah.*
*Ora mbak. Jen kepareng aku kepengin ngantjani pandjenengan (Kenja Ing Palagan: 15).*

Wati dipundangu dening Astarini menapa boten kesah ningali tontonan. Wati lajeng mangsuli bilih piyambakipun ngersakaken ngancani Astarini wonten griya kemawon. Wati ingkang mangertos kawontenanipun Astarini nembe dipuntilar donya dhateng kulawarganipun boten sekeca menawi nilar Astarini wonten dalem piyambakan. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* mawi nggantos raos boten jenjem mawi umindak ingkang *realistis* inggih menika mawi ngancani Astarini.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *sublimasi* ugi dipunginakakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud bingung. Sasampunipun Wati maos layang ingkang wosipun warta sedanipun kulawarganipun Astarini, Wati boten saged tumindak menapa-menapa. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

*Matja layang sing kaja mengkono mau, Wati ora bisa tumindak apa2. Kedjaba mung nerusake olehe nangis. Kanggo sauntara kahanan mung*

> *mengkono wae. Sore sangsaja tumurun. Ing imbang kulon wis katon garis2 abang djingga, angine mili alus (Kenja Ing Palagan: 11).*

Wati dipuncariyosaken boten saged tumindak menapa-menapa. Sasampunipun maos layangipun Astarini ingkang wosipun ngengingi sedanipun kulawarganipun Astarini damel Wati ndherek nangis. Wati ndherek sedhih mangertos nasibipun Astarini ingkang sampun dipuntilar kulawarganipun. Maos wosing layang ingkang kados makaten damel Wati namung saged nangis amargi boten saged tumindak menapa-menapa. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *sublimasi* mawi tumindak nangis amargi boten mangertos kedah kados pundi.

***b. Reaksi formasi***

*Reaksi formasi* saged dipunsebat inggih menika tumindak ingkang dipunlampahaken kangge nutupi raos *kecemasan* mawi tumindak ingkang kosok balen kaliyan *kecemasan* menika. Tuladhanipun, tiyang ingkang asikep sopan kangge nutupi raos ajrih. *Mekanisme pertahanan ego* menika saged dipunginakaken kengge ngadhepi *konflik psikologis* awujud meri. Wati ingkang mangertos Astarini dipunblakani dening Letnan Suraja lajeng enggal-enggal nyuwun pirsa wangsulanipun Astarini. Dakwanipun Wati ingkang nyebataken bilih Astarini sampun mesthi saguh menika ngetingalaken raos meri. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Rupamu. Deweke ngendika temenan marang aku mungguh bab kuwi. Deweke ngendika menawa mbesuk jen wis aman, mas Radja ngadjak aku gelema urip bebarengan.*
> *Keprije mbak wangsulanmu? Ah, mesti saguh ya? Aduh, suk nek wis aman, aku daksowan. Pije mbak, pije?*
> *Bijasa Wati, bijasa kaja wangsulan2 ing djaman revolusi.*
> *Bijasa keprije? (Kenja Ing Palagan: 6).*

Wati rumaos meri sasampunipun mangertos Astarini dipunblakani dening Letnan Suraja. Wati lajeng kepengin mangertos ugi wangsulanipun Astarini kanthi ndakwa bilih Astarini nampi Letnan Suraja. Wati ugi sampun gadhah rantaman badhe sowan dhateng dalemipun Astarini menawi kawontenan sampun aman. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *reaksi formasi* mawi nutupi raos meri kathi tumindak ngalem.

***c. Represi***

Miturut pamanggihipun Freud, *represi* inggih menika *mekanisme pertahanan ego* ingkang paling kiyat saha jembar (Minderop, 2011: 32). Tugasipun *represi* inggih menika ndorong supados *impuls-impuls id* ingkang boten dipuntampi medal, saking alam sadhar wangsul malih dhateng alam bawah sadhar. *Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *represi* menika saged dipuntindakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kuwatos, ajrih, kaget, gumun/ eram, saha sedhih. Wati ingkang sampun pungkas anggenipun siram lajeng ngagem agemanipun, dene Astarini taksih kungkum wonten ing kedhung. Wati lajeng mirsani mitranipun kanthi raos kuwatos lan nyobi ndakwa menapa ingkang dados penggalihipun Astarini. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Rikala Wati wis rampung olehe menganggo, Tari isih kungkum ana ing kedung. Mripate manter njawang wewajangane kang ana ngarepe. Wewajangan kang sulistya ngemba hapsari. Wati njoba ngerti apa kang dadi uneg2ing atine sumitrane. Apa keduwung marga nulak tresnane letnan Suradja? Apa kelingan dek djaman isih botjah? Nanging Wati ora wani nakokake (Kenja Ing Palagan: 7).*

Sasampunipun pungkas anggenipun ngagem ageman Wati ningali mitranipun, Astarini. Wati ningali Astarini ingkang saweg kungkum wonten ing kedung kaliyan nyobi mangertos menapa ingkang saweg dipunpenggalih dening Astarini. Wati ngraos kuwatos menapa Astarini saweg menggalih ngengingi mas suraja menapa saweg menggalih jaman alitipun. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi *menekan* salah satunggaling pangraos.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *reaksi formasi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud ajrih. Wati sejatosipun kepengin mangertos menapa ingkang dados penggalihipun Astarini nanging Wati boten wantun utawi ajrih menawi badhe ndangu Astarini. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Wati njoba ngerti apa kang dadi uneg2ing atine sumitrane. Apa keduwung marga nulak tresnane letnan Suradja? Apa kelingan dek djaman isih botjah? Nanging Wati ora wani nakokake (Kenja Ing Palagan: 7).*

Wati ingkang mangertos polatanipun mitranipun namung saged ndakwa ing manah. Wati nyobi mangertos menapa ingkang dados ganjelan manahipun Astarini, mitranipun. Sinaosa mangertos kados pundi polatanipun Astarini, nanging Wati boten wantun ndangu dhateng mitranipun(Astarini). Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi *menekan* salah satunggaling pangraos.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *reaksi formasi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kaget. Wati ingkang

saweg maos majalah wonten ing kamar tengah dumadakan ngraos kaget amargi rawuhipun Sersan Parta. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Lagi wae dirasani mengkono, ndadak sersan Parta teka mrono. Anggone kula nuwun ora ana kang mangsuli. Mulane terus wae mlebu. Ketemu Wati ana kamar tengah karo matja madjalah tuwa.*
> *Ti, pitakone bareng wis tjedak.*
> *O, mas Parta. Kaget aku, wangsulane.*
> *Djeng Tari gerah apa?*
> *Ija ki, wiwit mau terus wae ngamar. Saiki krubutan (Kenja Ing Palagan: 17).*

Wati ngraos kaget nalika mangertos rawuhipun Sersan Parta. Wati ingkang saweg maos majalah wonten ing kamar tengah menika boten mangertos rawuhipun Sersan Parta. Wati lajeng kaget amargi dumadakan Sersan Parta sampun wonten ing caketipun ndangu kawontenanipun Astarini. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi *menekan* salah satunggaling pangraos.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *reaksi formasi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud gumun/ eram. Wati, sinaosa wanita nanging ugi ngraos eram nalika mirsani rikmanipun Astarini ingkang dipunudhar gelungipun. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Dumadakan Astarini ngudar gelungane. Tumlorong mudun, ambjar ketel banget. Wati sing botjah wadon wae ija eram kagawokan. Saka ukele kono ana glati tjilik kumelap, landepe pitung penjukur. Dening Astarini ditjekel kentjeng (Kenja Ing Palagan: 11).*

Astarini ngudhar gelungipun saengga rikmanipun ingkang panjang kaliyan ketel sanget menika mandhap ambyar. Wonten ing pethikan menika dipunsebataken bilih Wati ingkang lare estri ugi ngraos eram sanget mirsani

rikmanipun Astarini. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi *menekan* salah satunggaling pangraos.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *reaksi formasi* ugi dipunginakakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud sedhih. Wati ingkang nembe maos layang ngengingi sedanipun kulawarganipun Astarini boten saged ngumpetaken raos sedhih manahipun. Nalika kepanggih Sersan Parta, Astarini sampun saged mesem nanging Wati taksih ketingal nembe kemawon nangis. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Ah, ja ora. Mung menehi weruh menawa mengko bengi botjah2 arep pada nganakake ramen2.*
> *Ramen2 apa?*
> *Bijasa ta, anggere rumongsa aman rak kaja tjah edan. Astarini mesem. Wati isih bengep, mripate. Ora bisa ndelikake ruseging atine (Kenja Ing Palagan: 14).*

Wosing layang kaliyan tumindakipun Astarini damel Wati susah sanget manahipun lan boten saged ngicalaken utawi ngendhegaken tangisipun. Kados ingkang kasebataken wonteni ing pethikan, ruseging manahipun Wati boten saged dipuntutupi ngantos rikala dipunajak ningali tontonan dening Sersan Parta. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* mawi *menekan* salah satunggaling pangraos.

**d. *Regresi***

*Regresi* inggih menika salah satunggaling *mekanisme pertahanan ego* ingkang dipunlampahaken kanthi cara wangsul wonten ing *taraf* ingkang langkung andhap lan tindak tandukipun kados dene wonten salebeting taraf ingkang langkung andhap. Tindak tandukipun tiyang ingkang sampu diwasa

nanging kados dene lare *(retrogressive behaviour)* utawi nalika tiyang diwasa asikep kados dene tiyang ingkang boten gadhah kabudayan *(primitivation)*. *Mekanisme pertahanan ego* menika saged dipunginakakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud meri, bingung, saha sedhih. Raos meri ketingal nalika Wati mirsani Letnan Suraja ndugekakaken layang kangge Astarini lajeng Wati ndherek nyuwun serat mbok menawi wonten. Raos meri menika amargi Wati ugi kepengin nampi layang. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Lha aku endi? Pitakone aleman.*
> *Kowe?*
> *Ija.*
> *Lha ndjaluk  pa pije? Dakkone nggawekake Djana.*
> *Ah, mas Radja ki ngenjek. Masa mas Djana wae sudi karo aku? (Kenja Ing Palagan: 8).*

Wati ndangu dhateng Letnan Suraja menapa wonten layang kangge piyambakipun. Pitakenanipun Wati ingkang nedahaken ngersakaken layang kados Astarini menika ngetingalaken bilih Wati meri dhateng Astarini. Raos meri ingkang ketingal saking pethikan menika namung meri amargi mitranipun nampi layang nanging piyambakipun boten. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *regresi* mawi tumindak aleman supados dipungatosaken tiyang sanes.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *regresi* ugi dipunginakakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud bingung. Wati ingkang saweg mirsani Letnan Suraja lajeng ndangu Astarini kenging menapa nampik priya gagah makaten. Nanging nalika Wati mangertos Astarini nangis, Wati boten mangertos kedah tumindak menapa utawi ngraos bingung. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

*Ora oleh wangsulan. Tibake Tari wis mbukak layange. Mripate lera-lere nuruti aksara. Banjur lambene gemeter mintjak-mintjuk. Lan kang pungkasan dewe, layang diremet, banjur ungkeb2. Nangis. Astarini nangis. Weruh sing kaja ngono mau, Wati ija bandjur melu membleh2. Ora mangerti apa kang arep ditindakake.*
*Ana apa ta mbak? Ana apa? (Kenja Ing Palagan: 9).*

Wati ingkang nenggo wangsulanipun Tari ngengingi Letnan Suraja dumadakan kaget mangertos kawontenan mitranipun menika. Tari maos layangipun lajeng nangis ungkeb-ungkeb. Wati ingkang mangertos kawontenanipun Tari ingkang ketingal susah menika ndadosaken *Id* ngraos bingung. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *regresi* mawi nangis kangge nedahaken pangraosipun.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *regresi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud sedhih. Wati ingkang mirsani Astarini nangis wiwit ndherek nangis ugi. Wati ugi ndangu Astarini wonten menapa lan kenging menapa Astarini nangis kados makaten. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

*Ana apa ta mbak? Ana apa?*
*Tari ora mangsuli. Isih nangis ungkeb2. Lan kang pungkasan dewe, lajang kang pating plitut mau diulungake marang Wati.*
*Karo membleh2 Wati wiwit matja. Atine melu dag-dig-dug. Gek apa ta isine dene nganti njedihake mengkono? (Kenja Ing Palagan: 9-10).*

Wati saweg pitaken dhateng mitranipun. Wati nyuwun pirsa wonten menapa mitranipun nangis lan menapa ingkang damel mitranipun nangis ngantos ungkeb-ungkeb makaten. Nanging mitranipun boten mangsuli lan namung ngulungaken layang ingkang dipuncepeng dhateng Wati. Wati ingkang kepengin mangertos lajeng nampi layang ingkang dipunulungaken mitranipun. Sasampunipun maos layang menika lajeng Wati ndherek nangis amargi wosipun

layang menika panci damel sedhih manahipun. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *regresi* mawi nangis kangge nedahaken pangraosipun.

***e. Agresi***

*Agresi* saged awujud tumindak langsung lan *pengalihan*. *Agresi langsung* inggih menika *agresi* ingkang dipunlampahaken langsung dhateng tiyang sanes menapa *objek* ingkang dados sumber *frustrasi*. *Agresi* ingkang awujud *pengalihan* inggih menika menawi rumaos *frustrasi* nanging boten saged nglampahaken kanthi marem dhateng sumber *frustrasi* amargi boten cetha. *Mekanisme pertahanan ego* menika saged dipunginakaken kengge ngadhepi *konflik psikologis* awujud gumun/ eram, kaget saha duka. Wati ingkang mirsani Letnan Suraja tindak kondur lajeng ngaturaken raos gumun utawi eram dhateng Letnan Suraja. Wati ugi mbeda Astarini menapa nampik priya gagah kados makaten. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Letnan Suradja mlaku lon2an. Bali lelumpatan ing watu2 gede. Botjah loro pada ngetutake lakune. Lan bareng wis ora katon, Wati mbeda Astari maneh.*
> *Wong bregase kaja Gatutkatja ngana kok ditampik. Apa ora mesakake ta mbak? (Kenja Ing Palagan: 9).*

Wati mirsani awakipun Letnan Suraja ingkang saweg mlumpat wonten ing watu-watu ageng. Wati lajeng muji Letnan Suraja ingkang dipunsamikaken kados Gathutkaca. Wati ugi ndangu Astarini menapa boten mesakaken sampun nampik Letnan Suraja. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi* mawi ngaturaken pamanggihipun.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *agresi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud kaget. Nalika Wati mangertos Astarini ngudhar gelungipun, piyambakipun ngraos eram. Nanging Wati ngraos kaget mangertos glathi ingkang dipuncepeng dening Astarini. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Mbak Tari! Pambengoke Wati bareng weruh jen Astarini njekel glati (Kenja Ing Palagan: 12).*

Wati menika lajeng mbengok kanthi sora nalika mangertos Astarini nyepeng glathi. Wati ingkang mbengok kanthi sora menika nedahaken bilih wati menika kaget mangertos Astarini nyepeng glathi. Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi* mawi ngaturaken pamanggihipun.

*Mekanisme pertahanan ego* ingkang awujud *agresi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikologis* awujud duka. Wati ingkang taksih sedhih amargi mangertos kawontenanipun Astarini lajeng ngraos emosi utawi duka nalika mireng bilih para prajurit sakmenika sampun sami remen perang. Makaten pethikan ingkang dipunraosaken dening Wati.

> *Jen pada slamete, ora nganti seminggu maneh ngobrak-abrik ketjamatan W, maneh.*
> *Kok olehe seneng2e perang kuwi lho. Kaja jagat ki wis arep kiamat. Panjambunge Wati. Deweke kelingan kasangsaran kang disandang dening mitrane(Kenja Ing Palagan: 14).*

Wati ingkang saweg sedhih amargi mangertos kawontenan mitranipun lajeng boten patosa remen mireng pangandikanipun Sersan Parta. Wati ketingal ngraos emosi utawi duka saking pamanggihipun ingkang nyindir para prajurit

ingkang remen perang.  Pethikan menika nedahaken bilih Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi* mawi ngaturaken pamanggihipun.

Saking asiling panaliten menika saged dipunmangertosi bilih panganggit menika anggenipun nggarap paraga dipunandharaken kanthi cetha. Paraga Astarini minangka paraga utama nglampahi mapinten-pinten perkawis utawi *konflik* ingkang wonten sesambetanipun kaliyan paraga sanesipun. Paraga Wati minangka paraga tambahan ugi dipuncariyosaken gadhah sesambetan ingkang kiyat kaliyan paraga utama. Panganggit ugi ngandharaken kados pundi watakipun paraga, *konflik psikis* ingkang dipunlampahi, *faktor- faktor* sebabipun *konflik psikis*, saha kupiya kangge ngadhepi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paraga Astarini & Wati kanthi cetha. Saking andharan panganggit ngengingi paraga saha wosing cariyos menika saged damel pamaos remen maos novel menika.

# BAB V

# PANUTUP

## A. Dudutan

Adhedhasar saking asiling panaliten lan prembagan ingkang sampun dipunlampahaken, saged dipunpendhet dudutan kados makaten.

1. Perwatakan paraga wanita ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD wonten mapinten-pinten. Watakipun paraga wanita Astarini wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD inggih menika sabar, welas asih, kendel, prasaja, ngatos-atos, gampil sedhih, percaya diri, niyat ingkang kenceng, penurut, tegas, peduli, grapyak, jujur, tegel, gampil nyerah, gampil duka, kaliyan pinter ethok-ethok. Saking watakipun Astarini minangka paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan*, dipunpanggihaken wonten watak ingkang kosok balen. Watak ingkang kosok balen inggih menika antawisipun watak tegel ingkang kosok balen kaliyan watak welas asih, watak gampil nyerah ingkang kosok balen kaliyan watakipun Astarini ingkang gadhah niyat ingkang kenceng. Watak gampil duka menika kosok balen kaliyan watakipun Astarini ingkang sabar, lan watak pinter ethok-ethok menika kosok balen kaliyan watakipun Astarini ingkang jujur.

   Salajengipun, watakipun paraga wanita Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD inggih menika, peduli, welas asih, aleman, gampil sedhih, jujur, boten sabaran, gampil duka, ngatos-atos, saha

saged dipunpitados. Saking sedaya wujud watakipun paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan,* saged dipududut bilih paraga Astarini watakipun gampil ewah amargi dipunpanggihaken wonten watak ingkang kosok balen.

2. *Konflik psikologis* ingkang dipunlampahi dening paraga wanita Astarini & Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD wonten 14 ingkang dipunlampahi paraga wanita Astarini lan 8 ingkang dipunlampahi dening Wati. *Konflik psikologis* ingkang dipunlampahi paraga Astarini inggih menika lungkrah, bingung, ajrih, kuwatos, kaget, sedhih, emosi/ duka, kepeksa, kuciwa, nekad, keduwung, dora/ goroh, dhendham saha gugup. Dene *konflik psikologis* ingkang dipunlampahi dening paraga Wati inggih menika kuwatos, ajrih, eram/ gumun, bingung, sedhih, kaget, meri saha emosi/ duka. Saking sedaya wujud *konflik psikologis* ingkang dipunlampahi dening paraga wanita wonten ing novel *Kenja Ing Palagan,* saged dipududut bilih sedaya *konfik psikologis* ingkang dipunlampahi kawiwitan saking dhorongan *Id* ingkang dipunraosaken dening paraga Astarini & Wati.
3. *Penyebab konflik psikologis* ingkang dipunlampahi paraga Astarini & Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD wonten 30 *penyebab,* inggih menika dipunblakani dening Letnan Suraja, dipunsusul dening Letnan Suraja, rumaos dados rebutan, boten sarujuk kaliyan dhawuhipun Letnan Suraja, dipuntampik pamanggihipun dening Letnan Suraja. ngraos kuwatos tumrap Letnan Suraja, kawontenan rikala perang, wosing layang bab kulawarganipun, ngraos piyambakan, kedah nindakaken

kuwajibanipun, kanyatan ingkang boen jumbuh kaliyan pangajeng-ajeng, dipundangu dening Wati, dipuntampik panyuwunanipun dening Wati, boten sekeca kaliyan Wati, dipunajak ningali tontonan rikala jaman perang, mireng pangandikanipun Sersan Parta, dhatengipun Sersan Parta, dipundangu dening Sersan Parta, dipunanggep lemah dening Sersan Parta, tumanggapipun Sersan Parta, dipuncubriya dening Sersan Parta, dipunanggep lemah dening ripin, nate ngraos dipunpilara dening Ripin, dipuncaketi dening Kapten Junan, dipundangu dening Kapten Junan, mireng cariyosipun Kapten Junan, kedah pados warta saking Kapten Junan, kawontenanipun Kapten Junan, mireng pamanggihipun Karel, kaliyan dhatengipun Rujita ingkang boten dipunyana. Saking sedaya *faktor-faktor penyebab konflik psikologis* menika, *penyebab* ingkang asring ndadosaken *konflik psikologis* wonten ing batosipun Astarini inggih menika amargi dipunblakani dening Letnan Suraja.

*Penyebab konflik psikologis* ingkang dipunlampahi dening paraga Wati antawisipun, mangertos kawontenanipun Astarini, mangertos Astarini dipunblakani dening Letnan Suraja, kepengin nampi layang, dipunsuwun motong rikmanipun Astarini, mangertos Tari boten nampi Letnan Suraja, mangertos rikmanipun Astarini, mangertos Tari nyepeng glathi, dhatengipun Sersan Parta, saha kawontenan rikala perang. Saking sedaya *faktor-faktor penyebab konflik psikologis* menika, *penyebab* ingkang asring ndadosaken *konflik psikologis* wonten ing batosipun paraga Wati inggih menika kawontenanipun Astarini.

4. Kupiya kangge ngadhepi *konflik psikologis* ingkang dipunlampahaken dening paraga Astarini & Wati wonten ing novel *Kenja Ing Palagan,* inggih menika *mekanisme pertahanan ego.* Kupiya ingkang dipunlampahaken dening paraga Astarini ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* ingkang wonten 9 wujud, inggih menika *sublimasi, represi, apatis, rasionalisasi, regresi, pengalihan, proyeksi, reaksi formasi,* saha *agresi.* Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunandhepi kanthi cara *sublimasi* inggih menika raos lungkrah, sedhih, kuwatos, kepeksa, lan bingung ingkang dipunadhepi mawi cara nutupi raos lungkrah mawi siram, ndoga dhateng Gusti kangge kulawarganipun ingkang sampun tilar donya, nggantos raos boten jenjem mawi umindak ingkang realistis, lan mikir kanthi positif. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *represi* inggih menika sedhih, bingung, kaget, kuciwa, kepeksa, lan kuwatos ingkang dipunadhepi mawi cara menekan salah satunggaling pangraos. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *apatis* inggih menika awujud ajrih, kepeksa, lan sedhih. Caranipun ngadhehi mawi cara asikep pasrah. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *rasionalisasi* inggih menika awujud kuwatos, kepeksa, dora/ goroh, lan nekad mawi cara nyalahaken kahanan ingkang boten pesthi, nyalahaken wontenipun raos tresna, nyalahaken kahanan awakipun ingkang ngantuk, kaliyan ngendelaken tugasipun. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *regresi* inggih menika awujud sedhih, gugup, bingung, goroh, ajrih, lan kaget mawi cara nangis kangge ngetingalaken raos sedhihipun kaliyan nindakaken tumindak supados ngraos

aman. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *pengalihan* inggih menika awujud kuciwa, nekad, duka, lan bingung mawi cara asikep kasar dhateng Wati amargi boten kersa mbiyantu motong rikmanipun, nyalahaken tumindakipun Letnan Suradja, asikep kasar dhateng wati amargi boten kersa mbiyantu motong rikmanipun, asikep kasar dhateng sersan Parta, kaliyan asikep kasar dhateng wati. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *proyeksi* inggih menika awujud kepeksa, keduwung, lan kuciwa mawi cara motong rikma ingkang dipunraos minangka sebab Astarini dados rebutan kaliyan nyalahaken wontenipun raos tresna. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *reaksi formasi* inggih menika awujud kuwatos, duka, lan nekad mawi cara nutupi raos boten sekeca mawi ngaken Wati nonton, asikep manis kangge ngumpetaken raos ajrih, lan nedahaken raos kendelipun sinaosa wanita. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *agresi* inggih menika awujud duka, kuwatos, dhendham, bingung, lan kuciwa mawi cara asikep kasar dhateng sersan Parta, ngaturaken pamanggihipun dhateng Letnan Suraja, males tumindakipun Ripin, lan males pangandikanipun Sersan Parta.

Salajengipun, kupiya utawi cara-cara ingkang dipuntindakaken dening paraga Wati kangge ngadhepi *konflik psikis* ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* ingkang wonten 5 wujud, inggih menika kanthi cara *sublimasi, reaksi formasi, represi, regresi, lan agresi.* Wujud *konflik psikologi* ingkang dipunadhepi kanthi cara *sublimasi* inggih menika awujud kuwatos ingkang dipunadhepi mawi nggantos raos boten jenjem mawi umindak ingkang

*realistis* kaliyan bingung ingkang dipunadhepi mawi cara tumindak nangis amargi boten mangertos kedah kados pundi. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *reaksi formasi* inggih menika awujud meri ingkang mawi cara nutupi raos meri kanthi tumindak ngalem. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *represi* inggih menika awujud kuwatos, ajrih, kaget, gumun/ eram, lan sedhih ingkang dipunadhepi mawi cara menekan salah satunggaling pangraos. Wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara regresi inggih menika ingkang awujud meri, bingung, lan sedhih ingkang dipunadhepi mawi cara tumindak aleman supados dipungatosaken tiyang sanes, kaliyan nangis kangge nedahaken pangraosipun. Ingkang salajengipun wujud *konflik psikologis* ingkang dipunadhepi kanthi cara *agresi* inggih menika ingkang awujud gumun/ eram, kaget, lan duka. caranipun ngadhepi inggih menika mawi ngaturaken pamanggihipun dhateng tiyang ingkang dados penyebab *konflik psikologi*nipun. Saking sedaya wujud *mekanisme pertahanan ego* menika, saged dipunpendhet dudutan bilih *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* ingkang asring dipunginakaken dening paraga Astarini & Wati kangge ngadhepi *konflik psikologis* ingkang dipunlampahi.

**B. Implikasi**

Panaliten menika ngrembag babagan wujud watakipun paraga, wujud *konflik psikologis*, *faktor-faktor penyebab konflik psikologis*, saha kupiya utawi cara-cara kangge ngadhepi *konflik psikologis* paraga Astarini & Wati wonten ing salebeting novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD. Panaliten menika

dipunkajengaken saged mbiyantu para pamaos sastra supados paham ngengingi watakipun paraga, *konflik psikologis*, *faktor-faktor psikologis* ingkang saged mangaribawani tumrap jiwanipun manungsa ingkang kaandharaken wonten ing novel *Kenja Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD, saengga para pamaos saged langkung remen maos karya sastra Jawa.

**C. Pamrayogi**

Adhedhasar dudutan kaliyan implikasi ing nginggil menika, panaliti namung saged caos pamrayogi kados makaten. Panaliti rumaos sadhar bilih panaliten menika taksih kathah kirangipun. Bab ingkang dipuntliti ugi taksih sakedhik, saengga taksih wonten bab sanesipun ingkang saged dipuntliti saking novel menika upaminipun pitutur ingkang saged dipunpendhet saking cariyos ing novel *Kenya Ing Palagan* anggitanipun Soedharmo KD.

# KAPUSTAKAN


Aminuddin. 1991. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra.* Bandung: C. V. Sinar Baru.

Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Psikologi Sastra*. Yogyakarta: Medpress.

----------------------------. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

----------------------------. 2008. *Pengantar Pengkajian Sastra*. Yogyakarta: Sewon Press.

Hidayah, Murniati. 2013. Konflik Psikologis Paragatama Wanita Wonten Salebeting Cerbung Ara-ara Cengkar Tanpa Pinggir Anggitanipun Adinda AS Ing Kalawarti Djaka Lodang Edisi 31 Juli- 28 Nopember 2010. *Skripsi S1.* Program Studi Bahasa Daerah, FBS, UNY.

KD, Soedharmo. tt. *Kenja Ing Palagan.* Surakarta: Burung Wali.

Kurniawan, Andri. 2013. Konflik Psikologis Paragatama Wonten Ing Novel Kadurakan Ing Kidul Dringu Anggitanipun Suparto Brata(Kajian Psikologi Sastra). *Skripsi S1.* Program Studi Bahasa Daerah, FBS, UNY.

Minederop, Albertine. 2011. *Psikologi Sastra, Karya Sastra Metode, Teori, dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi. Yogyakarta:* Gajahmada University Press.

Poerwadarminto, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa.* Batavia: N. V Gronigen.

Selden, Raman. 1991. *Panduan Pembaca Teori Sastra Masa Kini (Diterjemahkan oleh Rahmat Djoko Pradopo).* Yogyakarta: Gajahmada University Press.

Tarigan, H. Guntur. 1991. *Prinsip-prinsip Dasar Sastra.* Bandung: Angkasa.

Wiyatmi. 2011. *Psikologi Sastra*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

# LAMPIRAN

Tabel 1. Data Wujud Watakipun Paraga Wanita Astarini wonten ing Novel *Kenya Ing Palagan* Anggitanipun Soedharmo KD.

| No. | Pethikan Data | Kaca | Watakipun Paraga | Struktur Kapribaden | | | Katrangan |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Id | Ego | Super Ego | |
| 1. | *Dene kang dadi pemimpine jaiku endang Astarini, plajon saka Surabaja akibat geger 10 Nopember. Deweke wis lungguh ana ing klas telu S. M. A. nanging sing paling prelu jaiku, Astarini darbe pakulitan kang kuning, esem sing nggeterake djantung lan rambut kang ndjanges ireng, klembreh tekan wentise. Satleraman bisa dimangerteni menawa kenja iku darbe kasabaran sing djembar apa maneh pangapura kang djero.* | 4 | Sabar | √ | √ | | Id dipuntingali saking logika, rikmanipun Astarini ingkang panjang menika mesthinipun sampun dipunpotong menawi Astarini boten sabar. |
| 2. | *Mbak Tari kok katon suntrut ta mbak? Nek sajah kok kajane ora, wong ndina2 pantjen gawejane mung mblebedi tatu. Dadi upomoa kesel rak ja wis bijen2.*<br>*Astarini mandeng mitrane. Njoba njajagi atine. Teka olehe pratitis temen olehe ndakwa?* | 5 | Tegel | √ | √ | | Ego ingkang ndadosaken Astarini kedah tegel lan boten jijih kaliyan tatunipun tiyang. |
| 3. | *Keprije mbak wangsulanmu? Ah, mesti saguh ya? Aduh, suk nek wis aman, aku daksowan. Pije mbak, pije?*<br>*Bijasa Wati, bijasa kaja wangsulan2 ing djaman revolusi.*<br>*Bijasa keprije?*<br>*Aku prasadja wae Wati. Urip kita iki mung tansah di-ontjit2 ing putjuking pelor. Apa ta tegese kasaguhan jen upamane sesuk ragaku wis mabrut2? Rak mung tiwas ndjedjuwing panggalihe mas Radja?* | 7 | Prasaja | √ | √ | √ | Watakipun sampun dipunsebataken dening panganggit. Id sejatosipun kepengin mangsuli nanging Ego damel menggalih kanthi prasaja gumantung kahanan perang ingkang boten pesthi. |
| 4. | *Ngendikamu kuwi bener mbak Tari. Nanging* | 7 | Ngatos-atos | √ | √ | | Id kepengin gesang |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | *dakkira, urip mono ija kudu duwe rantjangan. Ora kok mung awur2an wae.* *Bener, kandamu. Nanging ing djaman revolusi ngene, pikiran ora bakal paju teorine. Kalah karo granat apa metraljur.* | | | | | | kanthi karantam. Ego damel sadhar bilih rantamaning gesang boten wonten ginanipun ing jaman perang. |
| 5. | *Tibake Tari wis mbukak lajange. Mripate lera-lere nuruti aksara. Bandjur lambene gemeter mintjak-mintjuk. Lan kang pungkasan dewe, lajang diremet, bandjur ungkeb2. Nangis.* | 9 | Gampil Sedhih | √ | √ | | Id ndadosaken Tari ngraos sedhih. ego ndadosaken Tari nangis. |
| 6. | *Mbok menawa kahanan kang nrenjuhake iku djeng Rien, kang ndajalari pandjenengan dadi pesimisme ngadepi revolusi iki. Mengkono uga anggon pandjenengan ngadepi tresna.* | 10 | Gampil nyerah | √ | √ | | Ego ndadosaken nyerah anggenipun ngadhepi kahanan saha tresna. |
| 7. | *Dumadakan Astarini ngudar gelungane. Tumlorong mudun, ambler ketel banget. Wati sing botjah wadon wae ija eram kagawokan. Saka ukele kono ana glati tjilik kumelap, landepe pitung penjukur. Dening Astarini ditjekel kentjeng.* *Mbak Tari! Pambengoke Wati bareng weruh jen Astarini njekel glati.* *Kanti sabar Tari mangsuli: Adja salah tompa Wati. Aku wis tjukup diwasa ngadepi urip. Bapak ibu swargi wis mulang aku menawa nganjut tuwuh mono dudu dalan kang prajoga kanggo nggajuh kaswargan. Malah suwalike, nganjut tuwuh iku sawidjining tindak kang ora dibenerake. Nraka begjane.* | 11-12 | Niyat ingkang kenceng | √ | √ | | Ego ndadosaken Astarini motong rikmanipun. Super ego ndadosaken Astarini motong rikmanipun kanthi ancas supados boten dipunrebutaken dening para prajurit. |
| 8. | *Kanti sabar Tari mangsuli: Adja salah tompa Wati. Aku wis tjukup diwasa ngadepi urip. Bapak ibu swargi wis mulang aku menawa nganjut tuwuh mono dudu dalan kang prajoga kanggo nggajuh* | 12 | Sabar | √ | √ | | Id ndadosaken Astarini sabar ngadhepi Wati. Ego ndadosaken Tari ngandharaken |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | *kaswargan. Malah suwalike, nganjut tuwuh iku sawidjining tindak kang ora dibenerake. Nraka begjane.* | | | | | | alesanipun dhateng Wati. |
| 9. | *Kanti sabar Tari mangsuli: Adja salah tompa Wati. Aku wis tjukup diwasa ngadepi urip. Bapak ibu swargi wis mulang aku menawa nganjut tuwuh mono dudu dalan kang prajoga kanggo nggajuh kaswargan. Malah suwalike, nganjut tuwuh iku sawidjining tindak kang ora dibenerake. Nraka begjane.* | 12 | Penurut | √ | √ | √ | Ego tansah nuruti menapa dhawuh tiyang sepuhipun. Super ego damel Tari boten nindakaken nganyut tuwuh. |
| 10. | *Adja kuwatir, Wati. Rungokna omongku. Dakgagas, ing djaman revolusi iki, kasulistyan mono ora ana paedahe. Kowe ngerti Wati? Kasulistyan kuwi mung malah dadi ratjun kang sumebar ing aurip. Buktine, kowe ngerti dewe. Mas Djita tresna marang aku. Mas Radja seneng aku. Durung dak petung, anak buahe mas Radja sing pada ora wani nglairake. Durung dakkandakake kantja2ku sekolah lija kuta sing ngreti jen aku pinter badminton. Saiki, ing djaman revolusi iki, kasulistyan iku malah nglumpuhake semangat pradjurit.* | 12 | Percaya diri | √ | √ | | Id ndadosaken Astarini rumaos dipunremeni tiyang kathah. Ego ndadosaken Astarini menggalih kedah n |
| 11. | *Tulung. Rambutku iki brondolana wae. Supaja aku ora dadi rebutan.*<br>*Ora mbak. Ora! Aku emoh nindakake, wangsulane tjepet.*<br>*Katranganku wis tjukup, Wati. Aku wis duwe katemtuwan kang gumatok. Nanging jen Wati emoh ewang2 rudatinku, ija ta….* | 12-13 | Niyat ingkang kenceng | √ | √ | | |
| 12. | *Konda ngono mau karo "kres-kres" ngetoki rambute. Ganas banget kaja mbabadi dami. Wati ndjerit seru, ditutupi nganggo tangane kiwa.* | 13 | Niyat ingkang kenceng | √ | √ | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | *Wusana Endang Astarini sulistya kang arambut dawa iku, saiki kaja botjah lanang. Gulune malah katon kintjlonge, ngolan-olan kaja gulu Djanaka.*<br>*Ajo, Wati, wanita ing jaman merdika kaja ora pantes jen mung tansah ngundang tangis. Meneng ta. Srengengene wis surup galo.* | | | | | | |
| 13. | *Konda ngono mau karo "kres-kres" ngetoki rambute. Ganas banget kaja mbabadi dami. Wati ndjerit seru, ditutupi nganggo tangane kiwa. Wusana Endang Astarini sulistya kang arambut dawa iku, saiki kaja botjah lanang. Gulune malah katon kintjlonge, ngolan-olan kaja gulu Djanaka.*<br>*Ajo, Wati, wanita ing djaman merdika kaja ora pantes jen mung tansah ngudang tangis. Meneng ta. Srengengene wis surup galo.* | 13 | Tegas | √ | √ | | |
| 14. | *Lagi wae mlebu desa, lakune kepapag dening sersan Parta. Sadjake wis suwe anggone ngenteni.*<br>*Slamet sore nona letnan. Pungkasane kita ketemu ana kene.*<br>*Slamet sore. Sadjake ana prelu wigati?*<br>*Ah, ja ora. Mung menehi weruh menawa mengko bengi botjah2 arep pada nganakake ramen2.*<br>*Ramen2 apa?*<br>*Bijasa ta, anggere rumongsa aman rak kaja tjah edan. Astarini mesem. Wati isih bengep, mripate. Ora bisa ndelikake ruseging atine.* | 14 | Pinter ethok-ethok | √ | √ | √ | |
| 15. | *Jen pada slamete, ora nganti seminggu maneh ngobrak-abrik ketjamatan W, maneh.*<br>*Kok olehe seneng2e perang kuwi lho. Kaja jagat ki wis arep kiamat. Panjambunge Wati. Deweke kelingan kasangsaran kang disandang dening mitrane.* | 14 | Pinter ethok-ethok | √ | √ | √ | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | *Sersan Parta mangsuli maneh: Djane mono aku iki ja wis gemang perang kuwi. Nanging Londa kuwi lho, olehe ora idep isin. Wong negara2 sadjagat wis pada ngetjap jen deweke iku aggressor, kok ja isih terus wae olehe ngobrak-abrik Republik.*<br>*Astarini mesem ngetje. Ditompa djero dening sersan Parta.* | | | | | | |
| 16. | *Astarini lan Wati menggok. Dene sersan Parta bablas. Asrama gerilja ana ing desa sidjine. Ora tjampur karo botjah2 P. M. I.*<br>*Ana tengah ndalan Wati ndesuk: tindak ja mbak, mengko?*<br>*Kowe kuwi lho, Ti, kok njela2 wae. Ja mengko keprije, menunggu perkembangan.* | 15 | Tegas | √ | √ | | |
| 17. | *Gamelan sing ditabuh keprungu ngrangin. Kala2 keprungu swarane botjah lanang, undang2 kantja2ne diadjak nonton. Bandjur adoh banget kana, swarane mortar gumlegar.*<br>*Kowe ora mangkat Wati?*<br>*Wati ora mangsuli. Mung njawang kanti kebak rasa.*<br>*Mangkata ta. Aku dak tunggu omah.*<br>*Ora mbak. Jen kepareng aku kepengin ngantjani pandjenengan.* | 15 | Peduli | | √ | √ | |
| 18. | *Mangkata ta. Aku dak tunggu omah.*<br>*Ora mbak. Jen kepareng aku kepengin ngantjani pandjenengan.*<br>*Ja wis jen ngono. Ayo turu wae.* | 15 | Tegas | √ | √ | | |
| 19. | *Astarini mapan. Awake ditutupi nganggo djarik masem. Djarik gantung kepuh kang kena disaut duk rikalane ngungsi bijen, ninggal wutah darah Surabaja akibat geger 10 Nopember.* | 16 | Sabar | √ | √ | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | *Lemute mbrenginging. Kepengin njesep getihe prawan aju kuwi. Astarini ora maelu. Gagasane mlaju tekan ngendi-endi. Kelingan rama ibu lan kamase kang wis ora ana. O, muga2 tinompoa dening Hyang Agung, kaparingana papan kang semestine.* | | | | | | |
| 20. | *Bandjur kelingan marang Rudjita, kekasihe duk sekolah bijen. O, djaman semana deweke lagi rumadja putri. Wong tuwane tjukup, apa kang dikarepake klakon. Deweke enggal2 wae nompa tresnane Rudjita. Dasar botjahe kuning bagus, pinter, ndadak putra direktur N. V.*<br>*Mung wae kawuningana. Kamardikan ndjaluk pangorbanan kang gede. Nganti kabeh barang darbeke ilang musna. Bali marang pangkone ibu pertiwi. O, apa arep ditangisi kang wis mungkur?* | 16 | Sabar | √ | √ | | |
| 21. | *Bandjur deweke kelingan marang letnan Suradja. Deweke keduwung banget, jagene deweke menehi ati marang deweke? Maune kabeh2 mau mung dianggep demi perdjuwangan. Nanging suwe2 krasa menawa letnan Suradja duwe rasa tresna. Lan… temenan, rasa mau dilairake temenan. Ah, Astarini kepengin berdjuwang. Lepas saka rasa2 kang ngreridu ngono iku.* | 16 | Welas asih | √ | √ | √ | |
| 22. | *Mas, tembunge gugup karo menjat.*<br>*Sersan Parta mantuk : Gerah apa?*<br>*Ora oleh wangsulan. Astarini ngadeg, karo wangsulan dora: Lungkrah banget aku. Teka djrog bandjur keturon. Sida tindak apa? Ajo!*<br>*Sersan Parta ngreti apa karepe. Mulane deweke ija mung apik2 ora ngreti. Wekasan wong telu bandjur mangkat. Mlaku alon2.* | 17 | Pinter ethok-ethok | √ | √ | √ | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 23. | *Tenan kok djeng. Nuwun sewu. Kuwi lho, kagungan pandjenengan rikma kok pandjenengan labuh ki bisane pije? Apa .....*<br>*Ah, adja ndangu bab kuwi mas. Kuwi dawa riwajate. Nanging jen pandjenengan kepengin, luwih betjik dangokna Wati wae. Asal pandjenengan ngendika jen sing ngaturi aku.*<br>*Apa ana gandengane karo tresna?*<br>*Pandjenengan kok kritis temen ta mas?* | 20 | Tegas | √ | √ | | |
| 24. | *Sersan Parta mesem. Pantjen wis nduga sadurunge. Nanging kosok balen karo sing disandang Astarini.*<br>*Sing tjeta wae aku kepengin mligi berdjuwang.*<br>*Kanggo ing wektune iki, tresna dakanggep ratjun kang mutawatiri. Salah2 aku bakal gagal anggonku nerusake perdjuwangane kang wis pada sumare.* | 20 | Tegas | √ | √ | | |
| 25. | *Wong kok jen duwe karep sadeg sanjet, ngono gremenge. Bandjur tjelatune marang Timan : Tulung, djeng Tari derekna.*<br>*Wis mas, ora usah.*<br>*Ja gene?*<br>*Aku wis wani dewe.*<br>*Ning rak ja kanggo pantese ta djeng? Botjah wadon di .....*<br>*Djaman perang lho mas.* | 21 | Kendel | √ | √ | | |
| 26. | *Astarini ora mangsuli. Mung njedak alon2. Mripate mung tansah mandeng wae sarta lambene sing semu mesem iku sadjak ngenteni wangsulaning paminta.*<br>*Dadane letnan Suradja gumeter. Apa bener iku djeng Astarini? Mengko gek bangsaning lelembut.*<br>*Djeng Tari? Ana apa?* | 28 | Ngatos-atos | √ | √ | √ | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | *Bareng wis tjedak Astarini tjelatu serak : Mas.*<br>*Ija, aku letnan Suradja.*<br>*Aku kepengin matur sitik mas. Nanging dakdjaluk kanti ati kang bening, adoh saka rasa panjakrabawa.* | | | | | | |
| 27. | *Aku arep matur mungguh sijasat kang kita tindakake iki. Aku arep matur, instruksi sing pandjenengan dhawuhake iku apa ja wis pandjenengan pikir kanti tenan?*<br>*Aku ora ngreti karepmu djeng.*<br>*Aku kuwatir menawa dawuh mau mung kadereng saka ati kang kagelan.* | 29 | Peduli | √ | √ | √ | |
